КЕҢЕСБАЙ АЛЛАМБЕРГЕНОВ




*(Роман ҳәм повесть)*

«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН», НӨКИС—1985

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚК—2 Қ. Алламбергенов. Дәрбент. Роман ҳәм повесть.
А—51 Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985. 192 бет.



Жас жазыўшы, илимпаз, Москвада болып өткен жас жазыўшылардың VIII пүткилсоюзлық семинарының қатнасыўшысы Кеңесбай Алламбергенов «Қыйын өткел» атлы топламы менен оқыўшыларға таныс. Оның «Дәрбент» атлы шығармасы кәсип-техникалық билимлендириў турмысынан жазылған романлар ушын арналған «Мийнет эстафетасы» конкурсында биринши сыйлықты алыўға миясар болды.

«Дәрбент» романының қаҳарманлары Азамат пенен Турғангүл кәсип-техникалық билим бериў тараўында гезлескен айырым кемшиликлерге қарсы гүреседи. «Қуслар қайтқан күн» повестинде тәбиятты қорғаў проблемасы сөз болады.

Рецензентлер: Ж. Аймурзаев
С. Ахметов
Т. Сейтжанов

А $\frac{4803010000-052}{М-357(04)\ 85}$ —77—85

© «Қарақалпақстан» баспасы, 1985

www.ziyouz.com kutubxonasi



Теория, достым, бул ешейин бир гәп,
Ал өмир дегениң гүлленген дарақ.

**Гете.**

Алпысбай ҳаққындағы хабарды дәслепки ирет еситкенде, Азамат институтты тамамлап та үлгермеген еди. Аўа, ол буған дейин Атамурат ата дегенниң ким екенлигин де билген жоқ. Оның менен ойламаған жерден танысып қалды.

Сол күни Атамурат ата асығыс бир жумыслары шығып қалаға келип кеткен еди. Баслы мүтәжи питкеннен соң, жолшыбай қолғап алып кетейин деп универмагқа қайырылды. Ҳәкисине бул жерде оның нәзерлеп келген буйымтайының үсти қырғын очеред болып шықты. Дүканшы қыз да жайбасар қыйлынан екен. Сирә асықпайды. Ўақыт болса өтип баратыр. Түстен кейин жерине комбайн түсиўи керек еди...

«Күнде-күнде бир қолғап деп қалаға қатнап жүре алмаспан. Бул қурақым үстинен шыққаннан соң, не де болса алып кетейин» деп ериксиз иркилиўге мәжбүр болды.

Иркилгени бар болсын, гезек жаңа жетти дегенде, дүканшы қыз:

— Түўесилип қалды, жоқ!—деп қарап тур.

— Ҳаў, қарағым, мен журтлардай бес-алтаўын бирден алажақ емеспен гой, ең болмаса биреўин таўып бере



www.ziyouz.com kutubxonasi

қойың, сонша жерден келе ғойып едик...—деп өтинип сорады гезек күтип диңкеси қурып кеткен ғарры.—Алдымыз қыс! Азаннан турып шыққа қол урамыз, қырық жарық болып орақ услатпай баратыр... Анаў берип қойған брезин қолғабы ғаұырлап дым жыллылық бермейди екен. Бир жәрдем ет, шырағым?

Дуканшы қыз бул гәпке пәрўа қылмастан:—Жоқ деген соң, жоқ! Мен сизге нешше рет айтаман?!—деп қолын созып, бармақларын жайып келип жиберди ме дейсең, шанышқының ушындай сүйирленген қып-қызыл тырнақлары көз не кирип кете жазлады.

—Шырағым, әстеңирек, әкеңдей адамман!—деп ескерткен болды ғарры.

— Әкемдей болсаң, не қылайын. Қолғап тауып берейин бе?!—Қыз бир мырс етип қойды да тырнағын қандайда бир жиңишке темир менен егеген қәлпинде бети булк етпестен тура берди.

— Биреўин тауып бере ғой, шырағым?—деп қайта өтинди ғарры буны да елестире бергиси келмей,—Мапазда жүрген салыкеш едик·.

Бул көриністи ғаррының желке тусынан бақлап турған Азамат соңғы «салыкеш едик» деген сөзлерди еситкенде, шыдам шегинен шығып кетти· Сонда да өзин басып:

—Қарындас, тап жаңа гой сата баслағаныңыз, демде түўесилип қалғаны ма? Қәнекей, фактураңызды берман алың!—деп сыпайы ғана гәпке араласты.

— Сиз кимсиз өйтип?!

— Мен қарындарман. Екиншиден, саўда тараўы бойынша хабар жазыўға келген жаслар газетасының штаттан тыс хабаршысыман.—Азамат ишки бетине өзи иелеп кеткен газетаның аты жазылган қызгыш удостоверениени әсте гана ашып көрсетти.

Қыз тәжирийбесизлеў екен, бирден не қыларын билмей албырақлап қалды.

— Өзиме деп бир-екеўин алып қойып едим. Мейли, соннан бере қояйын,—деп жалбырақлап атыр.

— Қарындасым, албырамаң, маған қолғабыңыздың кереги жоқ. Оны маған емес, мына ғаррыға бериң! Сиз тек қорыққанды сыйлайды екенсиз. Билсеңиз, бул ғарры бизиң ҳәммемизден де уллы. Қолғап күн тиймей



www.ziyouz.com kutubxonasi

калада журген саған, маған емес, қоллары қырық жарық болып қара мийнет етип атырған усындай аталарымызға керек. Ҳәзир мапаздың ўақты екенлигинен хабарың бар ма еди? Бир минут ўақыт алтыннан қымбат оған! Оның ўақтын алып, салғыласып атыўға уялмайсыз ба?! Өзиңиз жап-жас қызсыз...

Қысылғанынан қызарып кеткен қыз прилавканың астынан Азаматқа деп шығарған қолғабын ғаррыға ериксиз усыныў менен болды. Азамат оны буннан артық уялта бергиси келмегенликтен, айтарлықтай алатуғын заты болмаса да, ядына бир нәрсе түсиргендей болып асығыс аяқкийимлер сатылатуғын қоңсы саўда бөлимине қарай бурылды. Бирақ арадан ярым сааттай өтпей атырып-ақ ғаррыны универмагтың алдында және ушыратып қалды. Ғарры бул ирет ишинде батпандай жүги бар аўыр бир қапшықты арқасына салалмай ҳәлекленип атыр еди. Ара-тура жан-жағына қарап алып:—«Пай, баладан да жарыдық-аў! Усындайда қосент болмаған баланың барынан жоғы... Үй жаңғырлар, бармақтың басындай темир ушын жыл-он еки ай жатыўға еринбейди...—деп гүбирленип те қояды.

— Ата, қай жерге барыўыңыз керек еди? Әкел, өзим апарып берейин!—деген даўысты еситкенде ғана барып, қасына Азаматтың келип қалғанлығын байқады.

— Ҳә балам, сен бе едиң? Қой, усти-басың шаң болып қалып жүрер, өзим-ақ арқалайман ғой. Тек арқама салып жиберсең болды. Қартаяйын дегенбиз бе, ғарға адым жер жүрмей-ақ шаршап қалғанымыз...—Ғарры қызғылт галстукли аппақ көйлегиниң жағасына жарасымлы етип тағылған, шылт жаңа импорт костюм-шалбар кийген жап-жас жигиттиң мына гәпине исенерин я исенбесин билмегендей жүзине бир нәзер таслады.

—Ҳеш гәп, ата, шаң болса шеткалап аламыз. Азамат ғаррыны басқа ойдың басына апармай-ақ қалтаны арқасына қағып салғаны сол, иши шақур-шуқыр бола қалды.

— Абайла, балам арқаңа бататуғын темир-терсек бар еди.—Ғарры «ўақ, бир жерин аўыртып алды-аў!» деген пәм менен дәрҳал қапшықтың аўызына асылды.

—Ол не қылған темирлер, ата?—Азамат жаўырынына түскен салмақлы жүктен қаншелли ыңғайсызланса да, сыр бермей, бәндиргеге жеткенше нық қәдем атыўға



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, күниң кисиге қараған соң, қыйын екен, шырағым. Комбайншылардың кеўлинен шығайын деп, кемис-кутық запчастьларын таўып бериў ушын мынаў сегбир тартып жүрисимиз. Усы арзымаған темирлер себепли ол оңбағанлар еки күннен берли жумыс бермей атыр. Излесең, табылмайтуғын нәрсе бар ма?! Қаладағы бир механик инимнен сорап көрсем, түкке турмайтуғын нәрселер екен өзи. «Маған бир-екеўин бер-өс, усының менен маңлайларына қос қоллап бир урайын» деп алып қыятырғаным... Дийхан болған менен, ҳәзир техниканың тилин билмесең қыйын екен. Кисиге жалынған күн күн болды ма? Егин егип, тәрбиялайтуғын да, трактор айдап, орып-жыйып алатуғын да өзиң болмағаннан кейин...

—Ендиги рабочийлардың барлығы солай ислейди, ата!

— Солай бола қойса, тәўир болар еди-аў!

— Бул ҳақыйқатлық, ата. Ҳәзир арнаўлы оқыў орынлары ССПТУлар ашылып атыр...

— Оқыған озар деген, балам. Тек оқыўдың қәдирин билмейтуғын бизиң сәўселим... Айттым мен оған, СПТУ болса да оқып ала ғой деп. Ол оңбаған айтқанды қылып, тракторшы-практоршылықты питкере қойғанда, мен ийт пенен қустың темир-терсеги ушын мынандай болып зыр жүўырып жүрмеген болар едим. Үйинжаңғыр, мектеп муғаллимлеринен де бола қойды. Әп-әнедей баланы «жақсы оқымайтуғын болсаң, ЫСПТУға жибереміз!» деп қорқытып, ақыры аўылдан аласлатып-ақ тынды. Енди аўыл десе атлы қашып жүргени. Айтпақшы, аты-жөниңди де сорастырмаппан, балам. Кимниң баласысаң? Усы қалада туратуғын шығарсаң?

Азамат Атамурат атаның сораўына оның билгисин келгеннен де толығырақ етип жуўап берди.

—Ҳаў!—деди оның жуўабына сүйсинип кеткен ғарры тап бир жақын ағайинин узақ жыллардан кейин сорастырып тапқанындай қуўанып.—Онда бизиң қыздың үйине жақын жердеги көшеде туратуғын болдыңлар ғой? Бәлким, бизиң Алпысбайжанды көрип те жүрген шығарсаң-аў! Кишкене ғана тапалтас, қой көзли, қара домалақ бала ғой... Сегизинши классты да жөнли питкерген жоқ. Питкерер-питкерместен-ақ муғаллимлери



www.ziyouz.com kutubxonasi

«ЫСПТУға жиберемиз!» деген рәуият тапты... Күйеў баламыз әри-бери басқа оқыўға киргиземиз деп шонтаңлап көрип еди, қолынан келмеди ме, әйтеўир, баланың ол оқыўдан салыўы болмады. Пай, сонда ЫСПТУда-ақ оқый қойғанда тәуир болатугын еди! Бул адамларға да ҳайрансаң, жаңағыдай оқыўға кеткен балалардың ата-аналары «енди балам бузылып кететуғын болды» деп құдайдың қутлы күни сары уўайымга батып отырғаны. Кешегиде бир достымды көрсем, «мектеп директорына арыз айтыўға баратырман» дейди. Беретуғын парасы жоқ емиш. Директорға бирнеме бермегенниң балалары ЫСПТУға кете береди-миш. «Ўай, гәп болғаныңа!—дедим мен.—Пара берип мектепке қалдырғаннан сол школында-ақ оқыта қойсеш!?» «Оқытсаң қой дедик пе?—деди ол да жөнине қарап қалмай.—ЫСПТУ жақсы болғанда, баланды қалаға қашырып жиберер ме единң?!» Жер жарылмады, мен кирмедим... Тап бир соны мен үгитлеп жиберип отырсам екен.

— Ҳеш гәп, ата! Еле халық бәрин өзи түсинетуғын болады. Сонда «баламды ССПТУ ға жиберегөрме!» деп мектеп директорына түйетаўық қолтықлап барып жүрген жаңағыдай адамлар өз бармағын өзи тислейди...

— Қәйдем билейин, балам, солай бола қойса, тәўир болар еди! Көзиңе түссе, көз-қулақ болып жүрерсең. Анаў сизиң үйдиң жанларындағы туйық көшедеги 13-жай ғой. Билетуғын да шығарсаң, саўда техникумын да муғаллим болып ислейтуғын Жамал дегенниң үйише? Сол оңбаған күйеў баламыз. Бала ҳәзир соның үйинде. Я оқыўда, я жумыста жоқ қусайды. Қәйдем билейин, қаланың гүди-бузарларына қосылып, бузылыпдағы етип кетип жүрмесе болар еди! Бүгин де ушырата алмай кетип баратырғаным...

Олар усылайынша майда-шүйде әңгимелер айтысып, остановкаға да келип қалды.

Тилекке қарсы, бул гүрриң аз ғана автобус күтиў пайытында да ақырына жетпеди. Үзилген гәплер жаңа жалғанып атырғанда, диспетчерскаядан ғаррының аўылына автобус жүрип кетейин деп турғанлығы хабарланды. Азамат та бул гүрриңге аса әҳмийет бере қойған жоқ. Ол бул гәплердиң айрықша инабатқа алатуғын гәплер екенлигин тек ССПТУға жумысқа келгеннен кейин ғана билди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## I

Олар кирип келгенде, Қулмуратов жумысқа да заўқы соқпай, ғам дәрьясына батып-шүмип, өзинше жаның қоярға жер таппай отыр еди. «Ҳаялдың ақылы келте» деген гәп рас екен ғой,—деп ишинен сөгинип, әлле кимлерге тисин қайрайды.—Жаңа қолым қызылға жетти дегенде... Бул акушеркалардың да садағасы кетейин айы-күни жетип отырған ҳаялды да туўғыза алмай..,

Өлген адам өлип кете береди-аў! Сорқайнаған мени айтсаң—о!...»

«—Пәрўа қылма, Ешмуратжан,—дейди соның арасында еле ҳәўири басылып үлгере қоймаған, буннан он-онбес минут бурын болып өткен өз-ара қупыя гүрриңлесиўдеги Күнсулыў атлы сулыў келиншектиң ойнақы гәплерин еслеп.—Өлмектиң изинен өлмек жоқ, тири бенде тиришилигин ете береди. Әңгиме—бастың ғамында. Түбинде жалғыз жасамайтуғын болған соң ертеси не, кеши не, ҳәзирден баслап биреўдиң басына бас жип тағып ал. Жүзи, жылы деп жүресең бе, со! Белиң бүгилип, ҳаса таянып қалып отырсаң екен... Қырық деген жигиттиң жасы ғой, қурдас-аў! Еле он бес жасар қыз тиймесе, маған кел!».

Усы гәплерди еслеўи мәттал, өз-өзинен суйсинип, жүзине қан жуўырып қоя берди. Көз алдына гәп ийесиниң соныңдай әжайып тулғасын келтирип, оған миннетдаршылық билдирип атырғандай шын ықлас пенен бир-еки ирет гүбирленип бас та ийзеди. «Сизди, әлбетте, поддержка етемен! Мейли, саўда тараўынан «урылып» келген-ақ бол... Бәрибир, Басқармаға бас бухгалтер сен болыўың керек. Ҳәзирше кассирлик, мына кишкентай орында ислеп тура тур...»

Усындай ойлар менен бас қатырып отырғанда қапы қағылып ишке биреўлер кирип келди. Қулмуратовтың биринши рет қызға емес, жигитке көзи түсти.

Қулмуратовқа оның адамға тик қарайтуғын өткир көзлери унамай қалды: «Не қылған бийәдеп бала!?—деп қойды ишинен.— Шашының сықылын! Тап бир гладиаторлардай... Не бәле өзи!».

— Жумысыңды айт, бала?!—деп бирден суслы кейипке кирди. Қулмуратов оның сәлем-пәлемине де итибар берместен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит ләм-лим деместен, тап бир миллети бар адам дай Қулмуратовтың алдына еки бирдей жолламаны ысырып жиберди. Бул да оған маңлайға тарс етип урғандай туйылып кетти: «Ҳә десең, мә деп турған көргенсиз жуўермек екен ғой!».

Қулмуратов қағазларды тап бир қурбақа услағандай, жеркениш пенен алып, еки бармағына илип, ериншеклик пенен немқурайды көз жуўыртып шықты да:

— Қәллиева Турғангүл деген ким өзи?!—деп жигитке көзин аларта тигилди.

— Мен,мен ғой!—деп усы ўақытлары қапының жанында бирбеткейлеў, олардан көз айырмай қарап турған қандайда бир қыз қатты-қатты адым атып, туўры Қулмуратовты нәзерлеп келе берди.

Қулмуратовтың алдына келгенде де тик қәддин бузбай, әлле неге күлип жибергиси келип мыйық тартып турды...

«О мынаўың қыямет ғой!» деп жутынып қойды оның бас аяғына бир көз жуўыртып, «тинтинип» алған Қулму ратов. Жаңа ғана ойына алған нийети күшли жанланып кеткендей болды: «Алған соң усындай яш қыйлыларынан алыў керек-тә! Ботаның көзиндей көз бар екен гөззалда! Анаў ақ қуўдың мойнындай керилген аппақ мойынларын айтпайсаң ба! Ишкен асы тамағы нан көринетуғын шығар, туў!..»

Қулмуратов жигит ҳаққында пүткиллей умытты, оны бийлеп алған қандайда бир қумарлық сезими мәс адамдай бирден бийҳал етип таслай жазлап барып, зорға дегенде өзине келтирди.

Бәрибир, усы турысында оның бирер нәрсе питкериўге қәбилети келиспейтуғын еди. Алдындағы қағазлардың не ҳаққында екенлигин де умытып кетти.

— Ертең келиң, ертең!—деди ол сонлықтан күндеги әдетине салып.—Көрип отырсыз ғой, ҳәзир қолым тиймейди. Бүгин директор да жоқ...

* * *

Қулмуратовтың Азаматқа деген мүнәсибети ертеңине негедур бирден өзгерди.

— Қутлықлаймыз!—деди ол Азамат Турғангүлдиң изи менен директордың сыныпан «сүриикпей» өтип



www.ziyouz.com kutubxonasi

документлерин кадрлар бөлимине тапсырып болыўдан-ақ қасына шақырып алып.—Енди қалған жумысларың бизден питеди. Наўрыз аға да зор адам-дә, кадрды қатты таңлап биледи.

— Мынаң қарай ғой, өзи «диплом с отличием!..» Оҳо, корреспондент те болып ислепсең ғой! Солай де... Айтпақшы, Наўрыз аға менен азмаз тамыр-шатағыңыз да бар болса керек-ә?!

Азамат кейинги гәпке онша итибар бермесе де, «корреспондент» деген сөзге қулағына дейин қызарып кетти. Журналистиканың әлипбесин дурыслап билмей атырып-ақ оқыўға кетип қалды.

—Яғ-ә!—деди сонлықтан Қулмуратовты басқа гәпке бурғысы келип.—Мектеп питкергеннен кейин аз ғана ўақыт ғой... Хабар-сабар жазатуғын болған соң...

— Хабарым бар, хабарым бар... Мине, мына жерде бир жыл газетада ислегеннен кейин, институтқа оқыўға түскенлигиң ҳаққында да мағлыўмат келтирилипти, —деп гәпин даўам ете берди Қулмуратов ҳеш нәрсе елестирмеген адамдай жигиттиң дипломындағы қызыл ҳәрипли «имтиёзли» деген жазыўдан көз айырмай қарап турып.— Жүдә жақсы! Талантлы адамларды бизлер де поддерживать етемиз, қосшым. Сонда да қулағыңа салып қояйын деп атырман-дә, жумыс деген кемшиликсиз бола ма? Жазсаң, анаў да кемшилик, мынаў да кемшилик! ССПТУ—өзиңе белгили бекбийке ғой. Оқыўшылар да еле онша жөнге түсип кете бермей атыр... Не оңған бала келеди дейсең! Соған ылайық оқыў системасының да мақтай қаларлық жери жоқ. Контингент аз, класслар толы емес, бар балалар да оңлы қатнаспайды... Қулласы, ислесиў қыйын дегеним ғой! Өзиңдей талай муғаллимлер келип, бул балалар менен бир күн ислесе алмай-ақ шығып кеткен... Кәпелимде усылар көзиңе түсип, илҳамланып кетип жүрме деймен-дә?!.. Болмаса ислесемен деген адамға мүмкиншилик жаратамыз ғой. Минскей, ҳәзир мыңнан аслам сабақ беремен. Қәлесең, рус группалары да бар? Анаў бир Дәлибай дегенге берип-ек, келистире алмай-ақ қойды. Институт питкерип, рус тилин билмейтуғын ҳәм адам болады екен, бала! Сен енди оннан тәўирсең ғой, еплеп ислесе берсе, қосшым. Әйтеўир, айлығыңды 140—160 тан кем қылмайын. Проверка тетрадь, завкабинет



www.ziyouz.com kutubxonasi

дегенлерди де өзиң ал. Анаў бала келистире алмайтуғын түри бар.

Азаматтың басы ғыр болып кетти. «Бунын өзи қандай адам-әй!» деген пикир келди қыялына.

— Ҳәзирше усылар, ғошшым,—деп арқасынан қағып, шаққан сөйлеп кетти Қулмуратов та Азаматты узақ ойға апармайын дегендей.

—Енди китап-журналларыңды сазластыра бересең. Ҳәзир мақул десең, оқыў корпусы менен таныстырайын? Мына қарындас оған дейин мениң кабинетимде отырып, анаў витринадағы учебник, оқыў программалары менен танысып, расписаниелерди жазып алып турар... Асықса, қайта берер. Кел, қарындас, мына жерге, мениң столыма өтип ала қойың?!

Бул ўақытлары Турғангүл барлық жумысларын тақ-туйнақтай питкерип, бир шетлеўде Азаматтың сөйлесип болыўын күтип отыр еди. Қулмуратовтың мына гәпин еситти де: «уҳ және иркилемиз бе?!» дегендей саатына қыйлана бир қарап қойып, илажсыз ол силтеген таманға қарай қозғалды.

Оқыў корпусы заманагөй архитектураға негизленип, узынына салынған төрт этажлы үлкен имарат екен.

— Мынаў УВРдың кабинети,—деди ол екинши этаждағы қатар турған есиклердиң бирине кирип атырып.—Мине, өзи де отырыпты.

Оның «өзи де» деп отырғаны—директордың оқыў-тәрбия ислери бойынша орынбасары, узын бойлы, ат жақлы, отыз-отыз беслер шамасындағы, сонда да сақал-шашын азмаз қыраў шалған жас жигит еди.

—Сарыбай Раметович, сизге шайыр әкелдим,—деп Қулмуратов оның менен де ҳәзиллесип қойды. Азамат «шайыр» деген сөзди еситкен сайын, қысылып баратыр.

— Жүдә жақсы, онда дийўалы газеталар ай сайын шығып турады екен ғой?

— Адамлар аманбысаң десе, асыла кетеди екен өзи,—деп әлле кимди гиналап атырғандай түр билдирди Қулмуратов кабинеттен шығар-шықпастан-ақ.—Ҳаў, жумысқа араласып, адамларға үйренип ала берсин... Келгени жаңа, «газетамды шығар» дегени неси!? Еле бир газетадан басқа жумыслары қарқ болып атыр ма!? Анаў «7—77»ниң балларының вытрезвительге түсип



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалғаны! Училищеде тәртип бир жөнге түспей-ақ қойды... Усындайдан халықты үркитип аламыз-аў!

Азамат ләм-мим деп сөз қоспады. Үнсиз ойланып келе берди. Ең соңғы әдебият кабинетине киргенде барып, Қулмуратовтың өзине қарата бир нәрселерди айтып турғанын аңғарып қалды.

—Буған әкелгендеги мақсетим...—Қулмуратов өзи де не екенлигин сезбейтуғындай биразға дейин сөзин ишине жутып, ойланып турды.

—Мынаў әдебият кабинетине ажыратылған жай еди, —деп гәпин даўам етти ол әлле нәрсе ядына түскендей күле шырайланып.

— Усыны үскенелеўге бир қунтымыз болмай атыр. Анаў Дәлибай дегенге айтып едик, ол өзи бир келистире алмайтуғын жигит... Усыны бир қолға алсаң-о, иним?

Шынында да, әдебият кабинетиниң булайынша «жалаңаш» турыўы Азаматтың аз да болса намысын қытықлайын деди.

— Яқшы, алсам, алайын!—деди ол сол себептен басқа гәп-сөзге келмей. Бирақ әдебият кружогин де қосып бериң?...

Олар усыған келисти де оқыў корпусының басқа таманларын аралап кетти.

«Жети ықлымның» (Азамат оқыў корпусын өз жүрегинде усылай қабыл етти) из түспеген әжайып таманлары алдында болып шықты. Еле спорт зал, актовый зал, асхана дегенлер бар екен. Булардың бәри оқыў корпусы менен узынына кең коридор арқалы тутастырылып тур. Аралықта енли вестибюль.

«Шынында да, оқыйтуғын жер екен!—деп қызықты Азамат усыларды көзден өткерип киятырып.—Орта мектеп программасында улыўма билим ийелесе, кәсип үйренсе, енди не керек!»

— Жүр, қызықтың бәри алдымызда!—деп ийининен қақты Қулмуратов оның ойын оқып киятырғандай.— Бир алып шыққан соң барлық жағдай менен таныстырайын... Анаў қыз болса кейинирек өзи-ақ көрип-билип ала берер...

Қулмуратовтың «дослық маршруты» оны училище шарбағына алып кирди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бүгинги исти ертеңге қоймай-ақ қояйық, ҳәзир 10—15 минутта көрип шығамыз. Бир лебиз ете қойып едик, «ақсақал» қайыр етип, пүтин етпеди ғой деп жүрерсең... деп қойды ол батып баратырған күнниң қызғыш шапағына қайта-қайта көз таслап қойып.—Болмаса ат шаўып жете алмайтуғын узақ майдан-аў! Жас кадр көрсин, үйренсин деймен дә!

Қулмуратов бул гәпти өзиниң май басып кеткен, семиз геўдесин көтерип жүриўдиң мүмкиншилигине бола қыйланыңқырап турып айтса да, аз да болса ҳақыйқатлық бар еди.

Сер салып қараған адамға ушы-қыйры жоқ бул кең майданша өз алдына кишкене бир қалашаны елеслетер еди. Қыр дөгерек адам бойы бетон дийўаллар менен қоршалған. Дийўалларды жағалай ҳәр қыйлы ақ терек, қара тал, мәжнүн тал, гүжим, қараман сыяқлы ағаш лар отырғызылған. Кирип шығыў үлкен дәрўаза арқалы ғана, дәрўазаның бир қапталында солдатлардың «КПП» сындай қараўылхана. Бийдәрек адам кирип-шығыў мүмкин емес. Қараўылханаға паралель үлкен бир төрт этажлы зәўлим имарат салынған.

—Бунда хызметкерлеримиз турады,—деп таныстырды Қулмуратов.—Ал мынада оқыўшылар турыўы керек.

Оқыўшылар жатақханасының бир қапталында иши цементли ылай менен тегис етип сыбалған аслаў тақыleттеги үлкен бассейн. Адам бойы тереңликтеги тыптынық суўды көргениңде, жүзип кеткиң келгенин билмей қаласаң. Ортада суў бүриккен баладай кишкене бир фонтан сылдырлап тур.

Бассейнниң қарсы алды стадион екен. Бир топ жас балалар топ қуўыў менен ҳәлек. Былайрақтағы волейбол торының әтирапы да ызғыған ышқыпазлар.

— Бәринен де, әне, аналардики тамаша!—деди Қулмуратов стадионның қапталындағы полигон—алаңлықта «езди» етип жүрген балаларды көрсетип.

Шынында да, қызықтың бәри сонда екен. Полигондағы машина жолға жол ҳәрекетиниң ҳәр қыйлы белгилери қойылған. Ҳәммесиниң ортасында бир машина, кабинада үйрениўши ҳәм инструктор. Рульге шәппиктей жабысып алған оқыўшы бар дыққатын жолға қойып бир бап айдап киятыр. Алаңның арғы жағында гезек күтип турған бес-алты бала машинаның тезирек айла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нып келиўин күтип, бәйгиге ат қосқандай тыпыршылайды.

— Мақулы усыларды, машина-тракторлар паркин көрип қайта қояйық.

«Оҳо, өз алдына бир дүнья ғой мынаў!—деп таңланды бул көринислерден көз айырмай қарап киятырған Азамат.—Қәйткенде де, келешеги күшли болыўы керек».

Азаматтың көз алдына өзи газетада ислегенде гезген ушы-қыйры жоқ кең-жазық далалар келип турды. Егис далалары... Айланысқа түсип болмаған 600 мың гектар жер: Елликқала, Жамбасқала, Шақаман массиви, Арал теңизиниң жағалық зоналары, Дәўқара массиви...

«Не деген уллы ўазыйпа!—деп сүйсинип қойды полигондағы шаўқым-сүренли балалардан көз айырмай қарап турып.— Бул уллы ўазыйпаны атқарыўға ҳәзирги заман техникасының тилин билген сизлер ғана ерисе аласыз, ертеңги рабочий гвардия!»

Азамат усындай ойлар менен машина-тракторлар паркине де келип қалды. Тилекке қарсы, бул жер оның кеўлиндегидей болып шықпады. Техникалар ҳәр түрли маркада, көп болғаны менен, ишинде нийге тартарлары шамалы екен. Мисли бир «баррикада»: Қай жерди көрсең, әйўан-жәйўан болып атырған темир-терсек. Кепсерлеў аппараты, сеялка, плуг, тырма усаған майда-шүйделери ғой қалай болса солай айқасып атыр. Ири-ғаба деген машина-тракторлардың да жағдайы жақсы емес. Бириниң тележкасы төңкерилип атса, бириниң балоны жарылып, бир бүйирлеп шоңқайып қалған. Гейпара машиналар әлле қашан «жүрек—баўырынан» журдай болыпты. Көп қойдың ишиндеги түйедей ҳәммелериниң ортасында бир автокран зоңқыйып тур, былайрақта жирафтың мойынындай узын стрелкасын жерге таслап жиберген бир эксковатор «шөмиши» менен жер тислеп қалыпты.

— Буны да жүргизе алмай атырмыз,—деди Қулмуратов.

— Тек нийге тартар бес-алты комбайн, бир-еки гусеницалы тракторымыз-ақ бар. Олардың да кебир сорып жатысы мынаў...

«Паркти жөнлестириў керек екен,—деген пикир



www.ziyouz.com kutubxonasi

келди Азаматтың қыялына.—Усындай да жуўапкерсизлик болады екен?!»

Ишти түрткен нарыйзалық сезим бүртийип сыртқа шығып кетти. «Усындай ҳақыйқатшыл екениңди билетуғын едим, қарағым— Қулмуратов ишинен буған сүйсинген менен, қыялын сездирип коймаўға тырысты. — Сениң жазатуғын материалың ғой бул... Қатқан фельетон! Ҳә, үстинен түсирмедим бе? Қалай йошың тасып, арқаң қозып кеткен шығар. Сеземен, сеземен... Бир оқлаўлы мылтық екенсең, енди сени атып қалайын. Әл бетте, ҳәзир емес... Бирақ «атылған оқ» ҳо анаў УПРды қалпақтай ушыратуғын болсын! «Оның УПР деп атырғаны—директордың биринши орынбасары, оқыў-өндирислик ислери бойынша басшы. жас инженер Жумабай Жапбаров еди. Ол бул ўақытлары қандай да бир темир қыспақларды кепсерлеў иси менен бәнт болып атырғанлықтан, шарбақта Қулмуратовтың жүргенлигин аңламай да қалды.

Қулмуратовтың бир көзи қасындағы Азаматта болған менен, бир көзи от шашырап турған кепсерлеў аппаратының жанында «мынаны былай ислейик» деп қасындағыларға гә кеңес берип, гә ис көрсетип жуўырып-жортып жүрген жигерли жас жигитте еди· «Искер, бала екен,—деген жуўмаққа келди Қулмуратов.—Келе сала, паркти қолға алыўын қара! Бул барысынан бара берсе...» Оны қандайдур қызғаныш сезими бийлеп кетти: «Директордың исенимине ийе болған соң, қапылып қалды... Қартайып турған адам, өзи де пенсияға шығып кетейин деп тур.

Орныма усы жигит бола қойсын! десе...»

Азамат Қулмуратовтың еринбей барлық нәрселерди көрсетип, әлпайымсып киятырғанына қарап, «киши пейил, жақсы адам болса керек» деп ойлай баслады.

—Енди дем ала қояйық, қосшым,—деп Қулмуратов та оны өзине жақын тутып, қолтықлай түсти.—Жүр, үйге барып, бир-еки кесе чай-суў ишейик...

* * *

Қулмуратов усы күннен баслап Азаматты бир ели қасынан шығармайтуғын болып алды. Тәнепислерде кабинетине шақырып алып, биргеликте сабақ планла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рын көрип шығып, сабақларды қалай өтиў кереклиги ҳаққындағы ақыл-мәсләҳәтлерин аямай берип жүр. Ҳәттe, айырым ўақытлары өзиниң сабағына алып кирип тәжирийбесин де үйреткен болады. Үш-төрт күнликте Еркин, Дәлибай деген муғаллим—мастерлерди шақырып алып:

— Қатарыңызға және бир жас келип қосылды. Бир-бириңизди поддерживать етип жүриң. Бирликли болсаңыз, алмайтуғын таўыңыз жоқ,—деп оларға Азаматқа ғамхорлық етиўлери кереклигин ескертти. Ал кешегиде болса Күнсулыў деген кассирди көрип қалып:

— Мына балаға без очеред айлық берип турасаң,—деп ҳәзиллесип, оның менен де таныстырып қойды.

Азамат Қулмуратовтың бул ғамхорлықларынан кеўли тоқ болса да, негедур елеге дейин ҳеш нәрсениң парқына баралмай атыр: Мектеп деп-мектеп емес. Жоқары оқыў орынларына усатайын десең, оқыўшылардың барлығы дерлик жас өспирим—8-классты жаңа питкерип келген ул-қызлар. Ал неслери, қылықлары... Гейпара балалар өзлерин пүткиллей ержетип қалған есаплайды-емиш. Олардың пәминше, енди үлкен адамлар менен тең ҳуқыққа ийе қәлеген нәрселерин ислей бериўлерине болады. Енди шылымды қалай тартаман десе де. ирети келген жеринде аз-азлап «жутып» жиберсе де, ҳеш ким «қой» деп айтпаўы тийис. Мектепте емес, училищеде оқып атыр, ақыры. Училищеде, ҳәттеки, семья-турмыс мәселелерин шешиўге де бола бередимиш...

Сабаққа қатнаслары да жақсы емес. Көпшилик оқыўшылар «Әй училише ғой. Өзи ушын оқытсын. Аратура бир көринсең болды-дә!» деп келмей қала беретуғын қусайды. «Жалынып оқытады» деген жаман түсиник гейпара ата-аналардың да мийине синип қалған. Сонлықтан олар да балларының қалай оқып атырғанлығы менен онша қызыға бермейди... Балалар болса бул «еркинликти» өз мақсетлерине утымлы пайдаланып, сабаққа қәлеген ўақытында келип, қәлеген ўақтында кетип жүр.

— Неге сабаққа қатнаспай жүрсең?—деп бир-еки мәрте қатнасы төмен оқыўшылардан сорап көргеним бар. Айтқаныңа пушайман қылады.

— Мен өзим қәлеп келгеним жоқ,—дейди бети бүлк етпей.—Мектеп документимди бул жаққа тапсырып жи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

берипти. Училище қайтарып бермейди. Болмаса жумыс-ақ ислер едим...

— Бул қалай болғаны?! Училище сондай-ақ «убыжық» нәрсе ме екен?—деп Азамат бүгин бул ойларын қолайы келген бир пайытта Қулмуратов пенен ортақласып көриўге тәўекел етти.—Оны «убыжық» етип көрсетип турган не? Бул жерде де мектептегидей парта, мектептеги класс, мектептеги муғаллим... Қайтама мектепке қарағанда анағурлым кең мүмкиншиликке ийе?

— Бәри ҳәр ким өз функциясын жетерли дәрежеде билмегенликтен,—деди Қулмуратов та Азаматтағы бул өзгерислерге негедур ишинен қуўанып.—Мысалы, мен расписаниени мақсетке муўапық дүзбегеним ушын ҳеш кимди айыплай алмайман ғой. Өйдей берсек, айыплы емес адамның өзи жоқ, сирә! Айтайық, училищеде үлгериў жүз процент емес. Неге? Тәртип жоқ! Тәртип болмаған жерде қаяқтан билим болсын!? Бул ушын да мен айыплы болыўым керек пе? Жоқ, айланып келгенде, буның да айыплы адамлары бар... Айта берсек, өндирислик тәлим сабақлары, ЛПЗылар расписаниеге қойылғандай болып өтилип атыр ма? Оқыўшылар сол саатлардың бәрин санап берип атыр ма? Жоқ, олай ислеп атырған жоқ, ислей алмайды да! Неге десең, мастерской жоқ. Анаў күни өзиң көрдиң ғой, бар мастерскойымыз да үскенеленбей, техникалар ашық далада қалай болса солай шашылып атыр... (Қосшым, қашанғы усылай турар дейсең! Суўдың да сораўы бар дейди ғой...) Илаж жоқ, соннан соң сизлердиң де күниңиз кисиге қарайды. Со қаланың берги басынан арғы шетиндеги цехқа, яки заводқа барып лабораториялық жумыс өткизиўиңиз керек. Цех мастери, завод инженери сениң қаңғырмай балларыңды не қылсын!? Оларға жумыс керек, оларға план керек! Сениң суў қабақ оқыўшыңа «мынаў гайка, мынаў болт, мынаны былай таўлайсаң, мынаны олай таўлайсаң...» деп басын қатырып отыра ма? Сениң де өзиңдей адамға ҳәл салып, бетине телмирип турғың келмейди. Соннан соң, илажсыздан илажсыз «қайта бериң, балалар» деп қолыңды бир силтеп қоя қоясаң... Екинши күни ол жерге сирә табаның тартар ма? Және—«қайта бериң!..» Пай, оқыўшының қудайы береди-аў! Сеннен жақсы адам жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атаңа мың мәрте рахмет айтып, екеўлеп—үшеўлеп пытырадай тумлы-тусқа тарқамай ма? Қәне, туўры үйине бара қойса?

— Сонда не ислейди?!—Азамат әлле нени билгиси келип шыдамсызлық пенен сораў берди.

— Не ислейтуғын еди, үйине бараман дегенше мың есикке дүгеди-дә!—Қулмуратов ҳеш нәрсени итибарға алмағансып гәпин даўам етти.—Қыларға талап жоқ, ақыры. Кешке дейин үйине бир барса болды-дә! «Сообразим!» дейди бир оңбаған. Соның арасында қалталардың саў жери қоймай тинтилип, көзди ашып жумғанша әлле кимниң алақаны ақ, сары тийинларға лыққа толып шыға келеди, ақ көкиреклери автобусқа да тийин қалдырмай берип қояды: «Әй, ничего, ертең степендия аламыз!».

—Қызық! Шаппттай балалардың усындай ислегени-ә?!—Азаматқа айтылып атырған гәплер ме, балалардың қылықлары ма ерсидей туйылып кетти.

— Бала дейсең-аў! Бала емес бәле ғой олар!—деп жанлана түсти Қулмуратов Азаматты әлле неге исендиргиси келгендей.—Булардың қызығын оннан кейин көре бер! Ләлиўлескен бул оңбағанлар азмаз қызып алғаннан кейин порхандай быдырласып автобусқа минеди. Төлеўге соқыр тийин жоқ. Тийин сорап кондуктор ҳәлек. «Анаў бастағылар төлейди!» дейди соңғы қапыдан мингенлер.«Соңғы балалар төлейди» дейди басқа барса. Биреўи-биреўине силтеп, ўа-ҳа-ҳаласып күлип атады. Олардың күлкиси кимге дәри? Кондуктордың ойнағысы келип турған жоқ. Шарппа ашыўланады. Балаларды ғарғап-силеп урысады, «не қылған жүўернемеклерсиз?!» дейди. «Өзиң жүўернемек!» дейди ол тентеклер тынышына турмай. Ҳәммеси ўа-ҳа-ҳаласып және күлип жибереди. Сол ўақытта әлле ким «шырп» еткизип билеклеринен услап ала қояды.

— «Айда милицияға!»

— «Мә саған милиция!»

— «Урҳа—ур, теп-ҳә-теп...»

— «Мә саған—милиция, мә саған!..»

Автобус тоқтап үлгере алмайды, қапы сатур-сутыр, баллар секирип-секирип түседи, зым ғайып... изләринен бақырық, шақырық, улы-сөгис! Есерсоқлаў әлле



www.ziyouz.com kutubxonasi

ким олар менен «қудайдың не салғанын» көре қояжақ болып излеринен қуўып кетеди...

Ертеңине училищеге айықтырыўханадан қоңыраў урылып атырғаны.

— Не ушын бундай екен?..—Азамат терең ой үстинде отырып және дәслепки сораўын қайталады.

— Дурыс сораў қойдың, Азамат. Мәселен, айрым муғаллимлер менен мастерлеримиз «расписание бойынша сабақ өтилмейди, көпшилик ўақытта оқыўшыларымыз бийҳуўда жүреди, мәдений-массалық жумыслар алып барылмай атыр» дейди. Ну что, мастерской иске түспесе? Мен оқыў планында жоқ нәрсени расписаниеге қойып отырғаным жоқ ғой. Өндирислик тәлимсиз, лабораториялық жумысларсыз қайсы бир оқыўшы өз кәсибиниң маманы болып шығар екен?Бизиң мақсетимиз-кәсип үйретиў! Орта билим де баслы ўазыйпамыз. Деген менен, оған цех, яки заводтың керегн жоқ. Ол китап пенен үйренилетуғын нәрсе... Ал мастерскойдың жоқлығына мен айыплы емеспен ғой...— Қулмуратов Азаматқа «түсинген шығарсаң» дегендей ишара менен тилиниң астындағысын айтпай иркилди. «Бул қандай адам-әй!» деген илгериде пайда болған пикири Азаматтың қыялынан және жуўырып өтти.

— Қой, бул гәпти қояйық, қосшым!—Қулмуратов та қәтесин дүзетпекши болғандай дәрҳал басқа муҳамға дөнип сөйлеп кетти. —Жумыс бар жерде кемшилик болады. Мине, енди, сизлер келгели, бир қанша жөнлесип те киятыр. Өз-ара сын жақсы ғой. Озса, бул проблемаларды газетада көтерсең де шеп болмас еди. Бул, әлбетте, сениң қолыңнан келетуғын ис...

Деген менен, бул гәплерге Азаматтың жүреги жылый қоймады. Қандайда бир салқынлық әлле қашан көкирегине кирип қалған еди.

## II

Азамат салысы суўға кетип үйине келгенде, Таўмурат аға кешки аўқатты енди жейин деп атыр еди. Анасы оны көриўден:

— Мәнисиң жоқ көринеди ғой, балам. Бир жериң аўырып жүрген жоқ па?—деп бетине сораўлы тигилди.

— Ҳәй, сен отырсаң-ә епелеклей бермей!—Таўмурат



www.ziyouz.com kutubxonasi

аға ҳаялына көз алартып бир қарап қойды да, суслы нәзерин дәрҳал Азаматқа бурды.—Ҳә, бул не келис, жора? Жумысты баслар-басламастан не жыр таптың және? Қашан көрсең, қабағың қарыс жабылып жүргени... Жас жан қусап жадырап жүрген күниң болмады ғой сирә!?

— Әй, бундай жумысы бар болсын!—Қулмуратовқа жини тырысып киятырған Азамат ашыўын ағасынан алғысы келгендей қыр көрсете сөйледи.

— Не болып қалды сондай-ақ?! Яки басшылар менен айтысып қалдың ба?—Таўмурат аға баласының бул ерси қылығын елестиргиси келмесе де, айтып турған гәплерине таңланайын деди: «Япырмай бала, Наўрыз Әдилбекович жасларға жүдә баўырман адам еди ғой. Сонша жыл басшы хызметлерде ислеген адам ақыры. Тәжирийбели педагог аты және бар... Яки соңғы гезлери...»

— Тек училище деген аты болмаса, былығы көп екен... деп гүңкилдеди Азамат жаңа ғана Қулмуратов пенен болған гүрриңлердиң тәсиринен еле өзине келе алмай.

— Олай деме, балам!—Өмирдиң талай белеслерин басып өткен тәжирийбели әке енди ғана бир нәрсеге түсингендей болды.

— Мен, мине, пенсияға шыққанымша мектеп муғаллими болып келдим. Бирақ усы ўақытқа дейин бир ҳәм ирет кәсибимнен түңилип көргеним жоқ. Қыйыншылық деген ўақытша. Болмаса балаларды оқыўға апарыўдың қыйыншылығы бизлердиң ўақтымызда да болған... Ҳәзирги оқыўшылардың жети жасқа шығар-шықпастанақ мектеп деп қулшынып турғанын көрсең, бул бир ертектей. Ҳәр дәўирдиң өзине жараса илим-билими бар, балам. Бурынлары мектеп оқыўшысы тек теориялық негиз ғана алатуғын еди. Енди мине, профтех деген лер шығып... Турмыс пенен беккем байланыслы билим журты деп усыны айт! Нағыз дәрбенттиң өзи! Бир жағынан билим берилип атырса, бир жағынан ҳөнер үйретилип атады... Ҳөнер болғанда да илимге тийкарланған ҳөнер.

Бундай ҳөнер—билим орайында ислеўдиң нссине қапа боласаң, балам?! Билсең, сен де өмир жолларыңның дәрбент сызығына келип турсаң. Нәресте болып



www.ziyouz.com kutubxonasi

туўылып, бала болып жуўырдың... Ержетип, кәмалатқа келип, илим-ҳикмет ийеледиң. Енди бир кәсиптиң маманы болып халыққа хызмет етип атырсаң... Қалған жағында өз жолыңды өзиң таўып кете бермейсең бе? Усыннан артық саррас жол бар ма саған!? Жолларың усы дәрбентке түйискен екен, енди усы дәрбенттен басланады да. Жолың жаңа басланғанда, бүйтип үскиниң қуйылып отырмасын, балам! Дәрбентке келгенде, нийетиң дүзиў, жигериң күшли болыўы керек. Келешегиң алдыңда, ақыры.

Әкесиниң бул гәплери Азаматты азмаз ақылландырғандай болды. Ол тап усы тақылеттеги нәсиятларды буннан бир неше жыл илгери де еситкен еди.

Азамат сол гәплерди ядына түсирип, үнсиз ойланып қалды...

Аўа, сонда Азамат институтқа тапсырып, конкурстан өте алмағаннан соң, редакция хызметкерлериниң кеңеси менен газетаға жумысқа кирейин деп атыр еди. Әзелденақ «баламды оқытып-шоқытып, абыройлы бир қәниге етип тәрбиялап шығарсам» деген нийет пенен жүрген Таўмурат ага оның бул жумысқа орналасыўын онша хош көрмеди.

— «Ең болмаса мына кәсип-техникалық училищелердиң биринде оқып,бир қәнигелик ийелеп ал. Жумыс болса кейиннен де қашпас,—деп күйип-писти сонда Таўмурат аға.—«Өнерлиниң қолы алтын» деген. Белгили баслы бир өнердиң басына бас жип таққанға не жетеди! Ҳәзирги профтех дегенлер университеттен кем болмай кетти ғой... Дурыс, мен саған мәжбүрлеп ҳеш нәрсе ислете алмайман. Өз қәлеўиң биледи. Бирақ әке сыпатында ақыл айтыўым парыз. Бурынлары бир әке баласына «Мына жалғыз аяқ соқпаққа түспей, кең гүзардан туўры кете бер, балам,—деп жол силтеген қусайды.—Жол узақлық етип, шаршап шалықсаң да, дәрбентке дейин ҳеш нәрсеге алаң болмай, бир ҳамаллап жетиўге тырыс. Сол жерден көк жийекке қарай және тармақ-тармақ жоллар басланады... Сол жоллардың қайсысын таңласаң да, Қуяшқа нәзерлеп жүриўди умытпа, балам. Сонда ғана бахытқа жол табасаң.»

Ақымақ бала әкесиниң айтқанын қылмай, «әй, не қылар дейсең!» деп жалғыз аяқ соқпаққа қарай ылағып



www.ziyouz.com kutubxonasi

кетипти. Соқпақ болса жары ортада кесилип, бир уймаға ғана барып тирелипти...

Әне, балам, әке тилин алмағанның кесири. Ақыры, бизиң халқымыз «айланыш болса да жол жақсы» деп биykaрдан-бийкар айтпаған ғой.

Бул жолға жетиўдиң түп-тийкары—мен ушын да, сен ушын да мийнет, балам. Мийнет болғанда да саналы мийнет. Кәсип-техникалық тәлим, мине, усы мийнет жолымыздың дәрбенти. Адамзаттың буннан былайғы саналы мийнет жоллары да усы дәрбенттен басланады...

Мени айтты дерсең, еле бир ўақытлары үлкемизге улыўма билим беретуғын мектеплерден жалпыламай кәсип-техникалық билим журтларына өтиў дәўири басланады. Сонда 10-классты питкерген оқыўшы ҳәзирги сендей болып мийине тек қуры ядланды теоремаларды ғана толтырып, қайсы истиң басына барарын билмей, ар-сар болып жүрместен, партадан шығыў бойына қәлеген техниканы меңгерип, қәлеген исти бежерип кете беретуғын болады. Ең болмаса бир кәсип ийелеп ал, балам (ҳәзирги техника әсиринде онысыз жасаў да қыйын...). Талантың болса, басқа тараўда ислеп жүрип-ақ журналист бола бересең. Творчество ол-йош, ол—илҳам. Илҳам дегенимиз—бул өмир. Турмысты терең билмей турып, қалай журналист боласаң, балам?!»

Азамат сонда ағасының айтқанын тынламай дурыс иследи ме?—Оны ҳәзир де ойлап үлгере алмады. Бирақ институтты питкерип, кәсип-техникалық училищеге жоллама аларда, әкесиниң бул гәплери қыялына қамшы болғанлығы ҳақ еди, әлбетте. Ол буған дейин әкесиниң буннан бес жыл бурын айтқан гәплериниң ҳеш қандайда асыра силтеў емес екенлигин өз жүреги менен сезинип үлгерген де еди, ақыры. Оның үстине, сол сапары Турғангүл екеўиниң қыялы да бир жерден шыға қойды.

Аўа, оларды училищеге алып келген әжайып сезим де усы бир мақсетлеслиги еди. Қала берсе...

Азамат көз алдына студентлик дәўириниң соңғы жылындағы бир ўақыяны келтирди.

Сонда олар арқа районлардың бириндеги кәсип-техникалық училищеде госпрактикада болып атыр еди. Училище турмысы оларды жүдә қызықтырып таслады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сондай кең мүмкиншилик: суп-сулыў үлкен зәўлим имарат, кең класс жайлары, экранластырылған фән кабинетлери, спорт зал, стадион, узыннан-узын созылған кең полигонлар, машина-тракторлар парки!

Бул әжайып көринислер Азамат пенен Турғангүлдиң әрман-тилеклерин бир арнаға әкелип қосқандай болды.

—Азамат!—деди бир күни Турғангүл сабаққа таярланып отырғанда үлкен бир жаңалық ашқандай жүзи нурланып.

— Сени усындай училищеге жумысқа жиберсе, ислер ме един?

— Ислер едим!—Азамат та оның көзлеринен «бирге ислейик?» деп турғандай нәзик бир уғымды сезгенликтен сүйсинип кетти. Оның қасында мәңги бирге болыўға қайыл еди, ақыры.

— Онда бөлистириў комиссиясынан қаладағы кәсип-техникалық училищеге жибериўин соранайық, яқшы ма?—деп баладай қуўанып қалды буған Турғангүл.

Азамат соннан баслап Турғангүл менен бирге ислесетуғын кәсип-техникалық училищени көз алдына келтирип, татлы әрманлар менен жасап жүрди. Өзинше, ол жерге барып, көп жаңалықлар енгизиўди ойлады...

Бирақ Азамат ол ўақлары кәсип-техникалық училищеде буншама «былғасық» болады деп ойламайтуғын еди. Мине, енди сол әжайып әрманлары!.. Мине, енди өзлери ойлаған кәсип-техникалық тәлим.. Мине, сол ағасы айта беретуғын дәрбент жолдың сағасы!

«Бағанағыдай жерде, бағанағыдай адамлардың арасында қалай ислесиўи мүмкин?!—Азамат өз-өзинен және қәўетер ала баслады.—Бул жердиң усыншама «былық» екенлигин билмейтуғын едим ғой! Анаў сонша техниканың таў-таў болып қула дүзде жатырғаны! Анаў басшының сықылы! Оқыўшылары шаш ал десе, бас алатуғын қыйлынан болса... Усы училище деп сонша мирәт еткен газетада ислеп қалмадым-аў! Оҳо, творчество адамлары дегениң турысы менен әдилликтиң тәрепдарлары екен ғой! Кишигирим мақала, очерклер жазып турған әпиўайы бир мектеп оқыўшысы едим. Дәслепки жылы институтқа тапсырып, конкурстан өте алмай қалдым... Сонда да жазғанды қойып кетпесин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир нәрсе үйренсин деп, ғамхорлық етип жумысқа шақырып алды. Келеси жылы әдебий сауатынды ашыуға жақсы болады деп, әдебият факультетине оқыуға түсиуге жәрдемлести. Питкергеннен соң, және жумысқа алмақшы еди...»

Азамат усыларды ойлап отырып жүрегин неликтен де ҳәдден тыс елжирете берер еди. Жүрегин елжиретер еди—дә, көз алдына редакцияда бирге ислескен кәсиплеслерин бирме-бир келтирер еди...

Олар Азаматты оқыуға кетеринде кишигирим бир зыяпат шөлкемлестирип, ең жақсы тилеклер менен шығарып салып еди.

— Бизиң ең жақсы хызметкеримиз болдың. Саған қәлеген уақытта орын таяр турады! —деди редактор төрт көз түуел отырғанда.

— Мен усындай ауыз биршиликли коллективтиң арасында өскенлигиме қатты қуўанышлыман, мен барлық жерде, барлық уақытта усы коллектив пенен мақтанаман!—деген еди сонда Азамат та сүйсиниң кетип.—Мениң келешек жолларым да усы коллектив пенен сабақлас жатыуы тийис...

Ҳақыйқатында да, бул шын кеуилден шыққан гәплер еди. Коллектив жәми жыйылып онлаған адамнан ибарат болыуына қарамастан, бир семьяның ағзаларындай туўысқанлық сезим менен татыу ислести. Редактор хызметкерлериниң арасында сондай абыройға ийе еди —ҳәттеки, айырым хызметкерлер жети-сегиз жылдан бери квартирадан-квартираға көшип-қонып жүрсе де, басшының кеуил жайының кеңлигине бола, он-онбес жылда бир келетуғын лимитти де шыдамлылық пенен үмидиуар күтип жүрди.

Азамат, мине, усындай коллективтиң сүйкимли генжетай баласы еди.

—Ҳа, балам,—деп анасындай ҳақ көкирегин ашар еди хатлар бөлиминдеги апай.

—Азаматтың материалларын болмай, ҳеш қайсысыныздикин баспайман!—деп шын кеуилден ғамхорлық етип турар еди машинистка жеңгей.—Кешеги келген усы бала қурақым жоқсыз, түуе... (Ол бул гәплери менен оның жазғанларына деген сүйиспеншилигин билдирер еди).

Бөлим баслығы менен болса ағалы-инилидей болып



www.ziyouz.com kutubxonasi

қатнасты. Буған себеп—ол әдеўир жасқа барып қалыўына қарамастан, шаршамай изленетуғын көкиреги кең журналист—жазыўшылардан болды. Өзи айындажылында бир гүрриң жазса да саз жазып жүрди.

Азаматқа айрықша унаған жери—онда айрым басшыларға тән тәкир-түкир ҳәкимшилик болмады, гейде бөлимди қайсысының басқарып жүргенин де билиў мүмкин емес еди. Ал институтта оқып жүрген дәўиринде болса әдебиятқа деген кеўил көзи саналы түрде ашыла баслады да, баспа сөздиң қәдир-қымбатын түсинип, бул коллективке ет-бети менен қулай түсти... Баспа сөздиң үлкен имараты оған қандайда бир сыйқырлы қудирет күшке ийедей сезилер еди. Оның қасына жақынлаўдан, үсти-басын тәртипке салып, атасын көрген келиндей ишке қысылып-қымырылып кирер еди. Өзи сүйетуғын жазыўшылардай жазыўшы болыўды қәлер еди, ақыры.

Өмирде адамның әрманлары гейде ойлағанындай болып иске аспай қалатуғын да жағдайлар болады екен. Болмаса оны институтты питкерер-питкерместен редакцияда жумыс ислеўге шақыртып-ақ еди.

— Питкерип шыққанша ярым штатта ислей турарсаң, кейнинен биротала ислеп қалыўыңа мүмкиншилик жаратамыз. Өзиңдей талантлы жаслар керек, қосшым, —деди редактор.

Деген менен, Азамат «ислеймен» деп айталмады. Оған көптен берли ўәделесип, «бирге ислесемиз» деп жүрген Турғангүлдиң ықласын жығып кетиў қыйын болды. Егер, булай бола қойған жағдайда, өзин өмир бойы өкиниште қалатуғындай сезе берди. Оның үстине, бул ўақытлары олардың кәсип-техникалық училищелерде жумыс ислеп қалыўға соранған арзалары бөлистириў комиссиясы тәрепинен мақулланған да еди.

«Әттең, сонда мирәт еткен жерде ислеп қала қойғанда тәўир болатуғын ба еди?» деген екилениўшилик қыялға келди Азамат усыларды ойлап отырып. Бирақ ҳә демей-ақ бул қыялынан нилдиң суўындай айнып түсти. «Сениң буншелли қорқақ, нәмәрт екенлигинди билмейтуғын едим ғой» деп қойыў қараңғылық арасынан Турғангүлдиң көзлери қәҳәрли тигилип турғандай болды. Соның арасынша ядына жаңа ғана аўқат үстинде айтылған гәплер қайта түсти. «Жолың жаңа баслан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғанда, буйтип ускиниң қуйылып отырмасын, балам,—деп әлле немирге дейин ишинен сол гәплерди тәкирарлап жатты.—Дәрбентке келгенде, нийетиң дузиў, жигериң күшли болыўы керек. Сениң ўазыйпаң аўыр, балам. Сен мен басып өтпеген жолларды да журип өтиўиң тийис. Келешегиң алдында, ақыры».

Азамат усыларды ойлап жатып, түнниң әлле бир мәҳәлинде (полигон—алаңлықта машқы етип журген жас өспиримлерди көз алдына келтирген қәлпинде) уйықлап кетти...

### III

Қызығыўшылығы, ықласы болмаған оқыўшыда не саўат болсын! Азамат еки-үш күннен берли группама-группа диктант та алып, гейпара оқыўшылар менен доскада жеке шынығыўлар ислеп те көрип жүр. Дурыс, ишлеринде «бас териси» келискен бирди-жарым балалар да жоқ емес. Бирақ көпшилиги дерлик түйеден бийени ажырата алмайтуғын қыйлылар. Жазба саўаты кеўлиңди қанаатландырмайды.

«Адам жазыў мәдениятына ийе болмай турып, қалайынша өз исиниң маманы болыўы мүмкин? Дурыс жаза алмаған бала қалайынша басқа билимлерди ийелейди? Жазба саўатлылықты оқыўшы 8-класcқа дейин үйрениип алыўы керек. Ал булар мектепте ҳеш нәрсе үйренбей қалған. Гейпара жуп сөзлер, бирикken сөзлер менен меншикли атлықларды дурыс жаза алмағанын айтпағанның өзинде, көбинесе қоспа гәплердиң иркилис белгилеринен биргелкили ағзаларды, кирис сөз, таңлақ сөз, қаратпа сөзлерди жазыўдан, дәнекерлер менен жалғаўларды бир-биринен ажыратыўдан сезилерликтей қәте жибереди екен. Бул қәте менен олардан шығарма талап етпек түўе, әдебиятты түсиндириўдиң өзи қыйын.

Неге булар өз тилин үйрениўге бунша итибарсыз қараған? Яки «әй, ана тилин билмей неси бар, бизлер, бәрибир тракторшы боламыз!»—деп ойлады ма екен? Дурыс, училище оқыўшылары әдебиятшылар емес, халық хожалығына ең бир зәрүрли кадрлар—маман рабочий-тракторист-механизаторлар, шоферлар, кепсерлеўшилер, сыбаўшы-бояўшылар болыўы тийис. Бирақ ол ким болмасын, «ең бир әҳмийетли қатнас қуралы»



www.ziyouz.com kutubxonasi

тилди билиўи керек ғой. Дурыс сөйлеп, дурыс жаза билмеген, өз мийнетиниң гөззаллығын түсине алмаған рабочий ол қандай рабочий?!

Солай да биз оқыўшыға нахақтан жала жаўып атырған болмайық. Бәлким, бул оның айыбы емес-ти. Ол усыларды үйрениў ушын сегиз жыл бойы мектеп партасында отырды. Мине, тоғызыншы жылы ССПТУ-ға келди.

Мейли, ол мектептен өз қәлеўи менен келмей-ақ қойсын, оны: «Сени ССПТУға жиберемен!» деп қорқытып-үркитип-ақ жибере қойсын, бирақ ол бул жерде қорықпайтуғын болыўы керек. Мақсет—оны билмегени ушын айыплаўға емес, билиўге, үйрениўге, солай етип, ССПТУ—өнер-билим орайы екенлигин уқтырыўға бағдарланыўы тийис, яғный оқыўшының «қорқынышлы» деп келген нәрсесине қызығыўшылық оятып жибериў керек. Демек, бул жердеги талап мектепдегиден де жоқары, мектептегиден де күшли. Керисинше бул жерде мектептеги қәтеликлер дүзетилип барылады. Әттең, училищеде тил сабағын оқытыў расписаниеге неликтен де киргизилмепти. Бул жерде оқыўшы 9—10 класс көлеминдеги билимлерди де үйренип, орта мағлыўмат алады. Демек, 9—10 класстың еки жыллық программасы бул жерде үш жылға мөлшерленеди деген сөз. Яғный 1-2-3-курсларда да әдебият сабағы жүреди. Әлбетте, 9—10 класстың мектеп программасында тил сабағы жоқ. Бирақ училищедеги мына «алағат жағдай» оны өтиў зәрүрлигин туўдырып турса-ше? Не ушын тәкирарлаў курсы сыпатында II—III курсларда да белгили муғдарда тил сабағын оқытыўға болмас екен?»

Азаматтың бул усынысы училище директорына унап қалды.

—Дурыс айтасаң, қосшым,—деди баладай қуўанып. —Мейли, мектеп бизге өз «мусаллатларын» жибере қойсын, бирақ биз оларға «әй» деп қарамаўымыз керек. Бул жердеги ўазыйпа мектептегиден де зыят, мектептегиден де аўыр. Биз мектеп муғаллимлеринен де артықмаш жуўапкершиликке ийе болыўымыз тийис. Сонда балалардың училище турмысына, ондағы өнер-билимге деген хәўеси артады. «Тәкирарлаў курсы сыпатында тил сабағын оқытыў керек» деп дурыс ойлапсаң. Аўа, тил—әдебияттың ең зәрүрли элементи. Ал, тилди төмен



www.ziyouz.com kutubxonasi

үлгерген шала саўат оқыўшы қалайынша жақсы шығарма жазады? Дурыс, ең алды менен тилди меңгерип алған болыўы керек.

Мен бул «II—III курсларда да тил сабағы оқытылса екен?» деген усынысыңды ҳәзир-ақ Басқармадан сорапып көремен. Басқармадағылар да қарсылық билдире қоймас.

— Өзиң инициативалы жигит екенсең ғой!—деп қолын қысты анаў күнги Қулмуратовтың УПР деп отырған жас жигити Жумабай Жапбаров та.—Қәнекей, педколлективимиздиң барлығы усындай жигерли жаслар бола берсе!?

—Бизиң ислерге де жәрдем берип тур,—деди сүйсинип кеткен директордың тәрбия ислери бойынша орынбасары Рәметов та үлкен қанаатландырыўшылық кейип те қарап.

Бирақ Қулмуратовтың:

— Әне, қосшым, енди жыллық нагрузкаң мыңнан асатуғын болды,—деп жортаға күле шырай бергени болмаса, жигиттиң «өз исине» араласқанына әжийнеси тырысып турды.

...Азамат кабинеттен шығып кеткеннен соң, ярым сааттай ўақыт өтер-өтпестен-ақ директордың қабыллаўына күтилмеген бир милиция хызметкери кирип, келди. Жүдә әлпайым жигит екен. Аманлық-есенлик сорасып, «милиция лейтенанты Назаров» деп өзин таныстырып болғаннан кейин, эсте-ақырын келген жумысын баянлай баслады. Атамуратов Алпысбай деген баланы излеп жүрген қусайды.

—Жынаят ислеп пе?—деди директор ондай исимли адамның училищеде бары-жоғын есине түсире алмай атырып.

— Жоқ. Кеше магазинде, үстеме баҳада саўда ислеп турған жеринде усланып еди. Дүкан әжапасыныкы екен... «Неге өзиң ҳеш жерде ислемей жүрсең?!» деп тежестирип едик, ССПТУ да оқып атырман деген сылтаў айтты. Соның ырас-өтиригин биле қояйын деп келип едим. Қалай сабақлардан үлгериўи жақсы ма екен? Яки магазин ашқалы қатнасқанды қойып жүр ме?

—Аманлық болса болар, әйтеўир. «Оқыўшылардың бирсўи айықтырыўханаға түсип қалды ма екен» деп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

күни менен тыпыршылап отырған директордың жүреги азмаз орнына түсейин деди.

— Атамуратов Алпысбай дедиң бе? Ҳәзир, мине, Сарыбай Рәметов анықлап береди.

Директор қоңыраў кнопкасын басыўдан, ишке секретарьша қыз бас суқты.

— Маған Раметовты шақырың. Барлық контингентлердиң дизими менен кирсин!—деген тапсырма алды сол заматта-ақ.

Арадан аз ғана ўақыт өтпей-ақ семиз бир папканы қушақлаған қәлпинде Рәметовтың өзи кирип келди.

—Алпысбай Атамуратов қайсы группада?—деди директор оны келиўден сораўға тутып.

— Ҳәзир көремиз... Рәметов көп санлы дизимлер жазылған қағазды ақтара баслады да, азмаздан соң:— Ҳе, таптым, «7—77» тракторист-машинистлер группасында екен,—деди.

— Шақырың мастери менен келсин!

Бирақ бул ирет директордың қабыллаўына Рәметов пенен группа мастери Жуманиязов ғана кирип келди.

— Бала қайда?!—Директордың жүреги әлле нени сезгендей мастерге ашыўлы көз тикти.

— Сентябрьде үш күн-ақ келди.—Мастер және бир нәрселерди айтпақшы болып турды да, милиция лейтенантынан тартынғандай үндемей қалды.

—Демек, оқыўға келмей жүр екен ғой?! Мейли, зияны жоқ... Ол жақын арада оқыўға сөзсиз келетуғын болады.—Милиция хызметкери тынышсызландырып таслағаны ушын директордан кеширим сорады да өзлериниң бундай ислерде ҳеш қашан жәрдемлерин аямайтуғынлығына тағы бир мәртебе исендирип, кабинеттен асығыс шығып кетти.

Бирақ ол кетиў бойына, Атамуратов ҳаққындағы тартыс қайта басланды:

— Жоқ адамды неге журналга жазасаң?! Ким саған жоқ баланы приказға жибер деген?! Усы ўақытқа дейин неге айтпадың оны! Биз сендей салақларға исенип Басқармаға мағлыўмат берип отырмыз-аў! Сарыбай Рәметович, неге тексермедиң буны?!—Ашыўы тырнағының ушына шығып, түтигип кеткен директор гә мастерге, гә Раметовқа допинип, күйип-жанып сөйлеп атыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Биреўиңиз олай дейсиз, биреўиңиз былай дейсиз...
—Бақырысқа шыдамаған жас мастер әлле кимге нарыйза кейипте бир нәрселерди еситилер-еситилмес етип мыңғырлап қойды —Мен емес ғой приказ шығартқан...

— Рәметов, бул не гәп?!—деп, директор мастерди қоя берип, тәрбия ислери бойынша орынбасарының жекке өзине тийисти.

— Контингентти усындай жоллар менен услап турыў керек пе екен!?

—Кеширесиз, Наўрыз Әдилбекович, бул иске мениң қандай қатнасым бар?!

— Сиз де басшысыз ғой, ақыры!

—Басшы болған менен, бийликти басқа биреўге берип қойыпсыз ғой?! Болмаса профориентация жумыслары менен тиккелей мен шуғылланыўым керек.

— Шуғылланғаныңды да көрдик ғой! Сениң ўақтыңда план орынлап, Басқармадан алғыс алған күн болды ма, сирә!? Исти берсең қардарына деген... Минекей, бул жуўапкершиликти Қулмуратовқа жүклеп-ек, Басқармадан рахметтен басқа алып атырғанымыз жоқ... Ол жақта да «исти ислейтуғын адамына бериў керек» деп атыр. Ўақытша директорлық ўазыйпаны атқарып турған гезинде де (жумыстан босатылған директорыңыздың орнына мен тайынланғанға дейин де) планды арттырып орынлайтуғыны менен көзге түскен екен.

—Көзге түссе, ақыбети усындай болып атыр ғой!...

— Аўа,булардың бәри Қулмуратовтың ўақытша директорлық гезинен берли бар нәрселер!—деп жанланайын деди күни менен үнсиз турған жас мастер де Рәметовтың гәпин хошлап—Атамуратовқа приказ шығартқан да сол...

—Әй, мынаў не дейди?!—Директор бул гәпке исенгиси келмегендей қарсы алдында турған мастерге тигилип қарап қойды.

Мастердиң тып-тынық өткир көзлери де оған қарай тик қадалар еди. Бирақ сабақта отырған Азаматтың бул тартыстан ҳасла хабары болмады. Соң бир, неше ҳәпте өткеннен кейин бул хабарды узын қулақлардан еситип қалып, бир нәрсени ядына түсире алмай узақ әўерselenди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## IV

Азамат «өз исине» араласқалы Қулмуратовтың онша мазасы жоқ. Бунын және бир себеби... Қасақана олар да жупларын жазар емес. Сабаққа да бирге келип, бирге кетеди. Тәнепис ўақытларында да екеўи әжик-гүжик. Сәл жерде бир нәрсениң устинен ерегисип қала қойса, қәпелимде апақ-шапақ... Олардың бир-бирине өкпелескениниң өзи де сондай жарасымлы болып туйылады—тек көрген ўақытта баўырың елжиреп, тилеклеслик сезимиңди билдиргениңди сезбей қаласаң.

Керисинше олардың бул шоқ күлкилери Қулмуратовқа өзиниң үстинен «ўа-ҳа-ҳалап» күлип атырғандай сезиле берди. Буған қоса, қызда да оны көрип, дәрпене қояйын деген нийет болмады. Сабақтан шығыўдан жигиттиң билегине шәппиктей жабысып баратырғаны... (Анығында,жай-парахат-ақ сөйлесип барар еди).

«Анаў күни күлгендей еди ғой, заңғар!—деп терең ойға қалады бундай ўақытлары Қулмуратов.—Яки қыялымды сезип қойды ма екен?»

Қулмуратов буннан артық шыдар емес. Бүгин, мине, не қылар екен дегендей абай-сиясат етпекши болып, жанларында турып көрип еди, қыз көзине де илмеди. Қайтама жүзин терис бурып, жигиттиң баўырына тығыла түседи (олар тап усындай бийәдепликке бармаса да, Қулмуратовқа усылай туйылды). Жигиттиң де буны завуч екен-аў, жас үлкен адам еди (оның негедур усы жерде жасы үлкеншилиги де тутты) деп сыйлайтуғын түри жоқ. Қорқып-үркиўдиң орнына, қандай да бир ызғарлы кейип пенен аларып қарап қояды.

Бул Қулмуратовтың жығырданын әбден қайнатып жиберди. «Так не қылсам екен?—деп күн узаққа бас қатырды Қулмуратов.—Қолыма қаршыға келип қонды... Енди ықтыят болыўым керек. Ҳәзирше ҳеш нәрсе демеймен. (Кеше қыялымды сезип қалмады ма екен?) Жыллы-жыллы сөйлесең, жылан ининен шығады. Нашар баланың ҳақы—шийрин тил, марапат, шүберекшаршы... Булардың қай-қайсысы да меннен табылады. Яқшы, бул қолымнан келеди дейин. Анаў балаға не иләж ислеймен? Ол уйпа бас ыңырыўлап изинен қалмаса!... «Орын жоқ» деп қайтарып жибере алмасам! Қыз онысыз сирә ислемейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пай, бундай ислерди келистириўге бурынғы директорымыз шебер еди-дә! Ҳәр заманға бир заман деген. Мына бир шөже қораздай биреўине тап болып... Айтпақшы, анаў бала усының ағайини емес пе екен..?»

Қулмуратов усындай ойлар менен бас қатырып отырғанда, ишке арық-турақлаўдан келген, мәш ирен көзли, пәскелтек бойлы қара жигит кирип келди. Адырлаў жигит болса керек, жуўтлардай сәлем-әлем менен де иси болған жоқ. Маладай аяқларын аннан-саннан бир басып, тенселиўи менен директордың алдына келди де:

—Мени жумыстан босатың!—деп бир жапырақ қағазды столдың үстине тарс еттирип урды.

—Ҳаў, жийеним, әўел аманлық-есенлик сорасып алайық?—деп мыйығынан күлип қойды Қулмуратов сынын бузбастан.—Әкеңе усаған қып-қызыл жилли болыпсаң ғой, тентек! Ер дайысына тартады дейтуғын еди...

— Дайысы тартса тартады-дә!—деп гүрк ете қалды өкпеси қарақазандай исинип турған жигит.—Келгенińизге де азымшық ўақыт болған жоқ, соннан берли бир рет те «қалайсаң, жийеним» дедиң бе? Кабинетиңнен басқаны көзиң көрмейди. Минe, саррас еки жыл болды, еле часовик... Бул сабақлардың да көбейетуғын ўақты болар ма екен?! Қашанғы аўысқан-сүйискен сабақларды оқытып, мастер болып жүре беремиз? Бурынғы завуч, яқшы бийтаныс бола қойсын. Сен бийтаныс емессең ғой. Дайы болғанлығының не пайдасы бар? Күнлердиң күнинде ағайин ҳәм керек болар... Алыстан келген әлле ким, Азамат Таўмуратов дегенлерди де муғаллим етип алдың... Анаў бир қызға да тәрбияшылығы менен турмай, расписание толтырып сабақ берип қойыпсаң. Мен не, солар қурақым жоқпан ба?!

«Күнлердиң күнинде ағайин ҳәм керек болар...деп ойланып қалды Қулмуратов.—Рас, бул баланың ақылы барға уқсайды. Арымды арлайтуғын да усындай ағайинлер ғой! Олар мениң қай ўақта да исенимли қол шоқпарым. Түпәлем, жигит болып қалыпты, Қалайда, исениp бир нәрсе тапсырыўға болатуғын шығар...»

— Еркинжан-аў, түриңе қараса, ақылы бар жигитке усайсаң,—деп гәп баслады Қулмуратов жигитти бир қатар көзден өткерип алғаннан кейин.—Сениң өкпең ҳәм орынлы. Түби туўысқан, ағайин адамлар екенимиз



www.ziyouz.com kutubxonasi

де рас. Дөгеректиң бәри душпан көзи... Сақ болмасаң болмайды. Ағайиним екен деп саған ашықтан-ашық сабақты үйип-төгип бере берсем қалай болады? Оның үстине, мен жумысқа жаңа келип атырған адамман азмаз оңлы-солымды барластырыўым керек, бул заманда кимниң ким екенин билип алмасаң бола ма? Мысалы, жаңа айтқан Азамат деген уйпабасыңыз қайсы жыланның қуйрығы екенин қайдан билемиз? Шоттың бир ушын бассаң, бир ушы маңлайға тийеди... Сениң мына келисиң ҳәм мен ушын аброй емес. Биреў болмаса биреў «завуч болып келиўден, ағайинлерин шалжаңлатып қойыўға қарады» деп айтпай ма? Сол ушын бәрин өз орнында, асықпай әсте иске асырыў керек. Қәне, өзиңақ айт, сени дәрриў учебный секретарь етип таярласам, усы нырыққа сыяр ма еди?

Әлбетте, өзиң де бас тартар едиң. Ақыры, сен оған тайын емессең. Бул ушын азмаз да болса абыройға ийе болып алыў керек. Ал абырой өз-өзинен келмейди. Бул заманда биреўдиң абройын төгип аброй аласаң. Мысалы, жаңа өзиң айтқан Азамат Таўмуратовты алып қарайық. Сол коллективтиң арасында абройға ийе ме? Ийе! Сөзин сөйлейтуғын адам бар ма? Бар. Ал сениң кимиң бар?!

Биринишиден, институтты сырттан оқығансаң. Екиншиден, үйленбеген атың және бар. Тәлим-тәрбия системасы болса нәзик нәрсе... Қәпелимде басшы жумысларға көтериўге кадр, керек болып қалса? Әне, бул жағы шатақ! Оның үстине, партияда да жоқсаң.

—Азамат Таўмуратов та үйленбеген ғой,—деп гүңк етти бираз таўы шағылып қалған Еркин.

— Пай, Еркинжан, еле түсинбеген екенсең ғой. Әңгиме онда емес,—деп гәпин даўам етти Қулмуратов, —әңгиме—оның көпшиликтиң арасында абройға ийе ҳаял-қызлар менен жақсы мәмледе бола билиўинде. Айтайық, анаў бир Турғангүл деген қызды шыр айландырып жүр ғой.

Жийени негедур қысынып:—Ол қолдан келеди ғой, —деп бир нәрселерди еситилер-еситилмес етип мыңғырлаған болды.

Жийениниң мына гәпине Қулмуратовтың жүзи гүлгүл дөнип кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳә, жаңа ақылына кирейин дедиң,—деп ишки сырын сездирмей, оның арқасынан әсте қағып қойды.

— Қуры жүре бермей, апайдың қолына шүберек баслы биреўди түсир ақыры. Бас екеў болмай, мал екеў болмайды. Оннан соң барып «дайы, сабағымды көбейтип бер» десең болады. Қәне, шөкелеп жүрген кимиң бар?

Жигит уялганнан бурыштай қызарып төмен қарады.

—Жигит көзи менен қыз алма деген,—деп қойды Қулмуратов оған итибар бермегенсип.—Қызды алыстан излеўдиң де кереги жоқ. Усы жердиң өзинен-ақ небир күн тиймеген қыйлыларын табыўға болады. Байқаўымша, бизиң училищеде де усындай периштелердиң бир-екеўи бар сыяқлы. Анаў Турғангүл деген қыз да онша шеп болмаса керек. Бойы-сыны дүзиў, пәкизе есикке жарасқандай нашар екен. Нағыз қара пухара, өзиңниң теңиң. Көзди жумып, усыған қол урсаң шеп болмассаң. Кейин болса өзлеримиз жайғастыра беремиз... Бирақ анаў бир Дәме деген қызға сөз салғаныңдай болып жүрмесин!

Қулмуратов сын нәзери менен ара-тура жийенине көз таслап алады. Жас жигитке бул гәп майдай жағып атырса керек, ишинен қуўанса да, қысынған түр менен мүсәпирсип, басын ийип үнсиз тыңлап атыр. Шамасы, бул қыз бурынлы-соң ойында да бар қусайды.

«Изине түскенимди билип жүр ме екен?—деп қояды ишинен. —Дайым өзи бәле-аў, мени қысындырмайын деп отырған ғой. Бирақ, расында да, жақсы қыз ғой, әттең, анаў Таўмуратов деген бәлеси бар-дә!»

«Сықылың анаў, сыйқың мынаў. Бойың ҳәстедей болып сен де аспандағы айдан дәме етесең-ә!—деп мысқыллы күлип қойды Қулмуратов.—Өзим пасманда болсам да, көўлим әл аспанда деген екен баяғыда биреў... сени қыз қай жарасына ем қылар дейсең!? Емешеси қурып өлип баратырған жағдайда да көрермиз. Жийен деп бир туўысқан жийен емес ғой... Бирақ, бәрибир, отты өз қолымнан ысырғаным келиспес, усындай көзсиз гүбелеклерден ҳәм пайдаланайық-тә! Қулласы, екеўиниң арасына иритки сала бериў керек. Ушқын шығыўдан, шырпы басаман...»

— Жақсы жатқа кетпесин деймен-дә!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еркинниң ойлары бир ноқатқа жәмлене алмай атырып-ақ, дайысының даўысы қайта еситилди.

«Дайым не дер екен? Ертек тыңлагандай уйып тыңламақ дәркар.»

Аўзы жайықтай ашылған Еркин дайысының бетине пилдей уңилип отыр. Қулмуратов гәпин диййине жеткергиси келгендей ҳәр сөзин сәдде-сәдде етип, аспайсаспай бир бап сөйлеўге урынбақта.

— Болмаса анаў бир шегирткениң айғырындай болған уйпа бастың сеннен артық жери жоқ. Егиздиң сыңарындай изинен қалмайды екен... Онда турған гәп жоқ та, сонда да боевой болыў керек. «Қызды ким айтпайды, қымызды ким ишпейди». Бизлер жигит гезимизде биреўдиң шымылдығынан да суўырып алып қашқанбыз. Баслысы—сен жигит пенен урысып-төбелеспе де, үндемей ишин апара бер. Отырыспаға шақыр, арақ бер, өйт, бүйт, қулласы, коллективте қәдирин кетириўге тырыс. Соннан соң оған қыз емес, бир салым дуз да жоқ. «Байтал түўе, бас қайғы» болмаса, маған кел! Әне, сабақ деген сонда болады, қосшым. Ҳәм қатынлы боласаң... Бирақ соған абайлы бол—үзген қаўыннан бир тилик жемей әкелиўши болма!

«Дайымда бас бар,—деп ойлады Еркин үйине келгенен кейин де.—Мен ақмақ бурынан солай ислеўим керек еди. Ура берсең, қудай да өледи дейди ғой...»

* * *

Дайысының «арақ бер» дегенине көкиреги қаўып қалған Еркин бес-алты күнге дейин Азаматқа қалай арақ иштириўдиң есабын таўалмай жүрди. Оған Азамат пьян болса, ҳәмме жумыс гүләләгүл болатуғындай еди. «Өлгенше арақ ишкиземен, пьян болады, оннан соң жетелеп барып, әсте ғана директордың үйиниң алдына сүйеп кетемен...—тамам—ўассалам!— деп ойлады ол.—Дым болмай баратырса, Қамалды, яки Жаканы изине салып жиберемен... Оннан соң бул өмиринде Турғангүл жоқ!»

Ойындағы бул ниййетин питкериўге асыққан Еркин бир күни алтыншы сааттың тәнепесинде Азаматты «жибитип» отырып:

—Қафеден айланып қайтпаймыз ба, жора? Жумыс-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қа киргениңди жуўмадың да!—деп жорта ҳәзиллей баслады.

— Сабақ бар ғой!?—Азамат «ишпейтуғын едим» деп айтыўды қолайсыз көргенликтен усылай деп жуўап берди.

— Қайсы курста?

— «5—76» автокранда!

— Бизиң курста десе! Ҳеш гәп, өзим бекиштирип қояман.

— Бекиштиргени қалай?!—деди Азамат оның не айтып отырғанына түсине алмай.

— «Өттим» деп журналға жазып қойсаң, болғаны емес пе?

«Өтпеди» деп сирә айтпаймыз...

—Оннан соң?!—Азамат енди ғана бир нәрсеге түсингендей болды. Жанындағы жигитке негедур жаман көзи менен бир қарап қойды. Буны күтпеген Еркин не қыларын билмей албырап қалды.

— Ҳәмме солай ислейди ғой!...—деди тап бир урлығы бар адамдай көзлери қыпылық-қыпылық етип.

— Қалай ислейди?!—деп оннан сайын баспалата түсти Азамат.

— Әйтеўир, ҳеш муғаллим 7—8-сабақты толық оқытып атырған жоқ. Ҳәммеси мастерлер менен келисип, «өттим» деп журнал толтырып қояды. Бизлер, мастерлер де солай ислеймиз. «Ал ЛПЗға кеттик» деп, балаларды былайырақ барған соң қайтарып жиберемиз. Ертеңине мына заводта мынадай лабороториялық жумыс өткердик, деп журналға бекиштирип жазып қоямыз. Қаланың арғы басы менен берги басына балаларды шубыртып жүриў кимге жағады!? Журналың толып жүрсе болды-дә! «Үш» пенен «төрт»ти басып қоя бересең...

— Онда сизлердики ҳәзлик екен ғой!—Азамат ҳәкисине басып, кекесин күлип жиберди.

«Жаңа түсинистик» дегендей Еркиниң көзлери жаўтаңлап, жүзине қан жуўырып қоя берди.

—Ҳәзлик болғанда қандай! Жақса. оқытып, жақпаса оқытпай-ақ қоясаң. Бәрибирде билип баратырған бала жоқ. Училищениң қай баласы оқып академик болар дейсең!? Тек азанғы линейкаға әкелсең болды-дә! Оның да жолы аңсат. Екибастан, сабаққа келмей жүр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ген өлижан» лардың есап-саны жоқ... Әне' солардың орнына да заявка берип, аўқаттың ўақтында бир паекта не бар еки паекта не бар балалардың қарнын қампайтып, тойғызып жиберессең. Оннан соң, өзи ушын келсин-ә!... Гәп балалардың келген- келмегенинде емес, баслысы—басшыларға унай билиўде.

—Тоқтат!—деп қатты бақырып жиберди жини тырысып кеткен Азамат.—Кет, қайтып қасыма жолама! Және бир ирет усындай гәп айтатуғын болсаң, оңдырмайман!...

Бәлким, оған күши жетпейтуғын да шығар. Бирақ Азамат қатты қәҳәри келгенликтен, жудырығын түйип алған еди. Оны тас болмаса ура жазлап барып қалды.

«Оҳ, ты салака!—деп исинди буны күтпеген Еркин былайырақ шыққаннан соң.—Бир қайымы келер. Ишиңди апараман еле!»

Еркин усындай шешимге келген менен, Қулмуратовтың бул «қайымлы күнди» күтиўге шыдамы жетпей қалды. Оның сабыр-қарарын шегине жеткерип жиберген нәрсе—Азамат пенен Жапбаровтың «тил бириктирип кеткенлиги» болды.

Аўа, Қулмуратов бул ҳақыйқатлықты өз көзи менен көрип, өз қулағы менен еситти. Буның бәри кешқурын, жаңа жумыстан шыққан ўақытта жүз берди.

—Ҳеш гәп, қосшым, бәри жөнлесип кетеди,—деди ол еситкен биринши даўыс.—Мине, машина-тракторлар паркин де тәртипке түсирдик. Енди мастерскойды үскенелеп ала қойсақ, оқыўшылардың бәри бизиң училищемизге қарай ағылар еди!...

— Жумабай аға, мен бир нәрсеге түсинбеймен!—деди усы ўақытта екинши даўыс.— Гейпара мастерлер бир-биринен «сенде өли жан қанша» деп сорап жүреди ғой. Бул не екен өзи?

—Қой-ә! ... Онда гейпара мастерлердиң план толтырыў ушын өтирик мағлыўмат беретуғын болғаны! Анаў күни милиция хызметкерлери Алпысбай деген баланы излеп келгенде, сондайлардың себебинен қатты қысылып қалдық ғой. Сабаққа келмейтуғын баланы да дизимге киргизип қоя берипти, оңбаған мастер. Айтпақшы, сен оқытқан группа журналларында Алпысбай Атамуратов деген бала жазылмаған шығар? Не қыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды, оқыўға келди ме екен? Милиция хызметкерлери сабаққа әкелиўге жәрдем беремиз деп еди.

— Алпысбай, Алпысбай...—деп әлле нени ядына түсире алмай узақ ҳәлеклениди екинши даўыс.

— Азамат, иним, оқытқан группаларында усындайларды сезсең, хабар берерсең,—деди биринши даўыс жуўап күтип турмастан. Қулмуратов жақынлаңқырап келип еди, растан-ақ Жапбаровтың қасында Азамат тур екен. Оларды абайламағансып, қасларынан үндемей өтип кетти...

«Тил бириктирипти,—деген пикир келди анадай жер барғаннан кейин қыялына.—Мен буны Жапбаровты жалпағына салыўға жәрдем береди деп жүрмен-аў! Бул жазбай кеткирдиң баласы, бир күни өзимди жалпағыма салмаса болғаны ғой! Мына айтып турған гәпи тегин емес шығар. «Алпысбай, Алпысбай...» деп зар қақсай қалды ғой!?

Тоқта! Мынаў таныс исим ғой. Ким еди, жаным, биреў келип «еплеп-сеплеп документ алып бер усы балаға, жақын қәйинлеримиз еди...» деп, қәтере салып жүрген жоқ па еди? «Мейли, дизимде тура берсин» деп келисим берип жибермеп пе едим сонда!? Мына оңбаған буны қаяқтан биле қойды екен?»

Азаматтың еле билип үлгерген ҳеш нәрсеси жоқ еди. Сонда да Қулмуратов өз-өзинен сезикленип, қандайда бир нәрсени тезирек питкерип тасламағанша асықты. Асықты да ядына әлле кимди түсирип, училищениң күн батыс тәрепиндеги турақ жайларға қарай бағдар алып, асығыс жүрип кетти.

* * *

Қулмуратов туўры шөкелеп киятырған жер-қалаға жақын совхоз территориясында туратуғын училище кассири Күнсулыў деген келиншектиң үйи еди. Қулмуратов ҳаялы қайтыс болғалы бул үйге негедур келгишлеңкирегенди тәўир көреди. Оның үстине, усы күнлери Күнсулыўдың Қулмуратовқа да жумысы түсиңкиреп жүр...

Қулмуратов буның себебин де жақсы биледи. Келиншек қыз күнинен баслап, «патшалық дәўран» сүрип жасағанды кеўли күсеп өсти. Әттең, турмыс оның ой-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лағанындай бола қоймады. Өз теңим деп, өзи қатарлы бир жигитке өмирликке қол берип еди. ата-анасы «жоқ-жуқа» қыйлынан болып шықты... Енди мынаў қолымды ыссы суўға малып отыраман деп тийген дүньялы ғарры-ғуртаңның сыңқылы ғой! Тек басын байлап қойғаны болмаса, қуры әўрешилик... Бирақ мәплик болса да, дүнья пурышын қәйтерсең! Ишпеге зәриў қылмайды, не кийемен десең—бәри үстинде. Аршада буўат-буўат ақша! Ертең-бир күн пайманасы толып жөнеп кете қойса... Өзинде де бас бар-дә! Усыны билип басын байлап алған ғой. Болмаса өз қолынан қыз шығарып берип, хызмет етип жүрген адамына басын шатқандай байсырап баратыр ма еди? Пай, не бир дәўранлар ҳәм өтти-аў! Анаў бир Айзада деген айдай арыўларды да усының қулқынына бола қурбан етип жиберген жоқ па?! Енди бүгинлигинде «күндесим» деп, усы бир мәплик ғаррыны Айзададан қызғанатуғынын қәйтерсең!

Бирақ, қалай айтқанда да бул ғаррыға басын қосып жаман ис еткен жоқ. Бир басына еки машина! Кимсен, завмагтың ҳаялы болып шалқып таслап минип жүр. Несине налынады?! Өзине кереги де усы мол дүнья емес пе?! Ғарры болса бопты-дә! Ол да жигит болып шалқыды. Енди бүгинлигинде... Енди тек оны алдап-арбап ғана билиў керек. Болмаса...

Күнсулыў буннан да қуралақан қалып атырған жоқ. Деген менен, өмиринше басшы хызметте, ол да болса саўда тараўында ислеп келген адамға аттан түсип, бирден тайға миниў де аңсат емес екен. Кеше ғана күйеўи бир райПОның оттай баслығы, өзи оңқолдай завмаг еди. Бир иши тар оңбағанлар бул күнин көп көрип, қәпелимде толы кесаларын төкти де кетти. Өзи менен қоса күйеўин де жумыстан шығаражақ еди, яр-дослары араға түсип:

—Сонша жыл бирге ислесип едик, ҳаялының орнына завмаг болып қала қойсын!?—деп усыныс билдирди.

Соннан берли Күнсулыў усы училищеде кассир. Бирақ май кемикке үйренип қалған кеўли батпанлап берип мысқаллап алатуғын бул жумысқа көнисежақ емес. Тийин менен ислескен соң гәп бола ма? Оның үстине негедур Басқарма бухгалтерлерин де онша менсингиси келе бермейди. Еси-дәрти—олардың үстинен қарап ту-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ратуғын басбух болыў! Қассирликтен тапқан ақшасына мурын да сиңгирейин деп жүрген жоқ...

Жақында ызың-сызың гәплерге қулақ түрип жүрип, бул нийетин иске асырыўға да имканият тапқандай болды. Сорастырып көрсе, Басқармадағы басшы хызметлердиң биринде Қулмуратовтың бир әмекиси ислейди екен. Қулмуратов болса Күнсулыў ушын «қолдағы бала»... Өзи ҳаялы жоқ сорлы. Күйеўи алыс қалалардан зат-дағы әкелиўге кеткенде, шақырып алып кеўлин қошлап турса, болғаны емес пе? Илгериде бул мәселе үстинде шынтлап сөйлесип те көрди. Келисим бергендей болып еди. Телпек кийген аты бар ғой, сөзинде турар, қалайда...

Күнсулыў Қулмуратов кирип келместен сәл бурын да усыларды ойлап «бүгин ғаррым жоқта үйге шақырсам ба екен?» деп ҳәр муқамға дөнип отыр еди. Оның шақырыўсыз-ақ кирип келиўи келиншектиң қыялындағыларды толығы менен иске асырып жибергендей болды. Бирақ Қулмуратовтың негизги мақсети басқа еди.

## V

Турғангүл азмаз ҳәзилкеш еди. Сонлықтан да жанның ҳәзлиги тыныш талаптан гөри, көпшиликтиң ғаўырғаўырына араласып жүргенди тәўир көрди.

Тилекке қарсы, мына тәрбияшылық хызмет оның күткениндей болмай атыр. Нурнияз аға менен екеўғанасы. Ол да жасы елиўлерге келип қалған жасы үлкен киси. Бирақ сондай мийнеткеш адам. Азанлы-кеш жатақханадан шықпай, оқыўшылардың кеўлин аўлап жүргени.

Базар күнлери де бос емессең, жақын-жақын жерлердеги мәдений орынларға культпоходқа шығарады. Дым болмаса училище әтирапына субботник шөлкемлестиреди... Кеште де жаслардың бир минут ўақтын босқа өткермес. Китапханашы, гезеккин мастерлердиң бәрин жәмлеп, оқыў залларын қызыл мүйешлерди иске түсиреди.

Басшыларға қайта-қайта усыныс етип, ҳәр секцияға бир-бирден телевизор алып бергизди. Ағай булар менен турмай, училищеден мәдението үйин ашыўды да план-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ластырып жүр... «Оқыўшыларымыз ҳәр күни кеште концерт тыңлап, бир рәҳәтленсин-дә!» дейди.

Қарап турса, Турғангүл ислейтуғын ис жоқтай... Нурнияз аға «сен неге жумыс ислемейсең?» деп те атырған жоқ. Қайтама гезекшилик егетуғын күни келсе, «сен, балам, қайта бер, қыз баласаң ғой, қәпелимде баллардың биреўи шатақласса, албырап қалып жүрерсең...» деп рухсат та берип жибереди.

Бундайда Турганғүл бир қысынады ма дейсең! «Қулмуратовқа да ҳайрансаң! Тәрбияшы дегенге усындай тәжирийбели муғаллимлерден қойыў керек ғой! Неге мени бул жерге жиберди екен?—деп ишинен иренжип, тереңойға бериледи.

— Екеўиңе бирден саат жоқ, биреўиң тәрбияшы боласыз. Как раз ҳаял-қызлардан бир тәрбияшы керек еди. Ара-тура дежурствода турғаның болмаса қыйын талап емес. Күн узаққа бос жүресең...» дели-аў! Жақсылық еткиси келгени ме екен? Болмаса мен нәўбетшиликте туратуғын күнлери жатақханадан неге шықпайды? Еринбестен түни менен жүреди-аў!.. «Сәл жерде сени қыйналып қала ма деп кете алмай жүргеним... »дейди «Ҳаў, аға, күнде дежурствода тура бересең бе? Барып демиңизди ала бериң! Бүгинше бул қызға өзим жәрдемлесип турарман. Ара-тура начальстводан да биреўимиз дежурный турып, балларға абай-сиясат етип қоймасақ, болмайды, ақыры»» деп, мениң орныма гезекшиликке қалайын деп турған Нурнияз ағаны да бир-еки рет қайтарып жиберди...

Бирақ кеўли ашық, ҳақ көкирек адам сыяқлы. Тырнақтың жасыўындай сыр жасырмайды ғой меннен...» «Сени туўысқан қарындасымдай көретуғын болган соң айтып атырман», дейди.

Бийшараға дым қыйын екен. Жетим өсип, ғәрежети болмаған соң, дус келген биреўге үйлене салыпты. Ол да бунын бахтына...

Рас, жалғыз адамға дым қыйын-аў!

Турғангүл усындай ойларды ойлағаны менен, бәрибир, қайтыўына туўра келеди. Үйинде анасының бир өзи, ақыры. Сонлықтан да Нурнияз ағаға мың-мың рахмет айтып, үйине ҳәйт қояды.

Деген менен, Нурнияз аға менен ислесиўдиң қыйын



www.ziyouz.com kutubxonasi

да таманлары бар. Ол да болса —сен мың сөйлегенде, бир сөйлемейтуғын сөзге кемтарлығы. Оның үстине, жасы үлкенлиги және бар· «Әлпин алысса, атаң менен ойна» делинсе де, жасы үлкен адам менен не сөйлесиўиң мүмкин?! Азаматтың болса сабақтан қолы босамайды...

Усындай зериккен гезлери Турғангүл ара-тура өтетуғын бир-еки саатын бәнелеп, оқыў корпусы бетте көбирек болады. Қалай деген менен көпшиликтиң аты көпшилик гой...

Көпшиликтиң арасында болған, ҳақыйқаттан да қызықлы екен.

Үлкен тәнепистe гилен ҳаял-қызлар муғаллимлер бөлмесине жыйналып алып, жети журттың әңгимесин айтысады. Ишлеринде не бир сөзшең ҳаяллар бар дейсең, сени жалықтырмастан бир таңға гәп тауып береди. Әсиресе, анаў Күнсулыў деген кассир келиншек бәле екен. Сөзинен бетер өзи сулыў! Кийим кийгенлерин көрсең, ҳәўесиң келеди... Көйлек-шапшылардың, етик-пальтолардың қыйлы-қыйлылары сонда бар. Күнде биреўин кийип келип көзиңди қызықтырады. Ақшаң болса, саған да жоқ жеринен таўып бермекши.

Турғангүл таптырмайтуғын кийим-кеншеклерди тапқызып алып, усыннан рәҳәтти көрип тур. «Поликлиникада таныстарым бар. Қәлесең, алтын тис те салдырып берейин,—деп ўәде берип жүр бир-еки күннен берли.—Кийимниң де, алтынның да жарасқандай адамы болады өзи. Мынаң қарай ғой шырайына, ҳүр қызындай болып кеттиң! Бар шырайды баҳаламай-ақ жүр екенсең ғой...»

Байқап қараса, екеўиниң әлпи де алысады екен. Ол да Турғангүл сыяқлы жүдә ҳәзилкеш.

— Турғангүл, той қашан?—дейди муғаллимлер бөлмесине кирип келиўден буны таўып алып.

— Жигит жоқ ғой! Таўып бересеш?—дейди ҳәзил екенин түсинген Турғангүл де жортаганасына.

— Бир жигит бар еди,— деп сынамақшы болып «не қылар екен?» дегендей көзиниң қыйығын салып қарап турады Күнсулыў.

— Бирақ сен қәлемейсең ғой, аўылдың жигити...

— Бола берсин!—дейди оннан сайын ҳәзилди тереңлете түсип Турғангүл.—Маған, бәрибир. Қаланың қызы болған менен, сыйыр да саўаман, нан да жаўаман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бүгин де, мине екеўи магазиннен киятырып ушыраса кетип, және бурынғыша апақ-шапақ болып қалды.

— Мынаў не, бизге кийгизетуғын көйлегиң бе?—деп Күнсулыў Турғангүлдиң қолындағы ораўлы затқа дейин қалдырмай сорап атыр.

— Яғ-аў, тойда кийетуғын майда-шүйделерим ғой... — Турғангүл де лийкинли күлип қойды.

— Хә, бәле, еле тойға да таярлық көрип жүрсең бе? Бизлерге айтпай-ә?

Күнсулыў қыз гәпиниң ҳәзил екенин түсинсе де, ишинен негедур қалтырап қоя берди: «Растан-ақ тойға таярлық көрип жүрген болса-ше?!»

— Той қашан?—деди аздан соң қыялына кирген шубҳалы пикирди дәрҳәл анықлағысы келип.

—Еле белгисиз-аў...—Қыз да ҳәзилди жыйып, салдамлы кейипке кирди.—Той болса, сизлерге айтпай, кимге айтамыз?!

— Той болмастан бурын да айтып қойыў керек!— Күнсулыў бул пайытты қолдан жиберип алмаў ушын тырысып, өкпелеген пишинде гәпти өз дийдине келтире сөйледи.—Және кетип қалғаныңды бир-ақ билмейик.. Жигитиң де бар шығар?

— Күнде көрип жүргениңиз!...

— Хе, анаў бир қасыннан шықпайтуғын тилсиз тири жан екен ғой. Қалай, жақсы жигит пе өзи?

— Ҳәр кимдики өзине, ай көринер көзине. Қәйдем, сизлер билмесеңиз?

—Не десем болар екен? «Келисиги келмегеннен кеңес сорама» деген гәп бар ғой. Түрине қарасаң, қолайсызлаў сыяқлы... Әке-шешеси бар ма? Каяқтың баласы?

— Қаладан ғой, қартайған кемпир-ғаррысы бар.

— Сениң жалғыз мамаңнан басқа қәўендериң де жоқ шығар?..

— Аўа, апама қыйын, меннен басқа ҳеш кими жоқ!...

— Қыйын екен!—Күнсулыў жортаға болса да, растай етип бир суўық демин алды.—Бурынғы күйеўиме қосыларда, бизлердиң жағдайымыз да тап усындай еди. Мениң жалғыз анам, оның кемпир-ғаррысы болды.

«Апаң да бизлер менен бирге турады» деп ол ийт ширкин, алдап-суўлап, бир күни аўылына алып өтә кетти.

— Кейиннен растан да бирге турдыңлар ма?—Тур-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғангүлдиң жүзи қуўарып, әлле неден кәўетерленгендей еринлери дирилдей баслады.

— Турмақ қайда! Соннан қайтып мен анама баралмадым, анам маған келе алмады. Сол үйдиң шорысы болып алдым ба де! Кемпир-ғаррысы түп деп түкириўге ҳалы келмейтуғын өтә кеткен пәшебентлер екен.

Көкнарын езип, дәрет суўын жылытып бергеним менен турмай, далаға да жетелеп апарып қайтаман.

—Ий-й-й...—Турғангүл әлле неден жеркенгендей жүзин терис бурды.

— Иләж қанша, дәслепки күнлери уялсам да, соң үйрениси кеттим деп оны абайламағандай болып сөзин даўам ете берди Күнсулыў.—Мал-ҳәлине дейин маған қарап қалды. Азанлы-кеш сирә тыным жоқ. Арқанлап жылыстыраман, суўғараман, саўаман, өзлери де сол ҳалларына тамақ саў адамлар екен. күн арадан бир тандыр нан жаўаман да тураман. Аўылдыкы қәдимги қазан ошақ. Отынды да арқалап өзим тасыўым керек.. Бәрине де шыдайтуғын едим-аў. Анаў оңбаған бир күни «қартайдың, енди басқа биреўин алсам» деп қарап тур!

Азапқа шыдамайды екенсең, «ишине от түссин аўылыңның-ә!» —деп сол күни кеттим де қалдым.

Әне, усындай биреў болып шықпасын және. Бул еркеклер түйеси көпирден өткенше-өтирик сөйлеп- ўў жалап, күйемен де сүйемен дей береди. Үйленип алғаннан соң, жаңағыдай азар беретуғыны бар... Абайла, алдыартыңа қарап ал, ойланып исле, асықпа деймен-дә!

«Сүйемен» десе, не болыпты, «сүйе ғой» де де жүре бер. Суўға апар, суў ишкизбе. Сөйтип-сөйтип сырын билип аласаң. Қулласы, кесим-қарарлы ўәде бериў ушын онша асықпаў керек. Бул—өмир саўдасы, ақыры.

Буларды айтып киятырғандағы мақсетим-ананның аўырмасын ойла деймен-дә! Таңдыры шықсын, бай табылады, ана табылмайды. Оннан соң мынаған да итибар бериў керек: өзиңниң қатарың онша қәдириңди биле бермейди. Мениң менен түйедей жас еди ол оңбаған да...

— Ҳәзирги ағай менен татыў туратуғын шығарсыз?... — Турғангүл оны аяғанлықтан қысына-қысына берген бул сораўына жуўап алып үлгере алмады. Бул ўақытлары олар Күнсулыўдың үйиниң тусына келип қалған еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жүр, ҳәзир өз көзиң менен көрип кетесең,—деп Күнсулыў оны қолтықлаўы менен үйине қарай бурылды.—Туўылған күниме қонақлар келип атыр еди, азғана отырып кет!

* * *

... — Қалай кеше сыр алдырып қойғанымыз жоқ па? —деди Қулмуратов Күнсулыўды олашада кабинетине шақырып алып.

—Сыр алдырмадың-дә, лекин көбирек қарай бердиңиз... деп лийкинли күлип қойды Күнсулыў да оның Турғангүл ҳаққында гүррiңлескиси келип отырғанын билип.—Қалай, бир нәрсе сөйлесе алдыңыз ба, түўе? Мен қыбыр-сыбыр менен жүрип сизлерден аўҳал сорай алмаппан.

— Мусылманшылық әсте-әсте дегендей...

— Дурыс айтасаң, құрдас. Бәри бирден қайдаа! Әўели үсейтип көз үйретип алаберейик-тә! Бүгин бизиң үйге келсе, ертең сизиң үйге барар... Өзи саған «кет ары» емес те сияқлы ма? Әп-әнедей сөйлесип отырдыңыз ғой...

— Сөйлесиўин сөйлестик-аў. Бирақ арақ ишпейтуғын жери жаман екен-дә! Татып алмады...

— Ақылын арақ пенен айландырмасақ та питип турған ис ғой. Қулағына ясийин оқығандай күнде мийине қурт болып түсе берсең... Әўел қулағы үйренеди, соң жүреги.

—Сөйткендей түри бар ма өзи?

— Сөйтпегенде отырыспаға келетуғын ба еди, құрдас-аў! Тандырды қызғанда жап деген. Кыздың бети берман қарап турған ўағында, үй-ишин де уўлай бериў керек.

— Оны өзиңнен басқа ким келистире алатуғын еди, Сулыўжан?!

— Мейли, жарты қайыр жараспас деген ғой. Сен ушын және бир урынып көрейин.

## VI

Қызы жумысқа араласқалы, Бийбизада кемпирдиң қуўанышында да шек болмай жүр. Қуўанбай қәйтсин! Сонша ўақыттан берли асырап-сақлаған жалғыз қызы, мине енди, адам болып, аўзына ас салып отыр...



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Бул күнге де жеткергенине, қудайға шүкир!—деп қояды ишинен. —«Әзирейлиниң соцша қызын жалмап жутқаны-ақ жетер. Қартайғанда өмирлик қостарын да алып тынды...» деп, қудай мениң бахтыма, бул қызымды аман қалдырған ғой. Туўғаным туўғандай шетней берген соң, ең болмаса усы қызымның өмир-жасын бере көрсин деген нийет пенен Турғангүл деп ат қойып едим.

Тилегим қабыл болып, мине, енди сол қызым ер жетип, камалатқа да келди. Әкесинен ерте айырылса да, жоқлығын сездирмей, алақанымда әялап, қанатлыға қақтырмай, тумсықлыға шоқытпай асырап-сақлаған жалғызым еди. Оқыттым, шоқыттым. Шүкир қудаға, қақан-суқаң менен иси болған жоқ. Институтты ың-жыңсыз питкерип шығып, пәкизе болып жумысқа да орналасты. Бирақ қыз бала түбинде кетеси нашар ғой. Енди қалған жағында да абырой берип, қутлы жерине қондырып ала қойсам?! «Шыққан қыз шийден тысқары». Қудайым, барған жеринде бахты болсын!

Қәне енди, маған да қарасқандай мийримлирек биреўге бас қоса қойса?!

Жақыннан берли ананың бул әрманы да иске асып киятырғандай. «Жесир кемпирдиң қызына кимниң қаны қата қояр дейсең! Бул заманда қыз алысып, қыз берисиў деген де бардамлы жерлердиң иси болып кетти ғой» деп ара-тура гүйзелиске түсип жүргенлери де биййкаршылық екен... Турғангүл жумысқа киргели, ҳәр жер-ҳәр жерден айттырып келиўшилер де көбейип кетти. Бес-алты күннен берли анаў бир Күнсулыў деген келиншек те келгишлеңкиреп жүр. Бийшара, өзи де қолы кең, пешанасына берген нашар екен. Келген сайын қуры қол емес. «Ала бер, апа, ала бер! Буның бәри завмаг күйеў баланның арқасы. Мынаў кийген көйлегим болсын, мынаў жапқан жаўлығым болсын, мыналарды сиңлимизге арнап алып едим» деп шүберек-шаршының не бир қымбат қыйлыларынан үйип- төгип әкелип атыр.

Өзиниң азмаз тамыр-шатақлығы да бар екен. Қәдимги ғарға тамырлы қарақалпақшылық, сорасып көрсе, көптен берли қатнаспай жүрген жақын апаларының қызы болып шықты.

—Апа, олай болса, ҳештен кеш, ағайин болып қатнасайық?—деп ақ көкирегин ашып атыр, кембағал.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ келиншектиң бүгинги гәпи жаңа алысып киятырған отқа суў қуйғандай болды.

«Ҳе, қызымды инисине айттырып келип жүр екен-аў, тамыр жаңалатсам, жаңалата қояйын», деп қыяллап жүрген кемпирдиң ҳаялы қайтыс болған Ешмурат деген биреўдиң атын еситиўден, жүреги муз қара кесек болып кетти.

Әўели келиншектиң аўзының ишине былғалақты салып, изине ийт қосып жибермекши де болып турып еди. және қызының ол оңбаған менен бирге ислесетуғыны ядына түсип, «ақсақтың ақырына бағайын» деген пәм менен қашырта сөйлеп:

— Атастырып қойған жеримиз бар еди, шырағым. Жан да аўыздан шығады, лебиз де аўыздан шығады, нан сындырысып қойған соң пәтияны бузыў уят болар, — деп жуўап берди.

Енди, мине, усы гәплерди қызына қалай жеткериўдиң есабын таба алмай отыр. Айтайын десе, қызының намысына тийип алажақ. «Еле мениң сыртымнан саўдаласып та жүрмедиң?» десе, неше пуллық киси болады?! Өзиндики өзекке тепсе де кетпеген менен, қалайынша көзиниң қунқары жалғыз қызының кеўлин қабартады?!

Айтпайын десе, усы ақылға муўапық нәрсе ме? Жесир кемпир екен деп ийт пенен қус тумсығын тыға бериў керек пе? Директорынан кейинги кәтте баслық болса болыпты-дә! Қарынбай болғанда басының арты айланып па!?

«Шүкир, соның қолына қарап қалғаным жоқ ғой,— деп намыслана баслады кемпир.—Дүнья деген өзимде де баршылық. Қызым машын минбесе, пыяда-ақ жүреди. Әйтеўир, бахты болып, өз теңине қосылса болды. «Тең болса тегин бер» деген...

Айтпашақ, сөз алып, сөз берисип жүрген жигити болса, тезирек той етсе де тәўир болар еди?! Қыз бала үйде көбирек отырып кетсе, усындай гәп-сөз бола береди... Ондайлар менен қашанғы мал саўдаласқандай етип салғыласып отыраман?! Бир күн болмаса, бир күн кеўли бослық етип қойып, көринген биреўге берип, қызымның бахтына қара тигип алярман. Турғангүлим кеўлиме қарап өскен қыз. Мениң аўырмасымды ойлап, айтқанымнан шыға алмас. Қой, оннан да усыларды ортаға салып, өзи менен бир мәсләҳәтлесейин. Бийшара қызым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

мени ойлап ар-сар болып жүрген шығар. Мен болсам күнимди көреберермен, қызымның бахтын байламайын...»

...Турғангүл түн жарпына дейин тыпыршып жата алмады. Анасының айтқан гәплери жүрегин шоршындырып, қандайда бир қәўипти хабарлап турғандай болды. «Рас, бир анамның қолынан не келеди?!—деп өз-өзинен ҳаўлығыўға қарады.—Бир рет сылтаў табар, еки рет сылтаў табар, үшинши рет не деп дадымал айтады?! Төртиншиде «берсең, қолыңнан, бермесең, жолыңнан» деп қайымын таўып қып еттирсе не қыламан?! Сонда растан-ақ Азаматқа қолымның жетпейин деп турғаны ма?!»

Қыздың қыялына Азамат келиўи мәттал, жүреги де азмаз тыныш тапқандай болды. «Өжет болсаң да, ақ көкирек, туўры сөзли жигитсең!—деп сүйсинип те қойды ишинен.—Әттең, «ишимдегини тап» деп туратуғын үндемес жаман әдетиң бар-дә! (Усы минезиң болмағанда бизлер әлле қашан қосылып, бала-шағалы болып кеткен болар ма едик...) Жан сезимиң көзиңнен көринип турса да, усы ўақытқа дейин «сүйемен» деп сөз де салмадың-аў! Келесең-кетесең, киноға шақырасаң, сейилге, отырыспаға мирәт етесең. Бирақ бир аўыз да сыр шашқан мақлуқ емессең. Сөз салыўға қүдиретиң жетпейди! Анаў усы үндемеслигиңниң себебинен тас болмаса айырылысып қала жазлағанымыз...»

Турғангүлдиң ядына өткен жылғы бир ўақыя түсип, keўли және алғаў-далғаў болып кетти.

... Бул ўақияның тийкары Азаматтың Турғангүлге сөз салмақшы болып нийетленген бириңши күнинен-ақ басланған еди. Буған дейин Азамат таныс-билис қызлары менен қандай қатнаста болса, Турғангүл менен де сондай мәмиле жасап ҳәзил-дәлкек айтысып, батыл түрде ашық сөйлесе беретуғын еди.

Бирақ 5-курсқа келип Азамат күтлеген минез шығарды. Ол енди ҳәмме қызлар менен теңдей сөйлескенди қойып, Турғангүлди көрсе, аўзына тақан салғандай сазырайып турып алатуғын болды.

— Сениң сусың басым ба деймен? Көрдиң бе, сени көриўден... Болмаса жаңа ғана маған сөз салып тур еди,—деп ҳәзиллеседи бундай ўақытлары Турғангүлдиң усындай жигит сезимине миясар болған сын-сымбаты



www.ziyouz.com kutubxonasi

менен сыр минезине сүйсине ҳәм қызғана қараған қызлар.

—Қойыңшы, қаяқтағыны айтпай!—уялғанынан бет алмалары шоқтай қызарған Турғангүл ишинен бул сөзлерге сүйсинип турса да, ишки сезимин зорға-зорға иркер еди.

Баласының қандай да бир қызға кеўли кетип жүргенин сезгендей бир күни әкеси де:

— Балам, жасың болса жигирма екиге қарап баратыр. Енди үш-төрт айдан аманлық болса институтты да питкересең. Қолайлылаў қыз-пыздың рети келгендей болса, усы оқып жүрген ўақтыңда үйленип қал. Буннан былайғы жағында қыз таңлаў деген қыйынлаў соға береди,—деп гәп баслады.

Бул гәп Азаматтың жаңа ғана урқан атып киятырған қыялына қанат қомлап жибергендей болды.

«Рас, қолайлылаў қыз болса енди үйлене берсем де болады. Оқыў болса еки бастан питип тур» деген жуўмаққа келди ол сол сапары таныс-билис қызларын бирме-бир көз алдына келтирип отырып. Байқап қараса, усы ўақытқа шекем ҳеш бир қызға сөз де салмаған екен.

Бирақ негедур Турғангүл менен I курстағы Нигархан деген қыздың келбети көз алдынан кетпей қойды...

«Бул қызларға да бир аўыз сөз айтқаным жоқ!— деп өзин-өзи тергестирип, ақыл жуўырта баслады бир ўақытлары әлле неге қатты хорлығы келип.—Болмаса Нигарханның өзимди жақсы көрип жүргенлигин де анық сезинемен. Алағайым, сәл нәрсеге қуўанып, сәл нәрседен суўынып, гейде ақ-қараны айыра алмай қалатуғын «гүдибузар» әдетлери болса да, бул қызды неликтен де шеп көрмейтуғын сыяқлыман.

Жақсы көретуғынымды да анық билмеймен. Бирақ әдебиятты түсинип, ҳүрмет етип сыйлайтуғынлығы ма, яки мениң жазғанларыма болған дурыс көз-қарасы менен жақсы мүнәсибети ме, буларға қоса, адам менен сөйлескенде, ашылған гүлдей үйирилип туратуғын қалың еринлери менен ойнақшыған қара көзлери ме, яки өкпелегенде қабағы үйилип, маңлайы жыйырылып келе қалатуғын баладай ерке минезлери ме, қулласы, қандайда бир таманлары унайтуғын сыяқлы. Ал Турғангүл... жоқ, оны өзим унатаман. Маған оның барлық



www.ziyouz.com kutubxonasi

таманлары—узын бойлы, талдырмаш денеси де, жипек-тей еспилип, аш белине төгилген қолаң шашы да жумсақ ғана еситилетуғын ибаратлы сөзлери менен бир қараса, жүрегиңди жаўлап алатуғын жаўдыр ала көзлери де унайды. Онда ерлерге тән қандай да бир ғайбарлық минезлер де бар...

Мийнеткешлигин айтпайсаң ба!

Қалайда, усы қызға сөз салғаным мақул болар. Өзи де мени онша шеп көрмейтуғын сыяқлы гой...»

Азамат усындай шешимге келген күннен баслап-ақ бир жақлы болып, биротала Турғангүлдиң тәрепине өтип алған еди. Бирақ көп күнлерге дейин изине көлеңкедей ерип жүриўден басқа ҳеш нәрсени келистире алмады.

Бул үнсизлик Турғангүлди де бир түрли қолайсыз ҳалатқа түсирди. Гирипксиз тып-тынық көзлердеги айтылмай қалынатуғын сөзлер оны күннен-күнге от болып күйдире берди. Азаматта, бәри бир, сес-семир жоқ! Тек көзлер ғана жалынышлы тигиледи.

Оның көзлерине қарап турыў да мүмкин емес... Нәзери түссе болды, аяныштан ишки сырын айтып қоя жазлайды. Айтайын десе, қыз бала болып диңкеси қурып тур. Айтпайын десе, мына үнсизликке буннан артық шыдайжақ емес. Ең болмаса «Турғангүл» деп бир аўыз сөз айтса екен-аў! Ешейинде булбүлгоясы шыгып жүрген жигит...

—Изиме ере бермең! Қалың енди!—деди бул үнсизликке тойынып кеткен Турғангүл бир күни үйине жақынлап келип қалған жерде күтилмеген минез шығарып.

Азамат лал болып қатты да қалды. Еле бир аўыз сөз айтып үлгермей атырып-ақ усындай соққы жеймен деп сирә ойласа екен?! Көзлерине дәңгеленип жас келип кетти. Ол ҳаққында не деген ширин әрманлар менен жасап жүрип еди дейсең ақыры. Турғангүл келисе қойса, тезирек тойларын да өткере қояжақ еди. Әне, саған той керек болса!

Өкпеси қара қазандай исинип кеткен Азамат енди Турғангүлден биротала ўаз кешиў ойына да келип турды. Бирақ бул нийети пегедур ойлағанындай болып иске аспай қойды. Дәслепки күнлери Нигархан менен қайта ушырасып, кино-театр, сейил-сайранларға барыў арқалы Турғангүлге қыр көрсетип те жүрди. Деген менен, ўа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қыт деген уллы сыншы күн өткен сайын булардың бәриниң жасанды қуобылыслар екенлигин сезиндирип бара берди.

«Өз-өзимди алдап жүрген жоқпан ба?!—деген сораў Азаматты күннен күнге қатты тыныщсызландырыўға қарады.

— Егер, өзимди өзим алдап жүрген болсам, онда Нигарханның да алданғаны! Қой, бул әдетим жарамайды. Оннан да Турғангүл менен және бир мәртебе сөйлесип көрип, ақ-қараны айырайын. Сүйетуғын болса, анығын айтсын. Сүймейтуғын болса, иләж не, Нигархан менен дузымыздың қосылайын деп турғаны ғой. Сирә адамлар айта беретуғын «Өзиң сүйгенди емес, өзиңди сүйгенди ал» деген гәп дурыс шығар... Сонда растан-ақ Турғангүлдиң мени жақсы көрмейтуғын болғаны ма? Жоқ-ә, мүмкин емес. Оны және бир мәртебе сынап, отырыспаға шақырып көрейин (Еки бастан ертеңниң арғы күни жаңа жыл байрамына байланыслы өткерилетуғын кеше-отырыспағымыз бар ғой). Келсе, анаў күнги гәпи бийкар болғаны. Келмесе... Сол ушын Нигарханға да мирәт ете бериўим керек».

... «Пай, сонда кешеге барып дурыс ислеген екенмен,—деп өз-өзине сүйсинип қойды Турғангүл усыларды көз алдынан бирме-бир өткерип атырып.—Тап сол рет бармағанымда...»

Ҳақыйқатында да, Турғангүл отырыспаға барып жүдә дурыс ислеген еди. Бул отырыспа олардың үшеўи ушын да сынақ майданы болып хызмет етти. Олардың үшеўи де сол күни ким кимди қаншелли дәрежеде жақсы көретуғынлығын билип алды. Бул кеше де әдейи сол ушын арнап шөлкемлестирилгендей еди.

— Мына жерде сен отыр,—деп тамада отырыспа басланыўдан Азаматты Турғангүлдиң жанына отырғызды. Пайдасы не, екеўиниң әлпи және алыспай қалды.

— Мениң жақсы тилеклериме қосылатуғынлар менен мени дос деп есаплайтуғынлардың бәри кеўилли отырсын—деп өтиниш етти. Азамат тилегин айтып болғаннан кейин.

Нигарханды көриўден, кейпи түсип Азаматқа ашыўланып отырған Турғангүл оның бул өтинишин орынлағысы келмеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Растан да мениң тилегиме қосылмайсаң ба?—деп үлкен үмит пенен оған қарады Азамат. Турғангүл буған да селт етпеди. «Пай, келмей-ақ қойыўым керек екен. Бундай пәнт бериў нийети бар екенлигин қайдан билейин!?—деп ишинен отырыспаға келгенине пушайман қылды.—Мен жүдә «отырыспаға бармай қалсам. Азамат биротала гүдерин үзип, өзине бир жаманлық етип алар. Қой, қырсықтыра бермей ақ қояйын» деп қәўетерленип жүрмен-аў! Жақсы көрмейтуғын болса, изиме көлеңкедей ере берип не қылады?! Енди анаў қызды да ҳәлеклемекши. Анаң қара, буған қарап мыйық тартып отырғанын...

Усыннан турып алып өтә кетсем, бирге келген қәнсы қыздан уяты бар-аў!»

Нигархан растан да бул ўақытлары ехеўиниң жүзикке қас қондырғандай болып жарасып отырғанына ҳәм сүйсинип, ҳәм қызғанып қарап, мыйық тартқан болып отыр еди. Азамат «өз дәрти» менен ҳәлек болып отырып оны байқамады.

—Ишинен өкпелеген Азамат шурт ашыўға минди, Турғангүлдиң мына әдетине қырсығып қалғанлықтан.

Ол Турғангүлге, әтирапындағыларға өкпеледи. Ашыўын кимнен аларын билмеди. Әтирапындағыларга ише алмайтуғынын айтты.

Азаматтың бул гәпинде жан бар еди. Ол өткен жылдан берли (сары аўырыў менен аўырғалы) бир уртлам да арақ татып алмаған еди. Турғангүл буннан хабардар болса да, иштирмеўдиң пләжин ислеп үлгере алмай қалды. Оны буншелли дәрежеде қырсығып қалады деп ой жуўыртпапты. Пәсине қайтып, оның барымына барыўға қыз намысы және жол бермеди.

Азамат қырсыққан үстине қырсыға берди. Өзин Турғангүлден биротала қол үзип қалғандай сезип, ашыўын ишине жыйнап отырды.

Отырыспаның ҳәзил-дәлкек этапы басланғанда, ол сезилерлик дәрежеде кеўилсиз еди.

— Жигитлер-қызлар, енди аз ғана антракт!—деген тамаданың даўысы аз да болса өзине келтиргендей болды.

— Қәне, ҳәмме таңцаға шығамыз ба, ямаса усы отырған жеримизде ҳәр ким бир билген өнерин көрсетип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қосық, тақмақ, күлдирги сөзлер айтысып отырамыз ба? Жеке танца номерлерин атқарыўға да болады. Шайырлар қосық оқысын?!

— Танцаға екинши аўқаттан кейин шығармыз, ҳәзир ҳәр ким билген бир ҳөнерин көрсете берсин. Дым таппаған қораз болып шақырып берер,—деп ғаўырласты ҳәмме бирден.

— Ал, онда басладым! Ғоқ-ғо-ғоқ-ғоқ! —деп қышқырды изинше ҳәзилкешлеў бир жигит.

Ҳәзил болып басланған бул ҳөнер жарысы кем-кем салдамлы кейипке кирди. Екинши болып жаслар театрының бир артист жигити ышқы-муҳаббет ҳаққында нәзик бир монолог оқып берди.

Жигитлерден қалғысы келмегендей енди қызлар тәреп те қозғалыс таўа баслады. «Сен басласа, сен басла!» дегенге усаған узақ сыбыр-сыбырдан кейин ҳәмме қызлар Нигарханға ҳәл салыўға қарады:

— Қәне, Нигархан, баслап жибер!

—Сени шайыр деп еситемиз, ең болмаса бир қосық оқы?!

—Мейли, қосық оқымасаң, танца ойнап бере ғой? Анаў ҳиндше танцаң бар еди ғой?

— Қосығым, өзиме унамайды. Танцамды соң ойнап беремен,—деп Нигархан да бул усыныслардан бас тартты.—Қәлесеңиз пианино шертип берейин?

Пианино бул жерде жоқ еди. Шерте алмайтуғынлықтан да жоқ нәрсени айтқаны ушын ҳәмме бирден күлип жиберди. Бирақ, қәйткенде де, көпшилик өз усынысын орынлатқысы келер еди.

— Онда тақмақ оқып бере қояйын?—деп мойнындағы ўазыйпаны жеңиллетиўге талпынды ақыр соңында Нигарханның өзи.

Усы ўақытлары үмит сабағы үзилип, еңсеси түсип отырған Азамат тап бир ысылдаған сары қумның арасынан зер қыйқымын тапқандай басын гилт көтерди.

— Ҳаў еле сен бар екенсең ғой?! Саў бол, дайым!— деп әлле неге қуўанғандай қатты даўыслап жиберди.

— Көрмес түйени де көрмес. Көзине майда темеки аз көрине ме? —деп көзин бир аўдарып таслап, жилўалы күлип қойды қыз буған жуўап ретинде.

Турғангүлдиң түри бурынғыдан да бетер бозара



www.ziyouz.com kutubxonasi

тусти. Азаматты Нигарханға жақынластырып, ҳәзил-дәлкек айтыстырып жүрген де усы дайылы-жийенлиги шығар деп ойлап жүрген оның бул рет басқа ҳақыйқатлыққа көзи жеткендей болды. Рас сол рет Нигарханның Азаматқа деген шексиз сүйиспеншилигине Турғангүлдиң көзи жеткен еди.

Бирақ, «Азаматтың да Нигарханда кеўли бар» деген пикир ҳасла қыялына кирип шықпас еди.

«Ҳаў, еле сен бар екенсең гой!» деген гәпти еситиўи мәттал, өзин көкирек уясынан қандайда бир алтын қусты ушырып алғандай сезинди. Оң көпшиликтиң «айтсын, айтсын!» деген даўысларын еситпеген менен, Азаматтың «қәне, дайы, тақмақ айт!» деген қандайда сүйсиниш ҳәм үмит мәниси жүкленген жанлы даўысын анық еситип турды. Ол сол сапар өмиринде биринши мәртебе жоғалтыў деген сезимниң ашшы шербетин жүрегинде сезинип көрди.

Нигарханның Турғангүлдиң бул ҳалаты менен иси де болған жоқ. Ҳақыйқатын айтқанда, буны сезбеди де. Кеўлинде ҳеш нәрсе жоқ ол ядына түскен бир қосықты тақмақлап айта берди.

Азамат қосықтың ҳаслы мәнисин жақсы түсинсе де, ақырларына таман өзин бир түрли қолайсыз сезе баслады.

Жулдызларды жерге үңилтпек болсаң,
Жаман шайырларды түңилтпек болсаң,
Егер, мен өлгенде тирилтпек болсаң,
Айт, сен, Әжинияздың қосықларынан,—

деп жуўмақланатуғын соңғы қатарлар тап бир өзине қарата «мине, саған тақмақ керек болса!» деп жуўап ретинде айтылып атырғандай туйылып кетти.

Соңлықтан да ол қосық тамамланыўдан Нигарханға қарап:

—Жаман шайыр дегенлериңиз мен ғой, шамасы?—деп бирден ҳәзил урды да, жалма-жан жуўап қайтарыўға тырысты.

— Қол созаман бийик шыңға,
Шыңлар мени шақырмас,
О нәзелим, мени тыңла,
Ҳеш ким мендей «аҳ» урмас,—



www.ziyouz.com kutubxonasi

деп басланатуғын еди оның жуўан қосығы. Бирақ бул қатарлар тиккелей Нигарханға қаратылэ айтылып атырған менен, оған пүткиллей байланыслы жоқ пикирлер еди. Бул Турғангүлдиң буннан бир неше ҳәпте бурын «изиме ере бермең» деп айтқан гәпинен кейин келип шыққан қосық еди. Буны Турғангүл түўе, отырыспадағылардың бәри, ҳәтте, Нигарханның өзи де жақсы түсинди. Азамат оннан да бетер айқынырақ түсиндиргиси келгендей ҳәўижге минип, нала шегиўин даўам ете берди. Енди зал—өжире ишинде адамның жүрек-баўырын езип жибererлик зарлы даўыс ғана ҳүким сүрер еди:

«Аҳ» шегемен соның ушын—
Сен бахыты өзгениң.
Тыныш жасаў қайда маған,
Көр болмаса көзгенем?!
Сеземен мен, барлығын да сеземен,
Жүрекғанам жатыр ояў,
Сезимлерим өлмеген,
Оҳо, олар гөззал еди не деген!
Гөззал еди олар сондай—
Сени шыңға теңеген.
Теңесе де шығыў сирә
Қолларынан келмеген.
Сондадағы үмит мени кетелер,
Пайдасы жоқ мың айтсаң да «кете бер»,
Сен әрмансаң қаным менен қайнаған,
Жулдыз болып жүрегимде жайнаған,—

деп даўам етип атырған бул муңлы даўыс ҳәммеден бетер Турғангүлге қатты тәсир етип, тынышсызланған үстине тынышсызландыра түсти.

«Изиме ере бермең!» дегенди «кет» деп түсинип қалыпсаң ғой! Қыз баланың жолы нәзик екенлигин неге түсинбейсең?! Қызлар көкиреги тилеп турса да, сирә, «сүйемен» деп айтар ма!? Бир аўыз сөз айтыўға мәртлигиң жетпей жүре бергеннен соң, «қалың енди!» демей не қылайын?!» деп муңлы ойларға берилип кеткен ол қосық тамамланыўдан, сел тынып, күн шыққанын сезгендей бирден жадырап кетти.

«Сен әрмансаң қаным менен қайнаған,
Жулдыз болып жүрегимде жайнаған», —

деген қатарларды тасқа басқандай етип жүрегине жазып, ишинен қайта-қайта тәкирарлай берди. Азаматта



www.ziyouz.com kutubxonasi

арқасынан аўыр жүк ысырылып түскендей бойы жеңил тартып «мине, көрдиң бе, жаман шайырдың кәраматын!» дегендей Нигарханға мардыя бир қарап қойды. Азамат пенен Турғангүлдиң бет-әлпетиндеги жүз берип атырған қубылысларды мулт жибермей бақластырып отырған Нигархан «қапталыңдағы ма?» дегендей ишара менен сол тәрепке—Турғангүлге қарай бас ырғап «ҳә, бәле!» деп, Азаматқа қарап көз қысып қутлықлаған болды.

— Жуп болсын, жуп болсын!—деп гаўырласқан жаслардың даўысы олардың ойларын бөлип жиберди.

Азаматтың ядқа билетуғын тайын қосығы жоқ еди. Жаслардың өтинишин орынламасқа болмайды. Ал күлдирги сөзди сирә келистире алмайды.

— Мәйли, және бир қосық оқып берейин,—деди ақыры узақ ойланып отырып. Изинше және Нигарханға қарап, бәлент лапыз бенен отырыспа бәрысындағы ўақыялардың тәсирин қосық етип ағылта баслады:

— Ҳәзилиң бе, шының ба, гөззал,  
(Ҳәзил болса оған не сөз бар?)  
Сезетуғын жүректе көз бар,  
Гәплериңиз тартқан ба «ызғар»?  
Қубыласаң қыйлы муҳамға,  
Қыздың сырын жигит уққан бы,  
Гөззаллар бар ақырыне бир—  
Келсапты да әкелткен ханга.  
Хан емеспен, кеўилим хандай,  
Алысажақ отпан жалынлай,  
Әрман едиң сен атқан таңдай,  
Қолды создым ба екен таныммай?  
Күн өткен жоқ арадан, ҳәтте,  
Өзгердиң сен қызғынлы пәтте,  
Ойындағы ирмакасындай  
Қайтып алыў сөзиңди мәп пе?  
Мәп деп билсең, қайтып ала ғой,  
Еки сөйле, үш сөйле, мейлиң,  
Бир инанғыш қайым бала ғой,  
Өткенлердиң пайын ала ғой!  
... Байрам келер, және келермен,  
Кеўилимди аларсаң және,  
Байрам өтер, және кетермен,  
Сендей гөззал табалсам, қане?!

Қосық үлкен өкпе-гийнениң тәсиринде келип шығып отырғаны менен, биринши гезекте тыңлаўшыға кек ҳәм ғәзептен туўылғандай болып туйылар еди. Жаслар оның



www.ziyouz.com kutubxonasi

бул тәреплерине итибар берип отырмастан, тәсиршеңлиги ушын шапалақты қардай жаўдырып жиберди.

Бәрибир, Азаматта өзин аныгырақ түсиндириўге болған жанталас сезим еле күшли ҳүким сүрип атыр еди. Сонлықтан да қол шаппатлаўлар тыныўдан, дәрҳал Турғангүлге жүз бурып:

— Кешир мени, әзиз перингтем,
Соныңдай пәк арманым ушын,
Айырылдым мен төзим-ерктен,
Шыннан суйип қалғаным ушын, —

деп қосық оқып, мулайым мөлдир көзлерин жалынышлы тиккен қәлпинде узақ қарап турды.

Олар усының менен бир-бирин түсинискендей болып еди. Бирақ ойламаған жерден ўақыя және басқа түс алып кетти. «Мерекени» Азаматтан кейин қосық оқыған шайыр қыз «бузды».

— «Аҳ» урарсаң, нала шегерсең,
«Айым» дерсең, «жулдызым» дерсең,
Қол жетпестей жулдыз оның да,
Жүрегинде жатқан-ды билсең,—

деп басланатуғын бул қосық Азаматты сол заматта-ақ таз кебине келтирип кеўлсиз етип таслады. Қосық Азаматқа заказ бенен жазылғандай түйылып, тап бир Турғангүлдиң атынан өзине қарсы оқылып атырғандай болып кетти (Шайыр қыз Турғангүлдиң ең жақын досты еди, ақыры).

Өзиниң жекке мүн—шерин жыр етип төгип атырған шайыр қыз буны қыялына да келтирмеди Қосық оқылынып болыныўдан, Азамат тап бир жуп-жағасынан тутқандай етип:

— Адресин айт!—дегенде де, ол ҳеш нәрсеге түсинбей аң-таң болды.

— Сарай шайырларының жолын қуўма!—деди Азамат сонда да оны наҳақтан жандырып.—Айт расыңды, маған берген жуўабыңыз ба?! Раҳмет сизлерге!

Азаматтың мына гәпи шайыр қыз бенен Турғангүлди де қолайсыз жағдайда қалдырды. Шайыр қыз бул қосықтың изине түсип жүрген бир ғайбана ашыққа арнап шығарылғанын түсиндириўге ҳеш имканият таба



www.ziyouz.com kutubxonasi

алмай күйип-жанды. Турғангүл шайыр қызға наҳақтан жала жапқаны ушын Азаматқа қатты иренжиген менен, ашыўын сездирмеўге тырысты. Ҳәзир оған ашыўын жеңдирип, бул ислеп отырған «қыңырлығы»ның нырққа сыймайтуғынлығын, өзи ҳеш кимди де емес, тек Азаматты жақсы көретуғынлығын қандай жол менен болмасын түсиндирип қалыў керек еди. ақыры.

— Қәне, Турғангүл, ендиги гезек сеники!—деди усы ўақытлары тамада суўынып баратырған отырыспаның дизгинин дәрҳал қолға алып.—Дойнағыңда барды төгип қал!

Турғангүл басқалардай болып басын алып қашқанды жөн көрмеди (қосық онысыз да көкирегине қуйылып келип қалған еди). Негедур бул пайыттың келгенине ҳәдден тыс қуўанып, қандайда бир жанталас сезим менен көптен берли өзи ыңылдап айта беретуғын бир қосықты жағымлы даўыс пенен тербетилип отырып баслап жиберди:

—Гейде сәлемлесип салқын жүз бенен,
Гейде гийне отын атып көз бенен,
Гейде ала жипти үзип сөз бенен,
Күйдире берме, сен, кеўлимде барсаң.

Қосықтың неге айтылып атырғаныи Азаматтан да бурын Нигархан түсинди. Түсинди де түр-түси өзгерип, жуўылған шүберектей қуўарып кетти.

«Анаў күни Азаматтың «енди биротала сен тәрепли болдым!» деп келгени бийкар екен,—деди ишинен, тула бойына бир түрли қалтыратпа тийгендей өз-өзинен титиркенип. —Мынаң қара, не деген пәк сезимниң наласы. Сүймейтуғын адам усындай етип қосық айта ма? Өзинде сыңғырлаған ҳаўаз да бар екен...

О, Азамат, усындай қыздың сезимине миясар болған сен қандай бахытлы жигитсең!..»

Нигархан әлле немирде басын гилт көтерип, қызғаныш ҳәм сүйиниш сезимлериниң тәсиринде жасаўрап жылтыраған көзлерин Азаматқа тикти ҳәм «қутлықлайман» дегендей ишара менен алақанларын бир-бирине айқастырып қысқан қәлпинде жоқары көтерди. Азамат Нигарханның не мәниде қутлықлап атырғанын түсинсе де, дәрҳал көзлерин тайдырып алып кетти. Ол бул ўақытлары жаңа ғана «қулақтан кирип, бойды алған»



www.ziyouz.com kutubxonasi

қосық ырғағынан рухый күш алып, өзин сонындай жеңил сезип, қандайда бир бахыт қушағында маўжырап, мәс болып отыр еди.

Рас, сол күни оның кеўиллилиги отырыспа аяқланғанға дейин тарқамады. Рас, ол сол күни Турғангүлдиң өз аўзынан («кеўлимде барсан» деген) көптен берли аҳыўзар болып күтип жүрген ең сүйкимли жалғыз аўыз сөзди еситип мәс еди. Оны мәс етип таслаған жәнеде бир нәрсе—Нигарханның сырлы рәўиште қутлықлағаны болды.

Рас, Нигархан оны шын жүректен қутлықламады. Аўа, тек иләжсызлықтан, қыймаслық сезим менен қутлықлады. Азаматқа бул «қутлықлаў» жүдә аўыр тийди, тап бир Нигархан оны айыплап атырғандай еди.

Негедур, билмейди тап сол ўақытта Азаматтың өзи де Нигарханды қыйғысы келмес еди... Бирақ, бәрибирде, ол сол ўақытта Турғангүлге қолы жеткенине бахтыяр еди. Сонлықтан да Азамат соңғы бир антракттың ўақтында Турғангүлдиң көзинин тасасын алып, билдирмей Нигарханның қасына келип отырды да тәўекелшилик пенен:

— Нигархан сен мени жүдә жақсы көресен я?—деди кеширим сорап атырғандай жумсақ лаўыс пенен.

—Бәрибир сен жақсы көре алмайсаң!—Нигархан «Турғангүлди не қыласаң?!» дегендей лийкинли кейипте Азаматқа тигилди.

— Билемен, сен жақсы қызсаң, Нигархан!—Азаматтың жүрек-баўыры елжиреп жылап жибергиси келип кетти.—Мени жақсы көретуғының да ырас... Иләжим не, бәрибир, кейинге қайта алмайман.

Азамат тек усы гәплерди айтып үлгерди (Болмаса ол ол еле «бәрибир, Турғангүлден безе алмайман!» деген гәплерди де айтпақшы еди.) Усы ўақытлары есиктен самаллаўға кеткен Турғангүллер кирип келип қалды. Азамат үн-түнсиз Нигарханның қасынан турып, «урлығын» сездирип қоймаўға тырысып, епшиллик пенен бурынғы орнына келип отырды.

Турғангүл буны көрсе де елестирген жоқ. Ол сол күни ҳеш нәрсени елестирмес еди. Әттең Азаматтың өзи қас қояман деп жүрип көз шығарып алды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бунның бәри Турғангүлдиң қайтыўға рухсат сораған гәпинен басланды.

— Қоңсымыздың қызынан уятты. Апасына «ерте әкелемен» деп ўәде берип едим,—деп қыйылып қоймады ол тамадаға.

Азаматтың күни меңенги ойлап-пишип отырған қыялларының күли көкке суўырылғандай болды. «Еле отырыспаның ақырына дейин бираз нәрсе сөйлесемен. Бәлким, тойларымызды қашан өткериў ҳаққында да келисип алармыз...» деп, оның менен арқайын сөйлесетуғын қолайлы пайытты күтип, суўлыққа таслап отыр еди, ақыры. «Қайтаман» деген гәпти еситиўден, аяғына қоз басылғандай орнынан ушып турды.

— Қайда барасаң?—деп алдын кес-кеследи тамада. — Тоқта, отырыспаны дағытып болайық.

— Оған түсиндирип айтың, өзлеримиз қайтамыз. Қоңсымыздың қызынан уятты,—деп шыр-пыр болды Турғангүл.

Азаматтың уят-аят пенен иси болмай, иле-шала кийинип, Турғангүлдиң изинен ере шығыўға ғана пәми алысты. Оның ойынша, бүгин, қалай болмасын ўәдени бир жерге қойысып қалыўы керек еди, ақыры.

Бирақ оның бул ойы да иске аспай қалды. Айтқанын тыңламағаны ушын Азаматқа қатты өкпелеп қалған ҳәм бир жағынан қоңсы қыздан қысынып киятырған Турғангүл той туўралы сөйлеспек түўе, әпиўайы гәпине де қулақ асқысы келмеди. Азамат оннан сайын өршелене түсип, ойындағысын айтып болғанша асықты.

— Турғангүл!—деп алдын кес-кесследи ақыры дәрўазадан ишке кирип баратырған оны мәжбүрий иркип.— Азмаз тоқтап тур, айтатуғын гәпим бар...

Усы ўақытлары ийт үрип, үйден биреўлер шығып киятырғандай болды. «Апам киятыр...» деп хабар берди бир ишки даўыс ҳәм мүмкиншилиги болғанша тезирек дәрўазадан ишке қарай өтип кетиўге асықты.

Азаматтағы ғайыптан пайда болған қандай да бир «мәртлик» сезим және жеңислик бермей қалды. Енди ол шешиўши ҳәрекетке өтип «ҳеш қайда да бармайсаң!» дегендей дәрўазаның киши қапысының ортасында еки қолын еки жапсарға тиреп, талтайып турып алды.

— Турғангүл, сенбисең?—деген әлле кимниң даўысы еситилди қараңғыда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Жибер, жибер!—әлле қандай қорқыныш һәм уят сезимлери қыстастырған Турғангүл шыр-пыры шығып, Азаматтың қолларын қағып-қағып жиберди. —Жибер, апам киятыр... Не, бир гәпти езбәлей бересен?! Айтылды ғой, айтылатуғын гәп...

Отырыспада айтылған қосықтан көкиреги көтерилип кеткен Азамат бул жуўапты ҳасла күтпеген еди. Турғангүл де тап сол сапар буннан артық жуўап бере алмас еди. Ол өз сезимин ашық айдын жеткере алмайтуғын болғанлықтан да отырыспада күйип-жанып сол қосықты айтқан еди. Азамат және түсинбегенликке салды..

... Турғангүл усылар ядына түскен тұста суўық демин бир алып қойып, қыраў қаплаған терезе айналарына көз тикти. Айналарда ҳақыйқат қыстың көриниси салынған еди. Тыста болса епелеклеп қар жаўып, жаўған қар ҳәп заматқа бармай-ақ ерип кетип турды.

«Тап сол күни де усындай қырпық қар жаўып жердиң былшыраған балшығы шығып атыр еди,—деп қойды терезеден тысқа көз жуўыртып, терең ойға шүмип отырған Турғангүл қәпелимде ети әлле неден шимүрккенгендей титиркенип кетип. —Бийшара Азамат сол думанлы түнде...»

Рас, Азамат сол думанлы түнде гә жығылып, гә турып, үсти-басы малпақ-салпақ болған ҳалында отырыспа болып атырған жерге жетип келди. Отырыспа еле жуўмақлана коймаған екен.

— Жасасын муҳәббет!—деп ишке бақырыўы менен кирип келген Азаматқа ҳәмме ҳайран болып қарасты.

— Жығылдым! Жығылғанда да қайтып тикейместей болып жығылдым...—деп лийкилли жуўап қайырды Азамат көпшиликтиң сораўлы ҳәм ҳүрейли көзлерин тыныш қәлпине келтирип қойыў ушын.

— Аманлық па?—деп сораў берди бир досты Азамат үсти-басын тазалап келип, орнына қайта жайғасып алғаннан кейин.

— Әй, сорама! Бәри питти!

— Сонда да айтса, бир нәрсе деди ме?

— Әй, айтары жоқ! Баяғы жуўабы. «Айтылды ғой айтылатуғын сөз» дейди...

— Ҳаў, жаңа айтқан қосығы бийкар болғаны ма?—Досты да жаранын аўзын тырнап алғанына қолайсыз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ланып, үн-түнсиз отырып қалды. Усыны сезгендей отырыспадағылар да тым-тырыс болып отыр. Көпшиликтиң көзлерине уйқы тирелген. Шараптың нуўы көтерген гейпаралары болса әлле қашан сылқа таслапты.

—Қәне, тыңлаңлар! Мен ҳәзир бир әжайып ис етемен. —Аўыр үнсизликти және Азаматтың даўысы бөлип жиберди. «Не ислер екен?» дегендей ҳәмме оның бетине ҳүрейлене тигилди.

—Оған не болған!—деген сыбырлылар еситилди соның арасында.

— Айтпашақ, Нигархан қайда?!—Азамат әлле неден шоршып түскендей басын гилт көтерип, жән-жағына апалақлап қарап шықты.

Нигархан қонсы бөлмеде таңның атыўын күтип, екиүш қыз болып дем алып атыр еди.

—Ол уйқылап қалды. Бизлер азанға қайтамыз,— деди оның менен бирге келген қандайда бир бийтаныс қыз негедур сезиклеңгендей түр билдирип.

Деген менен, Азамат қызлардың бәрин шофер жорасының машинасына миндиргенге дейин де ҳеш кимге сыр билдирмеди.

—Ҳәмме машинаға миниңлер, апарып таслаймыз? — деп жумсақ ғана мәмиле жасады үйлерине қайтпақшы болган қызларға. Машина үсти басгырмалы үлкен бир грузтакси еди. Кабинаға шайыр қыз, бортқа Азамат пенен Нигарханлар отырды.

— Әўели сизди апарып салайық па?—деди Азамат Нигарханның қасындағы қызды жетерли таныматуғынлықтан «жолда түсип қалмас па екен?» деген пәм менен.

— Сиңлисимен ғой...—деп лийкинли күлип қойды қыз да Азаматтың Нигарханды оңашада қалдырғысы келип турғанын сезгендей.

Азаматтың ойлап-пиширген «маршруты» бийтаныс қыздың бир аўыз сөзи менен бузылып кетти. Енди биринши рет шайыр қызды түсирип кетиў керек болды.

Азамат, өзинше, ҳеш нәрсени билдирмеўге тырысса да, шайыр қыз үйиниң қасында, кабинадан түскен жерде бир «жаңалық» уғып қалды.

— Енди тиккелей той маршрутына!—деген Азаматтың еңкейип кабинадағы шоферға бир нәрселерди түсиндирип атырғанын анық сезинди. «Ол қандай той?!»



www.ziyouz.com kutubxonasi

деп ҳайраны шыққан шайыр қыз бул хабарды Турғангүлге жеткергенше асықты...

Машина бул ўақытлары Нигарханның квартирасының тусында да иркилмей, зуўлаўы менен Азаматтың үйине қарай тартып баратырған еди.

— Сениң қолыңнан әкетиў келетуғын ба еди?—деп дайылы-жийенликке салып арқайын сыра берди Нигархан. Бирақ ишинен әкеткенин де шеп көрмес еди.

Буны «сиңли»—досты түсинбей, ўай-ўайды салып, машинаның кабинасын тарсылдатып ура берди.

— Тоқтаң, тоқтаң! Милиция, милиция!—деп даўысының барынша ҳәр бир бақырды.

«Сиңлисиниң көзинше уят болмай ма екен?—деп екиленшиўшиликке бериле баслады Азамат. Усыннан үйге апарып салсам... яқшы, қыз мени жақсы көреди-ақ дейин. Бирақ мен жақсы көре алмасам-ше?!

Турғангүлге өкпелеп, пүткил өмириме зыян етип алмайман ба?!»

«Сен бир ғана адамды жақсы көриўиң керек. Ол да болса—Турғангүл!—деп күшли ҳәмир етти бир ишки даўыс. Кешикпей қайт кейниңе, қайт! Қайт—қайт-қайт!»

Квартираларының тусынан биротала алыслап кеткенин сезген Нигарханның «сиңлиси» тарсылдыны бурынғыдан да бетер күшейтиўге қарады. Соңғы бир мушы кабинаның төбесине жасыл түскендей дүңк етип тийди.

Бир нәрсе болып қалды ма екен?» деп қорқып кеткен шофер жигит «шүйк» еттирип дәрҳал тормоз басты.

— Аманлық па?!—деп борттағыларға мойнын созып қарап еди, үшеўи үш жерде үн-түнсиз отыр екен.

— Аманлық ғой,—деп күлс шырайланды Азамат бул кеўилсизликти жалма-жан сапластырыўға тырысып.—Дайының қызы болған соң, ҳәзиллесип атырмыз-дә! Ҳәзилди де билмейтуғын сиңли бола ма екен? Мейли, кейинге, қызлардың квартирасына қарай айдай ғой. Басқа бир ретинде әкетермиз.

—Аўа, әкетип бопсаң!—деди бийтаныс қыз еле урты томпайған қәлпинде.

— Келип турың!? — Нигархан — квартирасына түсер жерде «достымды елестире бермең» дегендей, қандайда бир үмит пенен қыйыла қарады. Қыздың ойын



www.ziyouz.com kutubxonasi

ша, той бүгин болмаған менен, түбинде бир болатуғындай еди, ақыры.

Азамат, бир жағынан, оны аяп та кетти.

— Ертең сөзсиз келемен!—деди соңлықтан да хошласып атырғанда оны жубатқысы келип.

Бирақ олардың бирде бири хошласыў соңғы—ҳақыйқый хошласыў екенлигин билген жоқ. Азамат буннан кейин бул таманларға қайтып изеп баспады...

...«Бул, бәлким, Азаматтың үндемеслигинен келип шыққан қәте де емес шығар, —деген қыялға келди Турғангүл усылардың бәрин бирме-бир көз алдына келтирип, азы-кем ойланып алғаннан кейин.—Бул, бәлким, қыз жолының, улыўма, муҳәббет сезиминиң нәзиклигине бола пайда болған қәте шығар... Мейли, Азамат сөз айтпаса, айтпай-ақ қойсын («Сүйемен, сүйемен» деп зар қақсай бергенде, мен оны жақсы көрмегенде болар ма едим?...) Үнсиз сөйлессек те, түсиниссек болды ғой. Өткен иске салаўат дейик. Жақсысы, қалған жағында жаңылыспаўдың жолын ойлайық.

Жаңылыспаўдың жолын ойлайық деймен-аў, мына Қулмуратовтай арсызлар жаңылыстырмай да қоймас. Барып турған феодал екен дә, оңбаған! Мәрт болса, өзиме бир аўыз айтса болады ғой! Адам жиберип, апамның тынышын алып... Анаў Күнсулыў мәстан да жөнине жүрсе болмай ма екен? Соған дәлдәлшылықты ким қойыпты?! Мен оны туўысқан апамдай көрип, бар сырымды жайып салып жүрсем, әзелден-ақ Қулмуратовтың жырын жырлап жүр екен-дә?..»

Турғангүл ойларын буннан ары даўам ете алмай, және өтмиш дәрбентлери жөнинде толғанып кетти. Бирақ бул рет оның көз алдында Қулмуратов пенен Күнсулыўдың усқынсыз келбетлери ғана турар еди.

...«Сол сапар ишпегеним қандай жақсы болды! Тас болмаса олардың дузағына түсе жазлап қалған екенмен ғой,—деп, өтмиш ўақыяларынан езинше жуўмақ шығара баслады Турғангүл узақ ойланып отырып.—Ой, мәстан Күнсулыў-әй! Өзимнен жеңи нәтийже шықпағаннан соң, үйге келип, апамды уўлаўға қараған екенсең ғой. Сизлердиң қолыңыздан ҳәр бәле келер... Бирақ, билсеңиз, Турғангүл сизлердиң дузағыңызға тегинликте түсе қоймас. Жетер, сол қәтелик ислегенлеримиз де! Мейли, Азамат ашық-айдын сөз айтпаған-ақ бола қой-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сын! Енди, бәрибир, мен айтаман. Бәрин, бәрин, оны шексиз сүйетуғынымды, сизлердиң жаман нийетиңизди айтаман...

Мейли, ерси болса, ерси-ақ болсын! Мейли, мен дәстүрли қыз жолын бузған-ақ болайын.. Бирақ, бәрибир өз сезимимди қорғап қалыўым керек. Бул ушын Азаматқа бар ҳақыйқатлықты бизлердиң бир-биримиздиң шексиз сүйетуғынымызды, бир-биреўсиз жасай алмайтуғынымызды айтыўым керек. Буны айтпасам, Күнсулыў үйге ертең де, арғы күни де келе береди. Буны айтпасам, бизлер өмир бойы азап шеге беремиз... Жетер, усы ўақытқа дейин қызлардың өз сезимин купыя сақлайман деп, бар бахтынан айырылып атырғаны! Айтпаўға болмайтуғын ҳақыйқатлықты айтыў керек!

Буннан буягында Турғангүлдиң жатып та, турып та берекети болмады. Қанша ойланса да, буннан артық пикир қыялына келе қоймады. Азаматты тап бүгин көрип сөйлеспесе, кеўли кешимейтуғындай болды. Ақыры болмаған соң, түнниң әлле бир мәҳәлинде орнынан турды да, қаяққадур барыў ушын жалма-жан кийине баслады.

* * *

Азанда күнниң райы бир қанша жақсырақтай еди, ҳәзир негедур онша жағымлы сезиле бермейди. Түн қараңғысында қандайда бир бәдайбат күш барлық демин сыртқа шығарып турғандай ҳаўа салқын тартып аўырласып кеткен. Я суўытқан емес... Кепектей шашылып, себеленип жаўған нур тәризли майда қыршық қардан көзиң ашылмайды. Жерге түсемен дегенше-ақ ерип кетип, аяқтың асты былшыраған балшық болып атыр. Әбигерииди шығарып таслайтуғын бул балшығына қоса жылаған баланың даўысындай ҳүўилдеп есетуғын жағымсыз бир ызғырық жел, тула-бойыңды шимиркендирип жибереди...

Ҳүўилдеген күшли жел бет қаратар емес. Жүзин бурып, бир қырынлап жүре бергени, басындағы түбит шаршысы да самалдың өткир пәнжесине илинип, көп ўақыттан берли сырлас болып келген бул адамның қыз басын хор қылғысы келгендей әлле қайларға ушып кетти.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз қуўып ҳәлек. Шаршы қаст еткендей оннан сайын алыслап, сағым киби қолға услатар емес...

Әй нетесең! Өкпеси өшип, ақыры жетти-аў! Бир жақсы жери—шаршы еле де тазалаў жерге түсип, өз ҳалын сақлап қалган еди.

Қыз шаршысын қолға алды да, қайда баратуғынын билмейтуғын адамдай тайғақ соқпақта аягын аннан-саннан бир басып аўыр қозғалды.

Ол сол баратырғанында шашлары тозаңғып, шаршысының бир ушы жерге сүйретилип, әтирапқа итибар бермейтуғын адамдай ҳәмме нәрсени умытып, қандайда бир аўыр ойдың шырмаўында арпалысып барар еди: «Барсам, уят болмас па екен? Өз бахыты ушын гүрескенниң неси айып! Жоқ, қалайда, сөйлеспей қайтпаўым керек!».

... Терезе айнасы әўели қус тумсығы тийгендей әсте ғана шырт-шырт етип үш-төрт мәртебе қағылды. Бир-еки минутқа дейин иштен сес-семир болған жоқ. Қыз енди батылырақ шешимге келип, бармағы менен үсти-үстине дүкилдетип ура баслады. Изинше өжире ишинде жақты жағылды да, әлле ким терезениң перделерин айқыра ашып жиберип, сыртқа үңилди.

— Ҳаў, Турғангүл?!—деди ол сол заматта-ақ. Қыздың дүрс-дүрс соғып турған жүреги әзмаз орнына түскендей болды: «Өзи екен!...»

— Ҳаў, Турғангүл! Растан да сенбисең?!—Азамат сыртқа шығып, қарсы алдындағы қыздың Турғангүл екенин анық сезинсе де, өз көзине өзи исенгиси келмеди: «Соңғы күнлери сөйлескиси де келмей жүр еди гой! Түн жарпында неге келе қойды екен?»

— Қорқып кететуғынынды билиуи едим!..—Қыздың көкирегин бир түрли ыза кернеп, терис бурылды.—Айтшы, қашанға дейин қорқып жасайсаң?! Усы ўақытқа дейин бир аўыз сөз айттың ба маған?! Мәйли, айтпасаң, айтпа! Енди мен айтаман...

— Не болды, Турғангүл? Аманлық па өзи?!

— Жаманлық болып отырган жерде аманлық та гәп пе екен!?

— Ким саған жаманлық етти, ким?! Ким өзи?!—Азамат көзлери апалақлап, тыпыршылап бир орнында тура алмады.

«Сүйетуғыны рас екен. Айта берсем болады» деп



www.ziyouz.com kutubxonasi

ойлады қыз. —Азамат!—деди әлле немирде басын гилт көтерип.—Сен мениң күйеуге тийип кеткенимди қәлер ме един?

— О не дегенин, Турғангүл?!—Аспан жерге түсип кеткендей жигиттиң көз алдынын қара түнеги шығып, бийик шыңнан шыңырауға қулап баратырғандай мийи мең-зең болды. —Мен сонша жылдан берли сен деп жүрмен гой!...

Ол жан ҳалатта өз аўзынан бул сөзлердиң шығып кеткенин де билмеди. Қыз оны шыңырауға жибережақ емес еди. Кеўли күткен сөзди еситип, жүзлери гүл-гүл жанды да, дәрҳәл жигитке жәрдем қолын созды.

—Расың ба, Азамат!?

Сыр аян болды, түйин шешилди. Демек, Турғангүл де оны шексиз сүйеди екен! Мине, буны да сезди... «Сүймейсең» деп сол бир рет бийкар айыплап, жөнсиз өкпелеген екен ғой.

«Турғангүл қандай жақсы қызсаң сен!»

Енди бир минут та иркилип турыў мүмкин емес еди. Қызга қалай қушақ ашып, қалай баўырына тартқанын өзи де билмей қалды.

Көптен берли бир-бирин зарығып күтип жүрген жүреклер табысыўы аңсат дейсең бе! Баўырына басады, аймалайды, қулшынып сүйеди. Сирә мийри қанар емес...

...— Енди үйге апарып сала ғой,—деди әлле қандай қуўаныштан өзин умытып кеткен қыз бираздан соң есине келип.

— Енди сениң менен мәңги биргемен. жаным. Енди ҳеш қандай күш бизлердиң жүрегимизге иритки сала алмайды!

— Ҳеш қандай!—деп хошлады жүрегинде жаслықтың тулпар аты шапқылаған жигит те өз-өзинен жигерленип.—Ҳеш қашан!..

## VI

Турғангүлди шығарып салып келген Азаматтың таңға дейин кирпиги илинбей шықты. Бул жағдайдың қалайынша жүз бергенине сирә ақылы алыспады. Бир нәрсе ядына түсер ме екен деген үмит пенен көз алдына өткен күнлерин бирме-бир елеслеткиси келсе де, булдыраған гүңгирт елеслерден басқа анық бир көринисти



www.ziyouz.com kutubxonasi

қыялында сәўлелендире алмады. Бирақ неликтен де Қулмуратовтың келбети көз алдынан кетпей қойды. Жумысқа қабылланған дәслепки күн, оның ертеңине жүз берген жағдайлар II—III курсларда тил сабағын оқытыў ҳаққындағы усынысы өткеннен кейинги Қулмуратовтың көз алартыўлары, соңғы ўақытлары Еркин менен Күнсулыўдың да оның кабинетине зыр-зыр қатнап жүргенлери, группа журналларындағы айырым «өли жан»-лар ҳаққындағы мастерлер менен тартыслары үзик-үзик ҳалда ядына түсе баслады...

«Оҳ, еки жүзли шаққы сениң! Бәри сның ислеп жүрген ойқаны екен ғой!—деп ғәзеби қайнап, өзинше Қулмуратов пенен урысыўға қарады бир ўақытлары анық бир нәрсе ядына түскендей болып.—Биринши күни неге қабағы қарыс жабылып, аспанның бақанын тайдыратуғындай болып отырды десем... Әйтеўирде, Турғангүлден көзин айырмады-аў!

Ертеңине жумыс дегенде кемшилик болмай турмайды, деп жылмаңлағанында да оир гәп бар екен ғой. Мени газетаға жазып қоймасын деп алдын алғанындағы күни екен-дә!

Жоқ, жоқ, ол булардың бәрин меннен қорқып ислеген жоқ. Қорқса, училищениң абырайына тырысқан болса, неге машина-тракторлар паркинде таў-таў болып шашылып атырған темир-терсеклерди көрсетти?! Неге жумысқа жаны ашыған киси болып Жапбаровты жаманлады?! Неге «тәрбия ислери төмен» деп аҳ урып, Рәметовқа тисин қайрай берди?! «Еле бир газетадан басқа жумыслары қарық болып атыр ма?» деп Рәметовты маған да жаман атлы етип көрсеткиси келди-аў!

Түсиндим... Оның «функциясы» басқа екен. Тәрбия жумысы да, оқыў-өндирислик жумыслары да оған қарамайды екен. Оның жумысы барлық бәле—қададан аўлақ болып, қәйткенде де, маған бир нәрсе жаздырып, олардың абырайын айрандай төгиў екен.

Байқасам, булардың бәри «усылай ислесем, училищеден түңилип, жумыс ислегенди өзи-ақ қойып кетпей ме?» дегендеги маған ислеген қыйрасы екен... Әйтеўирде, училищеде тәртиптиң жоқлығын, оқыўшылардың шаш ал десе, бас алатуғын қыйлынан екенлигин айтып зар қақсай берди-аў!

Тоқта, тоқта! Мениң жумыстан кетиўимниң оған не



www.ziyouz.com kutubxonasi

керегн болып қала қойды? Айыбым II—III курсларда тил сабағын оқытыўды усыныс еткеним бе? Бәлким, училище контингентиниң 100 процент орынланыў барысына гүманланып қараганым шығар? Яки Турғангүл менен жақсы мәмиле болганым ба екен? Мына бүгинги Турғангүлди айттырмақшы болған искне қарасам, оның асығыўына усылардың бәри себепши болған сыяқлы. Рас, мен училищеден кетпесем, ол бул исти кеўлиндегидей етип орынлай алмас та еди. Рас, мен «ислерине» араласпай, барсаң-бар, келсең-кел болып, пәрўайы пәлек жүре бергенимде, ол Турғангүлди айттырыўға асықпаған болар еди...

Жоқ, Қулмуратов асыққан менен ҳеш нәрсе питкере алмайды! Жылтыраған айды жапырақ пенен жасырып қалыўы қыйын. Сезикли секирер деген. Ол сезгендей сетем алып отыр. Онда ҳақыйқаттан да айып бар болыў керек. Айыбын, қалайда мойнына қоймасам болмас! Мейли, оннан соң шығарып-ақ жибере қойсын! Бирақ ҳәзир ҳеш қайда да қуўа алмайды! Еле көп жақсы нәрселер ислеймен бе деген үмитим бар, ақыры. Олар сондай ислер дейсең! Қулмуратов, сен бәрибир, буларды түсинбейсең...

Усыларды ойлап жатырған Азаматтың көз алдына Қулмуратовтың таңланған ҳәм шорланған келбети және келе баслады.

* * *

Әдебият муғалими Дәлибай Асанов күтилмегенде аўырып, сабаққа келмей қалды.

— Қосшым, ол келгенше сабақларын өте тур,—деп Қулмуратов оның группаларын да Азаматқа тапсырды.

Азамат бул өтинишке келисим берерин берсе де, сабаққа киргеннен кейин, не қыларын билмей ҳайраны шығып турып қалды. Дәлибай оқытып жүрген бул группада оны тек жети-ақ оқыўшы күтип алган еди.

— Қалғанларыңыз қайда?—деди Азамат тәртип бойынша сәлемлесип болғаннан кейин.

— Усы болғанымыз!...—Оқыўшылар тап бир айыплы адамлардай басларын төмен салып, әлле неге қанаатланбағанлық пишинде кеўилсиз жуўап берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Журналға жигирма фамилия жазылған ғой?!

— Сентябрден берли барымыз усы!

Класс толы болмаса сабақ оқытып та берекетиң болмайды екен. Азамат Дәлибайдың орнына сабаққа кирген барлық группаларынан тап усылайынша кеўилсиз шықты....

— Қалай сабақларыңды жақсы өтип атырсаң ба?— деп аўҳал сорасты тәнепис ўақтында қандайда бир жумыслар менен муғаллимлер бөлмесине кирип келген Жумабай Жапбаров.

— Онша жақсы емес...—Азамат Дәлибайдың группаларынан алған дәслепки тәсирлерин жасыра алмады.

— Ҳе, оқыўшылар тәртипсизлик етти ме?!

— Тәртипсиз болса, дүзеўге болады гой. Жети оқыўшыға сабақ берип бола ма?!

— Қайсы группада?!

— Дәлибай оқытқан группалардың ҳәммесинде!..

— Бул қалай?!—деп ҳайран қалды Жапбаров.— Басқармаға берилген мағлыўматларда бундай группасымақлар жоқ еди ғой! Асханага берилген заявкалар да ең кем дегенде ҳәр группадан жигирма балаға жазылған. Жети балаға бир группа ашып қойыўға юридический ҳақымыз да жоқ ғой!.. Жүр, қәне, Қулмуратовтан анығын сорап билейик?

Қулмуратов кабинетинде Еркин менен әлле нелер үстинде «аўыз биршиликти» беккемлеп отыр екен.

—Оқымаса да, фамилиясы турса есап, қонсы-қобаның баллары бола ма, ниниң бар ма, қарамай әкеле бер документлерин. Ара-тура бир көринип, степендиясын алып турса болды-дә! Усындайлардың есабынан план толтырмасақ, 100 процент контингент қайда?! Усыны мына ғарры шағал директорымызға айтып түсиндире алмай -ақ қойдым... «Ҳағына жүргенимиз жақсы, ҳағына!» дейди-аў! Бул заманда пайдасын айтсаң, зыянына шабатуғын әдети ғой адамлардың! Ҳағына жүрип адам план түўе, жерден өнетуғын пахта планды да толтырып болмайсаң... Әй, не десе, о десин! Бәрибир, бизлер өз билдигимизше ислей берейик, қосшым. Ол еки бас тан бир жыл-ярым жылдан пенсияға шығып кететуғын адам. Планның толғаны бизлерге жақсы, пәкизе жыллы орнымыздан қозғалмай ислей беремиз... Бала толмаса, училищени жаўып таслаўы да мүмкин, ақыры!—



www.ziyouz.com kutubxonasi

деген Қулмуратовтың соңғы гәплерин кирип келгенлердиң ҳеш қайсысы да еситпеди.

— Ҳә, «7—77» ме?—деп немқурайды ғана жуўап берди Қулмуратов сонлықтан да олардың «арызына» өзин онша қатнасы жоқ адамдай етип көрсетип.—Үйи күйсин бул группаның! Мениң шашымды шала ағартқан усы группа. Жазда бираз оқыўшының арзасы қабылланды. Ҳәзир жети оқыўшыдан басқа ҳеш қайсысы жоқ. Өзлери оқыгысы келеди-миш, совхоз жибермейди-миш. Бала толмай, класы менен совхоздағы училищеге жазып қойған-быш. Мектепке де «төлен бала ССПТУ ға» деп план салынған-быш.

Усылардың анығын билип қайта ғой деўге, группа мастери де «ислемеймен» деп кетип қалды... Не қылайын, инилерим, өзлериңиз жәрдемлеспесеңлер, ҳеш илажы болмай тур. Болмаса контингенттиң нормаль сақланғаны маған да жақсы-аў!...

Жапбаров оның жолкерлигин түсинди де, бас шайқап, үндемей шығып кетти. Изинше Азамат та шықты.

Бирақ Азамат бул жағдайға узақ шыдап жүре алмады. Шерек жақынларга таман ол Қулмуратов пенен бул мәселе үстинде және илинисип түсти.

— Мына аманатларыңды приказдан өширин!—деп талап етти Азамат толмай қалған журналлар ушын тергеўин деп кабинетине шақырып алған Қулмуратовқа.—Мен жоқ балларға ядтан шығарып баҳа қоя алмайман!

— Ҳаў, қарагым, сабаққа келмесе де, документи қабылланған ғой.

— Биз документин оқытпайтуғын шыгармыз!

— Әй, не айтып турғаның?! Контингенттиң белгили муғдарын сол оқыўшылар тутып тур ғой. Усы контингент ушын аўқатқа, кийим-кеншекке, стипендияга заявка берип отырмыз. Усы контингент ушын училище ашып отырмыз. Усы контингент ушын айлық алып отырмыз...

— Училище жаўылып қалса да қоймағаным! Сизлер көз бояўшылық пенен абырой алып, Басқарманы, баслысы-халықты алдап отырсыз. Басқармадағылар сизлердиң жалған мағлыўматыңыз бенен «пәлен мың кадр таярлап беремиз» деп халық хожалығын алдайды...

— Бизлер алдайық деп алдаппыз ба, қарағым-аў! Ол оңбағанлар училищеде оқығысы келмесе, не қыла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мыз?! —Қулмуратов гәпти буннан ары қазбалай бериў өзине қәўип екенин сезинди де, дәрҳал тәсил салып, кейин шегинди: «Бәледен қаш та қутыл» деген. Бул уйпабас растан да бир нәрсени сезген екен..

— Бәри өзлериңизден!—деп гәпти шорт кести Азамат.

— Өзлеримизден болса, сен бир жөнлеп берши!

— Жөнлеймиз!—Азамат оннан сайын өршелене түсти.

— Онда, қосшым, сол «7—77» ге мастерлик ете қойсаң-о?—Қулмуратов бул гәпти қырсығына айтса да, қуўлық ойлап турып айтты: Егер өшегисип, келисим берип салса, исиниң аты жоқ. Группа «сырын» ол бул өмирде биле алмайды. Билип үлгеремен дегенше оны да анаў мастер қусап училищеден аласлатып тынбайман ба?»

— Мәйли, мастер табылғанша ислей турайын!—деди ойында ҳеш нәрсе жоқ Азамат сәл пәсине қайтып.

Хә, мойнына қурық илдирдим бе?» деп ишинен сүйсинип қойды бул келисимге қуўанып кеткен Қулмуратов. Бирақ көп узамай ол бул қурықтың өз мойнына илинип қалғанын сезди..

## VII

...Азамат «7—77» тракторист-машинистлер группасына кирип келгенде, жети оқыўшыдан жәие биреўи жоқ болып шықты

—Айназаров Турсынбай,—деп биримлеп журнал барлай баслады ол жоқ оқыўшының ким екенлигин билгиси келип.

— Жоқ, бир айдан берли жоқ!

Азамат қойын дәптерине атын, фамилиясын жазып алды.

— Атамуратов Алпысбай.—Азамат өз аўзынан шыққан сөзге өзи таңланды: «Ҳаў, таныс фамилия гой!? Анаў күни Жапбаров та айтып еди.. Қәне, қайсы бала екен өзи?»

Азаматтың оны көремен бе деген үмити жәпе пуш болды.

— Сентябрьде үш күн-ақ келди,—деди оқыўшылар



www.ziyouz.com kutubxonasi

да негедур кеўилсиз кейип пенен. Азамат оны да белгилеп алып, келеси фамилияны шақырыўға киристи.

— Бектурсынов Муратбай.

— Я! Даўысына бола өзи де ири, узын бойлы, бойына жараса келбети де бар, ақ қубадан келген, мәширең көзли, думалақ жүзли сулыўшық бала екен. Салдаманлы турып, салдаманлы отырды.

«Күш-қарыўы бар, палўанларға тақаббил, аўыр көшетуғын бала екен», деп пикир жүритти Азамат.

— Баймуратов Байлепес.

— Мен!—Орта бойлы, алақ көзли, кишкене ғана қара домалақ бала орнынан ушып турып, честь берген солдаттай Азаматтың көз алдында қатты да қалды.

«Сәл-пәл жеңиллиги бар, бирақ ақ көкирек, тас кессер, шаққан қыйлы болса керек».—Азамат рийза кейипте балаға отыр дегендей бир бас ийзеп қойды. Оқыўшы өзине деген меҳир-муҳаббетти сезгендей әлле неден уялып төмен қарады...

— Ғанийева Тамара!—деп келеси оқыўшыға өтти Азамат оны елестирмегенсип.

—Я—йа!—Қыздың даўысы қаншелли өлпең созымлы болса, өзи де иленәзик, ишектей ийретилген, узын бойлы, бирақ сәл-пәл ийменйиңкиреген еди. Жүзи де андыздай сап-сары екен. «Бийшараның наўқасы болса керек» деп ойлады Азамат ҳәм өз ойынан сол заматта-ақ қолайсызланып кетип, дәрҳал сыпыртып фамилия шақыра баслады:

— Дәўлетов Отарбай.

— Я!

—Дәўенова Дәмегүл.

— Мен!

— Данияров Полат.

Бул ирет «я» ның орнына «сабақта жоқ» деген даўыс еситилди.

— Қаяқта?!—деп жалт қарады Азамат даўыс шыққан жаққа.

— Емлеўханада. Кеше хулиганлар урып кетипти... муғаллим ендигиден былай бизлер де жатаққанада тур маймыз! Постоянна усындай...

— Рас, муғаллим, мастеримиз болмағаннан кейин бизлерге дым қыйын!—деп орнынан ушып турды усы ўақытлары Дәўлетов Отарбай деген шийкил сары, қус тумсық бала да Байлепестиң гәпин хошлап.—Анаў кү-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ни мениң де ақшамды тартып алды... Айназаровтың оқыўға келмей кеткени де усыннан, болмаса жап-жақсы бала еди...

— Муғаллим, сизиң мастер қаяққа кеткен? Оны шығарып жиберди деген гәп рас па? Ол жүдә жақсы мастер еди ғой!...—Азамат ҳеш нәрсе сорап та, сорағанларына жуўап берип те үлгере алмады. Оқыўшылар ҳәммеси бирден жабыла сораў бериўге қарады.

— Оны шығарып жиберген жоқ,—деп өтирик сөйлеўге мәжбүр болды ақырында Азамат олардың мастери ҳаққында ҳеш нәрсе билмейтуғын болғанлықтан да ыңғайларына жығыла сөйлеп.

— Ол бир-еки айға бир жерге кеткен қусайды. Жақын арада келип қалса керек. Соған дейин сизлерге мен мастер бола тураман.

— Ура, мастеримиз бар!—деп қол шаппатлап жиберди буны еситкен Байлепес пенен Отарбай.—Муғаллим, растан да сиз бизлерге мастер боласыз ба?

— Муғаллимниң өтирик айтқанын көрдиң бе, сирә!?

— Муғаллим, қайтайық!—деген даўыс еситилди жуўап орнына артқы партадан. Бул Азамат енди барлайын деп отырған жетинши оқыўшы Зәрипбай Зарымбетовтың даўысы еди.

— О неге?!—Азамат таңлана саатына қарады. — Дем де звонок болып қалғаны ма?

— 8—сабақ ғой!—деп гүңк етти Зәрипбай әлле неге нарыйза болған пишинде.

— 8—сабақ болса не болыпты!?

— 7—8—сабақ гезлери басқа муғаллимлер қайтаратуғын еди..

— Ҳәмме қайтаратуғын еди?!

Азамат ҳеш нәрсе түсинбей, және журнал барлаўын даўам етти. Бирақ Зәрипбай Зарымбетовтан кейинги дизимде турған оқыўшылардың бирде-бири группада бар болмай шықты. Оларды көрдим-билдим дегенлер де болған жоқ...

«Сонда булар не ушын группа журналына тиркелип турыпты?—деп ҳайран қалып журнал бетлерин ақтарыстыра баслады Азамат.—Ара-тура айырымларына «жоқ» деген белги қойылғаны болмаса, барлығы сабаққа қатнасып атырған. Ҳәтте, көпшилик пәнлерден баҳа да шығарылған. Ҳәммеси толық үлгерипти де..· Қызық! Сабаққа келмесе, қалай үлгереди екен?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азамат енди ғана барлаған оқыўшылардың қатнасларын тексерип, салыстырып көриўге қарады. Тилекке қарсы, булардың да қатнаслары қуўандырарлық дәрежеде емес екен. Бир күн келсе, еки күн жоқ...

«Неге булай?—деген сораў Азаматты және тыныўсызландырып таслады.—Сабаққа келмейди! Келсе, 7—8—сабақты таслап кетеди. Жатақхананың жағдайы болса анандай! Анаў Айназаровтың бир айдан берли сабаққа қатнаспай жүргени! Айтпашақ, Атамуратов Алпысбай неге үш күн оқып болып сабаққа келмей қалған?! Соның өзин бир жерде көрип пе едим, яки бирсўден еситтим бе?

Ҳә, ҳә, ядыма түсти, өткен жылы гүзде универмагта танысқан Атамурат—ата айтқан екен ғой... «Алпысбайжан» деп бир-еки ирет баласының атын да айтқан жоқ па еди?... Бул баланың аты да, фамилиясы да дуппа-дурыс соған сай келип отыр ғой! Сонда растан-ақ Алпысбай сол ғаррының баласы болғаны ма?...»

Азамат үйине келгеннен кейин де бул ойлардың шырмаўынан шыға алмады.

## VIII

«7—77» тракторист-машинистлер группасында ызың-сызың гәп болып атырған Алпысбай, ҳақыйқаттан да, сол Атамурат—атаның баласы еди.

Бала ең дәслеп аўыл тәбиятының ашығы-ақ болып өсип еди. Буған себеп, Атамурат—атаның үй әтирапының барлығы дерлик сыңсыған қалың тоғайлық болды. Тоғайлықты қақ жарып бурқасынлаған үлкен бир арна ағып өтип турды. Суў емес, мисли алтын ағып турғандай... Сап-сары алтындай сазанлар азанлы-кеш тынбай секирер еди ме дейсең!

Ғаррының үйи, мине, усы арнаның ғырра жағасындағы үлкен бир төбеликке дегиш алып кетпестей егип муқыят салынған еди. Төбениң алды-тоғайды екиге бөлип туратуғын жасыл отлақ алаңлық болды. Алаңлық емес, бул аң-қуслардың ордасы еди. Бир заматта қулағын жымырып қоян зыңғып өтсе, бир заматта қырғаўыллар «қырғын» болып атады...

— Ғурқ—ғурқ!—Қырғаўыллардың бул спектаклине үйдиң таўықлары келип араласады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мә—ҳә—ҳә!—Баланың ылақ-қозылары қасына жамырасып келип турады.

Әне, Алпысбай усындай бир бай тәбияттың шайдасы-ақ болып өсип еди. Кейннен, бала есейе келе ҳәмме жақ сырдандай далаға айланып кеткендей болды... Бирақ бунын изи усылайынша өзге түс алып кетеди деп ол қыялына да келтирген жоқ. Оның билгени, оның көргени—тоғайлардың кем-кем қурып, орны ырғалысқан егисликлерге айланып баратырғаны болды. Ай тақырда ким жасайды, жалт берип аң қашты, пыр —р етип қус ушты. Тек адам ғана барлығына көнгиш келеди екен. Олар тоғайсыз-ақ жасайтуғын болып шықты. Тоғайдың орнына үлкен-үлкен имаратлар салып, жер бетин аппақ жайларға толтырды, егин екти... Егин еккен де шеп емес екен. Тамақ тоқ, көйлек көк.

Бирақ бала буны ҳә дегенисе сезе қоймады. Ол өз «досларынан» мәңгиликке айрылып қалғандай руўхын түсирип алды. Атамурат —ата да, апасы да, класслас дослары менен устазлары да оның кеўлин көтере алмады. Қайтама айырым муғаллимлер:

— Сен бүйте берсең (ол сол күнлери ессиз адамдай дым сөйлемейтуғын болып алып, сабақларға да ықлассыз қатнайтуғын еди), СПТУ ға жиберемен! — деп капа кеўлин әбден түсирип жиберди. Бәлким. ССПТУ дегенниң не екенлигин қорқытпай, үркитпей түсиндиргенде, болар ма еди?

Атамурат—ата сол жылы (ол 8-классты питкерер жазда) кемпири менен ойласып-кеңесип, бир күни:

— Қаладағы қыздың үйине жиберип ала қояйық? Питегене кеўлин көтерер...—деген шонтық ақыл тапты.

Бүгинлигинде, мине, сол ақылы басқа бәле болып отыр...

Бир-еки ҳәптеден кейин алып қайтайын деп изинен барса, бала аўылға қайтыўдан азарда—безер. Тап бир машина көрмегендей жездесиниң «Жигули» инен түсер емес.

— Машина деген үйде турыпты ғой. Керек десең, және биреўин алып берейин,—десе де айтқанын қылмады.

Аўылда айдағандай жол жоқ-емиш Бузық, жүрмейтуғын машинаның не кереги бар-емиш

— Ол машинаны да усы жерге алайық-тә! Алпыс-



www.ziyouz.com kutubxonasi

байға айдаўды үйретейин?—деп оған күйеў баласы да қосеnт бола кетти.

Аўыллық жерге машын минип шырайың шыға ма?» дейди.

— Үйде бола берсин, аға!?—деп қызы да қыйылып қоймады.

— Ата, Алпысбайды өзим оқытаман!—деп тап сол ўақытлары күйеў баласы—Жамал да ғамқорсый қалды.

Сол сапары «өзлериңиз билиң» деп кеўилшеклик еткенине еле өкинеди. «Неге желкесине жети түйип, өзим менен бирге алып қайтпадым!? Енди оқыўда да жоқ, шоқыўда да жоқ қаңғыбас болып жүрисп... Сөйтип жүрип бир бәлеге тап болмаса болғаны гой» деп налынып қайтқан еди өткен жылы—Азаматты ушыратқан сапары да.

— Ата, балаң оқыўға кирейин деп атыр!—деп бир күни күйеў баласы ғоддаслап жетип келди

— Қандай оқыў?—деди кемпири екеўи бирден жүреклери тарса айрылысып.

— Анаў—мынаў емес, тап өзимислеп атырған техникумға киргиздим.

— Ер баланың дүканшы болғанының садағасы кетейин...—деп кемпири нарыйза болайын деди.

— Дүканшы емес, апа, бухгалтер.

— Ҳе, бунық болады екен—Кемпири азмаз күлешырайланған түр билдиреди.

«Кемпир нарыйза болмаса болды» деп ойлады ғаррыда. Бирақ бул «оңбагырдың баласы» көп узамай және бир жыр таўып келди.

— Сүйинши, апа!—деп кемпирдиң иши-баўырына кирип кетти келиўден—Балаңды оқыўға киргиздик! Енди аманлық болса, оттай бухгалтер болып шығады. Өзлеримиз саў турсақ, ол жағынан ғам жеме!

— Солай емес пе, ата?—деп ара-тура Атамурат — атаның да кеўлин алып қойғысы келеди.

«Бунық тилиниң астында бир нәрсе барға усайды» деп ойланып қойды ғарры ишинен. Айтқанындай-ақ узын арқан, кең тусаў салып, алыстан айландырып айта алмай отырған басқа бир гәпи бар екен. Баланы киргизиўге кенапаттай ақша жумсапты. Күнде «қутлы болсын!». Қарызға да батып қалған-емиш. Соған



www.ziyouz.com kutubxonasi

азмаз ақша керек болып турған-емиш. Москваға барып, «Жигули» саўдаласып қайтажақ қусайды.

Бул енди оның «атам ҳақ көкиреклик етип «Москвичин» берип сала ма?» дегендеги ойы еди. «Бундай жатып ишерге қудайдың мәргўмишин беремен-аў! — деген тыянақлы бир шешимге келди ғарры.—Қолынан қыйсық шеге дүзетиў келмейди, бул да қарнын тыр-тыр қасып интеллигентпен дейди. Интеллигент адам пара берип, адам киргизе ме екен!?»

—Балам, усы сениң ислеп атырған жериң гилең қурдымлардың уясы болды ғой!—деди азырақтан соң бир жағын ҳәзилге алып.—Сен де сонда пара аласаң ба?

— Ҳәмме алып атырған соң, қарап қаласаң ба? — Ара-тура ирети келип қалады...

— Онда «Жигули»ңди алып келе бер. Келген соң пайғазысын берермиз!—деди Атамурат—ата да дым сыр билдирмей.

Урып-сөгип, бақырысып айтыўға күйеў баласы болып қурып тур...

Ол пәмсиз буған да түсинбейди.

— Алпысбайдың қарызларынан қутылып кетиўим керек еди?—дей береди сонда да.

— Бала оқый ма десем, ақша оқыйды екен ғой! — деп бақырып жиберди ғарры ақыры ашыўы келип,— Жоғал, түриң армаған! Енди қайтып қараңды көрмейин! Анаў қызға да айт, қайтсын үйге! Сендей күйеўдиң барынан жоғы!

Күйеў бала жөнеп алып бәдер кетти, мушын түйип Атамурат—ата қалды. Кемпириниң болса «ол не қылғаның, алжыған-аў!» деп шашын жулып, жер тоқпақлаўға ғана шамасы жетти.

— Оқытпаса, оқытпай-ақ қойсын!—деди бул хабарды еситкен Алпысбай да ағасына жездесинен бетер нарыйза болып.—Ал, мениң де ҳеш жерде оқымағағаным!...

— Мәйли, бизиң машинаны айдап тура тур. Кейинирек бир жумыс таўып беремен!—деди жездеси де.

Изинше бала машина айдаўға қумбыл кирисип кетип, аўылға қайтыўды пүткиллей ядынан шығарып жиберди. Жездесин жумысқа апарып—әкеледи, базарға, дүканларға барып, анаў-мынаў затлар алып қайтады. қонақ келсе, қонақларды тасыйды. әжапасын дүканға—жумысына апарады...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Енди сен бир право алыўың керек! Оннан соң автобазадан «во» деген машина әперемен,—деди әткен жылы жездеси.

Алпысбайдың быйыл, сентябрьде ССПТУ ға келиўине де, мине, усы право себепши болған еди. Тилекке қарсы, оның училищедеги оқыўшылық өмири жүдә қысқа болды. Дәслеп бир-еки күн қатнап, оқығысы келип нийетленип жүргендей-ақ болып еди. Үшиншн күни негедур қыялынан өзгерди кетти.

— Сен былай шық, сен былай шық!—деп сол күни азанда Қулмуратов деген завуч бес-алты баланы группадан бөлеклеп алып шықты.

— Сизлер бүгиннен баслап сыбаўшы—бояўшылар группасының оқыўшысысыз,—деди ол балалардың бәрин бир бос класса әкелип отырғызғаннан кейин. Тракторист—машинистлер группасына бала зыят қабылланып кеткен. Сонлықтан да сизлердиң өз алдыңызға сыбаўшылар—бояўшылар группасын ашып бермекшимиз...

— Мениң шофер болғым келеди! Сыбаўшы—бояўшылар группасында оқымайман!..—Бул класса неге бөлеклеүин келгенлигин енди ғана түсинген Алпысбай тазға пәки көрсеткендей орнынан ушып турыў менен болды.— Ағам «ССПТУ ға кирсең, тракторшылығында оқы» деп еди..

— Әй, бир өзиң қызық бала екенсең!—Қулмуратов та оған «бул ким—әй өзи!» дегендей ала көзленип қарап қойды.—Қайсы группа болғанда не саған, бәри бир емес пе?! Қайсысы бир еле академик таярлап шығарып атыр дейсең?!

Алпысбай қарсы даў урмақшы болып тур еди, тамағын бир түрли ыза буўып, ҳеш нәрсе сөйлей алмады. Бар билгенин ишине түйип, сабақтан соң дым үндемей үйине қайтты. Бирақ ертеңине де, арғы күни де училищеге қарай изеп басқысы келмеди.

— Мәйли, оқымасаң, оқымай-ақ қой,—деди жездеси бир күни әлле қайдан кеўилли қайтып келип.—Документ дегенди оқымай-ақ алатуғын болдың...

Жездесиниң бул гәпинде ҳақыйқаттан да жан бар еди. Бул нәрсе өзи бир сәтине түскен ис болды. Азанда оны Ешмурат Кулмуратовтың өзи излеп келип тур! Сондай-сондай училищеде ислейтуғын едим, бир қарындас бар еди, сизден қарыздар болып қалыпты,



www.ziyouz.com kutubxonasi

танымасам да алдына өтиниш етип келип турман, ер мойнында қыл арқан шиймес, иретинде биз де бир жумысыңды питкеремиз, деди..· Жамал Ешмураттың училищеде ислейтуғын едим, деген сөзин еситип сәл күле шырай берейин деди.—Сизлерде бизиң бир балдыз оқыйтуғын еди.. деп гәп баслады изинше ол да өзиниң мүддәҳәсин айтып.

— Ол жумысты питириў қолдан келеди ғой,—деди Ешмурат Қулмуратов келген жумысының аңсат ғана питип кетейин деп турғанына ишинен қатты қуўанып. —Мәйли, сол бурынғы группасына-ақ жазып қояйын. Бирақ ара-тура степендиясын алыўға барып турсын. Тек дизимде турса болды, аржағын өзим бежеремен...

— Әне, солай ислейсең, қосшым!—деп Алпысбайдың арқасынан қағып қойды усыларды ядына түсирген жездеси өз-өзине қанаатланғанлық пишинде.—Енди әжапаңның жанында арқайын дүканшы болып жүре бересең. Жақпаса, басқа жумыс таўып берейин...

Басқа жумысты қәйтсин! Алпысбай соннан берли әжапасының жанында, магазинде жәрдемши—дүканшы болып жүр.

— Басқа жумысты не қыласаң, усыннан бар пайда!—дейди әжапасы да.

Әжапасы бул гәпти өз тәжирийбесинен келтирип шығарып айтып тур еди. Оның бул «пайдалы» талаптың пайын жеп киятырғанына, мине, саррас бес жыл болды. Болмаса буннан бес жыл бурын Айзада да пайда дегенниң не екенин билмейтуғын, он екиде бир гүли ашылмаған жап-жас қыз еди. Турмыстың өзи оны усы жолға баслап жиберди. Жоқ, анығырағы Күнсулыў деген ҳаял себепши болды...

Күнсулыў Айзада жаңа жумысқа араласқан күнлери РайПОдағы абройлы хызметкерлердиң бири еди. Анығырағы, баслықтың оң қолы болды. Айзада болса турмысқа шықпаған он сегиз жасар уўыздай қыз...

Бирден баслықтың нәзерине илине кетти. Күнсулыўға ойласып көрип еди, жуўасытыўдың жолы аппаңсат-ақ болып шықты.

Теңгениң татын жалап қалған ол дәрҳал бир сумлық ойлап, оны түпкирдиң түпкириндеги тыниқан ниләсўн болып атырган гөне бир дүканға сатыўшы етип жиберди. Бир жыл-ярым жыл өтти-аў деген шамада ҳә оған қарай үсти-үстине ревизия айдады ма де!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жас қыздың мойнына Атамурат —атаның әби-әўлады төлей алмайтуғын көп суммадағы ақша түсип, шыр-пыры шықты. «Табасаң! Таппасаң, түрмениң төри!» деп ескертти ревизия баслығы болған Күнсулыў. Жас қыз оннан сайын етегине оратылып:

— Апажан, бир жақсылық ете гөр!—деп боз-бораны шығып жалына берди.

— Яқшы, ойланып көремен, ертең мениң алдыма кел!—деп ғамқорлық еткен болды Күнсулыў.

— Шырағым, бир ғана жол—баслық пенен байланыс дүз!—деди ертеңине бул «ғамқоршы ҳаял» алдына жылап-сықлап барған Айзадаға.

— Пүткил өмириң түрмениң төринде өткени жақсы ма? Ҳәзир заман сондай, шырағым...

Қараңғыда қармаланып турған жас қызға ең мақуллы усы жолдай сезилди. Әлле немирде көз жасын тыйып, келисканлик сылай аңлатты.

Усыннан кейин Айзаданың асығы алшы турып, ешеги бир жорғалады ма де! Не бир-не бир қымбат баҳалы ҳасыл затлар Айзаданың дуканынан табылатуғын болды. План артығы менен!

— Жарты пайда өзиндики, жартыға биз шерик! — деп Күнсулыў да РайПО ға келген тәўир зат болса буған ысырып турды.

Қой дейтуғын хожа жоқтай. Айзада ҳәдден зыят байып кетти. Қолға кирген мол дүньяның пуўы бурынғы өтмишин де кем-кем умыттыра баслады. Байыған үстине байығысы келе берди... Келе-келе буған да қанаат етпей, саўдагершилик пенен айланыса баслады. Көп узамай ҳаялы қайтыс болған қалалы бир муғаллимге (ҳәзирги күйеўи Жамалға) тийип те алды.

Жамал да дүнья десе топтай жумалайтуғын қыйлы екен. Саўдагершилик етпесе туралмайды. Жылма жыл Москва, Ленинград қоймай үлкен қалалардан айланып келип турады. Ол жақлардан жеңил машиналарды арзан алыўға болады-мыш... Әйтеўир, қашан көрсең, ақ терини қара териге аўмастырып, тазасын әкелип, гөнесин сатып жүргени. Өзинде де, иниси Камалда да шылт жаңа «Жигули» бар.

Иниси де бундайислерге жүдә тепериш. Қаладағы бир кәрханада әпиўайы бир сварщик болса да айына мың сомнан кем табыс таппайды. Қалтасы қашан көрсең, шықырлаған қып-қызыл оплықлар! Айзада усы

ўақытқа дейин оның тийин услап жүргенин көрген емес. Тийин түссе, ылақтырып жибереди. Ырымға жаман-емиш. Бирақ қанша ақшасы болса да, отырып парасаты болған, дем алып рәҳәтленген мақлуқ емес. Бәрҳама ақша ушын жанын жағып жүргени! Оған күндиз бе, түн ише ме—бәрибир. Бирақ көбирек түн ишинде, ярым ақшамларда «ал жумысқа кеттим» деп әлле қайларға жоқ болып кететуғын әдети бар... Гейде ҳәптелеп, айлап үйде көринбей кетеди.

Қәйнисиниң усындай сәл бийимазашылығы болғаны болмаса, Айзадаға Жамал менен қурып атырған бул турмысы онша жаман емес сыяқлы. Ишкениң— алдында, ишпегениң—артында. Үстинде журтта жоқ кийим! Сандық толы бууат-бууат ақша! Жолға шықсаң, бир емес, еки машина! Қәлесе, және бирин алады... Жайларын да хан сарайындай етип қатырып салып алды. Енди әрмансызбан десе де болады...

Жоқ, Айзада олай деп айталмайды, олай деп айтыўға ҳақысы жоқ! Рас, тәбият оннан ҳеш нәрсени аямады: сый да, сымбат та, байлық та, бахыт та берди. Жоқ, жоқ, тек бахытты бере алмады. Рас, ол бахытлы болғысы келди, арзыўлы яр сүйип, бала асырамақшы да болды. Бирақ булардың ҳеш бири, ҳеш бири иске аспады. Енди иске аспайды да! Бул арзыўлар әлле қашан—сол қаралы биринши түниң, баслықтың, баслықтың қушағында өлип кеткен. Оны әлле қашан Күнсулыў өлтирген!...

Ҳәзир Айзада тек жылтырақ дүньяның қызығы менен ғана алданып жасап атыр. Соңғы жыллары ол буғанда алданар емес. Күнсулыў менен алыс-беристи қойып, оннан ғәрезсиз, оны көрмеген-билмеген ҳалда өзинше еркин өмир сүрип те көргиси келеди. Жоқ, олай етиўи мүмкин емес. Егер, булайынша тым-тырыс қалса, Күнсулыўда қандайда бир қарызы кетип қалатуғын сыяқлы... Күнсулыў да тегинликте ҳақы жиберип қоятуғынлардан емес. Айзаданы бир өмирге масқара қылғысы келгендей баяғы «хызмет еткен» баслығына жақында биротала өзи бас байлап алды. «Соқыр көргенин жазбайды» дегендей, енди айланшықлағаны Айзада болып тур. Өткен жылы РайПО ны сүликтей сорығаны ушын күйеўи менен қоса мурттай ушажақ болғанында Айзада ушып-ушып қуўанып еди. Әттең бул да иске аспай қалды. Күйеўи бир зәнги төмен ту-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сирилип, ҳаялының орнына завмаг етип қойылды. Өзлериниң келисими менен барлық айыпты ҳаялы иследи деп тауып, оны биротала жумыстан шығарған болды. Ҳәзир ол нәзәлим қаладағы бир профтехучилищеде оттай кассир... Бирақ бир қолы сауда тарауында жүрип. Айзаданы еле алақанында услап тур. Күйеуине оның айтқаны—закон.—Сен зат әкелиуди бил, дуканды өзим басқараман,—деп оның ислерине де араласып баратыр. Айзадада сирә бийлик жоқ. Кунсулыудың сат дегенин сатады, жасырып қой дегенин жасырып қояды. Илгериде шет ел етиклерин менен таптырмайтуғын товарларды үйине апарып, жасырып сатып жүрген күнлери де болды. Жасырып сатылған затлар, әлбетте, бир ярым—еки баҳасына сатылады...

Мине, енди бүгин солардың «шапки пулын» соратып жиберипти. Сoратқанда қәйтип дейсең, «баслықтың машинасының шүй-пүйине керек» депти. Оннан соң қалған ақшаны анау күнги инисиниң мәселесин бастырыуға жумсайды—емиш... Бул, демек, Айзадаға ауысатуғын бир тийин жоқ деген сөз. Азабын көрип, бетиниң сарысын бес ели етип сатып жүретуғын Айзада, рәҳәтин көретуғын олар... Иниси Алпысбай тутылғанда, солардың затын сатаман деп тутылды ғой. Үстеме баҳа қойған өзлери, сат деген өзлери... Енди оны бастырыу ушын Айзаданың пайына тийетуғын аз ғана ақшаны да алады—емиш. «Баслықтың машинасының шүй-пүйине керек» дегени де шылғый өтирик. Исенимли болыу ушын мына Аллашбай деген шоферын жиберипти... Берейин десе, өзине қалатуғын бир тыйын жоқ. Қалай кенапаттай ақшаның бәрин бир өзи ала береди?! Бермейин десе...

— Ҳәзир тайын ақша жоқ еди,—деди усыларды ойлаған Айзада ақша тайын турса да барлығын берип жибериуге көзи қыймай.—Ертең бууыстырып—түйистирип, барлығын толықлағаннан соң инимнен берип жиберермен. Мә, мына қағазың өзиңде тура берсин.

Алпысбай булардың бәрин өз көзи менен көрип турды. Әуелден де оның бул алыс—берислерден азы—кем хабары бар еди. Бирақ булардың қандай алыс-берислер екенлигине ол ҳасла түсинбейтуғын еди. Бул сапары да ол ҳеш нәрсеге түсине алмады: «Бурынлары әжапам булай ислемейтуғын еди ғой! Неге тайын ақшаны



www.ziyouz.com kutubxonasi

бергиси келмей отыр? Кеше мына бес мың сом Кунсулыўдың ақшасы деп отырған жоқ па еди!?»

Айзаданы болса бул ўақытлары бир түрли ыза буўып турар еди.

— Әй, сен бул жерде неге зеңирейип турсаң?! Бар жездеңди алып қайт!—деди сонлықтан да ҳеш қандай себепсиз Алпысбайға да бирден олыйып қарап.—Жумыстан қайтатуғын ўақты болды...

Алпысбайға керегиниң өзи де усы еди, гаражға қарай қустай ушыў менен болды...

## IX

Алпысбайдың машинасы жездесиниң техникумына апаратуғын гүзар жолда зырлап баратырған бул ўақытлары Азамат кийинип сыртқа шығып, қайтадан училищеге қарай—туўры оқыўшылар жатақханасын нәзерлеп киятыр еди.

«Бүгин Турғангүлдиң гезекшилик ететуғын күни ғой. Оның менен бир ақылласып көрейин,—деп жол бойынша да Алпысбайды ойлай берди.—Бирақ аты, фамилиясы дуўры келиўине қарағанда, растан сол гаррының баласы болса керек-аў! Айтпашақ, Турсынбай неге бир айдан берли сабаққа келмей атыр екен?»

Бул ўақытлары Турғангүл де нәўбетшилер комнатасында өзинше ойларға шүмип отыр еди. Ол, ҳәтте Азаматтың кирип келгенин де байқамай қалды. Оның түртүсинен қандайда бир кеўилсизликти сезген Азамат:— Турғангүл, бир жериң аўырып отырған жоқ па?—деп аўҳал сорасты келе сала өз «дәртин» айтыўдың есабын таўалмай.

— Әй, анаў бир оңбаған келип...—Турғангүл Азаматты көрип, өзин недәўир жеңил сезип қалған менен, кеўлиндеги әлле кимге деген ашыў—ызаны бирден жоқ қылып жибере алмады.

— Ким оңбаған?!—Бир қолайсыз жағдай болып қалды ма екен деп тынышсызланған Азамат Турғангүлдиң жүзине «аманлық па» дегендей сораўлы тигилди.

— Ким болатуғын еди, Қулмуратовтың жийени—дә! «Ағам барда—арқам тамда» деп шалжақлап жүр... Анаў күни бир қуўып жиберип едим. Сонда да арғысында жоқ, келе береди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Не дейди сонда? Бүгин және келди ме?

— Тым-тырыс келип, тым-тырыс кетсе екен-аў! Ҳәр бир ҳәкиреңлейди келип...

— Еле қыр көрсетип те жүрме?!

— Әй, күш көрсеткенде, қолынан не келетуғын еди? Аўзына келгенин сампылдап жүр-дә! Бир-еки ирет Күнсулыў менен Қулмуратовтың мен ҳаққында сөйлесип атырған гәпин еситип қалыпты... Мен де Күнсулыўдың гәпине ерип жүрген қусайман—емиш. «Маған келиспеген менен ҳаялы қайтыс болған Қулмуратовқа-ақ тийетуғын болыпсаң ғой. Көп болса ҳамалы үлкен шығар. Маған сениң Қулмуратовың да, Күсулыўың ҳәм бир тийин! Ашыўым келсе, бәрин бир түнде жоқ қыламан. Кейнинен не болса, ол болсын!» дейди. Қып-қызыл мәс. Аўзынан ақ ийт кирип, қара ийт шығады. Тап бир маған өткерип қойғаны бардай «Маған қыз қапылмайды!» деп ҳәр бир дох урады. «Қыз мынадан! Асықпа, бир күни өзиң жалынып келетуғын боласаң. Сен ҳәм тең, анаў бир Дәмегүл де тең...» дей ме, әйтеўир...

— Дәмегүл де тең деди-ә!? Бизиң группадағы қыз емес пе екен? Қулмуратов сол группаға мастер болып баратырғанымда «абайлап ислемесең болмайды, сыбаған қыз» деп характеристика берип еди. Әйтеўирде, бағана сабақ ўақтында дым үндемей отырды-аў! «Үндеместе үйдей бәле бар» деген рас болды ғой?!

— Олай деме, Азамат! Бәлким, бир нәрсеге қапа болып отырған шығар? Айтпашақ, группаның аўҳаллары қалай? —Кеўилдеги гүптикейин сыртқа шығарып, өзин бир қанша жеңил сезген Турғангүл азмаз жанланып, өзи де Азаматтың аўҳалын сораўға өтти.

— Патырат!—деди Азамат та енди өз гезегинде муңын шағып.

— Журналда оғада көп оқыўшы жазылған екен. Соннан бүгин бес-алтаўы-ақ сабаққа келди. Биреўи емлеўханаға түсип қалыпты. Кеше жатақханада хулиганлар урып кетип бе? Ақшасын алмақшы болған ба. әйтеўир бир бәле қылған... Турсынбай деген баламыз бир айдан берли сабаққа келмей жүр дейди. Атамуратов Алпысбай деген бала да сентябрьде үш күн-ақ сабаққа қатнасқан. Қалғанларын көрдим-билдим адам жоқ. Бар баллар да сабаққа жөнли қатнаспай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды екен. Неге булай?—ақылым ҳайран! Соны сениң менен ойласа қояйын деп киятырғаным еди.

— Журегимизге ҳәмири жетпеген соң исимизден кемис тапқысы келген екен-дә! Мен айтқанын қылмай кеткеннен кейин, саған усындай төмен группа берип өш алажақ шығар?

— Қой, Турғангул, олай деме!

— Солай ғой! Болмаса ол бул группаны саған жарылқап берип отырған жоқ.

— Мен өзим мәселе қойып барғаннан соң, дәрҳал мойныма илдирди-дә!

— Әўели сен оған не деп едиң?

— Усы группадағы гейпара оқыўшыларға шерек шығармап едим...

— Сондай-ақ төмен оқый ма?!

— Жылдың басынан берли бир мәртебе де сабаққа келмеген!

— Соларға да баҳа қой дей ме?!

— Болмаса айтыспайман ғой!

— Онда Нурнияз ағадан еситкен гәплерим рас болды ғой...

— Не гәп өзи?!—Азамат бирден жанланып, Турғангулге жалт қарады.

— Контингент гейпара группаларда «өли жан» лардың есабынан толтырылады-мыш... Олар жумыс ислеп атырған яки басқа оқыў орынларында оқып атырған биреўлер болады екен-дә, бизде де дизимде турады екен. Бала санын толтырыў ушын керекти-дә! Қулмуратовтың бала қабыллаў планын жүз процент толтырып, абырой алып жүргени де усы «өли жан» лардың арқасында қусайды. Қулмуратов бундай «өли жан»ларды өзине тәбия, исенгендей—исенгендей, яки жумысқа жаңа келген мастерлардың группа журналларына жазып қояды екен. Оларға да степендия—дағысынан аўыз жалататуғын-дә! Анаў күни усы мәселеде Атамуратов Алпысбай деген баланың үстинен бир урылып барып қалыпты. Бирақ директор кейини изертлесе бермеген қусайды. Анықлап тексергенде бар ғой, «Қулмуратов сол заматта-ақ аяғы сай илмей кететуғын еди» дейди... Ўақтында есапласпағанның кесиринен усы группаның мастери де жумыстан шығып кеткен—емиш. Қулмуратов оны сырымды ашып қояр



www.ziyouz.com kutubxonasi

деп дәрҳал жумыстан айдаған—емиш. Өзи де училищени өткен жылы питкерген жап-жас мастер екен...

— Өзим де солай шығар деп едим-аў! Болмаса он бир баланың қурыдан-қуры журналда тура бериўи ҳеш мүмкин емес—тә! Демек, мени де сол қуўылып кеткен мастердиң изинен жиберемсн деп пландастырған екен ғой. Жоқ, мен кетсем де, ҳақыйқатлықтың бет пердесин ашып болып кетемен. Тек биреўин жанлы мысал ретинде таўып көрсетсем болды. Кейинирек қалғанларының барлығының да «өли жан» екенлиги өз-өзинен дәлилленеди.—Азаматты Турғангүлдиң гәплери ҳәдден тыс жигерлендирип, кеўлиндегисин тезирек питкерип таслаў ушын асығып тыпыршылай баслады.

— Дәлиллеўдиң не қыйыны бар!—деди Турғангүл де оны рухландырғысы келип.—Жаңағы Атамуратов Алпысбай деген баланы таўып аласаң. Еки бастан оның сабаққа үш күн келип, кейнинен келмей қалғанлығы, сонда да дизимде турғанлығы, ҳәтте, Қулмуратовтың «баҳа қой» дегенлери де ҳақыйқый факт ғой. Егер, «өли жан» болмағанда, оны приказ берип, оқыўдан шығартқан болар еди.

— Онда үйине барып көрейин!—деди Азамат бул табылған ақылға баладай қуўанып.—Айтпашақ, баяғыда «сизиң үйдиң жанларына жақын жердеги Түпик көшениң 13—жайы —Жамал дегенниң үйи» деп еди ғой.

— Кейинннен «бир айдан берли келмеди» деп отырған баланнан да. хабар ал!

Ойласық усындай шешимге келиў менен питсе де, Азаматтан нeликтен де бираз ўақытқа дейин Турғангүлдиң жанынан кеткиси келмеди. Көкирегинде тәнҳә Турғангүлге айтаман деп жүрген бир таңлық гәп бар еди, ақыры. Бул гәп арзыў еди, бул гәп той еди.

Турғангүл Азаматтың ниеги қыймылдаўдан-ақ усыны сезди...

## X

Қулмуратовтың кеўли Азаматты «7—77» группасына «атландырып салғаннан» кейин де тыныш қоймады «Ол оңбағанды биротала қуўып жиберип кутылыўым керек еди,—деди ишинен әлле неге өкинип.—Енди



www.ziyouz.com kutubxonasi

ол группада да тыныш қарап жүрсе болар еди-аў! Айтпашақ, анаў бир Алпысбай Атамуратов деген бала сол группада емес пе еди? Ўаҳ, ол уйпабасқа мастер бол деп бийкар айтқан екенмен! Анаў бир шатағын зорға бастырып қутылған Дәме деген қыз да сол группада екен ғой. (Пай, усы бизиң Еркин де қарап жүрейин демейди, қаяқтағы кимге асыларын билмей жүрген қызға барып жабыспағанда не қылады?) Енди ол материальщик алтыншы бармағын жүрегимизге суғып, жабыўлы қазанның сырын ашып қоймаса болар еди...

Жоқ, оннан жақсылық күтиўге болмайды Анаў Турғангул деген қыз да айттырып барғанларымның барлығын ийнесинен сабағына дейин қалдырмай айтып берген шығар... Әйтеўир, екеўи бес-алты күннен берли бурынғыдан да бетер ҳәмдәртлесип, бириниң аўзындағын бири жейтуғын қыяметлик ашықларға усап кетти-аў! Сөйтпесе, нашар бола ма?! Өйтип-бүйтип еркектиң алдында қәдирин арттырыў керек ғой!

Буларды көзге тири күйик қылып қойғанша биротала айдап салып қутылғанда тәўир болатуғын еди! Оңбаған баланың мойнына қыйып салғандай қылмысы да жоқ-аў! Тапсам, жаңағы «7—77» группасындағы мастерлигинен таўыўым мүмкин еди. Еки бастан, группа тарқаў алдында турған группа: оқыўшылары сабаққа қатнаспайды, айықтырыўханаға түседи, бирбирин тонайды... Бир-еки ай ислегеннен кейин бул кемшиликлердиң бәрин мойнына қойып, ҳасаны босат дер едик-тә! Қапылып ислеринде жаңағыдай жаўмай кеткен саңлақларымыздың болып турғаны ғой. Пай, өзим де ет қызыўлық етип жиберe қойыппан-дә! Енди ол группада бир күн мастер етип қойыўға болмайды! Я айтқанға жүргендей мастер табыў керек, я... Айтқанға көнгендей адам бар ма усы заманда!? Анаў қанатымыздың астына алып-ақ өсирип шығарған бала мастеримиздиң сыңылы ғой?! Оны аўзынан сарысы кетпеген палапан деп жүрмиз-аў!... Бирақ растан да бала екен. Аңсат қутыла қойдым ғой. Енди мынадан да...»

Қулмуратовтың ойы бирден бөлинип қалды. Усы ўақытлары:

— Ешмурат аға, қутлықлаймыз! Тил сабағын оқытыўды қолға алып жүдә жақсы қылған екенсиз!—деп



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир шақырымнан қолын созып, балпаңлап кирип келди Дəлибай деген ири қам семиз, əдебият муғаллими, —ҳи—ҳим—ҳи—ҳим, им... Енди бизге де азмаз сабақ қосатуғын шығарсыз?

Қулмуратовтың жүзи гүл-гүл дөнип қоя берди. Өзине де усындай сыр шертип жарылғандай бир адам керек болып отыр еди.

— Ҳе, Дəлижан, кел!—деп орнынан турды да, оны дəрҳал өзиниң қасына жақынырақ жердеги орынлықлардың бирине отырғызып алып, өткен-кеткеннен қалған гəплердиң жақсылап қойып гилмаласын берип, «жаңа тарийхты» майдалап түсиндириўге киристи:

— Əй, қосшым, несин айтасаң, мына таза келген баланың өзи бир ақмақ бала екен. «Сабағым аз, сабағым аз» деп қыңқылдады да турды. Сонсын «мына тил сабақларын алсаң, ала қой» деп едим. Дəрҳал директорга жетип барыпты. Енди, мине, училищеде тил сабағын оқытыўдың зəрүрлигин биринши рет дəлиллеп берген болып қарап турыпты! Не қыларсаң, қəйтерсең, жас бала менен жаға жыртысып атыў да уят екен. Қарап турып аўзымыздағыны алдырдық та қойдық. «Тайын астың күйиги жаман» деген усы-дə! Болмаса Басқармадан рухсат алағойсам, саған берермен бе деп отыр едим. Əй, ничево, Дəлижан, сени де қуры қол қалдырмаспыз, мына бала—шырышты бузып турғаны ғой. Болмаса бир өзиң-ақ еки нагрузканы бекиштирип жүрген жоқ па един! Саған аўырырақ болар деп кабинет, кружокларды ҳəм соған берип едим. Еле сылт еткен сес жоқ. Өзи бир ҳеш нəрсени келистире алмайтуғын бала ма деймен... Билмеймен, директор да усы баланы қоллайды да турады. Ағайини болса да меннен көрме... Бул ғарры да жиликтиң майын сорыйтуғын жаман жимиски ғарры қусайды. Училищеде, əйтеўир, аты ағайын болса шалжақлап кетти ғой.

— Несин айтасаң, аға, ҳəзир заман сондайдың заманы болып кетти,—деп қосып қойды Дəлибай да иши ғыж-ғыж қайнап.—«Ағам барда арқам тамда» деген...

Дəлибайдың ишине түскен бул қоз ертеңине дейин оның тынышын бермей жүрди. Тынышын бермеген нəрсе—Азаматтың абыройының артып кетейин деп турғаны болды. Бурын бул училищеде бир əдебиятшы



www.ziyouz.com kutubxonasi

болып, бир өзи еки адамның сабағын оқытып бозда ойнақлап жүр екен. Мына бала келди де өриси тарылып қалды. «Журналистпен» деп кабинетти, кружокты бунда бир алды. Енди «тил сабағын оқытыў керек» деп усыныс киргизип, оны да алып атырса, өриси тарылмаған неси қалды!?

Бурын өтсе, өтпи, өтпесе өтпей-ақ журналды толтырып қойып жүре беретуғын еди». Бәрибир билип баратырған СПТУ дың баласы жоқ. Олардың қайсы бири әдебиятшы болар дейсең» деп бийкар ойлаған екен. Мына бала «әдебиятшы болар дейсең»иниң атасын танытты. Мусылманның баласы бир сабақ қалдырмайды-аў! Даўысы ҳарылдап, қашан көрсең, күйип-жанып түсиндирип атырғаны. Ҳәзир толайым оқыўшы соның әтирапында.

Қашан көрсең:

— Муғаллим, кружок қашан болады?

— Диспут қашан өткеремиз?

— Жазыўшылар менен қашан ушырасамыз?—деп жүргенлери.

Билмеймен, не бәлеси бар екенин, байласаң да турмайтуғын балалар соның сабағы десе қаны қатады да турады.

Маған қыйын болатуғын болды-аў! Бурын да қарық емес едим... Директор «ананы неге ислемейсең, мынаны неге ислемейсең» дегенде, «яқшы, ендигиде объязательно ислеймиз» деп, «ендигиде-ендигиде» менен еплеп ысырылып киятыр едим. Мына баланы көрип «өзиндей адам ислеп атыр ғой, уялмайсаң ба?» дейди-аў енди! Қой, бунын алдын алмасам болмас...

Алдын алғанда не қыламан? «Қосшым, бүйтип ислей берме!» десең, қызғангандай боласаң. Урып, сөгиўге болмаса. Үгитлеп-нүгитлеп көрсем бе екен?

Әй, сол үгитиңе кәнетуғын ба еди? Бир иләжын Қулмуратов таўа қоймаса? Шамасы, оған да онша унай бермейтуғын қусайды ғой. Ол «қара дәптерине» бир иллирди ме, сездирмайды. Таўмуратов түўе, не бир директорларды да жумыстан ушырып жибериўге қудирети келеди оның. Кәнекей, усы директорды бир ушырып түсирсе екен? Оннан соң, Қулмуратовтың арқасында бир арқайын жүрер едик. Бәлким, завуч-павуч болып жүремиз бе?... «Сени объязательно поддержка ислеймен» деп еди ғой..».



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арадан бир нешше саат өтпей-ақ Дәлибай Қулмуратовтың кабинетинде және пайда болды.

— Не ислесек болар екен? — деди Қулмуратов оның «муддәҳәсин» толық тынлап болғаннан кейин, тап бир усыған өзиниң пәми алыспағанлықтан, Дәлибайдан кәңес күтип турған адамдай оған сырлы бағыш пенен нәзер таслап қойып.

— Оның сабақлықларының бәрин 7-8—сабақ гезлерине көширсеңиз? Өзиңиз билесиз, ауқаттан кейин көпшилик оқыўшылар байлап қойсаң да бул жерде турмайды. Мастерлер менен келисип, муғаллимлердиң өзлери-ақ қайтарып - жибереди. Оқыўшы болмаса, Таўмуратов бос класты оқыта алмайды ғой. Бул сизге таптырмайтуғын факт. «Неге оқытпадыңыз?» деп, оны қатырып «алқымлаўыңызға» болады. Журналист болмақтан, қудай болса да, айыбы болған соң «мыр-р» дей алмайды.

Қулмуратов буған тек мыйығынан күлди де қойды. «Болады, болмайды» деп, бир аўыз да сөз қоспады. Бирақ сол күни кешке жетпей-ақ расписание қайта түсирилди.

* * *

Азанда «жаңа расписаниени» көрген Дәлибай ҳаялы ул тапқандай қуўанып қалды.

Бул ўақытлары Азамат завучтың кабинетинде оның жипектей есилген жумсақ гәплерине қанаатланыўшылық пенен қулақ түрип отыр еди.

— Қосшым, сеннен жақсыратуғын не гәп бар? — деп сөзин даўам ете берди Қулмуратов қас қақпастан.—Училищениң жағдайын өзиң билесең. Еле тик аяқтан турып кете алмай атырмыз. Контингент аўыр, бала жоқ... Бар балаларды да «кәлиймаға» келтириў қыйын болып тур. Мақаў баллар шаш ал десең, бас алатуғын қыйлынан... Сәл көзиң таса болды ма, зып береди. Әсиресе, 7—8 -сабақ гезлеринде күйип турмыз. Улыўма билим менен өндирислик тәлим берилетуғын болғанлықтан 8 саатлық оқыў планластырылған. Билесең 5-6-сабақлардан соң аўқатландырып, және бир-еки саат оқытыўымыз керек. Бирақ соңғы ўақытлары бизде 7-8-сааттағы сабақлар жөнли өтилмей жүр. Билмедим, бул баллардың кемшилиги ме, я муғаллимлердиң өзинен бе? Әй, со му-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғаллимлерден қусайды-аў! Жақсылап түсиндирип, қатаң талап қойсаң, тәртипке көнбейтуғын бала бар ма? Оны ислейтуғын муғаллим қайда! Қайта бала менен өзлери ойнап кетеди. Айырым муғаллимлер «Әй, қайта бериң!» деп 7—8-сабақты толық оқытпайтуғын қусайды... Өнте берсек, бар контингентти де услап туралмайтуғын түримиз бар. Расписаниеге 8-саат киргизилген екен, оқытыў керек. «Оқыттым» деп енапаттай ақшасын алады-аў, оңбағанлар!...
Әри ойлап, бери ойлап, соңғы 7—8-сабақ гезлерине көбирек тилиниң мәргиясы бар, балларды шөлкемлестире алатуғын «өз ҳүжданы менен сабақ өтеди-аў» деген исенимли муғаллимлерди шығарыўды уйғарыстырып-ек. Соның бири деп саған да исенип отырмыз. Бир жәрдем ет, қосшым!? «8-сабақ гезинде сабақ оқытылмайды» деген насақ гәпке қалмайық, ақыры!

Азамат екиленип қалды: Мына гәптиң ҳәкисине келип отырғанына қарашы! Ол бул бойынша өз муддәҳәсин айтайын деп жүр еди. Оның ойынша, әдебият пәни де, басқа математика, физика, химия пәнлери сыяқлы расписаниеге «тең правода» қойылыўы керек. Оны расписаниеде «оқыўшы шаршаған ўақытқа», ямаса ҳәмме ўақыт соңғы сабақларға ысырып қоя бериў пүткиллей ҳүрметсизлик! Әдебият шаршаған ўақытта кеўил көтеретуғын, ямаса «соны билмей неси бар» деп қарайтуғын әйтеўир бир жеңил-желпи пән емес...

Бирақ Қулмуратовта ондай нийет болмаған да шығар. Мына усынысына келисим берсем бе екен? Ол буған адам деп исенип айтып отырған жоқ па? Рас, жағдай солай екен, келисим бериў керек!»

— Мейли, ҳәрекет етип көрейин, — деди ақырында Азамат.

## XI

Азамат өз көшесинен онлаған метр былайырақтағы параллель Тупик көшеге түсип, он ушинши жайға қарай бурыла бергенде, үлкен темир дәрўаза айқара ашылып, қара көкшил «Жигули» ҳәўлиден шығыўға енди ход алып атыр еди.

— Пай, Аллашбай, қуры ҳәлек болдың-аў! Бир майданлықта ғана инимнен берип жиберип едим,—деди машинаның гүрили пәсейе берген гезде аўзында алтын тислери жылтыраған, жигирма беслер шамасындағы су-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лыўшық бир келиншек рульде отырған жигитке «тезирек шығың!» дегендей дәрўазаның бир жапсарын әриберн шайқалтып турып. — Күнсулыў апаға сәлем айт!

Азамат машина жүрип кетиў бойына-ақ ҳаялдың қасына жетип келди. Келиншектиң түр-түсиниң кемиси жоқ екен-дә, Азаматқа оның адам көрмегендей үрпийип турыўлары унамай қалды.

— Усы Жамал дегенниң үйи ме? — деди Азамат кел-кети болмағаннан соң бирден келген жумысына көшип.

— Аўа, ким керек еди сизге?!

— Маған Алпысбай деген бала керек еди! Усы жерде тура ма?

— Туратуғын еди... — Келиншек Азаматтың жүзине әлле неден сескенгендей түксийиңкиреп қарап, гәпиниң кейнин айтпай гибиртиклеп қалды.

— Мен оның муғаллими едим, — деди Азамат жағдайды жақсылаў ушын жумсағырақ сөйлеўге тырысып. — Көптен берли оқыўға бармай жүр екен... Аўырып-дағы етип қалғаннан аман ба?—соны билип кете қояжақ едим. Бар болса өзи менен сөйлессем?

—Өзи ҳәзир жоқ.—Келиншек «әй, не екен десем?» дегендей және бийпарўа кейип билдире баслады. — Бағана бир жерге жумсап жиберип едим. Кеширек келер...

— Онда училищеден бир муғаллим келип кетти дерсен. Түсиндирип айтың, оқыўға барсын. Ертең келип, өзим де сөйлесип көремен. — Азамат бул жерде буннан былай гәпти соза бериўдиң ҳеш имкәнияты жоқ екенлигин түсинди де, кейин бурылды.

«Үйге бармай-ақ қояйын, — деп сәл-пәл ойланып турды ол дәрўазадан шыға берип. — Ҳәзир мына маннан шығып, туўры Турсынбайдың үйине тартайын. Ең болмаса соны ушыратарман....»

Азамат Турсынбайдың ҳал-жағдайын билиўге асыққан менен, остоновкада бираз иркилиўге туўра келип қалды. Шуй-шуйге қағысқан көше толы такси! Бирақ бирде-бири бос емес! Азамат әри-бери бос такси күтип, услай алмаған соң, ақырында бос киятырған «Жигули»лардың бирине қол көтерди. Кейинирекктеги сарғыш түсли машина оның қасына келип «шуйк» етип тоқтаса да, рульде отырған он бес жаслар шамасындағы бала:

— Жоқ, ҳеш қайда да бармайман! — деп азарда-безер болып, Азаматтың өтинишин орынлаўдан бас тартты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Бармайтуғын болсаң, неге тоқтайсаң?» — Азамат бул сораўды берип үлгермей-ақ машинаның жанына басына қымбат баҳа қундыз малақай кийген, қара курткалы, тапалтастан келген, ири денели, дуғыжым бир жигит аўданлап жетип келди.

— Қайдан киятырсаң? — деди ол келе сала машинаның ишине сүңгип кирип.

— Күнсулыў апаның үйинен, — деп бала да оның менен емин-еркин сөйлесе баслады.

«Танысына тоқтаған екен-аў! — деп ойлады Азамат.

— Әжапам Күнсулыў апаға бер деп ақша берип жиберип еди. Соны апарып қайттым... — Таныслар гәплерин биймәлел даўам ете берди.

— Апардың ба? Қанша сом?! — Ақшаны еситкен ири геўдели жигиттиң көзлери бирден күлимлеп қоя берди.

— Бес мың!...— Бала булумманы негедур қорқыңқырап, еситилер-еситилмес етип, әсте өлleң даўыс пенен айтты.

— Бес мың?!—Ири геўдели жигит те дәслебинде даўысын көтериңкиреп сөйлегени менен, кейнинен бираз ўақытқа дейин үнсиз қалды...

— Машинаны маған бер! — деп жанланды әлле немирде басын гилт көтерип. — Бизиң машина бузылып қалды. Жумыстан кеш қалатуғын болдым...

Бала иләжсыз машинадан түсти де, пайыў-пиядалап жүрисп менен жаңа ғана Азамат шыққан көшеге қарай бурылды.

«Сол емес пе екен-әй? — деп ойлады Азамат бала көзден ғайып болып, биротала көринбей кеткеннен кейин. — Қой көзли, қара домалақ бала деп еди ғой... Бос такси келмей кетти-аў! Мейли, екеўи менен де ертең сөйлесермен. Ҳәзир үйге қайтпасам болмас...»

Тилекке қарсы, Азамат ертеңине Алпысбай менен де, Турсынбай менен де сөйлесе алмады.

Азанда жумысқа келген оны жан түршигерлик суўық хабар қарсы алды: Түнде училище кассири Күнсулыўдың үйи тоналып, өзи өлтирилипти! Өлтиргенде де ҳайўаншылық пенен — қақ маңлайдан балта менен урып өлтирилипти...

— Бул, қәйткенде де, сол үйдиң иши-тысын билетуғын адамлардың иси, — деп атырған қусайды орган хыз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

меткерлери. — Жынаятқа ҳаялдың қандайда бир таныс адамы араласқан болыўы керек.

Завмаг күйеўиниң айтыўына қарағанда, хулиганлар түнги саат он екилерде үшеў болып барады да, аўызғы бөлмеде бир өзи не түрли ҳасыл дүньяларға қараўыллық етип атырған Күнсулыўды жайратып салып кетеди.

— Қәне, ақшаны тап! — деп әўели еки хулиган ура баслайды.

Соның арасында үшиншиси төрги бөлмеге пышықтай секирип өтеди де, қәннен қәперсиз уйықлап атырған завмагқа «ий-яий-я» деп бир-еки ирет каратэ усылларын көрсетип үлгереди.

— Бақырғаның, шаўқым салғаның пайдасыз, оннан да ақша қай жерде?—соны айт!—деп жуп-жағасынан тикке көтерип бир қолы менен қақ маңлайдың тусынан «игрушкасын» тақайды.

Тап усы ўақытлары ҳаялдың шыңғырған ашшы даўысы шығады... Изинше қолында балтасы, үсти қан-қан болған биреўи ишки бөлмеге атылып киреди. Екеўи завмагты тас қылып шырмап атырған ўақытта, ол оңбаған аршаның зулпын шарт еттирип шаўып түсирип, ишинен буўат-буўат ақшалар менен алтын заемларды суўырып алады. Кейнинен: — Қәне, машинаның гилти? — деп байлаўлы жатырған завмагке тийисип, таўдыртып алады да, «Жигули» ди зуўлатып өте кетеди. Бетлерине қара чулкиден маска кийип алған олардың жүзлерин завмаг аңлай алмай қалады...

— Аса кеткен ҳайўаншылық ғой мынаў! — Директордың кабинетине жыйналғанлардың етлери түршигип, ғәзеплери қайнап қоя берди.

Бирақ изинше және аўыр үнсизлик шөкти. Ҳәммениң демлери ишине түсип кеткен. Бәлким, ҳәр ким басларына қашанда бир дөнетуғын өз өлимлери ҳаққында ойлап отырған шығар...

Жоқ, олардың ишинде өлим ҳаққында ой жүўыртпақ түўе, өз уйқысын тежей алмай, мүлгип отырғанлар да бар еди. Бул түнги уйқысызлықтан көзлери муштай болып исип кеткен Еркин еди. Адамлар аўыр мүсийбеттиң ҳәлекшилигинде отырып оны абайламады. Директордың аўыр үнсизликти бузып шыққан қайғылы даўысы ғана оны селк еттирди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Қассир Күнсулыўдың өлими ҳаққындағы суўық хабар жаңа умытыла бергенде, Азамат және күтилмеген тәшўишке түсип қалды. Азанда жумысқа келер-келместен айықтырыўханадан қоңыраў соғылып тур:

— Ал Зәрипбай Зарымбетов деген оқыўшыңыз бизде жатыр. Алып кетиң!

Ҳәкисине бул звонокты Қулмуратов тыңлар ма!

— Мине, ақсақал исенген адамымыздың сықылы!— деп директорға сол ўақытта-ақ Азаматты жаман атлы етип таслады.

— Бул не, қосшым, группаны тарқатыўға келипсең ғой,—деп директор да тийисип кетти ме дейсең, жер жарылмады, Азамат кирмеди...

Бир бул ма, алтыншы саат группасын асханаға аўқатландырыўға әкелсе, Ғәниева Тамара және жоқ болып шықты...

«Ҳаў, буларға бир бәле көринген шығар,—деп күйип-писти Азамат.—Азанда линейканың ўақтында бар еди ғой. Өзи қыз баладан келип... Бул қалай болғаны? Бири-биринен алық болып тур ғой! Дәслепки күни-ақ усы Зарымбетов бир нәрсени бүлдирмесе болар деп едим!.. Усылар аздай мына қыздың кетип қалғаны неси енди?!

— «Жигитлер, жәрдем бериң!—деп ҳәр жыйналыс сайын зар қақсайды Рәметов та.—Сизлер де ойлаңыңлар, ақыры. Не ислеўимиз мүмкин? Тәртипсиз деп, бәри тәртипсиз емес. Тәртипти бузып жүрген бирли-жарым бала бар, әлбетте. Қанша көп дегенде де олар ҳәр бир педагогқа бир-бирден туўра келмейди. Не ужели сонша педагог айландырған бес-алты «гүдибузарды» жөнге түсире алмаймыз!? Оның үстине, мынаң қараңлар, бәримиз жап-жас жигитлер екенбиз! «Әй, күним өтсе болар» деп қол қаўсырып жүре берсек, қалай болады?! Адам жас ўақтында жаслыққа жарасқандай ис етиўи керек ғой!»

«Рас, бизлер оған жәрдем бериўимиз керек. Рас, оның бир өзи ҳеш нәрсе ислей алмайды. Рас, адам жас ўақтында жаслыққа жарасқандай ис етиў керек!—Усыларды ядына түсирген Азамат әлле неге намысланып, өз-өзинен жигерлене баслады. —Бирақ, не ислеў керек, қандай жәрдем керек? Қәйткенде балларды сабаққа



www.ziyouz.com kutubxonasi

толық қатнастырыўға болады? Жалғыз мениң группамда шығар дейин десең... Недара бул пүткил училище бойынша тарқап кеткен кеселлик? Яки муғаллимлер сабақты қызықлы өткере алмай ма екен?

Әй, яғ-әй, бир муғаллим, еки муғаллим төмен оқытыўы мүмкин, ҳәмме муғаллимлер төмен оқыта бермек болып па?!

Әлбетте, бир сабақ процесси жеткиликсиз,— деди ақыры Азамат ойларын өзинше жуўмақлаўға тырысып.

— Сабақты жақсы өткен менен, жақсы тәрбияшы емессең. Рас тәрбияшы екенсең, оқыўшының қаны менен қарысып, руўхы менен араласып кетиўиң керек. Рас, солай еткиң келеди екен, онда баланың қызықсыз өтетуғын бир минут та бос ўақты болмаўының жолын қарастырыў керек. Иссизлик—барлық мүсийбетлердиң себепшиси...

Сонда көп ишинде жумысқа жаны ашыйтуғын бирди-жарым адамның да болмағаны ма?».

Азамат ойларын жуўмақлай алмады.

— Азамат аға, сизди Турғангүл Қәлиевна шақырып тур,—деди усы ўақытлары асханаға кирип келген бир оқыўшы.—Муғаллимлер бөлмесинде. Сизди асханада болса, шақырып жибересиз деп еди.

— Рахмет, иним!—Азамат өзин қыйын аўҳалдан қутқарып, азмаз да болса кеўлин сергиткен бул баланы жақсы көрип кеткени соншелли, тап бир туўысқан инисиндей баўырына басып, еркелете басын сыйпап қойды. Ҳәзир онысыз да Турғангүлди ушыратыўға «аҳыўзар» болып отыр еди, ақыры.

* * *

...Азамат Жәмалдың үйине кешки саат жетилердиң шамасында кирип келди. Үй ийеси менен келиншеги бир жерге қонаққа кеткен екен. Оны он бес жаслар шамасындағы тапалтастан келген, қой көзли, қара домалақ бала күтип алды.

«Ҳаў, кешеги «Жигулиде» көрген балам ғой!» деп таңлана қуўанды Азамат.—Өзим де сонда «усы Алпысбай шығар» деп едим-аў!»

Бала да оны бир жерде көрген таныс кисисине усатып орнынан ушып турып қол алысты:

— Келиң, аға! Төрге өтиң!

— Алпысбаймысаң?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азаматтың бул гәпинен соң бала «таныс киси екен-аў» деген қыялына әбден исенип қалды.

— Аўа!—деп жыллы жүзлилик пенен мүнайым ғана жуўап берди бала.

— Аўҳаллар қалай?—деди Азамат та оны бурыннан-соңғы таныс адамындай көрип. Соның арасынша тап бир ески танысының үйине келгендей төрге шығып, жайғасып отырып та алды.

— Чай-пайдың кереги жоқ,—деп гәп баслады ол газханаға «чай қояйын» деп кетип баратырған Алпысбайды иркип.—Мен сени көрип кетейин деп келип едим. Өзиң жақсы жигит-ақ екенсең ғой...

Бала мақтағанға уялып төмен қарап турды да, азмаздан соң басын гилт көтерип, Азаматқа таңлана көз тикти: «Көрип кетейин деп едим?! Неге?»

— Әттең, усындай жап-жас суп-сулыў жигитлеримиздиң оқыўға бармай жүргени уят-тә!—Азамат оны елестирмегенсип гәпин даўам ете берди.

—Мен оқығым келмегенликтен бармай жүргеним жоқ!—Баланың күлимлеген жүзи демниң арасында қуўарып кеткендей болып солығып тартты.—Басқа группаға жиберип қойған соң оқығым келмеди...

— Қайсы группаға?!—Азамат таңланайын деди: «сирә «7-77» деги Атамуратов басқа бала шығар?»

— Сыбаўшы-бояўшыларға! Мен әўел тракторист-машинистлер группасында оқып атыр едим...

Гүманы сейилген Азамат ерксиз күлимсиреп Алпысбайға қарады.

— Жездем бир автобазадан машина да әперемен дейди...

— Ал машина алдың да дейик. Бирақ қалай айдайсаң? Бузылса ким оңлап береди? Правиланы сирә оқымағансаң. Соннан авария ислеп алсаң, не болады?!..

— Сонда өзлери әўелден басқа группаға жибермеў керек еди-дә!

— Сен еле де сол группадасаң! Мен сени сол группаға оқыўға шақырып келдим...

Бала өз көзине өзи исенбеди. Азаматқа гә таңланып, гә қуўанып қарайды: «Растан-ақ таныс адам деп отырғаным мастер болып шыққаны ма?!»

— Мен сол группаның мастеримен!—деп пикирин даўам етти Азамат та баланың не ойлап турғанын сезгендей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Енди мени қабыллай қояр ма екен?—Бала Азаматтың училищеден келген адам екенлигине исеним арттырса да, әлле неге еле де болса екиленип қарар еди.

— Қабыллайды!—деди Азамат сонлықтан да балаға үлкен исеним артып.

— Дәмегүл, Отарбай, Муратбай, Байлепеслер оқып атыр ма, мастер?

Алпысбай усылай деди де, қәпелимде ядына бир нәрсе түсип кеткендей үнсиз ойланып қалды.

— Оқып атыр, ҳәммеси де оқып атыр! —деп қызығыўшылық пенен жуўап берди Азамат та негедур өзөзинен жанланып.

— Олар жүдә жақсы жигит-қызлар. Олар сени күн де сорап қояды. «Қаяққа кетти екен, жақсы бала еди» дейди...

— Мен де оларды жақсы көремен! Дәмегүл деген қыз жүдә жақсы-дә!

— Бәри де жақсы, бәри де ақыллы. Солар ғой мени саған жиберген. «Шақырып келиң де, муғаллим, бирге оқыйық» деп атыр...

— Онда ертең сөзсиз бараман!—Баланың жүзи гүлгүл жайнап, көзлери күлимлеп қоя берди.

Әттең, тап усы ўақытлары есиктен әлле кимниң ўадырлап кирип келмеси барма!

— Алпысбай, бол кийин, мени аэропортқа апарып тасла Москваға баратырман. Ҳеш кимге айтпай-ақ ғой, тек Еркин менен Жақаға ескертерсен, келетуғын күнимди оларға өзим айтаман,—деди кирип келиўден Азамат пенен иси болмастан.

Азамат ўадырлап сөйлегенинен-ақ оның ким екенлигин таныды. Өткен сапарғы келгенинде, Алпысбайды остановканың жанында тоқтатып, машинасын өзи минип кеткен ери денели жигит! Тек кийимлери ғана өзгерипти...

«Бул да усы үйдиң адамы екен-аў» деп ойлады Азамат. Бирақ ири геўдели жигиттиң Азаматқа қарағандай да ўақты болмады.

— Бол, тезирек бол!—деп асықтыра берди Алпысбайды.

Алпысбай:

— Кеширерсиз, аға, Камал ағаны аэропортқа апа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рып қайтыўым керек болып қалды,—деп иләжсиз орнынан турды. Азамат та қайтыўға ыңғайласты.

— Ертең сөзсиз барамаи, аға!—деп және бир мәртебе исендирди бала Азамат үйден шығып баратырғанда.—Ҳәммеге сәлем айтыңыз! Мени келеди деңиз!

* * *

Азамат Алпысбайдың үйинен қуўанышлы қайтқан менен, түн бойы жатып уйқысы келмеди. Ядына баланың үйине бармастан бурынғы Турғангүл менен болған гәплер түсип, әлле нени тезирек питкерип таслағанша асығар еди.

«Адамның талабы бир келиссе, келисе кетеди,— деп ойлады ол қуўаныш пенен арзыўлар құшағында маўжырап жатырып.

— Бүгин мениң өмиримдеги ең қуўанышлы күн! Турғангүлди ушыратқаным қандай жақсы болды! Болмаса бүгин де —Алпысбайға баралмаған болар едим.

— Ҳеш қапа болма,—деди-аў ол.— Бир-еки сапар ушырата алмадым деп исти таслап кетиўге бола ма? Бүгин және бар... Алпысбай да оқыўға келер. Турсынбайды да әкелермиз. Бирақ жаңағы өзиң айтқан жағдайлар бар—баллардың оқыўға қызықпайтуғыны ҳайран қаларлық нәрсе екен... Растан-ақ Дәмегүлдиң сондай ислер менен шуғылланатуғын болғаны ма? Анаў күнги Еркин деген оңбағырдың Дәмегүл ҳаққында айтқан гәпиниң жаны бар болды ғой, қалайда. Сорлы қыз сондайлардың торына түсип қалмады ма екен?..

Мейли, бул қыз бенен өзим сөйлесип көрермен. Бирақ группаның улыўма жағдайын қалай жөнлесек болар екен?

Бәлким, группа балларының өзлери менен ойласып кеңескеним мақул болар? Олардың ишинде бирли-жарым жақсы ул-қызлардың болмаўы мүмкин емес ғой. Сөйлесип, пикир алысып көрейик. Бәлки, өзлеринен бир инициатива болып жүрер. Оларга исеним арта билиў керек. Сонда исимиз табыссыз болмайды. Давай, тез арада группа жыйналысын өткерейик. Мен де, қатнасайын.

Бирақ бүгин Алпысбай менен, қалайда сөйлесиўге тырыс!»

Бағана Турғангүлдиң усы ақылын алып не қылғаным жақсы болған екен. Минекей, дәслепки адымым



www.ziyouz.com kutubxonasi

табыссыз болмады. Ертең Алпысбай да оқыўға келетуғын болды!

Пай, оны ушыратқаным қандай жақсы болды! Енди барлық сырды паш ететуғын болдым... Әзелден-ақ сол шуқырысқан дизимлерден гуман етип, «бул не қылған батпан қуйрық, шүдигарда жатқан қуйрық» деп едимаў! Сырды Алпысбайдың өзи-ақ паш етип турған жоқ па? Қулмуратов таныс-билисиниң бесикте жатқан баласына дейин дизимнен өткерип, ҳәм таныcларына, басшыларға жақсы атлы болып көринеди екен-дә! Неге десең, контингент 100 процент орынланып атыр, группалар топпа-толық. «Қайсы училищеде контингенттиң орынланыўы барысы жақсы?—Қулмуратов профориентация жумысларын алып барып атырған училищеде! Бәри соның арқасында! Әзелден-ақ соны директор қойыўымыз керек еди... Ақсақал азмаз шаршайын деген... Мейли, пенсияға, шыға берсин, орнына Қулмуратовты таярлаймыз».

Түсиндим. Қулмуратов усы ушын жанталасып жумысислейди. Өзин барлық кемшиликлерге жаны ашып, шыр-пыр болып атырған етип көрсетеди. Рас, ол барлық кемшиликти, биледи, оған жаны ашыйды. (Бәлким, жаны ашымайтуғын да шығар, негизинде маған усылай туйылатуғын болар) Бирақ ол неге енди кемшиликлерди дузеткиси келмейди неге енди ол өзинен басқа адамлардың барлығынан кемшилик тапқысы келе береди, неге ол барлық исти сеники, меники деп бөлип алып қарайды, неге ол?!...

Растан-ақ Наўрыз Әдилбекович усыларды сезбей ме екен? Яки қалған беш күнин «аш қулағым-тыныш қулағым» деп өткергиси келе ме екен?

Жоқ, мүмкин емес. Коммунист өмириниң ақырына дейин коммунистлиги менен қалыўы керек. Ол усындай, коммунистлик принципке садық адам. Ол, ҳәтте, Қулмуратовтың «исине» Басқарма беттен тәртип болғанда да, ҳеш ким менен маўасаға келиўи мүмкин емес. Ол рабочий кадрлардың санын булайынша жалған цифрлар менен көбейтиў халық алдындағы аўыр жынаят екенлигин жақсы түсинеди. Ол Қулмуратовтың ҳәрекетлерин сезбей жүрген болыўы керек... Оның менен бул мәселе үстинде қашан да бир ашық—айдын сөйлесемен. Тек группадағы жағдайларды жөнлестирип, исти бир тәр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

типке салып ала берейин. Емлеўханадағы Дәнияров Полаттан да хабар алмаппан-аў! Мейли, ертең группа жыйналысынан кейин, ҳәмме бирге барып қайтармыз. Айтпашақ, бағана неге Алпысбай Дәмегүлди «жүдә жақсы қыз» деди? Растан-ақ жақсы қыз ба екен?»

Азамат усындай қыйыр-шыйыр ойлар менен таласып таңды атырды. Бирақ бул таң—ҳеш бир өзге таңларға усамаған өзинше бир әжайып таң еди. Аппақ болып, ашық болып атты...

* * *

Күнсулыўдың өлгенине бираз күн болып қалса да, училищеде жынаят ҳәм жынаятшылар ҳаққында ызыңсызың әңгимелер еле гүжип атыр еди. Бир күни «айыпкерлер усланыпты» деген хабар шықса, екиленши күни ол жаңсақ гәп болып, «из кесиў еле даўам етип атыр екен» деген гәп тарқалады...

Ҳақыйқатында да, «даўам етип атыр екен» деген гәпте көбирек жан бар еди. Орган хызметкерлери жынаятшыларды услаў ислерине қылмыс жүз берген күниақ кирискен еди.

Сол күни районлық ишки ислер бөлиминиң (Күнсулыў қалаға жақын совхоз территориясында туратуғын еди) участка инспекторы, милиция лейтенанты Жалғасбай Назаров та өзин бул мәселеден аўлақ услап қала алмады. Жынаят ол инспекторлық еткен участкада жүз берген еди.

— Дәрҳал больницадан хабар ал!—деп буйырды оның бул ниетин түсинген милиция начальниги Баҳадыров.—Хызметкерлердиң барлығы сол жаққа кетти.

Назаров асығып-үсигип емлеўханаға келсе, жапакеш әлле қашан-ақ жан тапсырған екен. Нәжсыз өлиханаға апарып, судмедэкспертизаға тексертип көрди.

Медэкспертизаның жуўмағын еситкен милиция начальниги барлық хызметкерлерди жыйнап алды да, жалма-жан жынаятты табыў бойынша оператив группалар шөлкемлестире баслады. Группалар соның арасында ҳәр қайсысы ҳәр қыйлы бағдар алып жөнеп кетти.

* * *

...Жыйналыс әўелинде рәсмий түрде Азаматтың группадағы тыныштсызландыратуғын аўҳаллар ҳаққында



www.ziyouz.com kutubxonasi

шыгып сөйлеўинен басланса да, қыза келе диспут характерин нйелеп кетти.

— Мен сабақты жақтырмағанлықтан кетип қалып жүргеним жоқ,—деп биринши болып сөзге шықты адресине көбирек критика айтылған Ғаниева Тамара.

— 8 саатлық оқыўға шыдай алмайман. Баўырым аўырады. Врачлар алты айға дейин диета сақлап, ўақтында аўқатланып жүр деп еди. Асханадағы аўқатлар диеталық емес. Бәри майлы...

— Гәп аўқатта емес,—деди кеше ғана айықтырыўханадан шыққан Зәрипбай Зарымбетов айыбын мойнына алыўдың орнына әлле неге нарыйза болып.—Мен, ырасын айтқанда, училищеге өз қәлеўим менен келип едим, ҳәзир негедур ҳеш нәрсеге қызықпайман. Я алып атырған билим жоқ, я үйренип атырған кәсип жоқ... Берип атырған билимиңиз де, үйретип атырған кәсбиңиз де қанаатландырмайды. Билгенге де, билмегенге де «үш» қойсыз. Сирә сабаққа қатнаспағанлар да шеректен шерекке өтип жүр. «Езди»ниң ўақтында анаў Еркин деген инструктордың қудайы берип қалады: бир шийше әкелип берсең, бир мезгил бир өзиңе айдатып қояды, әкелмесең, бул өмирде машинаның роли тийиспейди. Усыннан кейин, адамның оқыўғысы келе ме? Анаў Айназаровтың сабаққа келмей жүргени де соннан. Степендия алса, постоянно Еркин тайын...

— Рас, муғаллим, рас!—Дәўлетов Отарбай сөйлеўге рухсат алмай-ақ орнынан турды.—Жатақханада жасаў да мүмкин болмай кетти. Күнде төбелес... Гилең «ақша бер, ақша бер!» деп турған атаманлар! Анаў күни Данияров Полатты себепсиз урып кеткен де солар...

— Айтпашақ Данияровтың ҳал-аўҳалынан хабар алып, кеўлин сорап қайтқанларыңыз болды ма?—Азамат әлле неден үмит еткендей үлкен исеним менен көз тикти.

Тилекке қарсы, усы ўақытқа дейин бирде-бири оның изинен бармаған екен. Ҳәммеси басларын төмен ийип, Азаматтан көзлерин алып қаша берди.

— Бул болмайды, балалар!—деди Азамат оларды онша уялта бермей-ақ қояйын деп ойлағанлықтан жумсағырақ сөйлеп.

— Бир группада оқып бир-биреўиңиздиң ҳал-аўҳалыңыздан хабардар болып турмасаңыз қалай болады?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кешнрерсиз, муғаллим, буған бизлер айыплымыз.—Муратбай көпшиликтиң жуўапкершилигин өз мойнына алып, әсте ғана орнынан турды.—Әўели, биз оны қорғап қала алмадық. Хулиганлар көзимизше урып кетти... Енди соннан уялып баралмай жүрмиз.

— Баражақпыз-аў, бирақ оны урған хулиганды тутқаннан кейин...—деп еситилер-еситилмес етип гүңкиледи усы ўақытлары әлле ким.

Бул Байлепес Баймуратов еди.

— Усласам, оңдырмайман!—деп жудырығын түйди дәслепки сөз баслаған Муратбай.

— Қалайынша услайжақсыз?!—Азамат ҳәм таңланды, ҳәм сүйсинди:

«Оҳо, булар жаман балалар емес қусаған ғой!»

— Дружинашылар отрядын дүзип атырмыз! Мен, Байлепес, Отарбай және басқа группалардан бир-еки бала аламыз. Енди бир командир керек... Муғаллим, сиз отряд командири боласыз ба?!

— Сизлер исенсеңиз, әлбетте!—Устаз бенен шәкирт әлле немирге дейин бир-биринен көз айырмай қарап турды. Олардың көзлеринде бир-бирине деген ҳүрмет, исеним, сүйсиниў излери меҳир болып парлап турар еди.

«Сизлер менен көп жақсы нәрселер ислеўге болады екен!—деп сүйсинер еди Азаматтың көзлери.—Сизлер растан да усындайсызлар ма?!»

«Рас, рас!»—деп исендирер еди Муратбайдың көзлери.—Бизлерге тек өзиңиздей искер, дурыс басшы керек еди...»

* * *

... — Саған исенди! Шын жүректен исенди!—Турғангүл жыйналыс тарқап, балалар дағысыўдан, Азаматтың қасына келип, қутлықлаў мәнисинде қолын қысып қойды.

— Оларға мен де исендим!—деди Азамат та мақтанышлы түрде.—Бул балалар менен еле көп жақсы нәрселер ислеўге болады екен.

— Мысалы, қандай?—Турғангүл Азаматқа таңлана қарады.

— Мысалы, ҳәўескерлер кружоги, диспутлар шөлкемлестирип дегендей...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әўели, жаңағы мәселелерди шешип алайық!?

— Тап ҳәзир ме!?

— «Тандырды қызғанда жап» дегенди билесең ғой...

— Онда Нурнияз, Жумабай, Сарыбай ағалар менен ойласып көрсек қәйтеди? Бирден директорға кирип барғанымыз уят болар?

— Мен де соны айтажақ едим. Жүр, әўели Рәметовқа ойласып көрейик. Ҳәм партком, ҳәм тәрбия ислери бойынша басшы—бул мәселени бир шешсе, сол шешеди.

Бахытқа бола, олардың үшеўи де бир жерде—Рәметовтың кабинетинде партия шөлкеминиң келеси мәжилисин өткериў ҳаққында өз-ара гүрриңлесип атыр екен.

— О, мине, ең жақын кеңесшилеримиз келди!—деп Рәметовтың оларға қуўана бир көз таслағаны болмаса гәп бурынғысынша қызыў даўам ете берди.

— Көптен берги училищеде жүз берип атырған қолайсыз жағдайларға усы жалған мағлыўматлардың себепши болып атырғаны рас,—деди ол ақырында сөзин жуўмақлап.—Бирақ буны жетерли фактлер менен дәлиллеп болмай турып, мәселени күн тәртибине қойыўға болмайды. Күн тәртибинде тек писип жетилискен мәселелер ғана турыўы тийис.

— Якшы, буны қояйық, мына жаслар не мәселе менен келипти?—соны тыңлайық! Хош, айналайынлар, аўхалларыңыз қалай? Қыйналып-дағы етип атырған жоқсызлар ма?—Жапбаров жаслардың көзинше писип жетилиспеген шийки мәселелерди қозғай бергиси келмеди ме, дәрҳал гәпти бөлди.

— Аўа, айналайынлар, не хызмет?—деди Нурнияз аға да күлимлеп.

— Жаңа жыйналыс өткерип едик...—деп гәпти шаққанлық етип Турғангүл баслады.—Улыўма, жақсы өтти. Жақсы баллар екен. Өзлериниң инициативасы менен жатақхана ҳәм оқыў корпусы территориясында тәртипти сақлаў ушын бес-алты бала составында дружинашылар отрядын дүзди. Басшысы—Азамат Таўмуратов.

— Әне, қосшым, бул басқа гәп—Ҳәмме сүйсинген түрде Азаматқа қарады.

— Бирақ,—деди Турғангүл олардың бул қуўанышлы кейпин бузып,—тәртип тек оқыўшылар тәрепинен емес, айырым муғаллим-мастер хызметкерлеримиз тәрепинен де бузылып атыр. Сол ушын мен анаў Еркин деген мастерди жумыстан шығарыўды талап етип келдим. Жатақ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ханаға бир нешше мәртебе арақ ишип келип, мениң намысыма тийетуғын гәплерди айтқаннан тысқары да, ол тәрбияшы деген атқа ылайық ис ислеп жүрген жоқ. Балларды қорқытып, степендиясын алады екен. Арақ әкелип бермесе, оқыўшыларға «езди» де еттирмейтуғын қусайды.

— Дурыс гәп,—деп мақуллады оны Нурнияз аға.— Мен де буны бир-еки баладан еситкен едим.

— Дәрҳал комсомол мәжилисин шақырың да, мәселесин қойың!—Рәметовтың бирден ашыўы келди.

— Пайдасы жоқ, секретарьға бир нешше ирет айтқанман. Келисим бермейди. «Мен Қулмуратовтан рухсатсыз ҳеш кимди комсомолдан шығара алмайман. Емдәридей онлаған комсомолым бар, оның да биреўин шығарсам қалай болады?» дейди.

— Взнос жыйнаўдан басқа ҳеш нәрсени билмесе, емдәридей комсомолы болмай не қылады? Мына келип атырған оқыўшыларды есапқа отырғызсын. Өтпегенлери болса, қабылласын!—деди Жапбаров мына гәплерге исенерин, я исенбесин билмегендей түр менен әжепленип.

— Әй, анаў бир Дәлибай деген геўдесин зорға алып жүретуғын жигит пе?—Рәметовтың да оның атын еситип әжийнеси тырыса кетти.—Үйжаңғырдың баласы, көзиңше «яқшы-яқшы» дейди де, өз билдигин ислеп кете береди... Комсомол деген партияның оң қолы болыўы керек еди, бала... Әй, сирә, аяғы жеңилирек басқа биреўин сайлап алармыз. Айтпашақ, жоқарғы комсомол шөлкемлериниң өзи бекитеди екен-аў... Турғангүлжанаў, рас жаңағыдайлар жүз берген болса, қалалық комсомол комитетине жолығып көрсең қәйтеди? Бизди мына бир мусаллаттан қутқарсын! Сөйтип, Еркин менен қоса оның да қоразын шақыртпасақ болмас, қалайда!

— Болады!—деп келисим берди Турғангүл.

— Яшыулкенлер, булардың бәри мениң арызым еди,—деп кеширим сорағандай мәниде гәпти даўам етти Азамат усы бир қолайлы пайыттан пайдаланып.—Гәпимизге қулақ қойып, кеўил бөлип атырғанларыңыз ушын рахмет.—Рухсат болса, және бир-еки аўыз өтинишим бар еди?

— Айт, айта бер, тартынба, қосшым!—деп жигерлендирди Жапбаров.

— Мүмкин болса, асханадан диеталық столлар шөл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кемлестирип берсеңлер? Группада гепатит пенен аўырған айырым балалар бар екен. Бәлким, бундай оқыўшылар ҳәр бир группада бир-екеў бар шығар?

— Яқшы, бул өтинишиң орынланады!—деди Жапбаров бул мәселениң өзине тийисли екенлигин дәрҳал сезип.—Бүгиннен баслап шефповорға диеталық аўқатларды қоса таярлаў ҳаққында тапсырма беремен. Ал және қандай усынысларың бар? Тартынба, иним, жүдә дурыс талаплар қойып атырсаң.

— Оннан соң, усындай наўқасланып жүрген оқыўшыларға каникул гезлеринде емленип қайтыў ушын путевкалар алып бериўге жәрдемлессеңлер?

— Ойымызға салғаның ушын рахмет, балам!—Нурнияз аға да бул усыныстың местком—өзине тийисли екенлигин сезип, Азаматқа жүдә кеўли толып қалды: «Инициативалы жас жигит қусайды. Мына қарындас екеўине жатақханада кешки кеўилли дем алыўды шөлкемлестириўди тапсырсам болады екен».

— Ал, балам, өзиңнен соранатуғын да бир өтиниш бар,—деди Нурнияз аға аздан соң сын нәзерде көзлерин тигип турып.—Жатақханадағы жағдайлардан азлы-көпли хабарың бар шығар? Дружинашылар отрядын дүзгениң де басқа емес. Бирақ оқыўшыны кеўилсизлик, иссизлик деген аўыр кеселликтен бир ғана дружинашылар отряды қутқара алмайды. Жастың тилин жас биледи. Коллектив киноға барыўлар ма, культпаход па, әдебий кешелер ме, әйтеўир екеўиңиз ойласып, усыған усаған бир нәрсе табыңлар! Расын айтқанда, бизлер оқыўшыларды дым зериктирип атырмыз. Қәне, олардың ўақтын хош етип, кеўилли дем алдырыўдың қандай жолы бар?—бир ойланып көриң!

— Өзлериниң арасынан «Жас талантлар» клубын дүзсек қалай болады?—Азамат бираз ойланып усы пикирин мақул көрди.—Сөйтип, ҳәр күни кеште жатақханада «Кеўилли кеше» деген ат пенен өнер жарысын өткерип турамыз. Ҳәўескерлер болса өзлериниң қосық, гүрриңлерин оқып берсин, артист-солистлери қосық айтып, рольлер атқарсын, аяқ ойыншылары ойын ойнасын, сазенде-гүйенделери саз шертсин... Сонда бирде бир бала тәртипсизлик етиўге ўақыт табалмаған болар еди.

Нурнияз ағаның көптен берли иске асыралмай жүр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ген ойы да усы еди. Бул Жапбаров пенен Рэметовқа да мақул тусти.

Азамат пенен Турғангул оларға рахмет айтып, қуўанышлы турде тысқа шықты. Бирақ олардың екеўи де бул бахтияр пайытларында бир-биринен бөлекленип, уйли-уйине дағысыўды ҳасла қәлемес еди. Сонлықтан да кабинеттен шығыў бойына, бир-бирине қарсы қарасып лаппа тоқтады. Кулимлеген бахтияр көзлердиң бәринде бир сораў: «Қайда барамыз?»

«Бердақ»қа, «Бахыт гузары»на!—деп шадлы даўыслады сол заматта-ақ қос журек бирден.

Аздан соң екеўи де бир соқпаққа тусип, алдыда көл-көсир созылып атырған кең гузарға қарай журип кетти...

## XII

Азамат пенен Турғангулдиң ўақты-хошлығы узаққа созылмады.

— Қосшым, балларыңды қашан жыйнап боласаң!—деп тергестире баслады жыйналыстың ертеңине-ақ Кулмуратов Азаматты кабинетине шақырып алып.—«Ананы ислейик, мынаны ислейик» деп жыйналыс ашып, адамларға талап қойыўды билесең. Өзиңниң иcлеп атырған ҳеш нәрсең жоқ. Мен сенин «жөнлеймен» дегениңе исенип мастерликти берип журмен-аў! Усы ўақытқа дейин бир де оқыўшы әкеле алмадың... Жети адамнан группа болды ма?!

Мына гәплер Азаматтың жети жуйресинен өтип кетседе, шайтанға ҳай берип өзин иркиўге туўра келди. Көз алартқаннан не пайда?! Айтажақ болып оқталған сөзлерин қардай боратайын десе, қуры шаўқым қызыл гәп болып шығажақ. «Дәлил болар еди» деп умит артып отырған Алпысбай да еле келмей атыр... Сонлықтан да «ундегеннен ундемегеним артық шығар» деп туйди өзинше

Бирақ кабинеттен шыққаннан кейин де Азаматтың ашыўы тарқай коймады. «Ҳаў бала, келемен деп еди ғой!—деп Алпысбайды қайта-қайта ядына тусире берди тап бир оны усы ўақыяның себепшисиндей сезип.—Неге кешигип атыр? Үй ишинде бир гәп болып қалмады ма екен?»

Кейинги «бир гәп болып қалды ма екен?» деген ойы



www.ziyouz.com kutubxonasi

оны әлле неден қәўетерлендирип. Қулмуратовка деген нарыйзашылығын да умыттырып жиберди. «Қой, өзим барып хабар алып қайтпасам болмас!—деген жедел шешимге келди ақырында.—Бир ғана Атамуратов группаны толықтыра алмас-тә, бирақ неге толмай атырған себебин дәлиллеп берип жүрер. Усыны бир дәллилесем...»

* * *

«Из кесиў» жумыслары барлық район территорияларына бойынша жедел жүрип атырса да, бир нешше күннен берли жынаятшылардан дерек болмай қойды. Нөкис қаласы бойынша из кесиўге шыққан группа да ҳеш қандай жаналықсыз қуры алақан қайтып келе берди.

— Жынаятшылардың изин алыстан табыў қыйын. Биринши из бәрҳама жынаят жүз берген территорияға жақын жерлерде қалады. Әй, оңлап қарамағансыз!—деди милиция начальниги из кесиўшилердиң соңғы ирет те бос келиўлеринен қатты нарыйза болып.—Қәне, Назаров, Нөкис жақты шарлаўды өзиң басшылыққа ал! Мениң ойлаўымша, машина бир жерде жатқан болыўы керек. Оны ҳеш жерге сыйдыра алмайды, ақыры. Жол бойларын муқыят қараң!

Милиция начальнигиниң бул гәплери Жалғасбайға бираз тәсир етейин деди. Бурынлары жолға шықса, асығып-үсигип жүретуғын ол бул сапары аспай-саспай ис жүргизип, еки көзи жолда болып киятыр. Гүман туўғандай жерлердиң тусына келсе, азмаз иркилип ояқ-буяққа көз жуўыртып та алады.

Усылайынша жол бойындағы қыйт еткен қыймылды көзден таса қылмай киятырған Жалғасбайдың нәзери қәпелимде асфальттың айланбасындағы қойнаўытта қараўытқан бир нәрсеге түсип кетти.

— Анаў биреў адам ба?—Жалғасбай машинаны лаппа тоқтатып, группа ағзаларына «не қылайық» деген түр менен бир қарап қойды.

— Машина қусайды... жанында адамы да бардай... Жүриңлер, барып көрейик!

Олар көзди ашып жумғанша машинадан саў етип түсти де, барынша ықтыятлық пенен қойнаўытқа қарай қәдем ура баслады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Азамат Алпысбайды жездесиниң үйинен ушырата алмады.

— Районға, үйине кетти!—деди бул сапары да оны илгериде көрген таныс келиншек босағада шәлтийип турып қарсы алып.

Гәптиң питкен жери еди.

— Қашан келеди?—Азаматтың не де болса бир-еки ауыз сөйлесип кеткиси келди.

— Билмедим. Еки-үш күннен келип қалар.

Азамат ойланып гидирип қалды: «Мына келиншектен оның районадағы үй адресин сорап кетсем бе екен? Енди үш күн түўе, бир күн де күтиў мүмкин емес!» Келиншек Азаматтың бул сораўына да жөнли жуўап бермеди.

— Қайсы район болатуғын еди!—деп гүрк етти жақтырмаған сыңай менен.—Мына ийектиң астына тийип турған совхоз-дә! Туппа-туўры аяғыңның астындағы жол менен бара бересең... ССПТУ ға аласыз ба, академияда оқытасыз ба?—барың, со ағамның өзи менен сөйлесиң! Тап бир мениң баламдай қайта-қайта келе бересиз...

«Яқшы, шешинген суўдан тайынбас» деген. Түбинде усы баланы ССПТУ ға алып келемен!»—ишинен келиншекке өшегискен Азамат ғырра кейнине бурылды да, туппа-туўры район жолына түсип алды: «Бүгинги исти ертеңге қоймайын. Мынаў турған жер, барамаң да қайтаман...»

Азамат усындай ойлар менен асфальт жолдың районға қарай бурылатуғын айланбасына хәп заматта жетип келди.

* * *

...— Хаў! Азамат Таўмуратович, сен бул жерде не қылып жүрсең?!

Азамат селк ете түсти. Капталындағы еки милицияға көзи түскенде, әбден хаўлығып кетти: «Қула дүз қула майданда бул не қылған милициялар?! Шамасы, бул жерде қандайда бир жынаят жүз берген-аў! Бәлким, авария болған шығар?»

Аздан соң Назаровты танып, азмаз өзине келгендей болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Халық дружинасының жүрмейтуғын жери бар ма?!—Қорқып кеткенлигин билдирмеў ушын күлешырайланып ҳәзил айтқан болып еди, онысы да келиспей, әлле неден ақланғысы келген адамның гәпине усап кетти.

— Сонда да?—Назаров та гүмансыраған түр менен оған тигилди.

Азамат жуўап орнына қойнаўытта қапылары аңсақсаңсақ болып ашылып атырған «Жигули» ди корсетти:

— Мынаны көрип иркилип едим...

«Из кесиўшилер» ықтыятлылық пенен машинаға жақынлап, оны бирме-бир көзден өткере баслады. Машинаның сынған-дағы еткен жери жоқ, саппа-саў! Аўдарылмаған да! Бир жеринен илик тапса керек, ходланбаған соң таслап кетипти.

— Жигитлер, мынаң қараңлар, мына бир қағаз шықты!—деп сам-саз болып турған ҳәммениң дыққатын бирден бөлип жиберди машинаның бордачокин тинткилеп көрип атырған Жалғасбай.

— Кәне, қандай қағаз?!—Ҳәмме жабырласып Жалғасбайдың қолына үңилди.

Қағаз еки ели шақмақ дәптердиң бетине қара кәлем менен ҳәр бир ҳәрибин 1 класстың баласының жазғанындай—баданадай бадырайтып, шыжбайлап жазған иширтки екен.

«Айзада!—деп жазылыпты онда.—5000 манат ақша берип жибер. Буны ҳеш ким билмей-ақ қойсын. Аллашбайдан берип жибересең. Күнсулыў».

Группа ағзалары шийелениске сабақтың ушлығын тапқандай бир-бирине мәнили көз таслады.

— Керек тастың аўыры жоқ. Протоколға қосып тигиңлер!—деп буйырды Жалғасбай да өзинше бир нәрселерди ойластырып.—Машина Күнсулыўдың машинасы. Мине, мына қағазда оның аты жазылған. Бәлким, жынаят та усы қағазға байланыслы ашылып қалар?

* * *

Назаровтың тасланды «Жигули» ден тапқан саўғасын көрип шығып, пикирин тыңлап көрген милиция начальниги сол күни жерден жети қоян тапқандай қуўанып кетти.

— Мынадағы Аллашбай деген ким, Айзада деген



www.ziyouz.com kutubxonasi

ким? Усыны өлген Күнсулыўдың үйине барып дәрҳал анықлаң!—деп буйрық берди бул операцияда қатаң ықтыятлық керек екенлиги ҳаққында мәсләҳәт берип атырып.—Байынан, ямаса қоңсыларынан анықлайсыз.

Завмаг кишкене бойлы, жасы недәўирлерге барып қалған киси екен.

— Аллашбай деген мениң бурынғы шоферым. Айзада деген бизиң РайПОның дүканшысы,—деп әлле неге күйип-пискен болды ол.—Оған сонша айттым, «усы Айзада менен байланыспа» деп. Ол бир жети журтты қуртқан саўдагер қатын... Саўдагершилик етпесе басбасына машын мине ме? Күйеўинде де, қәйинлеринде де машын бар. Күйеўи жылма-жыл Ресейге барып-келип турғаны. Машина әкелип сатады ол, оңбаған! Усы ҳаялдан келген бәле болса да меннен көрме?

Мәселе кем-кем усылайынша рәўшан болып бара берди. Бирақ Айзада қасқалдақтай суў шашпайтуғын келиншек екен. Тегинликте сыр бермеди.

— Қамалсын!—деп буйрық берди көзабаға начальник.

— Не ушын қамайсыз? Жазығым не?—Келиншек көкбетленип шыр-пыр болып атыр. Өзи бетсиз де екен, аўзы толы алтын тислерин көрсетип, ҳәр бир ыржыяды...

Оның жолкерлигине кеўил бөлген ҳеш ким болған жоқ. Бир күн иркиўханаға отырғызып, келеси күни:

— Сиз, Айзада, болған ҳәдийсени болғандай етип айтып бериўиңиз керек. Жасырғаныңыз ушын жуўапкершилик күшли болады!—деп және саўалға тутты·—Анығын айтсаңыз, қутыласыз. Сиз 5 мың манатты берип жиберген күни Күнсулыўдың үйине уры түскен. Соған қарағанда, сиз тәрепинен гүман бар? Анығын айтың, ақшаны кимнен берип жибердиңиз?

Бул ирет келиншектиң таўы бираз шағылып қалған еди.

— Расын айтсам, ақшаны иним Алпысбайдан берип жиберип едим,—деди ерни салпаўсып кеткен келиншек көп саўал бериўлерден кейин.

— Неге дәслептен-ақ усыны айтпадыңыз?

— Инимди жуўапқа тартып жүреме деп қорықтым...

— Және, және неден қорықтыңыз? Күнсулыў сизден ақшаны шофер баладан берип жибериўди сорап еди ғой? Неге оннан берип жибермедиңиз? Ол ким өзи?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сол ўақытта тайын ақша болған жоқ. Ол складта ислейтуғын бир шофер балаға өз машинасын айдатып жиберген екен. Мен оннан гөре, иним исенимлирек болар дедим.

Келиншек усылайынша жүдә ақыллылық пенен жуўап қайтарса да, сол ўақытта тайын ақшаны неге шофер баладан берип жибергиси келмегенине өзи де түсинбей турғандай еди.

Тилекке қарсы, складтағы шофер баладан ҳеш нәтийже шықпады. Ол ақша сорап барып, алмай қайтқанын да, берип жиберген записканы Айзаданың алмай қалғанын да, оны өзиниң умытып, бордачокқа таслап кеткенин де—бәрин, барлығын мойынлады. Бирақ, буннан басқа ҳеш нәрсе билмейди екен. Мәселениң түйинин барып Айзаданың иниси Алпысбайға келип түйинле берди.

— Усы баладан бир нәтийже шыға қояр ма екен? —деп бас қатырды қәнигелер.

— Жынаяттың қулпы бир ашылса, усы баланың әтирапынан ашылады!—деп сөзинде турып алды милиция начальниги.

Жалғасбайдың да ойы усы еди.

## XIII

Азаматтың бир еки күннен берли отырып парасаты болмай кетти. Мудамы асығыс. Сабақтан қолы босаўдан, әлле қайда зыңғып баратырғаны. Бир заматта жатаққанадан шықса, бир заматта қандай да бир оқыўшының үйине барып, ата-анасы менен әлле нелер үстинде гүрриңлесип отырады.

Деген менен, Азаматтың кеўли қарар табатуғын түри жоқ. Өзинше, иси сөзине сай келмей атырған сыяқлы. Анаў күнги жыйналыстан берли ҳеш нәрсе ислеп үлгермепти! Дружинашылар отрядының дүзилип, асханаға диеталық столлардың қойылғаны болмаса, елеўли ҳеш өзгерис болмай атыр. Ал ислenбей атырған жумыслар болса санап таўысыўсыз. Айназаровтың үйине де баралмады. Келемен деген Алпысбай да келмей атыр... Қыялындағының бәри бола берсе, еле кетип қалған мастерди де таўып алып сөйлесиўи керек еди. Нурнияз ағаның айтыўынша, ол мастерден көп нәрсени анықлаўға болады. Ол жумыстан шығарда,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қулмуратов пенен қандайда бир баллар үстинде нег…дур тартысып қалған қусайды. Бирақ бала Қулмуратовтың айтқанларына келисим бермепти. Қулмуратов абай-сиясат етип қорқытпақшы болған екен, «керегиң жумысың ба?» деп қолды бир силтеп, кетип қалыпты. Болмаса местком председатели Нурнияз аға оны жумыстан шығарыў ҳаққындағы пикирди ҳеш қашан да қыялына келтирмеген. Ҳеш қандай приказсыз-ақ мастердиң өзи әлле неге өкпелеп, «ислемеймен» деп кеткен де қалған...

Азаматты таң қалдыратуғыны—оның Қулмуратов пенен не мәселе үстинде тарысып қалғаны. Баллардың «мастеримиз жақсы еди» деўине қарағанда, ол Қулмуратов пенен әлле не үстинде шыннан да маўасаға келе алмаған. Бәлким, «өли жан» лар үстинде шығар? Бул аты бар да заты жоқ оқыўшылар ҳақыйқаттан да кимлер өзи? Бәлким, бул сырды кеткен мастер қалайда билетуғын болар? ,

Азамат усыны анықлай қояйын десе, басында мың-сан-еки жумыс. Өткен жыйналыс гезинде Дәўенова Дәмегүлдиң неге дым үндемей кеўилсиз отырғаны ҳаққында да тынымсыз толғана береди... Бүгин де қарап отырған жоқ. Емлеўханаға барып, Дәнияров Полаттың жағдайын билип қайтты. Баланың бетиндеги исиклери қайтып, көзиндеги көклери де жоғалайын депти.

— Муғаллим, сизге көп-көп рахмет!—деп Азаматтың келгенине төбеси көкке жетип қуўанып қалды.—Дружинашылар отрядын дүзгениңиз жүдә жақсы болған екен. Бир-еки күннен шықсам, отрядқа мен де қосыламан. Таяқ жемейтуғын едим-аў, тек абайсызда уйықлап жатқан жеримде үш-төртеў болып басып кирип, урып кетти-дә!..

Азаматтың бул гәплерди еситип қайтқанына да, мине, он-он бес минут бола қойған жоқ. Енди бир саат-ярым саат дем алып, азмаздан соң Айназаровты излеп кетпекши. Бүгинги «сабақтан тыс жумыслар» графигиндеги орынланбай қалып турған жумыслардың бири усы. Ўақыт та недәўирлерге барып қалған сыяқлы. Иләж не, түн иши болса да барып қайтады. Ертеңге қалса кетип қалған мастер—Жуманияз Генжемуратовты таўып алыўы тийис. Алпысбайды болса және бир-еки күн күте турады. Онда да келмесе, және хабар алатуғыны турған гәп гой.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гейде үйдеги саўдаңы базардағы нырқ бузатуғын әдети ғой. Азамат гезектеги сапарға кетип үлгермей атырып-ақ үйге Байлепес Баймуратов ҳаплығып кирип келди. Гәпиниң рәмәўзине қарағанда, хулиганлар биреўди өлимши етип урып атырған ўақытта, дружинашылар үстинен шығып қалыпты. Бирақ хулиганлар туттырмай, тым-тырақай қашып кетипти. Жапакешти жатақтаханаға әкелип даладай қан-қан болып қалған бет-аўызларын жуўыстырып, жақтыға шығарып қараса өзлериниң группасындағы Айназаров екен... Бирақ Айназаров буларды таныйтуғын ҳалда емес қусайды. Соған Турғангүл Қаллиевна Азаматты «тез жетсин» деп шақыртып жеберипти.

Азаматқа қалған гәптиң бәри түсиникли болды. Сонлықтан да иле-шала кийинди де Байлепеске «басла» дегендей белги берип, атылып үйден шықты.

Бахытқа бола, олар жатақханаға жетип келгенде, Айназаров бир қанша өзине келейин деген еди.

— Сизлер кимлерсиз?—деди ол сонда да бираз ўақытқа дейин дөгерегиндеги қызыл повязка байлаған баллардың ким екенлигин танымай.

Азамат пенен Турғангүл баллардың өзлери сөйлессин деп олардың гәпине мәлел бермеди.

— Бизлер дружинашылармыз!—деп усыны түсингендей оның менен сөйлесиўди Бектурсыновтың өзи қолға алды.

— Муратсаң ғой!—Турсынбай бираз ойланып турып, қыйыншылық пенен оны зорға таныды.—Жаңағылардан мени арашалап алған сизлер ме?

— Аўа, бизлер!

— Ҳаў, Отарбай, сизлер де усы жердесиз бе?

— Аўа, бизлер де дружинашылармыз ғой. Олар кимлер өзи, Турсынбай? Сени неге урып атыр еди?

— Тек биреўин таныйман. Қалғанларын еслей алмай қалдым...

— Биреўи ким өзи?

— Әй, анаў бир «езди» де машина айдатып үйрететуғын инструктор-ше?

— Еркин бе?!

— Оған не қылып един сен?!—Азамат та, Турғангүл де жабырласа гәпке араласты.

— Ҳеш зат қылғаным жоқ. «Директорларға неге



www.ziyouz.com kutubxonasi

айтасаң? Сен ушын мени жумыстан шығарып жиберди» дейди...

— Растан да айтып па едиң?—Муратбай оған таңлана қарады.

— Жоқ, айтқаным жоқ. Тек Қулмуратовқа айтып едим...

— Әне, сизлердиң усы айтпайтуғын жериңиз жаман!—деди Азамат оқыўшыларға негедур аяныўшылы көз таслап.. —Ўақтында айтпаған соң, қылмыс бүркеле береди. Қылмыс бүркелген сайын, улғайғыш келеди. Ақыбети, мине, усындай қолайсыз жағдайларга алып барады... Ҳәр нәрсени ўақтында айтыў керек!

— Енди биз оны аяп қоймаймыз!—Турғангүл дружинашылардың рухын көтериў ушын Азаматтың гәпин азы-кем жумсартыңқырап қойды. — Бүгин жумыстан шығарсақ, ертең жуўапқа тарттырамыз!

— Тарттырылсын!—Дружинашылар ҳәммеси бирден гүў ете қалды.

— Демек, баслы айыпкер усланды деген сөз! Ертең Полатбайдан хабар алсақ болады.—Көпшиликтиң гүўилдисин Муратбайдың қуўаныш толы, салдамлы, ири даўысы бөлди.— Енди ол бизге сөзсиз рийза болады.

Енди бул жерде Азамат пенен Турғангүлдиң турыўының зәрүрлиги қалмаған еди. Екеўи де буны үнсиз түсинисти. Түсинисти де, әлле қандай әҳмийетли гәп айтысқылары келгендей эсте-ақырын нәўбетшилер бөлмесине қарай жылыса баслады.

* * *

...Екеўи узақ ўақыт үнсиз отырысты.

— Алпысбайды не қылсам екен?—деп гәп баслады ақырында Азамат тыныш отыра бериўге тақаты жетпей.—Кешегиде «Жигули» диң табылыўына гүўа боламан деп, баратырған жолымнан да қалып қойдым.

— Қаяққа баратыр едиң? Ол не қылған «Жигули»?! —Турғангүлдиң үсти-үстине берилген бул сораўларында ҳақыйқат таңланыўшылық та, «өз бетиңше ойласпай не ислеп жүрсең»? деген уғымларды аңлататуғын өкпе-гийне излери де бар еди.

— Асығыс болдым. Саған айта алмадым. Бир-еки күнликте.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алпысбайдың райондағы үйинен хабар алып қайтпақшы болып жолға шығып едим... —Азамат көрген-билгенлериниң усақ-түсегине дейин қалдырмай айтып берди.

—«Жигули» кимдики екен?..—Әлле неден сезикленип қәўетер алғандай Турғангүлдиң даўысы қалтырацқырап шықты.

— Мен оны бир жерде көргендеймен. Умытпасам, Алпысбайдың жездесиниң үйинде көрген болыўым керек. Номери де, қара көкшил түси де сол «Жигули»ге усайды...

— Сонда Алпысбайдың жездесиники болганы ма?!

— Олай дейин десем, Назаровтың бордачоктан тапқан қағазларында Аллашбай деген биреўдиң аты жазылған. Алпысбайдың жездесиниң исми болса Жамал. Оның үстине, Алпысбайдың сарғышлаў бир машинаны айдап жүргенин көрип едим. Бирақ «Жигули»диң Алпысбайдың аўылына баратуғын жолда қалып қойыўына қарағанда... Сорлы балаға бир нәрсе тап болмаса болғаны ғой?.. Әй, яғ-ә, олай бола қойғанда, өзи бир жерден шығыўы керек емес пе еди?!

— Растан да сен сол «Жигули» ди Алпысбайдың үйинде көрдиң бе?!—Турғангүлди де «Алпысбайға бир нәрсе болып қалмаса болар еди»! деген қәўетерли қыял бийлеп алды.

— Аўа, илгери бир барғанымда, әжапасы дәрўазаның алдында биреўди шығарып салып турғанында көрген едим. Хәтте, рульде отырған жигитке Аллашбай деп бир немелерди айтып та атыр еди. Шоферының аты да, машинасы да сол сапары көрип—еситкенлериме сәйкес келеди.

— Сен буны милицияларға қулақ-қағыс еттиң бе? .

— Аўа, тек Назаровқа ғана айттым.

— Назаров Алпысбайды танымайтуғын шығар?

— Таныса керек. Алпысбайды соннан сорап билгеним мақул болар. Әжапасы «еки-үш күннен келип қалар» деп еди, яки үйине тағы барсам ба екен?

— Рас, усындай гүманлы жағдайлар жүз берип атырған болса, барыў керек! Бәлким, ағайин-туўғанларының биреўи...

— Олай деўге машинаның сынған-дағы еткен жери жоқ. Авария да болмаған. Майы таўсылып қалған ба, қойнаўытлаў жерге таслаған да кеткен. Бирақ мили-



www.ziyouz.com kutubxonasi

циялардың «жынаят та усы қағазға байланыслы ашылып қалар» дегенине қарағанда, қәйткенде де, бир қолайсыз жағдай жүз берген. Яки баяғы кассир апайдың өлимине байланыслы жынаятты излестирип жүргенлер ме екен? Айтпақшы, Күнсулыў апаның да усындай «Жигули»йи бар емес пе еди! Күйеўиниң аты Аллашбай деген бе?

— Яқ, Сәлимбай деген еди. Бирақ, бул, қәйткенде де, Алпысбайға байланыслы «Жигули» ме деймен. Оннан хабар ал, Азамат!

* * *

Азамат пенен Турғангүл усындай ойлар менен тәшўишленип атырған бул ўақытлары, Алпысбай аэропортта, Камалдың Москвадан келиўин күтип тур еди. Бирақ өзине бир нәрсе болып қалады екен деп усы турғанында оның өзи де қыялына келтирген жоқ...

Ол қасына Еркин деген Камалдың жораларының бири келген ўақытта да ҳеш нәрседен сезикленбеген еди. Тилекке қарсы, Камал да өзи хабарлаған рейсте болмай шықты.

— Оны күтпей-ақ қой. Камал ертең келетуғын болды,—деди Алпысбайдың кимди күтип турғанын айтпай ақ сезген Еркин.

— Жаңа биреўден айтып жиберген екен... Жүр, кеттик, мени үйге апарып сал!?

Алпысбай оны танийтуғын болғанлықтан қорықпай-үрикпей гөне чайхана беттеги үйине дейин алып келди.

Үйинде шашлары оғадайсыз өсип кеткен, сақалы да әжептәўир, бес-алты қолайсыз жигитлер бөлмениң ишин қара түтин етип, соқта ойнап отыр екен. Дәстурханның дөгереклери сықырлаған арақ шийшелер...

— О гость пришел!—деп олардың ишинде Жака деген көзлери қып—қызыл, бет—аўзының бир—еки жеринде таңбадай қара тыртығы бар, түр-түси қорқынышлы, ири қара жигит оған да арақ қуйып бере баслады.

— Рульдемен, ишпеймен!—деп аңсат қутылатуғын сылтаў да айтып көрип атыр.

— И так лучше! Бизиң шофер боласаң! Иш!—деп даўысын тарғыллатып, көзлерин алартады оннан сайын ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ишпесине болмады.

— О молодец!—деп қойды Жака шақалып, буўлығып атырған оның арқасынан қағып. — Бүгин—ертең ҳеш қайда да тапжылмайсаң! Ҳәзир таслақ бетке апарып қайт!

Алпысбай қарсылық ете алмады. Бир нәрсе деп сылтаў айта қояйын десе, пыққ еттирип ишине тығып алатуғындай...

## XIV

Азамат ертеңине де Алпысбайдан хабар алалмады. Құлмуратов «бала тап»! деп бақырғаны менен, иләжы боғаныныша Азаматқа оқыўшы әкелдирежақ емес. Егер, усыннан айтқаны болып кетип, Азамат группаны толтырып таслай қойса... Сонлықтан да Құлмуратов бир-еки күннен берли оны жумыс басты етип, узын арқан кең тусаў менен тапжылтпай байлап қойыўдың жолына өтти. Өзиниң ең бир исенимли қол шоқмары Дәлибай Асановтың таптырмайтуғын жаңалықларына қарағанда, Азамат 7—8-саатларды өтиўге дурыслы имканият алалмай атырған қусайды. Бир неше мәртебе срыв жасапты. Срыв болмапты-дә, Дәлибай ақыллылық етип, Азаматтың сабағы өтилетуғын ўақытта, өз группасының оқыўшыларын «бүгин сабақ болмайды» деп қайтарып жибере берипти. Сөйтип, не қыларын билмей турған Азаматқа:

— Әй қосшым, басың искен бала екенсең,—деп ақыл бере баслапты. — Пәрўа қылмай жүре бер—дә! Ҳүкиметтиң жумысы усылайынша ырыл-тырыл бара береди. Баслысы—басшылар менен ислесип билиў керек. Олар бақырады ҳәм, шақырады ҳәм ақыры ийттен гөр болып өзлери-ақ қояды. Тек бақырған ўақытлары жүзине тик қарамай, ләббәй, тақсыр, ендиги ирет олай етпеймиз, деп қалсаң болды. Оннан соң, бәрибир, өз билдигиңди ислейсең ғой. Өзи кәлемеген баланың мойнына арқан салып қойып оқытасаң ба?

Директордың өзи ҳәм минези шеплеў адам, сәл нәрсеге шырт-шырт етип жанып-күйип жүргени. Бир нәрсе болса, «кет ҳә-кет, шық-ҳә-шық!» Өйте берсе адам тура ма? Басшы деп әне, Құлмуратовты айт! Аспайды, саспайды, дәрьядай бир кең адам. Адамға пәрмана дос, ғамхорын қәйтерсең! Еле көрерсең, келе-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шекте сол директор болады! Басқарма беттеги абыройы да шеп емес қусайды.

Қәнекей, енди Дәлибайдың айтқаны келип директор болып кете қойса! «Асықпаған арбалы қоянға да жетеди» дейди ғой. Усы барысы менен әсте-әсте бара берсе.... Бирақ асығыў да керек-аў! Ең алды менен, мына уйпа бастың силесин қатырып алса бәри питип тур ғой. Кейнинен Турғангүл де бир өзине қалмай ма?

«Буның жолы аңсат,—деп қояды Қулмуратов өзинше.— Мына Дәлибайдың жеткерип турған хабарлары тапжылтпайтуғын факт ғой. Енди және бир қыйт еткен кемшилигин тапсам, бәри тамам, ўассалам! Соннан соң «7—8 сабақларды жөнли өтпей атыр, характери де болмайды екен, мына баланы шығарың» деп директорға тиккелей мәселе қоя беремен...»

Қулмуратов бир-еки күннен берли бул кемшиликтен де намыўнышан сезгендей болып жүр. Ойлап қарасаң, ҳәмменин, ҳәттеки, ата-анасының да «желаяқ» деп арыз етип жүрген қызы—Дәмегүл Азаматтың группасында екен. Биришиден, бул ол группада тәрбия ислери төмен жүргизилип атыр деген сөз. Бул, демек, Рәметовқа да тийетуғын таяқ емес пе? Қәнекей, ең болмағанда, усының орнын ийелеп алса!? Бәринен бетер, Азаматты жипсиз байлап, алғанын айтса! Өзи үйленбеген жас жигит... Тәртипсиз «желаяқ» қыз соның группасынан шығып отыр... «Усы көз-қыспасы болса да меннен көрме! Кеше сабақтан соң да екеўи ыржаңласып отыр екен... Ансамбльди бәнелеп, қызларды оңашаға алып қалып жүрген болмасын?... Әсте тыңтыңлап көре берейин. Қыйт еткен кемшилиги болса, ҳасасын қолына услатып, айдап салып қутылмасақ болмас бул оңбағаннан. Анаў жансыздай «не» тексерип жүриси... Аяғымызды қыя басалмай өлдик ғой буннан!

Азамат Қулмуратовтың бундай нийетин бар екенин билген жоқ.Екинши жағынан, адамлардың Дәмегүлди «желаяқ» қыз деп айтысып жүргенине исенгиси келмеди. Неде болса оның өзи менен сөйлесип көргиси келди.

* * *

Жақаның «ҳәзир таслаққа апарып қайты» узақ күнге созылып кетти. Машина миналмай-ақ жүр екен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

тап бир меншигиндегидей сирә жаздырар емес. Кешеден берли апармаған жери жоқ. Түстен кейинге таман енди рухсат берер деп жыламсырап жағдай айтып еди, қайтама ҳәкисине кетип: —Тири жүргенинди де көп көрип турсаң ба? Дабай мыр демей, гөне қалаға айда! —деп буйырды.

Таксопарккке жақынлаўдан:

— Тормоз!—деп бақырды. Алпысбай қорыққанынан «шүйк» еттирип тормоз урды.

— Ҳәзир келемен!—деп Жақа таксопарктиң ишине жуўырып кетти. «Қашып кетсем бе?» деген ой келди Алпысбайға.

Алпысбай усылайынша екиленип турғанында, бир-еки таксисти ертип, машинаға Жақаның өзи кирип келди. Қойынларында арақлары бар екен. Урман-пурман тост айтысып, қағып таслады. Ертип келген жораларының түр-түси әжептәуир... Бир-бирине алып-топылып, сәдде-сәдде қылып сөйлейди. Еситип отырып Алпысбайдың қуйқасы жуўлап кетти, турпайы, бир түрли қорқынышлы сөзлер... Бирақ бәриниң айтатуғыны бир гәп, бир тост:

— Өз-ара сырды услай алмасақ, басымызды айбалта кессин!

Ара-тура «Камалдың тапсырмасы солай! Ҳәзирше мына мен, Жақаға бағынасызлар!» деп те қояды.

— Исенимли ме?—деп биреўлери Алпысбайды да нусқап көрсетеди.

— Әй, это ерунда!—деп мырс-мырс күлди Жақа. —С одним пальцем...

«Алпысбайдың «ол не сыр екен?» «Бизиң Камал емес пе?» деп басы қатып отырған ўақытта, таксистлер орынларынан өрре-өрре турысып, оған айдаўға буйрық берилди:

— Байтерекке!

Бул жерге келгенде, Жақа машинаны бир елеспесиз жайдың жанында тоқтатты да:

— Мынаў бизиң қатынның үйи, соны алып кетейик! —деди.

Енди Алпысбай мың қыңырлық етсе де, оның айтқанынан шыға алмайтуғынын билди де, бағана қашып кетпегенине өкинип машинада мыңқ етпей отыра берди. Жақа ишке жуўырып кирди де, көп узамай бала



www.ziyouz.com kutubxonasi

көтерген бир ҳаялды ертип шықты. Ҳаял онша семиз емес, арық деп арық та емес, узын бойлы (қарасаң, бойының өзи сулыў), дөп-дөңгелек көзлери күлимлеп турғандай, қал, жыйрық дегеннен гинарат жоқ, бетлери теп-тегис, жуўас ғана мүлайым келиншек екен. Алпысбайдың дым ҳәўеси кетти. «Усындай бир қызға ашық болсам екен» деп ишинен сүйсинип те қояды. Бир жағынан, оны аяды да... Неликтен де оны мына дәўқараға минәсип еместей сезе берди.

— Ал енди бизлерди ботсаддағы таза поселкаға апарасаң!—Жака тап әкесиниң машинасындай «жалп» етип отырып, шалқайып таслап жатып алды.

* * *

Сол күни олар соңғы сабақтан кейин узақ отырып қалды. Анығырағы, саз әсбапларын көзден өткерип, ырғаққа ийкемлестирип, тарларын дүзеп қойып отырған Азаматтың жанында қыздың өзи иркилди. Азамат дәслеп сер салмаған киси усап, өзинше гитарада бир намаға қосып қосық та айтты.

— Жақсы шертеди екенсиз!—деди қыз қосық тамам болғаннан кейин, ойнап жибергиси келип турғандай тербетилип турып.

— Бирақ сизиң даўысыңыз гитарадан гөри рубабқа бейимирек даўыс екен. Бәлким, рубабта жақсы ойнарсыз?

Азамат ҳайран қалды: «Жоқ, жоқ, мынаў ондай қыз болмаўы керек! Қәне, рубабта да бир нама шертип көрейин!».

— Айттым ғой, сиз шебер рубабшы екенсиз!—деди қыз өз пикириниң туўры шыққанына ҳәдден тыс қуўанып. Соның арасынша басында бир жақсы пикир жылт етти де, соны жеткергенше асығып, топа-торыстан:

— Муғаллим, рубабшылар ансамблин дүзейик!—деп салды.

Азаматтың енди қызға ҳайран қалыўына, екиленип қараўына дым да тийкар жоқ еди. Сонда да сөйлесип көргиси келе берди.

— Қыйын болмас па екен?—Оқыўшылардың арасында рубаб шертип билетуғынлар аз шығар?—деди сонлықтан Азамат оны гәпке тартыў мақсетинде, өзиниң



www.ziyouz.com kutubxonasi

де ансамбль дузиў ойы бар екенлигин бирден жайып салмай.

— Жоқ, дым қыйыны жоқ!—деди қыз өршелене өз пикирин өткериўге умтылып.—Мысалы сиз жақсы ойнап билесиз. Мен де азмаз шерте аламан. Мендей оқыўшылар ҳәр группадан кеминде бир-екеўден табылады. Қызықса, ҳәмме үйренеди!

«Қызықса, ҳәмме үйренеди!»—Азамат ойланып қалды.

— Буларға бала деп қараўға болмайды екен. Өзиң менен теңдей көрип, үлкенлер менен қандай қатнаста болсаң, сондай мәмледе болыўың керек қусайды».

— Рахмет, Дәмегүл!—деди Азамат усы сүйиниш сезимин жасыра алмай.—Сенде үлкен жигер бар екен! Егер, сендей қыз-жигитлер училищеден көплеп табылатуғын болса, бул сөз жоқ орынланатуғын ис.

— Айтпашақ,—деди Азамат усыннан кейин азмаз ойланып отырып,—сени көбирек «кеште кеш келеди» деп еситемен? Апаң бир-еки ирет үстиңнен шағым етип келди. Жақсы қызлар ата-анасының, әсиресе, анасының айтқанын тыңлайды. Биймезгил көп жүре бериўге бола ма?

Әне, тәжирийбесизлик деген! Қас қояман деп көз шығарып алды.

— Ол мениң апам емес!—Дәмегүл кәпелимде буўлықты.

— Ол, ол...

Қыз егил—тегил жылап жиберди, жылап отырып, тири бендеге билдирмеген жан сырын жайып салды.

— О, мениң анам қандай жақсы ҳаял еди. Ол мени музыка мектебинде оқытпақшы еди. «Беске шыққан соң пианино әперемен» деп жүрди. Ол мениң беске шыққанымды көрген жоқ... Ҳәзир мен саррас он бестемен! Бәрин түсинемен. Сонлықтан ол жерде турғым келмейди. Жүдә зериктирерли. Оқыўға келсең—сабақ (гейде дурыслап сабақ та өтилмейди), түсте аўқат, кеште аўқат... Адам тек аўқат жеў менен күн кешире ме екен? Қызықтырарлы ҳеш нәрсе жоқ. Кеўлиңниң күсегенин таппайсаң. Үйге келесең—пүткиллей басқа бир адамлардың арасындасаң (ағам көбирек командировкада болып турады). Биреў кирип, биреў шығып атырған. Онда уят-ар деген аты-заты менен жоқ бо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лып кеткен. (Ағамды менсинбейди де). Мени де өзи отырған көпшиликке араластырғысы келеди...

— Сен енди ер жетип қалдың. Бойыңды бәнелей бермей, берман кел, мына жигитлер сен ушын келип отыр,—дейди.

Арым келеди. Үйден шығып кетемен. Қайтып изеп басқым келмейди. Соннан соң танцаға бараман. Шаўқымлы музыкаларды көбирек унатаман. Еситсем, ойым сергип, өзимди азмаз ўақытқа умытып алатуғындайман. Соннан соң, ойнай беремен, ойнай беремен... Үйге де қайтпас едим. Тек ағамды аяйман.

Азамат қолайсыз жағдайда қалды. Уялғанынан қып-қызыл болып кетти. Оны жубатыўдың да есабын таппады. Қызды өз қарындасындай көрип аяп, шын жүрегинен:

— Қой, жылама!—деп еки аўыз сөз айтып, жаўырынынан қағып, еркелетип қойғысы келди.

Тап усы ўақытлары, ҳәкисине, сыртқы қапыны әлле ким ашыў менен тарс-тарс урып:

— Қәне, ким бар, аш!?—деп қатты жулқылады.

Бул Қулмуратовтың даўысы еди. Англичан қулпы қыз ишке кирген ўақытта-ақ қолдың епкини менен илинип қалыпты.

Азамат «Уаҳ! Жаўып келипсең ғой!» деген уғым менен қызға бас шайқап бир қарап қойды да қысынғанынан бираз ўақытқа дейин не ислерин билмей турып қалды.

— Әй, болсаң-а!—деген даўыс бурынғыдан да өктемирек болып еситилди.—Көрдиң бе буның!... Тақыр жерде буққысы келеди.

Азамат есеңкиреп барып қапыны ашты. Қапының жаўылып қалғанынан азмаз ыңғайсызланайын деди. Қыз болса еле көз жасларын да сүртип үлгермеген еди.

— Оҳо, үлкен ансамбль мынаяқта екен ғой!—деп Қулмуратов келе сала ҳәўлирип кетти.

— Қәне, сен бул жерде не қылып жүрсең? Жоғал, қараңды көрмейин, бузақы!—деп еле солығын баса алмай турған Дәмегүлге де алып-топылды.

Күтилмеген соққы қызды тез өзине келтирди де, дәрҳал салдамлы кейинкке киргизип таслады.

— Жолдас, завуч тилиңизди тартып сөйлең! Мен



www.ziyouz.com kutubxonasi

сизге бузақы емес, оқыўшыман!—деди үлкенлерше ири даўыс пенен қәҳәрге минип.

Азамат та тез өзин жыйнап алды. Қыздың мына мәртлиги ушын маңлайынан сүйип алғысы келди. Енди оны жөнсиз қысыныўдан гөри, жазықсыз жанды қорғап қалыўға болған жанталас сезимлери күшли бийлеп алды.

— Бақырмаң!—деп бирден шыр етс қалды сонлықтан да қызға тил тийдиргиси келмей.

Қулмуратов сасқалақлады. Шарбаяланып жене алмайтуғынын түсинди. Тилин тислеп турып: «Бир аўыз сөз зыят кетти. Болмаса тутып тур едим. Мақаўлар тил бириктирген қусайды» деп ой жуўыртты.

— Тил бириктирипти,—деп тилге келди қасына көйленкедей ерип киятырған Дәлибай оның ойындағысын айтып.—Жаңағы жерде әнтек-тәнтегин шығарыў керек еди...

Қулмуратов үнсиз келе берди. Бирақ сол киятырғанында да оның Азаматқа деген атар тасы қойнында жасырыўлы сақлаўлы еди. Көкиректе қараўытып үлкен дық қалды...

## XV

Ол таза поселкада және бир түн иркилди. Алпысбай менен келиншек өрели таңды машинада кирпик қақпай атырыўға мәжбүр болды. Екеўин де жипсиз байлап қойған Жаканың жабайы күши еди. Жака болса «ҳәзир шығаман» деп шеткеректеги бир үйге кирип кеткенинен қоразлар шақырғанда барып, бир қыз бенен ыржақласа көшеге шықты. Қыз машинада отырған өз ҳаялына қарағанда әдеўир пәс, үстинде етегин жабәр-жаппас юбкасы бар, сықылсыз бир нашар еди. Жака сонда да бойын таслап, сүйип-аймалап өлип баратыр.

— Түў, бетсиз сениң!—деп машинадағы ҳаял оннан сайын басын төмен ийип, оларға қарағысы келмегендей жүзин терис бурды.

Әлле немирде олар қушақларын жаздырысып, хошласып болды-аў!

— Танка, пока!—деди Жака оның бетинен бир сүйип қойып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өзиңе беккем бол! Мениң келгенимди ҳеш кимге айтыўшы болма!

— Яқшы! Маған исене бер!—Қыз күлимлеп, қол былғады.

— Екиншн кишең!—деп Алпысбайдың бетине мардыйып қарап қойды Жака машинаға отырып атырып.

— Сен, қатын, жым отыр!—деди изинше боп-боз болып отырған ҳаялына да көз алартып.—«Қыңқ» деп көр, сояман!

Мына гәпке ҳаялы түўе, Алпысбай да қорқып кетти. Айтқанын еки етпей «айда» деген жағына айдай берди.

* * *

...— Қулмуратов жәнe қоҳәрге минди ле! Онда Алпысбайды тезирек таппасақ болмайды екен! Оны бир әшкара етсек, Алпысбайдың мысалында әшкара етемиз...—деди Турғангүл бираз ойланып отырғаннан кейин.—ССПТУ ҳаққындағы, оқыўшылар ҳаққындағы жалған түсиниклерди сөйтип бир паш етейик-тә! Адамлар кәсип-техникалық оқыў орынларында да әдепликрамлы, талантлы жаны таза жаслар оқыйтуғынын билип қойсын. Болмаса жаңағы өзиң айтқан Дәмегүл қайсы қыздан кем?! Дурыс, оны зериктирип атырған бизлер, өзлеримиз. Ондағы жақсы қәсийетлерди раўажландырып, дурыс жолға бағдарлап жибере алмай атырмыз. Еле көпшилик адамлар өз исине жуўапкершиликсиз, бийпарўа қарайды. Соның салдарынан айырым оқыўшылар Дәмегүлдей тез зериккиш келеди, көкиреклери гөззаллықтан журдай босап қалып атыр. Усы бослықлардың орнын толтырыў, толтырғанда да тек жақсы ислер менен жақсы үмитлерге толтырыў—бизлердиң кешириктириўге болмайтуғын исимиз.

Ҳәзир кружок агзалары келиўи тийис. Солар менен ансамбльдиң атын да ойласып алайық. Инициатнва өзлеринен бола берсин. Сонда исимиз табыссыз болмайды.

— Онда Алпысбайдан бүгин де хабар алыў жоқ екен-дә! Пай, жумыс та гүжип кетти ғой...

— Ҳәкисине Назаровтың да ушыраспай жүрген! Дружинашыларды да көптен берли көрменти...

— Сәлем, мастер! Сәлем, муғаллим!—Олар бул мә-



www.ziyouz.com kutubxonasi

селени шешип үлгермей атырып-ақ екеўи отырған әдебият кабинетине бир топар оқыўшылар кирип келди.

— Сизлерди шақырғандағы мақсет,—ҳәммеге қарата гәп баслады Азамат,—азмаз ойласып алмақшымыз· Өзлериңиз билесиз, училищемиз республикадағы ең жаңа, ең жас ҳәм соның менен бирге, ең бир ҳүрметли оқыў орынларының бири. Сизлер сол оқыў орнының мақтаныш тутатуғын үлгили оқыўшыларысыз. Сизлердиң оқыўыңыз да, ислеген исиңиз де, сөйлеген сөзиңиз де, минезиңиз де ҳәммеге өрнек болыўы керек. Яғный ҳәмме жас «Сизлердей болсақ!?» деп әрман етип жүриўлери тийис. Сизлер кәсип-техникалық оқыў орнының қарлығаш тәлим алыўшылары болғанлықтан ,алдыларыңызға қойылған жуўапкершилик те үлкен. Ертеңги рабочий гвардия да сизлерге қарап өседи, мийнетке болған ҳүрмет те сизлерге байланыслы қәлиплеседи.

Әлбетте, сизлердиң араңызда усындай үлги боларлық жаслар жүдә көп. Сизлер, тек рабочий қәнигелер емес, сизлер ертеңги талантлы шайырлар, жазыўшылар, сазенделер, артистлерсиз. Айтайық, тракторист-машинистлер группасындағы Дәме рубабта жақсы ойнап биледи екен. Ҳәтте, саз ҳөнери ҳаққында жақсы пикирлерге ийе. Мине, мына отырған көпшилигиңиз шебер гитаршы, дәпши, дуўтаршылар екенсиз. Сонлықтан биз әдебият кружоги менен көркем ҳәўескерлер кружогиниң жумысларын биргеликте алып бармақшымыз... Әўел—мушайра, соң—концерт... Қалай, соған келиссек бола ма?

— Келисемиз, келисемиз!

— Онда, жигитлер-қызлар,—Ол усы сөзге үлкен әҳмийет берип сөйледи,—келисип алатуғын және бир мәселе қалып тур.

— Айтың, қандай мәселе?!

— Жигитлер-қызлар!—деп ҳәммениң дыққатын аўдарып, гәпти Турғангүл даўамлап кетти.

— Мына Азамат ағаңызды билесиз ғой, өзи музыкант, қосық та айтады. Институтта оқыған жыллары ансамбль де шөлкемлестирген. Енди училищемизден де усындай саз ансамблин дүзип көрмекши екен. Буған қарсы емес шығарсызлар?

— Дүзилсин, дүзейик!—деп және ғаўырласты оқыўшылар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Дүзилсе, қандай жақсы болар еди. Мен рубабта қатырып ойнар едим.

— Мен дойрада.

— Маған дуўтар болса болды.

— Тоқтап турың, ҳәммеси де болады, әўели шөлкемлестирип алайық!—деп олардың ғаўырлысын зорға басты Азамат.

— Ал, қалай ойлайсызлар, рубабшылар ма, дуўтаршылар ма, эстрадалық ансамбль ме? Қайсысын дүзгенимиз мақул?

— Дуўтаршылар-дә!

— Ондай ансамбль «Қырқ қыз» бар ғой. Дүзгеннен соң, ҳеш кимге усатпай дүзиў керек-дә!

— Онда ишинде гитара болатуғын эстрадалық ансамбль болсын!

— Яқ, бул болмайды, ондай ансамбль барлық училищелерде бар.

— Рубабшылар-ше? Азаматтың өзи сөйлемесе болмай қалатуғын болды.

— Жигитлер-қызлар!—деди ол жай-парахат ғана олардың дыққатын өзине қаратып.—Барлық пикирлер де дурыс, барлық пикирлер де орынлы. Бирақ сазда, искусствода, улыўма, мәденияттa өзиншелик сақланыўы керек. Жаңа өзлериңиз «ҳеш кимге усамаў керек-дә!» деп жүдә жақсы айттыңыз. Рас, «Қырқ қыз» дуўтаршы қызлар ансамбли бар екен, енди рубабшылар анасамблин дүзейик! Дүземиз бе?

— Дүзейик!?—деп биринши қол көтерген Дәмегүлдиң изинен ҳәмме гүў ете қалды.

— Онда ансамбльге өзлериңиз ат қойсаңлар!

— «Гүлзар» болсын!

— Көпшилиги қызлар ғой. «Гөззаллар» бола қойсын!

— Мейли, өзлериңиз де, мақсетиңиз де гөззал екен, ансамблиңиз де «Гөззаллар» бола берсин.

— Онда ертеңнен баслап репетиция.

— Диспутқа таярланыўды да умытпаңлар!—деп ескертти Турғангүл.

— Бир жумыс питти!—деди Азамат Турғангүлдиң қолын қысып.

— Жаңа басланды.—Турғангүл оны азмаз редакторлап қойды.

— Айтпашақ, Дәмегүл менен сөйлесип көриўди



www.ziyouz.com kutubxonasi

умытпа!—деди Азамат да қысынғанынан ҳәм қуўанғанынан басқа не деўдиң есабын билмей.—Иләжы болса, жатақханаға турыўға көндирерсең?

— Өзиң де Алпысбайдан хабар алыўды умытпа!—деп ескертти Турғангүл де.

— Адам тәғдирин умытыўға бола ма? Сөзсиз сөйлесемен!

* * *

Машина туўры Тақыятасқа қарай тартып баратыр. Жака артқы орынлықта ҳаялын қушақлап, мардыйып отыр.

— Майым жетпей қалады деп қорықпа. Бизди Шоманайға, үйге апарып таслайсаң. Май дегенди мен саған любой жерден әперемен!—дейди ҳәўлирип.

Тақыятасқа келген жерде ол Алпысбайды және тоқтатты:

— Бар, дүканнан барып еки шийше арақ әкел!—деп оның қолына бир дана «жүзлик» услатты.

— Өзимде бар ғой, аға.—Алпысбай оның жекирингенинен қорқып кетип, усылай дегенин де билмей қалды.

— Әй, отырсаң-ә! Мен сеннен ақша сорадым ба!? Бар, еки шийше арақ әкел! Қалғаны өзиңде тура берсин. Ақша деген менде навалом!

Алпысбай оның айтқанын сол ўақытта бәржай етти. Ол және бир шийшениң тығынын «тыңқ» еттирди.

Алпысбайға да жүз грамм қуйып берди:

— Яқшы сен бир рюмка ала ғой. Басқа зорламайман.

— Бизлерди аман апарыўың керек, салака! Ал енди айдап отыр!

Арылаў барып, аўыллық жердиң арасындағы бир бензин —заправканың жанында Жака машинаны және тоқтатты:

— Айда мына жерге! Ҳәзир саған май алып беремен.

Заправщикти машинада отырып-ақ: Әй, ғарры сағал, берман кел!—деп шақырып алды.

— Ҳәзир, шырағым, ҳәзир!—деўи менен болды оның түр-түсин қолайсызлаў сезген заправщик ғарры да.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Усейтип май қуйып тур, ақмақ!—деди Жака машинаны сағақлатып май қуўып алғаннан кейин рахмет орнына. —«Қыңқ» десең, май-пайың менен жоқ боласаң, түсиндиң бе!?

Олар сол майы менен Шоманайға қас қарайғанда жетип келди. Аўылдың шетиндеги бир үйдиң тусында иркилди. Бул Жаканың үйи еди.

## XVI

Қулмуратов жумысқа келип түрли «бәлеге» тап болды. Азан менен училище радиоузели заңқылдап, диктор қыз мазасын алды.

— Дыққат, дыққат! Училище радиоузелинен сөйлеймиз,—деп дүньяның жоқ хабарын жеткерип турыпты. Училищеден «Гөззаллар» атлы рубабшылар ансамбли дүзилген-биш. Ҳәзир «ССПТУ да төмен үлгериўшилер оқый ма?» деген темадағы магнитофон лентасынан жазып алынған диспутты еситтиреди-миш. Оннан соң...

Қулмуратов әўели мырс етип мысқыллаған түр билдирсе де, кем-кем қулақ түргенин өзи де билмей қалды.

— Мен училищеге өз тилегим менен келген жоқпан,—деди биринши шығып сөйлеген Дәўлетов Отарбай деген бала.

— Дәслеп училищеде оқыўға қорқатуғын едим. Мектеп муғаллимлери «сен жалқаўсаң, жақсылап оқымасаң, ССПТУға жиберемиз» деп көп қорқытты. Ақыры училищеге де келдим.

Мине, еки-үш ай болды, тракторист-машинистлер таярлайтуғын бөлиминде оқып атырман. ССПТУдың ҳеш қорқынышлы жери жоқ екен. Қайтама кәсип үйрендим. Мастер-муғаллимлер «жақсы оқысаң, жоқары оқыў орынларына жоллама беремиз» дейди. Мен бир-еки жыл Тақыятас гидроузелинде шофер болып ислеп, кейninен сырттан индустриаллық техникумда оқымақшыман.

— Бала күнимнен шофер болғанды жақсы көремен,—деп екинши болып Бектурсынов Муратбай сөзге шықты:—Маған қайтама училище мектепке қарағанда анағурлым артықмаш сыяқлы. Мектепте не, оқыйсаң, оқыйсаң, кетесең. Бул жерде ҳәм оқыйсаң ҳәм өнди-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рислик тәлим! Кең полигонларда зырлатып машина айдап, «езди» еткенге не жетеди!

— Бизлер аўылдың балаларымыз. — Гәпти Дәнияров Полат деген оқыўшы даўам етти. — Бир класстан он бес баламыз. Он бесимиз он бес түрли кәсип үйренип атырмыз. Биримиз—тракторшы, биримиз—шофер, биримиз—экскаваторшы, биримиз—уста... Ойымыз—тезирек училищени питкерип, аўылға барыў! «Сонда аўылымыз қандай көркейип кетер еди!» деймен.

Төртинши болып Дәлибай кураторлық етип жүрген автокрановщиклер группасынан бир бийтаныс бала сөзге шықты. Қулмуратов оның атын да дурыслап еситпей қалды.

— Мен де өз қәлеўим бойынша келип едим,—деп гәп баслады ол да екинши, үшинши болып сөзге шыққанлардың гәплерин қуўатлағысы келип.

Пайдасы не, сөзин баслар-басламастан-ақ бағдарын бузып алды.

— Бирақ усы күнлери ҳеш нәрсеге түсине алмай жүрмен!—дейди әлле неден кеўли қалғандай сыңай аңлатып. — Группамызда төмен үлгериўшилер жүдә көп... Оларға «сабаққа таярланбайсызлар ма?» десек, «әй, өзи ушын оқытсын! Бәрибир, рабочий боламыз ғой...» дейди. Муғалимлерге де ҳайранман: шерек жақынлаўдан, бундай балаларға, сирә аўыз ашпаса да, «үш» пенен «төрт»ти сыпырта басады ма дейсең! Кейнинен сениң де оқығың келмейди екен. «Басқалар оқымай келип-ақ «үш» пенен «төрт»ти алып жүр ғой!» деп ойлайман...

Оннан қала берсе, группамыздың журналында жылдың басынан берли түр-түсин көрмеген балаларымыздың аты, фамилиялары жазыўлы турады. Гейпара муғаллимлеримиз оларға да баҳа қойып, шеректен-шерекке өткерип жүр...

Жақында бир аўылласымды көрип қалып едим, «әй, бас аўыртып оқып не қыласаң?—дейди. — Сениң сол ССПТУ дегениңниң документин мен оқымай-ақ аламан. Сен де таныс-паныс таў да документлериңди тапсырып оқымай-ақ аттестат алсаш... Не, үйиңде жатып степендия алыўға еринесең бе?»

Ҳайранман, сонда ол степендия ушын документ тапсырып қойған ба екен?...»



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қулмуратовтың буннан артық тыңлауға тақаты жетпей қалды.

— Буны ким ойлап тапқан?!—деди қасындағы оқыў бөлиминиң секретары етип таярлап алған Дәлибайға түнерип қарап.

Оның бул қараўы, бир жағынан, әлле неден сезикленип: «айтып қойып па едиң?» деп гуманланған адамның түрине усаса, екинши жағынан, «Сизлердиң қолыңыздан усындай да нәрсе келмейди, ақмақ! Сизлерди де поддершка етип жүрмен-аў!» деп нарыйза кейипте тоңқылдап турған адамға да усар еди.

Дәлибайдың мийзамкеш кеўли буны түсингендей болды.

— Әй, анаў таза келген биреў ғой,—деди сонлықтан өзиниң үстине дөнген қара бултты дәрҳал серпип тасласы келип. — Турғангүл менен қосылып жүдә шошаңлап баратыр. Енди ҳеш кимге күн берер емес. Оқыўшыларды да өзине қаратып алды. Анаў қыз бенен болса мисли ерли-зайып...

— Соны неге айтпайсыз енди!?

— Айтып жүрмен ғой!

— Маған айтқаныңның не кереги бар!? Адамларға айтыў керек.

— Адамлардың бәри биледи. Анаў күни-ақ «ымыжымы бир екен» деп айтқанман.

Бәрибир, Қулмуратовтың қабағы ашылмады. «Бул баллар уўыстан шығып баратыр. — Азаматтың ашыўын Дәлибайдан алғысы келгендей ишинен оған да гижинип қойды. — Ертең көпшиликтиң көзинше жаңағы жағы қарысқыр айтып турған «сыр»ды паш етип, «енди орныңды маған бер!» демесе, маған кел! Оннан соң ҳамал түўе, самал да жоқ!..»

Қулмуратовтың қолы жумысқа бармай қалды. Жумыс күни тамам болғанға дейин де тап бир әкеси өлген адамдай үскини қуйылып, дым үндемей отыра берди... Бирақ бул ирет оның не ойлап отырғанын Дәлибай да билмеди.

* * *

...Алпысбай азанда орнынан турса, кирсең, шыққысыз үлкен бир залда жалғыз өзи жатыр екен. Кеше азанлы-кеш жол жүрип шаршағанлықтан, келе сала



www.ziyouz.com kutubxonasi

уйқылап кетип абайламапты, зал ишине көз жуўыртып еди, гилең тәртипли-тәртипсиз жайғастырылған жылтырақ дүньялар... Төрде—гилем, есик те—гилем, дийўал да—гилем, пол да—гилем!

— Қалай, залды қатырыппан ба? —деп мардыйып қойды түске жақын уйқыдан турған Жака керилип-еснеп атырып.— Ўай—ууў, бас деген жарылып баратыр... Қатын, бир нәрсең бар ма, тез жеткер, азмаз жол ашар қылып алайық!

«Жол ашар» дың да көбисин өзи ишти. Сонда да асыға қояйын демейди. Алпысбай бүйтип отыра берсе, және кешке қалатуғын түри бар.

— Яшыулкен, бизге рухсат бериң?—Алпысбай оны льяң болдыға жорып, еситилер-еситилмес етип сөйлеп көрип еди, «я!» деўи менен мүлгип отырған ҳалынан басын гилт көтерди:

— Мыр деме, салака, бирге қайтамыз! Қорықпайақ қой, енди жүгиң жеңил, анаў үйде қалады... Чаў, қатын, биз кеттик!—Жака орнынан ушып турды да, Алпысбайға илесе далаға шықты.

— Кейин бәстир!—деди үйдиң жанынан жаңа шыға берген жерде Алпысбайды тоқтатып.

— Мен бир көрип шығайын қораның ишин.

Қораға кирип кеткен ол бир сааттай ўақыттан кейин қайтып келди. Үсти-басы батпақ-батпақ, қолларын үйдиң қапталындағы шалшық суўға жуўды да, машинаға кирип:

— Айда, кеттик!—деди.

— Бул не, яшыулкен, көп иркилип қалдыңыз ғой?—деди Алпысбай да машинасын ход алдырып атырып.

— Әй, бир сволоч бизиң қораны суў алдырып жиберипти. Бир нәрсени излеп едим, таўалмадым.

— Ҳаў, ол не нәрсе, аға?! Жүдә керекли ме еди?

— Әй, ол бир игрушка еди,—деди ол қармақтай ийилген сұқ бармағын мылтықтың шүриппесин басқандай тартып-тартып көрсетип.

Жолда баратырып және бир шийшениң тығыны кетти. (Ол үйинен де биреўин алып шыққан еди.) «Арақтан басқа күтиўи жоқ бочка екен» деп қойды Алпысбай ишинен.

— Әй, жора, училищеге барып турсаң ба? Не жаңалық бар? Қәне, не билесең!?—деп Алпысбайды гәп·



www.ziyouz.com kutubxonasi

ке тартқысы келди арақ тәсир етип, недәўир қызып алған соң.—Кунсулыў деген кассир ҳаялды өлтирип кетипти деген гәп рас па? Хулиганлар өлтирип пе, яки авария-дағы дегендей...

— Аўа, Кунсулыў деген апай өлип қалыпты. Хулиганлар өлтирген қусайды.—Алпысбай оның сыншыл көзлериниң алдында тайсалақламай расын айтты.

— Эй, өлтирсе өлтиреди-дә!—деп қолын бир силтеп қойды ол басы былғақлап.—Ол бир егиз туўып егизиңниң сыңары ма!? Сонда үйинде ақша сақламасын! Айтпашақ милициялар не қылып атыр? Хулиганларды услап па? (Ол селк етип бирден бас көтерди де, азмаз ўақыт бой тиклеп отырып, және сылқ етип сидениеге қулап түсти).

— Излеп атырған қусайды. Әйтеўир, Кунсулыў апаның үйиниң жанының бәрин милиция қаплап кетти ғой.

— Эй, излей берсин! Излеген менен таўалмайды. — Ол артқы орынлықта былғаўыштай былғаңлап, гә оң жағына, гә сол жағына қыйсайып, аўнап кетейин деп зорға отырса да шыбын қорығандай қолларын желпип-желпип қойып, аўзынан көбик шашыратып тынбай сөйлеп атыр.

— Милицияларың излеп жүре берсин, ҳа-ҳа-ҳа! Ол симилтирлер бизлердиң көйленкемизге келе ала ма десеш, ҳа-ҳа-ҳа! Оларға да жан керек, ҳа-ҳа-ҳа! Скоро босағам алтыннан болады, қосшым, алтыннан! Ақша керек пе, мине!

Ол қалтасына қолын суққан қәлпинде бир қапталға аўнап түсти. Машинаның теп-тегис жолда бесиктей тербетилип киятырған биргелкили жүриси жақса керек, бираздан соң сол жатысында қурылдап кетти.

«Бизлердиң!?»—деп бирден ҳүрейлениип өз-өзине сораў бере баслады Алпысбай.—Сонда Кунсулыў апаны өлтириўге бул да қатнасқан ба?»

## XVII

Қулмуратовтың соңғы ўақытлардағы унамсыз ҳәрекетлери Азаматты қыялына алған илгери нийетлерин питирип таслаўға бурынғыдан да бетер асықтырып жиберди. Ол бул нийетлерин қаншелли тезирек әмел-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ге асырса, Қулмуратовтың сыры да соншелли тезирек паш болатуғындай еди.

Ол, мине, бүгин де усы мақсетте кетип қалған мастер—Жуманияз Генжемуратовтың үйине барып қайтты. Оның асыққанынша бар екен. Азамат еле де бир-еки күн кешигип келгенде, мастер басқа жумысқа өтип кетиўи де мүмкин еди.

— Басқа жумысты не қыласаң?—деп мәсләҳәт етти Азамат оның менен толық танысып, жай-жағдайын тыңлап көргеннен кейин.

— Үйренискен жерге жете ме! Оның үстине, группа оқыўшыларының бәри де сени жақсы көреди екен... «Мастеримиз жақсы еди» десип атыр. Мен оларды сени «тез арада жумысқа келип қалады» деп исендирдим де. Жаслар менен ислесиў қандай қызық дейсең! Әсиресе, сениң группаңның оқыўшылары менен. Ҳәзир олардың арасында сондай аўызбиршиликли коллектив қәлиплесип киятыр, ислеген ислерин көрип сүйсингениңди билмей қаласаң. Өз инициативалары менен дружинашылар отрядын, «Гөззаллар» ансамблин дүзди. Еле де көп жақсы нәрселер ислемекши...

— Баллар да кемис жоқ-аў!—Мастер әлле кимге өкпелеген баладай тоң-торыс қәлпин узақ услап тура алмай, ҳағын айтып жарыла баслады.—Айыптың бәри—Қулмуратовта! Әўели сол «өли жанларын» дизимге илиндиргенде билмей қалдым. «Жумыс дегенниң усындай буйынтықлары болады. Болмаса группаңды жаўып таслаўы мүмкин. Неше бала десе, жигирма деп айт та жүре бер. Келисип, ислей берейик, қосшым. Өзиңе жақсы болады, бес-алты манат чай пулысын аласаң» дегенде де абайламаппан. Директор «мына балалар сабаққа неге келмейди? Үйлерине неге бармайсаң? Эй, өзиң бир жалқаўмысаң деймен» деп ескерткенде ғана барып басыма таяқ тийгенлигин билдим. Қулмуратовқа ойлассам, «директорға ҳеш нәрсе демей-ақ қой. Өзим бир иләжин ислермен» дейди. Оның менен ислеп атырған ҳеш иләж жоқ: есап-сансыз дизим я өширилмейди, я табылмайды! Директор болса «бала тап, бала тап!» деп күнде үстимде гүзе сындырып атырғаны. Ҳақыйқатлықты айтайын десем, Қулмуратов «алды менен өзиңниң басың кетеди» деп оннан бес бетер қорқытады. Ақыры, қолымды бир силтеп кеттим де қалдым...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Саған көп-көп рахмет, достым! Өзим де усылай шығар деп едим...

Азамат Жуманиязға қатты рийза болып, қолын қысып қойды.

— Мине, ҳақыйқатлықтың бет-пердеси ашылды. Енди оны директор да аяп қоймас. Қәне, достым, өкпени қой, ендиги жағында қолға-қол усласып бирге ислейик! Ислеймиз бе?

Сизлердей дослар менен бирге ислеспеўге бола ма? Сизлердиң «дүбириңизди» өзим де узын қулақлардан еситип, жумысқа қайта барғым келип отыр еди... Мениң оқыўшыларым қандай жақсы дейсең! Тек бала саны толмай күйдиреди-дә!

— Оннан ғам шекпе, достым. Ендигиден былай баллардың өзи келетуғын болады!

Азамат оның менен жаңа ғана болып өткен бул сөйлесиўлерди еслеп, өз-өзинен қуўанып кетти: «Енди әне-мине дегенше Алпысбай да оқыўға келип қала қойса, онда барлық истиң гүләләгүл болған жери! Тиккелей директордың өзине барып, мәселени қоямыз да жиберемиз... Соннан соң көре бер, Қулмуратовтың аяғы сайға киймей кеткенин! Тек Алпысбай оқыўға тезирек келсе еди!? Айтпашақ, ол усы ўаққа дейин қаяқларда жүр екен? Анаў күнги машина растан-ақ... Пай, ҳәкисине бүгин де баралмағаным... Оған бир нәрсе болып қалмады ма екен?»

Азамат бул сораўлардың бирде-биреўине анық жуўап бере алмағаны сыяқлы, оның ертең де, арғы күни де оқыўға келе алмайтуғынлығын ҳасла билмейтуғын еди. Ол тек болғаны—Алпысбайдың қашанда бир училищеге келетуғынлығын билди...

* * *

...Тақыятасқа келген жерде машина дигирлеп кетти де, ол бирден шоршып оянды.

— Ҳа, келип қалдық па? Мен саған не айттым, қосшым!? Училищедеги кассир ҳаялдың өлими ҳаққында айтқаным жоқ па?

— Ол көзин уўқалап, еснеп турып сөйлесе де ҳәр бир сөзин анық етип нықлап айтты...

— Айттыңыз ғой...—деп жымыйды Алпысбай да. Бирақ неге күлди, оның мақтаншақлығына ма, ямаса



www.ziyouz.com kutubxonasi

сөйлеп атырып бирден уйықлап қалғанына ма—буны өзи де билмейтуғын еди.

— Ал, енди усы гәпти аўзыңнан шығарыўшы болма!—деди ол буны елестирмей.—Егер, усы гәпти бир жерге сездирсең үйиңниң иши менен бир түнде қырып кетемен. Бағанағы жерде жатқан «игрушка» сениң әжелиң!

«Қайсы гәпти?!»—деп ишинен аң-таң болды Алпысбай. Бирақ қайсы гәп екенлигин ҳеш есине түсире алмай-ақ қойды.

— Айтпайман ғой, аға! Мениң не жумысым бар!?—деди сонда да әлле неден қәўетер алып.

Олар усылайынша сөйлесип, Нөкиске үйлерине де келип қалды.

* * *

Алпысбайды сабырсызлық пенен күткен Азаматтың азанда жумысқа келгеннен кейин де қыялында тынышлық болмады. Ҳәкисине сабақлары да окнодан окно екен. Аралықтағы бостан-босқа өтетуғын қырқ бес минутлар әбден жанына тийип кетти. Бесинши сабаққа дейин зорға-ақ шыдады. Алтыншы саат және окно еди... «Усы окноның ўақтында Алпысбайдың үйинен хабар алып қайтсам қәйтеди?—деген қыялға келди ақырында—Жетинши сабаққа дейин үлгеремен ғой».

## XVIII

Алпысбайдың үйине келгеннен кейин де уйқысы келмеди. Көзи аз ғана илинсе болды, Жаканың қараўытқан суп-сур келбети қарсы алдында турады да қояды...

— Тисиңнен шығарасаң ба?—деп жуп-жағасынан тутып тамағын барынша қылқындырып атады ол—Биреўге айттың болды, сол моментинде үйиңниң иши менен қырып кетемен. Бағанағы жәрде жатқан «игрушка» сениң әжелиң...

Алпысбай жан ҳалатында ышқынып бақырады. «Айтпайман» деўди де, «айтаман» деўди де билмейди. Айтайын десе, түтеси гөрдиң тесигиндей үңирейген кишкене қара тапанша өзине қарсы қаратылып турғандай... Айтпайын десе...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сени усындай ислерге аралассын деп Нөкиске жиберип пе едим?!—деп жүзин сусландырады сол заматта-ақ әлле қайдан жетип келген Атамурат—ата.
—Ийтке ийт азабы! Айт, оның несин аяйсаң! Усыннан айтпасаң...

— Алпысбай, ағаңды қапа қылма?—деп изинше қыйылып турады Дәмегүл де.—Сен айыплы емессең ғой, ашығын айта бер! Айтпасаң, бизлерге қосылыўың және қыйынласып кетеди. «Қорқақ, нәмәрт бала екен» деп жек көрип қаламыз...

Алпысбайдың Дәмегүлге қандайда бир нәрселерди айтқысы келип турады да, негедур және иркилип қалады.

— Эй, оңбаған, қорқақ сениң!—дейди усы ўақытлары қаяқтандур бир милиция хызметкери пайда болып.—Сен қандай комсомолсаң!? Комсомолда бармысаң өзиң? Сендей ўағында Александр Матросовлар қардай борап атырған душпан оғынан да қорықпаған. Сен болсаң өзиңди қорғаўшы милиция ағаларың турғанда да көрген-билгенлериңди айтып бериўден қорқасаң... Сендей адамлар анаў-мынаў күн туўса, өз басының ғамы ушын ўатан сатыўдан да қайтпайды... Мынаў айдын-күнниң аманлығында қамыстай қалтырап отырғаның...

Алпысбай шыдап тура алмайды.

— Жоқ, жала!—деп даўысының барынша бақырып жиберди...

— Айт, қәне, совет милициясының күшине исенбейсең бе?—деди милиция хызметкери Алпысбайдың және бир көзин илинип баратырғанында.—Бизлер әлле қашан-ақ олардың ким екенин билгенбиз. Тек сени «шынлықты айтар ма екен, бул өзи қандай бала?» деп сынап отырмыз. Иләж қанша, шынлықты жасырғаның ушын сени де жазалаймыз. Баяғыда, магазинде үстеме баҳа үстинде усланғанында «жас бала ғой, жөнлесип кетер» деп бир ирет кеширим берген един. Сонда-ақ оқыўға жөнли қатнамай жүр екенсең... Енди кешире алмаймыз. Иләж қанша, сол достыңның қасына апарып қосып қоямыз-дә!

— Яқ, яқ, оның қасына апарманң мени! Түрин көргим келмейди! Исениң, расымды айтаман.

— Алпысбайжан, саған баяғыда-ақ исенген едим. Расыңды айта бер. Жаныңда мен барман...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алпысбай қатал даўыстың кәпелимде жумсақланып кеткенине таңқалған пишинде бас көтерип бир қарап еди, қарсы алдында баўыры елжиреген Азамат тур!

— Излеп-излеп зорға таптым ғой... Баяғыдан берли қаяқта жүрсең?!—дейди дәрҳәл баўырына тартып, басынан сыйпалаған ҳалда.

— Азамат аға, маған өкпелеме, мен сол күни-ақ барған болар едим. Мына жағдайлар ушырасып қалды...—Алпысбай айып ислеп қойған адамдай басын төмен алғаны сол, көзине мөлтилдеп жас келип кетти. —Сизди де, балларды да қатты сағындым, аға!...

— Қой қапа болма, Алпысбайжан. Саған усындай бир нәрселер болып қалды ма екен деп өзим де сезикленип едим. Бирақ сен буған айыплы емессең ғой. Сен жүреги пәк баласаң... Басыңды тик көтер, руўхыңды түсирме! Милиция хызметкерлери ертең оларды сөзсиз қолға түсиреди.

— Бәрибир; көрген-билгенлеримди ишки ислер бөлимине барып, өз аўзымнан айтпасам болмайды. Олар жаман адамлар болыўы керек.

— Дурыс айтасаң, Алпысбай! Олар оғада қәўипли жынаятшылар. Сен буны таң атыўдан-ақ милициялар-ға хабарла!

— Оннан соң мени оқыўға қабыллайсызлар ғой-ә!

— Сөзсиз қабыллаймыз. Сениң ҳақ екенлигиңди ҳәмме оқыўшыларға тәрийп етемиз...

Алпысбай Азамат пенен усылайынша сөйлести де, негедур бирден ояныл кетти. Бирақ буннан кейин бәрибир уйқысы келмеди. (Бул ўақытлары ағараңлап таң да атып қалған еди). Түндеги ўақыяларды ядына түсиргиси келгендей әлле нелер үстинде узақ ойланып, үнсиз отырып қалды.

«Мен оның несинен қорқаман!?—деди ақыры азанда чайға отырып атырып.—Ҳәзир барып, милиция ағайларға көрген-билгенлеримниң бәрин айтып берейин-дә!»

* * *

Азаматтың Алпысбайдың үйине ентигип келгениниң пайдасы болмай қалды.

— Жоқ!—деп қабағын үйип зорға жуўап берди



www.ziyouz.com kutubxonasi

үй ийеси қәдимги таныс келиншек.—Бир милицияның дыр-дырынан қутылалмай атырғанда, сизлер де «Алпысбай, Алпысбай!» деп қата қалдыңыз ғой. Керек болса, барың анаў милицияханада!

Азаматтың милиция бөлимине барыўға ўақты жоқ еди. «Не де болса 7-сабақты оқытып келермен» деп ғырра кейнине қайтты.

«Звонокқа үлгерсем болар еди!» деп қояды жол бойы жуўырып-жортып киятырып.

Усылайынша училищеге жетип келгенде, жетинши сааттың басланғанына жаңа онлаған минут болған еди. Ҳәкисине сабақ беретуғын группасында бирде-бир оқыўшы болмай шықты.

Классқа бас суғып кирип шығаман дегенше, қапы алдына Қулмуратов пенен директор да келип қалды. Дәлибай болса екеўиниң алдына түсип жорғалап жүр:

— Мине, көреғойың бир адам жоқ! Таўмуратовтың сабағында постоянно усындай.

— Балалар қайда?!—Азамат Дәлибайды бәледен бетер жек көрип кетти.—Қаяққа жибердиң?!

— Өзиң ўақтында кел сонда! Кеше де, алдыңғы күни де срыв иследиң...

— Түсинбедим. Не ужели сениң оқытқан группаңда усындай бола береди?!

Директордың ашыўы Азаматтикинен бес-бетер күшли еди.

— Бул не гәлленлеп жүрис?! Бир емес, еки емес... Неге постоянно сенде срыв болады?! Неге?!—деп, дуўды-сыйды тыңламай, қызара бөртип сөйлеп кетти ме дейсең, Азамат ҳеш дәлийл айта алмады.

— Әне, Наўрыз Әдилбекович, өз көзиңиз бенен көрдиңиз ғой. Бәрҳәма усындай. Мен, мине, бәрин жазып қойыппан... Сизге де бир-еки рет ескерттим. Анаўы группасының жағдайы! Анаў кешеги ислеп жүрген иси!...—Қулмуратов та пайытты қолдан жиберип қалмаў ушын күйип-жанып сөйлеп атыр.

— Қәне, ҳәзир дәрҳал жыйналыс шақырың!—деди ашыўға буўлыққан директор бир ўақытлары гәпти шорт кесип. Сөйтти де гилт бурылып, кабинетине қарай қатты адым атып жүрип кетти. Азаматтың ойына алған сөзлери де тилине түспей, аңырайыўы менен турып қалды. Директор бул ўақытлары, бәрибир, оны тыңламас еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

...— Айтқан жаңалықларың ушын көп-көп рахмет, иним! Бизиң хызметкерлеримиздиң «из кесиўлери» де сениң айтқанларыңның дурыслығын дәлиллеп отыр. —Милиция начальниги орнынан турып, Алпысбайдың қолын қысқан ҳалда сөзин даўам етти.—Ал енди, иним, бизге және бир жәрдем ет? Мине, мына жигит милиция лейтенанты Назаров деген. Өзи шаққан, шәппик жигит. Ондай хулиганлардың бес-алтаўы бир өзине шақ келмейди. Ҳәзир усының қасына қосаман сени. Барған жерлериңниң бәрин көрсет бул жигитке. Жолдас Назаров, қалалық милиция бөлиминен де қосымша күш алып кетиўди умытпа! Айтпақшы, оқыў жөнинен ғам шекпе, жаңағы жерлерден айланып келе бер. Соған дейин мен училище басшылары менен сөйлесип қояман. Қорықпай-ақ ғой, сени ҳеш иркинишсиз қабыллатқызамыз.

Милиция начальниги Алпысбай менен усылайынша сөйлесип, оны Назаров пенен жынаятшыларды тутыў операциясына атландырып салып атырған бир ўақытлары Азамат өзиниң айыпдар емес екенлигин қалай дәлиллеўдиң есабын табалмай бас қатырып атыр еди. «Айыплы болсам, айыплы-ақ болайын,—деп қояр еди ишинен директорға да иренжип.—Бирақ усы ўақытқа дейинги жан күйдирип жуўырғанларым қуры далаға кете бере ме? Бул қурақым болары болды ғой...

Ең қурғанда, усы ислеримди бир жөнкилли қылып кетейин. Бир ғана жол—Алпысбайды табыўым керек! Айтпашақ, бағана оны милиция бөлимине кетти, деп еди ғой. Соннан хабар алайын...»

«Демек... деп ойлады ол әлле неге рухы түсип.—Демек, еле ҳеш нәрсени дәлиллей алмаймыз. Растан-ақ оған бир нәрсе ушырасып қалған екен. Пай, Назаровты ушыртқанымда ма еди, не екенин сорап билген болар едим! Начальник танымаслық етти-ә!... Не көп, мендей дружинник көп, қайсы бирин таный берсин? Иләж қанша! Енди аяқ серппей кетип отырысымыз шығар. Бирақ бәрибирде ҳақыйқатлықты айтып кетиўим керек. Ең болмағанда, кимниң ҳақ, кимниң наҳақ екенлигин адамлар билип қалсын...»



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Жака үйинен табылмады.

— Мине, мынаў Еркинниң үйи!—Алпысбай граждан формасында кийинген Назаровтың алдында қәдимгише жуўырып-жортып, Жака менен барған үйлериниң барлығын бирме-бир көрсетип жүр.

— Рахмет, Алпысбай!—Ендиги жағын өзлеримиз бежеремиз,—деди Назаров, бул жерге келгенде балаға жазатайым қәуип дөнип қалып жүре ме деген қыял менен.—Ҳәзирше рухсат. Бирақ қәлеген ўақытта үйден табылатуғын бол. Ертең және бир жерлерге барыўымыз керек. Қай жерге екенлигин өзиң билесең-ә?!

Алпысбай «аўа» дегендей мардыйып күлимсиреп қойды.

— Билсең болды, енди қайта бер! Назаров бала кетиўден, жолдасын ертип ишке кирди. Еркин кийинип, енди бир жақларға шығып кетейин деп турған екен.

— Кеширерсиз, азмаз ўақтыңызды аламыз, достым, —деп бирден гәп баслады Назаровтың жолдасы.

— Бизлер горисполкомның хызметкерлери едик.

— Хызмет бабы жүргенимиз.—Назаров дәрҳал изин алды.

— Хош, қандай хызмет?

— Хабарыңыз бар шығар, алпыс жыллыққа алпыс жай салынбақшы. Соның айрымларының орынлары усы сиз жасап турған территориядан планластырылып отыр.

— Демек, бизиң жайымыз бузылыўға тийисли? Олай болса, план-слан, жай-пай беретуғын шығар? — Еркин ҳеш нәрсеге қыйланбайтуғын адамдай бийпарўа кейип аңлатты.

— Онысыз бола ма, достым? Соған сизди горисполкомға шақырып келгенимиз ғой. Ҳәзир барып, баслық пенен бес-он минут сөйлесесиз де қайтасыз...—Назаров та пайытты қолдан жиберип алмаў ушын бар шеберлигин көрсетип сөйлеп атыр.

Еркин болса:

— Барайық, барайық! Ҳүкимет айтса не турыс? Бузса, план берер, болмаса жай-пай таўып берер,— деп қуўжыңлаўы менен Назаровлардың изине ерди.

Назаров оны минип келген жеңил машинасына мингизип алды да, Калинин көшесиндеги светафорға де-



www.ziyouz.com kutubxonasi

йин алып келди. Светафордың тусына келгенде солға—милицияханаға қарай бурып жиберди.

— Ҳаў ,горисполком мынаяқта емес пе еди?!—Еркин ҳаўлығайын деди.

— Мына жақта да горисполком бар, достым. Жым отырың! Ҳә, жым отырмайсыз ба?!—деп дизесинен басып қалды Назаровтың жолдасы.

— Ҳә, түсиндим! Яқшы, қолға түскен екенбиз. Милицияға барамыз,—деп айтқаныңызда болмай ма?—Еркин албырағанынан усылай дегенин де билмей қалды.

## XIX

Директордың кирис сөзи әдеттегише узақ созылды. Ҳәтте, өткен жыйналысларда айтылып кеткен кадрлар таярлаўдың сапасы, контингенттиң орынланыўы барысы, профориентация мәселелерине дейин қалдырмай дизип айта берди.

Гәптиң ушы профориентацияға жақынлаўданақ Азаматтың жүреги әлле қандай салқынлықты сезе баслады. «Енди мен ҳаққында айтады!—деп гүбирленип қойды шыдамсызлық пенен тыпыршылап.

— Шығаратуғын болса, бүйтип дусмаллай бермейақ тоқ етерин айтса болады ғой. Мейли, жаўар тасын жаўдыра берсин! Наўрыз аға да усындай адам болса, бул жерде бир минут та турыўдың кереги жоқ!»

«Неликтен де түсинбес екен?—деп әлле неден үмитленип, ақланғысы келер еди және бир ойы.—Сабаққа кешигип келгеним ырас. Бирақ кешигейин деп кешиккеним жоқ ғой... Дурыс, анаў күнлери бир-еки ирет срыв та болды. Буны да мен биле тура ислемедим. Оқыўшылар өзлери кетип қалыпты. Ертеңине «неге кеттиңиз?» деп сорасам... Яқшы, усылардың бәри мениң айыбым бола қойсын, сонда да бир иретке кеширим бериўге болмай ма?! Растан-ақ сонша ўақыттан берли ислеп жүрген ислеримниң ҳеш нәрсеге арзымайын дегени ме? Растан-ақ соларды бирде-бир адамның баҳалай алмайтуғын болғаны ма?»

Азамат бул сораўлары менен басын қатырып атырған усы ўақытлары директор кирис сөзин таўысып, негизги мәселеге енди-енди өтейин деп атыр еди. Ол «енди муғаллимимиз Азамат Таўмуратовтың жекке мәселесин талқылаўдан басқа иләжымыз қалмады!»



www.ziyouz.com kutubxonasi

деп ернин жуплаўдан-ақ Азаматтың жүреги суў ете қалды: «Не жазығым бар мениң! Ҳә дегеннен мә дейберсиз бе?!»

Азамат басын гилт көтерип, сораўлы нәзерин президиумдағыларға тикти. Бирақ узын столды жағалап отырғанлар арасынан бул сораўға жуўап бере қойғандай түри бар ҳеш кимди көрмеди: Директордың жүзи негедур әдеттегиден тыс сурланып кеткен. Оған жақынырақ жерде отырған Қулмуратов та аспанның бақаның тайдырып жиберетуғындай болып қабағынан қар жаўдырып отыр. Директордың айтқан ҳәр бир гәпи ушын қайта-қайта бас ырғап қояды. Жапбаровтың директор менен де, Қулмуратов пенен де иси жоқ сяқлы. Әлле неге жини тырысып отырғандай маңлайы жыйырылып кеткен. Нурнияз аға да бир өзи бир шетте наразы кейипте отырған сяқлы көринеди. Ал және бир исенген адамы Рәметов болса жыйналыс басланыўдан -ақ қандай да бир телефон шыңғырлысын «бәнелеп», «милиция бөлимине барыўым керек!» деп кетип қалды!..

Азаматтың жаңа ғана бас көтерген тик қәдди солған гүлдей бирден жапырылып, реңкинде қан қалмай, рухы түсип кетти: «Мәселе күн бурын-ақ шешилип тасланған екен. Енди ақланып атыў да ақмақлықтан басқа ҳеш нәрсе емес!»

Қандайда бир нарыйзалық кейип онда бурынғыдан да бетер жанлана түсти. Директор да оның бул ойларын тастыйықламақшы болғандай Таўмуратовтың айыбы деп тапқанларының ийнесинен сабағына дейин қалдырмай дизбеклетип айтып атыр. Оның Қулмуратовтан еситкен ҳәм өзи көрген фактлерине қарағанда, Азамат өз жумысына жуўапкерсизлик пенен қарағанбыш, муғаллим болып ислеўге уқыбы жоқ-емиш, жылдың басынан берли группасына бир бала қосалмағаны менен турмай, бир неше мәртебе сабақ срыв еткен-биш. Буннан тысқары, жасларға тән емес минез-қулыққа да ийе-миш, арза, фельетон жазыў усаған жат әдетлер менен де шуғалланады-мыш. Ҳәтте...

— Рухсат болса, мен бир-еки аўыз толықтырайын,— деп сөз алды Қулмуратов директор сөйлеп болыўдан әбжиллик етип. — Ҳақыйқаттан да, Таўмуратовтың бул ислеп жүрген қылўалары муғаллим деген уллы атаққа ылайық емес. Бундай муғаллимлерди арамыздан тез



www.ziyouz.com kutubxonasi

аласлап тасламасақ болмайды. Өзиниң де минез-қулқы жақсы емес екен. Қашан көрсең, анаў бир Дәмегүл деген жел аяқ қыз бенен тиртеклесип жүргени. Бир ирет мына Асанов пенен жаман нийетиниң үстинен шығып та қалдық. Әне, инанбасаңыз, Дәлибайдан сораң!

Дәлибай бас ийзеди:

— Рас, рас!

Ҳәмме жағаларын услап, өрт тийгендей гүў ете қалды:

— Мына балада бет жоқ екен ғой өзи!

— Кеше келип алып...

— Үндеместе бәле бар деген...

Соңғы қатарларда отырғанлар арасынан буған усамаған басқа да гәплер шығып турды:

— Жыңғыл десе, қырғын де-ә!

— Пай—пай, жолың болып қалған екен ғой!

— Адам шығарыў деген жиниңниң аты ма!

— Наўрыз Әдилбековичке не болды екен? Растанда ақ пенен қараны айыра алмайтуғын болайын дегени ме?

— Ақсақал қартаяйын деген, соңғы ўақытлары баладай болып баратыр... Гәпке ереди. Қулмуратов ақ десе-ақ, қара десе қара...

— Әй, бәри анаў Қулмуратовтың таўып жүргени ғой! Оған салса мени де, сени де бир күн турғызажақ емес. Кимди көрсең, Қулмуратов пенен келиспей жумыстан шығып баратырған, түўе...

— Коллективтен адам кеткени оған да жақсы емес ғой?!

— Оның несин кетипти, адам шығаратуғын Қулмуратов, жаман атлы болатуғын директор... Қулмуратовтың тилеги де сол ғой. Сорықайнаған, директор усыны түсинбейди...

Директор бул гәплерди шалама-шекки еситип қалды.

— Кәне, не гәп!?—деди сонлықтан да жақтырмаған кейипте көз алартып бир қарап. — Сөйлейтуғын болсаңыз, мына жаққа шығып сөйлең! Болмаса тыныш отырың! Мийнет тәртиби сизлерге ойыншық емес! Аз-маз этика сақлаў керек-тә! Жыйналыс болып атырыпты, ақыры...

Бирде бир адам орынларынан турып, дурыс, я қәте деп айтпады. Негедур жаңа ғана шешенсип отырған мәртлик келбетлеринен айырылып қалған. Тап бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

айыплары бардай басларын төмен алысып, биреў аяп, биреў қуўанып, Азаматтың үстинен шығарылатуғын ҳүкимди күтип отыр. Директор аўа десе—аўа, яқ десе —яқ дей қояжақ...

— Жолдас Таўмуратов, сиз өзиңиздиң унамсыз ҳәрекетлериңиз ҳаққында не дей аласыз?—Наўрыз Әдилбеков адамларда сес-семир болмайтуғынын билген соң барлық бийликти өзи алып, жедел шешимге өтти.

— Не деўим мүмкин?! Барлығын өзиңиз айттыңыз ғой!—деп қырсықты жуўап орнына Азамат. — Қалған жағын Қулмуратов айтып берди...

Қулмуратов «әне, өзи де мойынлап отыр!» дегендей дөгеректегилерге мардыя қарап қойды.

— Демек, айыбыңызды мойныңызға аласыз ғой? —Директордың үсти-үстине берилген қысқа-қысқа сораўларынан жыйналысты тез жуўмақлап тасламақшы болған нийет байқалар еди.

— Айыбы бар деп отырған да өзлериңиз, мойныма қойып отырған да өзлериңиз! Енди оны мойынлап атыўымның не кәжети бар!?

— Рухсат етсеңиз, мен бир-еки аўыз сөйлейин! — Күни менен дым үндемей үн-түнсиз отырған Жапбаров әсте-ақырын орнынан турды. Ол орнынан турыўдан, негедур залдағылар да жанланып кеткендей болды.

— Мәрҳәмат, Жумабай Жапбарович!—деп бас ырғады Наўрыз Әдилбекович та оның жүзине сүйсине қарап.

— Мен Азамат Таўмуратовты пүткиллей айыплы емес деп айта алмайман. — Жапбаров қызыңқырап кетпеў ушын өзин барынша салдамлы услаўға тырысып, ҳәр бир сөзин нықлап турып аспай-саспай сөйлей баслады. — Дурыс, ол сабақ срыв еткени ушын айыбына муўапық жазаланыўы тийис. Бирақ мына жаза сәл артықмашлаў болып баратыр ма деймен... Таўмуратовты жумыстан шығарыўға усылар дәлил бола ала ма?! Булар ҳақыйқаттан да рас дәлиллер ме?! Растан-ақ 7—77 группасында контингенттиң толмаўына Таўмуратов айыплы ма?! Таўмуратов группаны қашан қабыл алды?! Бул әўели кимниң группасы еди?!—усы тәреплерине ой жуўырттық па, жолдаслар!?

Билсеңиз, ҳәзир биз пүткил училищеге тән кеселликти ортаға қойып отырмыз. Бул, демек, пүткил учи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лищениң тәғдири деген сөз! Буны биз жалғыз Таўмуратовтың мойнына аўдарсақ қалай болады?!

Обал-саўап дегенге де қараў керек, жолдаслар! Әнеайырымларымыз өз айыбымызды мойнымызға алыўдың орнына, қуры-бийпарўа ыржыйып күлип отырмыз... Неге күлемиз?! Таўмуратовтың жумыстан шығатуғын болғанына ма?! Яки коллектив болып усындай кемшиликлерге жол қойғанымызға ма?!

— Рахмет, Жумабай аға!—деди усы ўақытлары Азаматтың жанына жақынырақ жерде «изи не болар екен? Азаматты жумыстан шығарып жибермесе болар еди»! деп деми ишине түсип, тынышсыз тыпыршылап отырған Турғангүл арқасынан аўыр бир жүк ысырылып түскендей өзин азмаз жеңил сезинип.— Сөйтип айтыңдә ақыры!

— Бул не жарыс сөз бе?! Ҳәр ким отырып алып аўзына келгенин айта берсе, президиумның не кереги бар?!— Қулмуратов Турғангүлдиң қуўаныштан ерксиз айтып жиберген гәплерин еситип қалса керек, «бул не бассыз аламан» дегендей директорға жалтақ-жалтақ қараў менен болды.

— Сөз еркинлиги ҳәммеге бирдей!—деп бақырды әлле ким соңғы қатарлардан.

— Онда жарыс сөзлерге өтемиз,—деди адамларда қандайда бир көтериңкилик кейип барын аңлаған директор сәл-пәл жуўасыңқырап.— Қәне, ким шығып сөйлейди? Қәлеўши жолдаслар бар ма?!

Және жым-жыртлық шөкти. Сөз еркинлигин сораған адам да «маған сөйле демегей-дә!» дегендей мойнын төмен алып, көпшиликтиң арқасына бойын тасалады. «Сөйле, сөйле!» деп түрткиледи Турғангүлди бир ишки даўыс. Енди орнынан турмаса болмайтуғын еди. Өзинен де бетер Азамат жаман атлы болып қалайын деп тур, ақыры!

— Жумабай аға дурыс айтады,—деп ол биразға дейин жыйналыстағыларға нарыйза кейипте суслы қарап турды да, кейнинен, тап биреў изинен қуўып киятырғандай шаққан-шаққан сөйлеп кетти.

—Контингент тек Азаматтың группасында ғана толмай қалып отырған жоқ. Қуры толы деген аты болмаса айырым группаларда дизимде турған «өли жан»лардың есап-саны жоқ. 7—77 группасы да Азамат мастерликти



www.ziyouz.com kutubxonasi

қабылағанға дейин-ақ усындай жалған цифрлар менен толтырылған еди. Енди жаласы Азаматқа қалып, оқыўшыларды ол тарқатып жиберген болып отыр... Гилең аты бар да заты жоқ балларды журналға тиркеп бергенсиз де қойғансыз... Азамат усының менен план орынлап, усының менен контингент услап турыўы керек қусайды. Усындай көз бояўшылықтың не кереги бар?! Мәмлекет бул баллар ушын қаншадан-қанша қаржы жумсады?!

Онның менен де турмай, биз оларға өтирик баҳа қойып, және жынаятқа жол қойыўымыз керек... Усыны көрип жүрген оқыўшыда училищеге деген қандай қызығыўшылық болыўы мүмкин?!

Күни менен тынышлық ҳүким сүрип турған залда күтилмеген жанланыў пайда болды.

— Дурыс, дурыс! Ҳә, берекет тап, қызым! Азаматлар бар екен ғой!—деп биреўлер рийза болып, тилеклеслик билдире баслады.

— Нағыз оратор бол—ә!—деп кекетти және биреўлер. Президиумдағылар ҳайран болып бир-бирине қарасты. Турғангүл даўысындағы тынышсыз дирилдини азы-кем басып турып, гәпин даўам етти:

— Демек, профориентацияны ең дәслеп өзимиздиң арамызда өткерип алғанымыз, яғный сырттан бала шақырып келерден алдын, бар оқыўшылардың өзлери менен дурыс ислесиў анағурлым жемислирек. Мысалы, жаңа ғана сизиң жел аяқ деп атаған Дәмегүл деген оқыўшыңыз айтсаң, айтқанға жүретуғын әп-әнедей-ақ қыз. Мен жақында оның семья жағдайлары менен танысқаннан кейин, «жатақханада турағойың» деп мәсләҳәт берип едим, дәрҳал келисим берди. Неге десеңиз, жағдайы соны талап етеди. Үйинде болса, өгей анасы: «сен қатынды бай да алмады, анаў Еркин дегенге турмысқа шық» деп қыңқылдап қоймайтуғын қусайды. Еркин де пьян болып алып бәрқулла үйинен шықпайды екен. Қыз буны бир-еки ирет сизге айтып та келген. Сиз, бәрибир, бастырып таслай бергенсиз. Енди бүгинлигинде оны уялмай-қызармай Азаматқа таңып отырсыз. Усы инсаптан ба? Усы педагогтың қала берсе, сиздей басшы адамлардың сөйлер сөзи ме?!

— Әй, қарағым, факт пенен сөйле, факт пенен!—Қулмуратов буннан ары шыдамай орнынан ушып турды: — Не өзи айтып турғаның!? Мен оны урып



www.ziyouz.com kutubxonasi

айттырғаным жоқ ғой, анасы өз аўзынан айтып келди.
— Кеширерсиз, әстерек!—деди усы ўақытлары Қулмуратовтың шеп қапталында отырған Нурнияз аға оның жеңинен тартып қойып. Түймедейди түйедей етип көрсеткиңиз келеди де турады екен. Бәри аманлық ғой. Турғангүл дурыс айтып атыр...

— Жағамды жибер! Бир аўыз бир нәрсе айтып алайық?—Қулмуратов Нурнияз ағаға да ҳәрре көзленип бир қарап қойды. —Дурыс болса, жаңағы «өли жанлар»дың есап-саны жоқ» деген пикирин дәлиллесин! Ким, қайсы группада?—атпа-ат айтсын!

Турғангүл «айта берейин бе?» дегендей Азамат тәрепке бир көз таслап алды. Бул ўақытлары Азаматта да ҳайран қаларлық жанланыўшылық пайда болған еди. Турғангүл оның ҳәрекетлеринен көпшиликке бир нәрселер айтпақшы болып оқталып отырғанлығын анық байқады. Ол Азаматтың бул нийетлерин буннан бир нешше саат бурын да билетуғын еди. Сонлықтан да көз-қарасынан Азаматқа «сәл сабыр ет, ҳәзир бәрин өзим айтаман» дегендей уғым аңлатты да, жедел түрде фактлер келтириўге киристи.

— Факт дейсиз бе?—деди ол азмаз ойланып турып.
— Ең әпиўайы мысал: Азаматтың группасы! Сабаққа келетуғыны жети—сегиз бала бола турса да, не ушын журналға жигирма оқыўшының фамилиясы жазылған?! Саны бар да сапасы жоқ контингенттиң не кереги бар?! Бул сизге факт емес пе?!

— Пикириңизди анығырақ айтыңыз, Қәллиевна? Буның менен сиз не демекшисиз? Училищеде қәнигес таярлаўдың сапасы төмен деген пикирди келтирип шығармақшысыз ба? Ямаса... —Директор ядына әллени түсирип алғысы келгендей Турғангүлдиң гәпин бөлди.

— Усындай болған соң сапасы төмен болады-дә, әлбетте!

Турғангүл айтажақ ойын еле де анығырақ жеткериў мақсетинде гәпин даўам етти. «Мейли, Азамат ушын ҳақыйқатлықты айтып жек көринишли-ақ болайын» деген бир шешимге келген еди ишинен.—Оқымай-ақ документ алатуғын сол «өли жан»ларды көрген оқыўшы да сабаққа деген не қызығыўшылық болсын?! Оларды ҳеш ким сезбейди деп ойлайсыз ба?! Ап-аңсат-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ақ сезиледи, дизимде аты турады, оларға да стипендия жазылады, оларға да шерек шығарылады, солар ушын кийим-кеншекке, азық-ауқатқа заявка бериледи...

— Қәне, кимлер олар?! Атпа-ат келтириң!—Қулмуратов қызара бөрткен ҳалда орнынан бир-еки ирет турып кетти.

— Мысалы, 7—77 группасындағы жети-сегиз оқыўшыдан басқасының ҳәммеси!—деп қайталады Турғангүл оның жүзине тик қарап.

Қулмуратов та оннан қаймыға қоймады.

— Бул мениң айыбым емес ғой, шырағым,—деп Турғангүлдиң садалығы үстинен күлген болып, гәпти басқа жаққа бурды.— Еле мәселениң не ҳаққында кетип атырғанын түсинбеген екенсең-аў! Биз Таўмуратовтың мәселесин именно усы жағдайлар ушын қарап отырмыз ғой! Жигирма балаға ийелик ете алмай группаны тарқатып отырса не қыламыз?! Сол ушын да айыплы биз боламыз ба?! Журналға жигирма бала жазылған болса, оны анаў гөринде тик турғыр Генжемуратов жазған! Жазыўын жазды да, кейнин жаўалмай жумыстан қашып кетти! Еле биз кеширимли болып атырмыз... Болмаса оны қашырып жибериў ғой, қашырып жибериў, сотлатыўымыз керек еди.

Таўмуратовтың айыбы—бар балларды услай алмағанлығында! Ол усылайынша ис алып бара беретуғын болса, бир-еки айға бармай-ақ группаны тарқатады. Еле де Наўрыз Әдилбекович мәселени өз ўақтында ортаға қойып отыр...

— Өзи жоқтың көзи жоқ қылмаң, Елмурат Қулмуратович! Сиз де бир жағында бар шығарсыз! Сизден рухсатсыз ол қалай жазады?!

— Қәне, кимди жазыппан?! Дәлиллең! Атын айтың.

— Мысалы, Алпысбай деген бала. Яқшы, сентябрьде үш күн сабаққа келди-ақ дейик! Ал оннан кейин неге келмейди?! Неге сиз сабаққа қатнаспайтуғын балаға Азаматқа «шерек шығарып бер» деп өтинесиз?! Ал ол бала болса...

— Ол бала болса жынаятлы ислерге араласып қалып оқыўға келе алмай атыр,—деп және жол таслап туттырмаўға ҳәрекет етти Қулмуратов.—Енди ол баланы меннен сораман, орган хызметкерлеринен сораң. Рәметовтан сораң! Ол ушын мен жуўап бермеймен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ жаңағы айтқан гәпиңиз ушын сиз жуўап бересиз! Қәне, басқа не дәлилиңиз бар?!

Турғангүлдиң де, Азаматтың да буннан басқа көзгир болғандай дәлили жоқ еди. Екеўи де бир-бирине қарасып, тубалап турып қалды. Адамлардың да демлери ишине түсип кеткендей залда тым-тырыслық. Директор да қандайда бир тереңойға шүмип кеткен...

— Кәне, Азаматтың өзи не дер екен?—деди жыйналыстың дизгинин өз қолына алған Жапбаров әлле неширден соң бул аўыр үнсизликти бузып.

— Мениң жаңағы айтқанларға қосып-аларым жоқ. Бәри ҳақыйқатлық!—деди Турғангүл менен Жапбаровтың гәплеринен жигерленип кеткен Азамат та қәддин тик көтерип.—Бирақ бир айтарым—булардың бәрине коллектив те, меннен бурын болған Генжемуратов та айыплы емес, тек Қулмуратов айыплы! Қулмуратов жекке абыройының артыўы ушын, жумыс орнын услап турыўы ушын...

Жаңа ғана Турғангүлге жаны ашып қыйнала қарасқан көзлердиң бәри енди Азаматқа таңлана тигилди.

— Аўа, Қулмуратов айыплы!—деп қайталады Азамат та әлле нени бул көзлерге исендиргиси келгендей, өткир нәзер менен қарап.—Қулмуратов енди мени жумыстан шығара алмайды! Мен ҳәзир ҳақыйқатлықтың тутқасынан беккем услап турман.

— Қандай ҳақыйқатлық, қандай ҳақыйқатлық?!—деп ғаўырласты адамлар. Айырымлар:

— Абайла, жаздырылып кетпесин!—деп мысқыллап та атыр.

— Ол жанлы ҳақыйқатлық! Ол адамды талай-талай Қулмуратовлардан азат ететуғын ҳақыйқатлық!—Азаматтың даўысы кем-кем ҳәўижге мине берди.—Ол кеше ғана Қулмуратов жазықсыз жумыстан айдап салған мастер—Жуманияз Генжемуратов! Ол училищемиздеги аты барда заты жоқ талай-талай «жалған цифрлар» сырын дәлиллеп беретуғын Генжемуратов!

— Цифрлар сыры?! Ол қандай сыр?!—деп тағы да шаўқымласып кетти адамлар.

— «7—77» группасындағы «оқып атыр деген» дизимде турған он бир «өлижан»ды айтаман,—деп сәл-пәл күле шырайланған болды Азамат. Бирақ бәрибир гәплери ашшы еситилер еди...—Билсеңиз, Генжемуратов усы «өлижан»лар себепли жумысты таслап кетти. Ҳа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қыйқатында, олар Атамуратов сыяқлы жездеси, яки басқа да таныс-билислериниң арқасында Қулмуратов пенен келисип, оқымай-ақ документ алып жүрген ҳақыйқый тири жанлар еди. Буны меннен де бурын сезген Генжемуратов еди. Қулмуратов сол ушын да оны қорқытып-үркитип жумыстан кетиўге мәжбүр етти... Исенбесеңлер, ертең-бир күн олардың екеўи де арамызға келеди.

Қулмуратов директордың қулағына таман еңкейип сыбырлап, бир немелерди түсиндиргендей болды. Сол заматта-ақ Наўрыз Әдилбековичтиң жүзи өрт шалғандай қараўытып, көзлери уясынан шығып кететуғындай болып тасырайып кетти: «Фельетон жазбастан бурын маған неге бир аўыз хабарласпайды! Мениң жумыстан кимди алып, кимди шығаратуғыным менен не жумысы бар?! Мен оған «жумыстан шығарылсын» деп приказ бергеним жоқ. Өзи кетип, өзи қойды...»

— Отырың!—деди әлле немирде ойынан өзи шоршынған ҳалда жүзин кескирт суўытып.—Сиз негизги мәселеден шетлеп, Генжемуратовтың жырын жырлап баратырсыз. Алды менен өзиңиздиң сықпаныңызды сығып ала бериң! Оннан кейин журтты ақлаўға өтесиз. Гәпке шебер екенсиз-дә, лекин исиңиз басқа екен. Мен бурын сиз ҳаққында жүз процент жақсы пикирде едим. Басламалар көтерип, кружоклар шөлкемлестирип жүргенге искер бала шығар десем... Қулмуратов сизиң усындай да минезлериңиздиң бар екенлиги ҳаққында басшы сыпатында бир нешше ирет мағлыўмат бергенде де исенбеп едим. Мине, бүгин ақыбетин өз көзим менен көрип... Жолдаслар, биз бундай units ислерди кешире алмаймыз! Енди жумыстан шығарыўдан басқа иләж жоқ!

Мәселениң питкен жери усы еди. Жапбаров, я Нурнияз аға болып биреўи бир нәрсе дей алмады. Бул пайытта ақланып, дәлиллесип атыў да пайдасыз еди. Директордың соңғы ўақытлардағы әдетиниң өзи усындай... биреўге бир қырын қарады ма, пилмәмбет бола ғой арашаға түсе алмайсаң. Усыны түсинген Турғангүлдиң де айтар сөзи аўзында қалды.

Соңғы үмити де үзилген Азаматтың ақыл-ҳуўышы лал болып, көз алды қараңғыласып кетти. Ҳәўлирген жүреги дүрс-дүрс соғып, залда отырған адамларды



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир-биринен дерлик ажырата алмайтуғын, кимниң не деп отырғанын жөнли еситe алмайтуғын бир түрли қолайсыз ҳалатқа түсе баслады. «Бир, еки, үш-бир, еки, үш...» деп үзликсиз санап, көз алдындағы қараңғылықты тезирек тарқатып жибериў ушын өзин беккем тутыўға тырысып көрип атыр.

Арадан қанша ўақыт өткени белгисиз, бир ўақытлары Рәметовтың жағымлы ҳаўазын еситкендей болып өзине келди. Басына «ол қаяқтан келип қалған?» деген пикир келе баслаўдан, көз алдындағы думанлы перде де серпиле баслады. Қараңғылық тарқаўы менен, ол президиумда сөйлеп турған Рәметовты көрди.

— Азаматтың ҳеш қандай айыбы жоқ! Айыптың бәри Қулмуратовта!—деп күйип-жанып сөйлеп турар еди ол,—мен баяғыда-ақ усы Алпысбай деген баланың астарында бир нәрсе жатқанлығын айтқан едим. Жаңа милиция начальниги «сизиң училищеде оқыйды ғой!» дегенде, сол пикиримниң дурыслығына және бир мәртебе исендим. Дурыс, биз жылдың басынан берли ондай баланы көргенимиз жоқ! Бирақ көрмедим деп қалай айтарсаң!? Ол қашаннан-ақ Қулмуратовтың «кең қанатының» астында күн кеширип атырған... Бул фактти баланың жезделерине шекем мойнына алды. Бирақ обалы не керек, милиция хызметкерлериниң айтыўына қарағанда, бала жаман емес қусаған. «Оны жақсы болсын десеңиз, ондай «қайырқомлықты» қойып, шынтлап оқытыңыз! «Өли жан» болып оқығанды қойсын!» дейди бизлерге айып тағып. Әлбетте, бул Азаматтың айыбы емес шығар. Бул ушын оны жумыстан шығарыўымыздың не кереги бар?! Керисинше бул жерде жолдас Қулмуратовтың жекке мәселесин қарағанымыз орынлырақ болар...

Директор бираз ўақыт үнсиз тыңлап отырды да, кәпелимде аўыр бир жараның азары жанына батқандай жүзи сурланып, басын гилт көтерди де, қапталындағы завучқа жалт қарады:

— Қулмуратов, бул не гәп?! Усының бәри сениң ислеп жүрген ойқаның ба еди!?

Директордың өткир көзлери өңмененинен тесип жибererликтей болып туўры Қулмуратовқа қарай қадалған еди. Ол бул ирет жүзин жасыра алмады...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## XX

...Олар Шоманайға күн бата жетип келди. Милициялар қәдимгише граждан формасында кийинип алған.

— Ҳо анаў үй!—деди Алпысбай Жақаның үйиниң қарасы көзге шалыныўдан.

Машина тезлигин пәсейтип барып әсте тоқтады.

— Сизлер машинаны анаў еки жолдың кесиспесине, тасарақ жерге қойып, оңлап отырғандай болып өйер-бүйерин шуқластыра турың. Биреўдиң үйин излеген киси қусап мен бир кирип шығайын. Егер, анаў-мынаў жағдай туўғандай болса, ҳаўаға қарай оқ үземен.— Назаров усы айтылған келисим бойынша машинадан түсип қалып, нар тәўекел Жақаның үйине барып көриў ушын бел байлады.

Бирақ арадан ярым сааттай ўақыт өтер-өтпестенақ өзи айтқан кесиспеге жетип келди. «Машина ремонты» өз дегениндей болып иске асырылып атыр екен.

— Не қылды оңланғандай түри бар ма?—деди Назаров оларға келгенин билдириў ушын дөгерекдашқа бир көз жуўыртып алып. Жақын-жуўықта ҳеш кимниң жоқ екенлигин сезгеннен соң: —Еле үйине келмепти,—деп гәпин тиккелей негизги мәселеге бурды.

— Енди не қылсақ екен? Бул ўақытқа дейин үйине бир келиўи керек еди ғой!?

— Ҳаял-бала-шағасы үйинде ме екен?

— Ҳаялы үйинде. «Өй деген адамды билмеймен, бизлер де қонақпыз, атамлар биле қоймаса...» дегениненақ Алпысбай айтқан келиншек екенин билдим.

— Бойы мынандай ма?—Алпысбай да сол екенлигине анық көз жеткизгиси келгендей қолын төбесинен асырып, шаққан сораў берди.

— Аўа, сондай...

— Онда дәл өзи!—Алпысбайдың негедур келиншекти көргиси де келип кетти.

— Онда l былай етейик!— Назаровтың жолдасы әлле неге қыстанған түр менен гәпке араласты. —Ҳаялы үйинде болса, ол түбинде усы жерге бир келиўи керек. Бүгин келмесе, ертең келеди... Сонлықтан ҳәзир ҳеш жаққа шықпай, усы жерлерде бой тасалап тура турайық. Пыяда жүрсе де, көликте жүрсе де, үйине



www.ziyouz.com kutubxonasi

кесиспе арқалы барыўы тийис. Мына еки жол да туўры үйине апарады. Қайсы жол менен кеткенин билмей турғаннан усы жерде арқайын күткенимиз мақул.

Олар усылайынша сөйлесип турғанда, алыстан қандай да бир «жақты» көринди!

— Мына жақты тегин жақты емес! Солар болыўы керек,—деди әлле неден сезикленген Назаров дәрҳал қарыўына асылып. Жолдасы да жалма-жан таярлық көрди.

— Алдыңғы машина бос қусаған. Оны өткерип жибериў керек. Кейинги машина тоқтамаса, дәрҳал баллонға ат! Мен итималы жоқ жағдайда машинаны алдыларына кесе тартып жибериўге таярлық көрип тураман. Көрдиң бе, алдына барлаўшы машина жүргизип киятырғанын!—Назаровтың қыялына бул пикирлер сондай тез келди, ҳәтте, бул «тезлик» жақынлап келип қалған машиналарда да жоқ еди.

— Мен не қылайын?—деди Алпысбай да жигерленип.

— Сен дәрҳал машинаға кир! Мениң қасымда боласаң.

Машиналар бир-биринен бир шақырымдай қашықлықта киятыр еди. Биринши машина олардың түбинеде келип қалды.

— О, такси! Жалғасбай аға, ананы неге усламайсыз?!— Алпысбай рульде отырған таксисти әлле кимге шырамытып қалғанлықтан орнынан ушып турды.

— Яқшы, кете берсин! Қай жерге барар екен, соны билейик.

— Назаров усылай деп турғанда, шофердан басқа адамы жоқ бос такси олардың тусынан зуўлап өтип те кетти. Бирақ онша алыс кетпей-ақ тезлигин пәсейтип, жаңа ғана Назаров кирип шыққан үйдиң жанына келип тоқтады. Тоқтады да «ба-бап»латып бир-еки ирет сигнал берди.

— Түсиникли,—деди Назаров шешиўши ҳәрекетке өтиў ушын машинаны бирден ход алып кете беретуғындай етип сазластырып қойып атырып. —Анаў «Жигули»де сөзсиз Жака бар.

Айтқанындай-ақ Жака соңғы машинада отыр еди. «Былай айда, былай айда!» деп жол көрсетип киятыр



www.ziyouz.com kutubxonasi

ған болыўы керек, артқы орынлықта шалқайып таслаўы менен, қолын оя́қ-буяққа тез-тез шошайтып қояды. Алпысбай оның ширенип отырысынан-ақ сол екенлигин дәрҳал таныды. «Сол өзи!» деп Назаровқа айтып үлгермей атырып-ақ машина олардың тусына келип қалды. Назаровтың жолдасы қол көтергендей болды, машинадағылар тоқтаўды қыялына да алмады. Негедур Назаровтың жолдасы баллонға оқ та атпады. Ендиги шешиўши ҳәрекет Назаровтики еди.

«Оқ көширмегени дурыс болды. Биринши машина сезикленип қалыўы мүмкин...». — Назаров гүбирлениўи менен машинаға скоростьты қойып жиберди. Машина зоңқ етип жолға ортаға шығып лаппа тоқтады. Туўрыдан киятырған машинадан «шүйкк» етип урылған тормоз сести еситилди. Назаровтың жолдасы сол пайытта-ақ Жака отырған тәрептеги машина қапысына оқтай атылды. Изинше бир қапталдан Назаровтың өзи де келип жетти. Жака қураллы еки адамның алдында тырп ете алмады.

* * *

...— Бала ҳәзир ғана сизлер бетке кетти, достым! Сениң баяғы көрген-билгенлериңниң бәри бизлерге жәрдем етти. Ҳақыйқатында да, сол ирет Күнсулыў ақша соратыўға Аллашбай деген бир шофер жигитти жиберген екен.

— Онда бәри тутылды десе!

— Сизлердей, Алпысбайдай жәрдемшилеримиз турғанда, тутпай қоямыз ба?! Қамалды да кеше аэропорттан усладық. Москвадан жаңа келип түсип атыр екен...

— Айтпашақ, Жаканы Шоманайға алып барған шофер жигитлери кимлер екен? Олардың да жынаятлы ислерге қатнасы бар ма?

— Екеўи де таксист екен. Биреўи елеспесиз болсын деп өз машинасын айдап шыққан қусайды. Алпысбай олар ҳаққында да жаңа мағлыўматлар берди. Илгериде, Жака менен жүргенинде екеўин де таксопаркте көрген екен. Сорастырып көрсек, Жаканың қармағына бир илиниш қалып, қутылалмай жүрген сорлылар қусайды. Бираз ҳақыйқатлық солардан мәлим болды...

Милиция бөлиминен шыққан Назаров пенен Аза-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мат усылайынша сөйлесип, училищеге де жақынлап келип қалды.

— Ал енди мен усы жерден қала берейин. Басқа да тығыз жумысларым бар еди. Сен де жумысыңа бар. Алпысбай да күтип қалған шығар... Енди жақсылап оқытыў сениң мойныңа!

— Оқытыў жағы болса қатырамыз ғой!

Олар бир-бирине рийза болған кейипте хошаллияр айтысты да, өз жолларына түсип, асығыс рәўана болды. Ҳәр бириниң өз алдына күтип турған ислери, күтип турған адамлары бар еди, ақыры.

Азамат училищеге жетип келсе, ҳақыйқаттан да оны Алпысбай күтип тур екен... Олар узақ ўақыт көриспеген ағалы-инилилердей бир-бирине қушақ ашып жуўырыў менен болды.

## XXI

Жыйналыстан кейин көп узамай-ақ училище турмысына кең өзгерис кире баслады.

— Егер, кимниң группасында «өли жан» болса, бәрин дизимнен өшириң!—деп буйрық берди директор.

Басшыдан буйрық келген соң не турыс, группа мастерлери бурынғыдай Қулмуратовқа жалтақлағанды қойып, бириниң изинен бири дизимге кирген «өли жан»-ларды оқыўдан биротала шығарыў ҳаққындағы приказға таярлаўға киристи.

Усындай приказ бириншн болып Азаматтың ўақтынша мастерлик еткен группасындағы он бир «өли жан» үстинен шығарылды.

— Мине, группаң тазаланды!—деди Азамат жумысқа қайтып келген Жуманиязға группасын тапсырып атырып.

— Енди ислесиўге болады!—деп Азаматқа миннетдаршылық билдире баслады қуўанышы қойнына сыймаған жас мастер де.

— Сизлерге көп-көп рахмет!..

—Арзымайды. Бул ҳәммемиздиң миннетли ўазыйпамыз. — Турғангүл де өз ислериниң нәтийжесиниң усылайынша жақсы тәрепке дөнгенине шексиз қуўанып, жүзлери гүл-гүл дөнип турар еди. Ол бәринен бетер усы аз ғана ўақыт ишинде Азамат пенен оқыў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шылар арасындағы қәлиплесип қалған туўысқанлық меҳир-муҳаббатты сезип қуўанар еди.

— Азамат аға, сиз де бизлерден кетпең!—деп қыйылады оқыўшылар өз мастериниң қайтып келгенине шексиз бахтияр болып турса да. —Екеўиңиз де мастер бола бериң!

Азамат та оларды қыйып кете алмас еди.

— Екеўимизге бирден мастер болыўға болмайды ғой. Болмаса сизлер менен өмиримниң ақырына дейин ислесиўге қайыл болар едим,—деп өзин де, оларды да алдарқатқан болды ҳақ көкиреги менен. — Мен сизлердей аўызбиршиликли ул-қызларды ҳеш қашан да көргеним жоқ.!..

Деген менен, оқыўшылар бул жақсы сөзлерге де жубана қойған жоқ.

— Кетпең-дә, муғаллим, кетпең-дә!?—деп қайта-қайта өтине берди.

— Яқшы, Азамат сизлердиң группаңызға куратор болады! — Оқыўшылардың Азаматқа деген шын ықласын сезген директор, ақыры болмаған соң усындай шешимге келди.

— Бирге ислесетуғынымыз қандай жақсы болды! Рахмет, ғамхорлығыңызға!—деп директорға миннетдар болды жас мастер де.

Азамат Наўрыз Әдилбековичке оннан бес-бетер миннетдар еди.

— Наўрыз аға, сизиң де, оқыўшылардың да исенимин ақлаймыз!—деди сонлықтан да тап бир әскерлик ант тапсырып атырғандай директордың жүзине туўры қарап. — Тез арада он бир «өли жан» ның орнын да ҳақыйқый оқыўшылар менен толтырамыз. Рухсат болса ертеңинен баслап аўыллық мектеплерге профориентация өткериўге шығайын? Бир-еки мектептен «класымыз бенен профтехучилищеде оқыймыз» деген жаслардың хабарын еситип турман...

— Сизлерге исенемен. Барыңыз!— Директордың гиршиктей таза көзлеринен өз хызметкерлерине деген шексиз сүйиспеншилик сезими менен келешекке болған үлкен исеним нур болып парлап турар еди.

— О, группамызға тазадан оқыўшылар келеди!— деп ғаўырласты балалар да. — Класс толы болып оқыў қандай кеўилли!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул ҳақ гәп еди. Азамат профориентацияға атланар алдында да оқыўшылардың бул тилеклерин бир еслеп қойды....

## ЭПИЛОГ

Ғаўғалы күнлер усылайынша өтип кетти. Және сентябрь келди. Бирақ бул сентябрь өзге ҳеш бир айларға усамаған өзинше бир сағынышлы сентябрь еди.

Жаңа оқыў жылы басланбастан бир күн бурын балалар оқыў корпусы менен училище шарбағында леклек болып ағылып жүрди. Машина-тракторлар парки менен мастерскойды көрип шыққанлар оқыў корпусына қарай асықса, оқыў корпусы менен танысқанлар машина-тракторлар паркин аралағанша жаны жай таппайтуғын еди. Көзлери сирә тоймас, бир қызықтан соң бир қызық... көрген сайын көргилери келе береди.

— Оҳо, мынаў үлкен бир автобаза ғой!—деп сүйсинеди машина-тракторлар паркин көзден өткерип жүргенлер. — Мына машиналарды қара! Жақында келген бе деймен... Булардың бәрин бизлер айдаймыз ба?

— Ҳе, енди не деп едиң!? Мына трактор менен жер сүремиз.

— Жериңди сүре бер! Биз шалы орамыз!—деп комбайнлардың штурвалларына қустай қонақлап алады сол ўақытта-ақ гейпаралары. Ал айрым шыдамсызлары болса бир-биринен қалысқылары келмегендей қурылыс кранына қарай қустай ушады. Излеринен бақырық-шақырық:

— Ҳәй—ҳәй, қайт кейниңе, қайт! Усыннан шамал турып кетсе, өлесең сорлы!..

— Балалар, берман келиңлер! Қызықтың бәри мынаяқта!—деп бақырады мастерской беттен усы ўақытлары әлле ким.

— Рас, рас, анаў мастерскойда оннан да зоры бар!—деп оның сөзин тастыйықлайды мастерскойды аралап шыққан бир топар балалар. — Ямана тамаша! Тек деген кнопканы бир бассаң, машын ба, трактор ма қосақлап көтерип кете береди. Барып көрерсиз, машын дегенлерди аспанға шеңгекке гөш қыстырғандай илдирип қойыпты!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Рас екен—әй!—деп таңланысады мастерскойды аралап жүргенлер. —Мине, қара, мына кнопканы бассаң кран арман-берман жылжыйды. Мынаны бассаң, илдиргишин гә жоқары, гә төмен қозғалтыўға болады. Бәринен де анаў станокларды айтпайсаң ба! Үлкен заводтай ғой... Бул жерде не қылады екенбиз!

— Не қылатуғын едик, машын соғып үйренемиз-дә! Ҳо анаў жерде машын айдаймыз... Жүриңлер, соны барып көрейик!

— Балалар мастерскойдан шыға полигонга қарай жуўырады.

Оқыў корпусы беттеги баллардың ғаўыр-ғаўыры да олардан қалысажақ емес. Экранластырылған пән кабинетлерине бир кирип кетсе, шыққылары келмей турып қалады.

— Бундай екенин билгенимизде, класымыз бенен келетуғын едик ғой!—дейди диафильм тамашалап отырғанлар.

Усы тақылеттеги қуўаныш ҳәм сүйиншке толы гәплер училище хызметкерлериниң аўызларынан да еситилип турар еди.

— Жумабай Жапбарович, бәринен де мастерскойды иске түсиргениң жақшы болды—дә!—дейди машина тракторлар паркиндеги балаларга екинши этаждағы кабинетиниң айнасынан сүйсинип қарап турған Сарыбай Рәметов.—Анаң қара, қурылыс кранының әтирапына қумырысқадай үймелесиўин!

— Бәри өзиңиздиң хызметиңиз!— Жапбаров та кишипейиллик сақлап, Рәметовтың кеўлин көтериўге ҳәрекет етеди.— Быйыл контингент жылдағыдан еки есе артық орынланар, қалайда.

— Айтарың бар ма! Ҳәзирдиң өзинде еки есеге жетип қалды. Бәринен де класс-класы менен баслама көтерип келип атырғанларын айтпайсаң ба!

— Бул күнди қанша әрманлап едик, достым! Ақыры, келди ғой...

Мына жағдай Наўрыз ағаның да көзин ашып жибергендей болды.

— Бүгин Қарақалпақстан кәсип-техникалық билим лендириўиниң тарийхында үлкен бурылыс басланды!— деп дағаза етти ол ертеңине, жаңа оқыў жылы мүнәсибетинде байланыслы ашылған жыйналыста бийик минберден көпшиликке сүйсине қарап турып. Оның



www.ziyouz.com kutubxonasi

күлимлеген көзлери менен толқынланған сөзлериндеги үлкен қуўанышты дәлиллеп атырғандай қардай аппақ шашлары да күн нурында гүмистей жылтырап, самал менен желбирер еди.

— Бул бурылыс бизиң ҳәммемиздиң жақсы нийетимиз бенен тынымсыз мийнетимиздиң нәтийжеси. Мине, қарай ғойың, биз бул мақсетимизге толық ерисип отырмыз! —Наўрыз аға кең майдаңшадағы бахтыяр күлип турған қара көзлердиң бәрине ҳүрмет пенен бир қарап қойды. —Халық уллары саналы түрде кәсип-техникалық тәлимге бет-бурып отыр... Демек бизиң халқымыз өз өмир жолының кең гүзар дәрбентине келди деген сөз... Бул дәрбент илим менен практиканың беккем түйискен жери—кәсип-техникалық тәлим, жолдаслар! Енди усы жерден пүткиллей жаңа жол-ақыл мийнети менен физикалық мийнетти бир орайға бирлестирген жоқары саналы адамзат жолы басланады.

Қуўанышлы жери сонда—мына қара көзлердиң бәри де бул жолды өз ерки, ақыл— ҳуўышлары менен саналы түрде таңлап келип отыр! Бул—бизиң ушын үлкен жеңис, үлкен байрам! Байрамыңыз бенен, жаңа жолларыңыз бенен, қәдирли ул-қызларым!

Президиумда отырған директордың орынбасарлары Жапбаров пенен Рәметовтың да, оқыў бөлиминиң баслығы етип жаңадан бекитилген Азаматтың да, комсомол шөлкеминиң басқа жумыслардан азат секретары Турғангүлдиң де, тәрбияшы, жергиликли профсоюз комитетениң председатели Нурнияз ағаның да айтар тилеги усы еди.

«Балларым, қандай бахытлысыз!—деп сүйсинди Нурнияз аға ишинен. —Ҳәм оқып билим аласыз, ҳәм кәсип үйренесиз... Ишпеге-жемеге зәриў емессиз. Әне, жатақханаларыңыз, өз үйиңизден кем емес».

«Енди тәртип те жөнге түседи!»—Директордың гәпинен рухланған Рәметов та өзинше қуўанып қойды

«Мына техникалардың бәри сизлерге тийисли, жас дослар!»—Жапбаров гә машина-тракторлар паркине гә балларға көз таслап, олардың шадлы келешегин көз алдына келтиргендей татлы әрман қушағында толып-тасып турар еди.

«Бизлер қандай бахытлымыз! Әрман еткен күн келди!» —Бир-бирин қутлықлап атырғандай Турған



www.ziyouz.com kutubxonasi

гүл менен Азамат та қайта-қайта бас ырғасып, жаўдыраған қара көзлерге үлкен үмит пенен қарасады.

Оқыўшылар тек Қулмуратовты гана президиумнан ушырата алмады. Ол басқа мастер-муғаллимлердиң қатарында да жоқ еди. Бирақ оны излестирген ҳеш ким болмады...

**Нөкис, 1979—1982-жыллар.**





www.ziyouz.com kutubxonasi



# ҚУСЛАР ҚАЙТҚАН КҮН...

## Повесть

Мылтық үйде дүт басып илиўли туратуғын еди. Әкеси бунын менен қызыққан жоқ. Ҳәтте, жыл бойына қолына усламады. Бала нәрсе қайдан билсин, гейде қарап отырып иси еригетуғын еди. «Бул неге қурыдан—қуры тура береди?—деп ойлап қойды ҳәр ўақ-ҳәр ўақ. —Бир атып көргенде қәйтер еди?...»

Бир күни ағасы оған: «Кеште самал болса, сууўырып алармыз» деп, жумыстан қайтып келемен дегенше жүўери қырманды қорып турыўды тапсырды. (Бул күнлери совхозда ғырта-ғырт салы орағы жүрип атыр еди.)

Қырман қорыў деген де әнейи емес екен. Көп қара ғарға жабылдыма дейсең! Бақырып-бақырып даўысы қарлықты. Кесеклеп урып та көрип атыр. Урған ўақытта «пырр» етип ушады да онша алыслап кетпей-ақ қайтып келип қонады...

Дым ашыўы келди. Ақыры жуўырып барып қабырғада илиўли турған бул мылтықты әкелди де:

— Панқ-панқ!—деп даўысының барынша бақырып, оларды қорқытқан болды. Алдана ма, қус болса да «хитрый» екен, бала «енди келмейди ғой» деп, шешинип отыра бергенде, және бир топ ғарға гүў басты...



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Растан-ақ булардың сазайын тарттырмасам болмас» —Бала нар тәўекел қатарды белине байлап, мылтықты алып және шықты. Ол қатардан оқты алып атырғанда да, оны мылтыққа салып, қулақларын қайырып, шүриппесин басайын деп атырғанда да ғарғалар дәрпенген жоқ. Баланың жүреги аттай туўлап, қоллары қалтырай баслады. Көзлерин тастай жумды. «Теўеди» деген сөзлер ядында бар, мылтықтың қундағын ийнине тақаңқырап, қоллары менен услаған жерлерин қатты қысып алды. Қос саўсағы әсте-әсте шүриппеге қарай жылыслай берди... Бир нәрсениң «шырт» еткенин биледи, бир ўақытлары қоллары дир-дир етип, қулағының тусы жер жарылып кеткендей «гүрп» ете қалды. Көз алды тынып, мийи айланып баратыр... Тентиреклеп барып, жерге гүрс етип қулап түсти. Мылтық әлле қашан қолында жоқ еди. Өзине келип, көзин азмаз ашып, дөгерекке қарап еди, жерде шаңға былғанып мылтығы жатыр. Әтирап жым-жырт. Тек қулағы үзликсиз гүўилдеп, мурнынан қаңлай да бир күцирсиген ийис кетер емес...

Ол орнынан турып, үсти-басын қағыстырып, енди мылтығын алайын деп оқтала бергени, қырманның үстинде қап-қара болып қараўытып жатырған бир нәрселерге көзи түсти. Жақынлап келип олардың бир нәрселер емес, ғарғалар екенин анық билди. Аяқлары сәррийисип, әлле қашан өлип қалыпты...

— Түпәлем, мерген болғандай түриң бар екен!—деп қойды кеште ағасы. Айтарын айтса да, әлле не үстинде ойланып узақ үнсиз отырды. Бәлким, усы мылтыққа байланыслы келип шыққан бала күниндеги сол тартысты еске алған шығар. Сөйтип, бул мылтық ҳәр қашан да адамларды қырылыстырып жүрген қурал екенин ойлаған болар. Бәлким, оның парқына бармаған да болар. Қулласы, ол сол күни узақ ойланды. Бирақ бала оның не ойлағанларын билген жоқ, билгенде, бәлким, бул мылтықты қайтып қолына усламаған болар еди?

Ол көп узамай бул мылтықты және қолға алды.

* * *

Ойламаған жерден ағасы қатты аўырып қалды. Жумыстан мәниси болыңқырамай келди де, еки күнге дейин нәр татпастан жатып алды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Иштейим жоқ, диңкем қурып баратыр,—деди бир-еки рет бас көтерип—«Дуқтыр» шақыртсаңыз да болар еди.

Ырасында да, оған ҳеш нәрсе батпады. Бир мәртебе өзеги талып баратырған соң, май шажлап писирилген кеспастан бир-еки уртлап көре қойып еди жүреги алып, ишкен-жегениниң бәрин лоғып қайтарып таслады. Көзи болса күннен-күнге сарғайып баратыр.

Үшинши күн дегенде шақыртылған доктор оны тексерип көрди де:

— Тас болмаса асқынлатып алайын деп тур екенсиз, —деп қызыл белбеўли ақ машинаға салды да қаладағы емлеўханаға алып кетти.

Ертеңине изинен барған анасы бир кастрюль аўқатты солайы менен көтерип келди де:

— Мә, мынаны өзиң-ақ ишип таслай қой,—деп ағасына алып барған аўқатты қуйып берди.

— Ҳе?!—деди Парахат бир нәрсе болып қалмады ма деп тәшўишленип. —Ағам ише алмады ма?

— Иш, ише бер, ҳәзирше ағаңа бундай аўқатларды ишиўге болмайды екен. Сүт гөже, қатық қатып жарма апарып турамыз. Соң саўалып шыққаннан кейин, усындай аўқатларды, онда да ақ майға писирилмеген қыйлыларын ишсе болады екен. Ал таўық сорпа, таза аңның гөши болса жүдә қуба-қуп қусайды.

Ол ўақытлары да аңға шығыў ойында жоқ еди. Ағасы емлеўханадан саўалып шыққаннан кейин шығар, кешке таман қанжығасында атып алған еки қырғаўылы бар, бир атлы киси үйине келип түсти. Отырды, сөйлести, шай ишти, ағасының аўҳалларын сорады. Ол аўырып атырғанда бул бир жақларға кетип бара алмай қалғанлығын айтты.

— Зыяны жоқ, зыяны жоқ, —деди ағасы.—Енди мине жора, отырмыз. Быйыл шалыдан да қалатуғын түримиз бар, бес-алты айға дейин аўыр жумыс ислеўге болмайтуғын қусайды.

— Ҳә, онда сен сары аўырыў болған екенсең ғой. Жаман, жаман... Өзиңди күтпесең болмайды, ақыры. Ишип салып жүрегөрме. Табылса, таўық шорпа ишип тура бер.

Аўқатласып болғаннан соң, ол кететуғын болды. Кетеринде қырғаўылдың биреўин апасына берип атырып:
— Мә, мынаны Елмурат жорамыздың өзине ғана асып



www.ziyouz.com kutubxonasi

берерсең,—деди.—Таза аң-қустың гөши деген мында бир аўырыўға ем болады...

— «Басқа жаққа кетип...» дейди-аў, ширкин!—деп тоңқылдады апасы, ол кетиўден. —Қудайдың өлиминде! Оннан да «базарға балық апырып сатыўдан қолым тиймеди» де! Я журттай ислеп атырған жумысы жоқ... Қай ўақ бир ўақ мына қырғаўылларды киййесине ушырайды ғой. Ширкинди услап алып, сазайын тарттыратуғын адам да жоқ екен.

Бала бул гәплерге итибар берген жоқ, Оның ақылҳуўшы әтештанның басында пәрлери қопырап атырған ноқат-ноқат ақ, қара аралас сурғылт қырғаўылда болды. «Демек,—деп ойланды ол оннан көз айырмай қарап отырып,—бул қустың гөши ағам ушын пайдалы екенде! Ҳаў, күнде көрип жүрген қусым емес пе? Ертең-ақ анаў күнги ғарғалардай етип атып ала коймайман ба?».

* * *

Келеси күни ағасы кешки аўқатты жеп болыўдан бийтақатлана баслады: баўыры қызып, аўзынан қара суў ақтарыла берди.

— Нәпси деген-ә! Таза гөш қой деп көбирек жеп жибергенимди айтсаң-ә!—деп қоярды аўқат синсин дегендей өжирениң ишин әрман-бермен гезип жүрип. —Қой гөши деген оғыры аўыр болады екен-аў! Пай, кешеги қырғаўылдың гөшиндей болар ма еди! Ишип-жеўге жеңил, сиңимлисин қайтерсең! Қырғаўыл шорпаны изин үзбей ишер ме едим, бир айға жетпей-ақ аттай болып кетер едим. Енди алты айға дейин усылай азап шегетуғын болсам...

Ол және бир нәрселер айтпақшы еди, бирақ ишинен ақтарылып шыққан қара суў сөйлеўге хеш мүмкиншилик бермеди.

— Ләген-ләген!—деп бақырды албырап қалған анасы.

— Ой, қудайым, және не бәле таптық?! Қайталатып алғаннан аман болсақ болар еди! Баўыр деген нәзик нәрсе.

Қандайда бир қорқыныш сезими Парахаттың да жүрегине жетип үлгерди. Әкесиниң нурсыз көзлери менен қан-сөлсиз жүзине туўры қараўға дәти шыдамады, көзлерин тайдырып алып қаша берди. Қараса болды, әкеси оған: «Хош балам!» деп соңғы сөзлерин



www.ziyouz.com kutubxonasi

айтып салатуғындай...

— Ертең қайдан болса да қырғаўылдың гөшин таппа сақ болмайды!—деп сыбырлана сөйледи анасы бийтап азмаз тыншып, уйқыға кеткеннен кейин.—Көрип отырсаң ғой аўҳалың, қой гөши де аўырлық етти.

«Қайдан тапсақ болады?» деген пикир келди усы ўақытта баланың қыялына. Анасына сораўлы тигилип еди, ол ләм-мим демеди. Бирақ баланың қыялынан бул сораў шықпай-ақ қойды. «Демек, қырғаўылдың гөши ағам ушын пайдалы екен-дә!—деп қойды бир нәрселер ядына түскендей болып.—Оны табыўдың не қыйыны бар?!»

Бала жәнс азы-кем ойланып қалды. Анаў күнги ғарға атқанын ядына түсирип, көз алдына тап үйиниң түбиндеги тоғайда таўықлардай жайылып жүрген қырғаўылларды келтирди.

«Бирақ қырғаўыл деген жақсы қус-тә! Суп-сулыў!..деп негедур өз-өзинен екиленип те турды.—Илаж қанша, ағам тәўир болып кетиўи керек! Бәрибир, атпасам болмайды...»

* * *

Бул ўақытлары қырғаўыллар баланың аўылындағы тоғайпаналарға жаңа-жаңа баўыр басып киятыр еди. Олардың бул жерге келиў тарийхы да өз алдына дәстан болды.

Олар ең дәслеп бул жерде «жасаған» жоқ. Баланың аўылынан әлле қайда алыста-нәҳән бир көлди қыр дөгерек қоршаған қалың бир тоғайды пана етти. Ол сондай қалың пана еди-дә, ол жерде ҳәзиргидей ыбыр-жыбыр ақ жайлар да, мынандай көл-көсир созылып атырған егисликлер де жоқ еди. Ҳәтте, адамлар да болып жарымады. Бир тынышлық ўақытлар еди-дә, ол ўақытлар!

Бирақ соң-соң ол жерде жасаў қыйынласа баслады. Бара-бара адамлар да көбейди. Әлле қандай гүрилдеген бир нәрселер зыр-зыр қатнап тоғайдың иши жол-жол болып қалды. Әсиресе түнлерде көл жағасында ғаўырғаўыр көбейип кететуғын болды. Соң бул ғаўырлылар тап тоғайдың ишине араласты. Шатыр-шутыр ағашлар сындырылып, лаўлатып от жағылып, шоққа қазанға усаған қандай да бир нәрсени илдирип қойып, ҳәмме қыр-дөгерек отырып алатуғын еди. Таң атқанша ўақшақ...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тап сол күни де усылай болды. Кешке таман бир жүк машинасы көл жағысына келип тоқтады. Ишинде бир-еки адамы бар екен. Олар асыққан жоқ. Қабинадан түсип, дөгерек дашқа қарап турып бир-бирден шылым шекти.

Шылымларын шегип болғаннан кейин де «ҳи-ҳим» деп тамақларын қырынып, биразға дейин сөйлесип турды. Соның арасынша тоғайдың арасынан 11-12 жаслар шамасындағы еки бала жуўырып шықты да олардың қасына келип тоқтады.

— Қәне, кимлерсиз?—деди балалардың бири оларға суқланып қарап. Екиншиси қалтасынан қандайда бир нәрсе алып, аўзына салыўға қайымласты.

Қундыз малақайлы киси буған ҳәз етип күлди.

— Неге күлесизлер?! Бизлер жасыл қорықшылармыз. Кеше биреўлер мына көлге аммонал таслап, балықларын қырып кеткен...

—Ҳә,—деп пәсине қайтты қундыз малақайлы киси.

— Талапларың жақсы екен. Бизлер де сол оңбағанлар келип қалама деп күтип турмыз. Мынаў бажбан ағаңызды танымайды екенсиз-аў?!

— Ҳаў танысып қойың, уят болады. Ең дәслеп усы адамның жәрдемшилери болыўыңыз керек ғой!

Балалар олардан кеширим сорады да, келген жақларына қарай қайтып кетти.

— Енди негизги гәпке келейик,—деп гәп баслады түлки малақайлы киси олардың арасы бираз алыслап кеткен соң.—Жора, мен сеннен ағаш аямайман, оны өзиң де билесең. Ҳәзир де мына машинаңды ыңырандырып жибериў қолдан келеди. Бирақ ақылласқандай бир жағдай болып тур, жора.

— Ҳе, аманлық па?—деп таңланды қундыз малақайлы «сирә, ҳеш нәрсе алалмайын деп турман-аў» дегендей қәўип пенен.

— Аманлығы аманлық-аў. Бундай болған аманлығы да қурысын!. Жүз бар, қәтере бар дегендей, ким жора, ким ағайын, ҳеш кимниң кеўлин қалдырмаймыз деп мына тоғайды да берип болыппыз. Тас болмаса мойынға түсип қалайын деп тур, бала... Не қылсақ екен?

— Ҳәй, не екен десем? Соған басыңды аўыртып отырған сен де ақмақ екенсең. Ҳәзир не көп, өртенип атырған тоғай көп. Онысыз да көп тоғайлар салы жерге айланып атыр ғой. Көп шығынның бири болады-дә, пай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

даланғаныңды пайдалан, қалғанын... Оннан соң қуда да тыныш, қудағай да тыныш. «Өртенип кетипти бала» деп отыра бересең.

—Ҳә, сөйтсем бе екен?..—деп ойланып қалды түлки малақай.

Ауыр жатар ўақытлары ырастан-ақ тоғайға от кетип болды бир былағай; ағашлар пышыр-пышыр алыса берды, қырғаўыллар бир ғыгық-ғығықласты маде! Қашқаны қашып қалды, қаша алмағаны от болып лапылдады... Соның менен аман қалған аз ғана бөлегин тәғдир самалы усы жерге алып келди.

Бул жер де оларға онша шеп түскен жоқ Жийде, шеңгел, торанғыл, урық аралас қалың тоғайлық екен. Жигилдик, жийде, шеңгелдиң «дәни», шигин усағанларды ғорек етип, бир үш-төрт жылға дейин адамларға да көринбей жасап келди. Өсти, өрбиди. Бирақ жақыннан берли бул жер де буларға тарыслық етип атырғандай... Кем-кемнен шаўқым, ғаўыр-ғаўыр көбейип баратыр. Әсиресе, әлле неткен гүрилдилер мазасын алып болды. Оның үстине, күннен-күнге жақыннан еситилип, күннен-күнге ири ҳәм ашшы даўысқа айланып баратырғанын айтпайсаң ба? Әтирап та өзгерип кеткендей. Жаплар, қашылар, жоллар, егисликлер... Онша алыс емес жерлерде кишкене бир қалашалар да пайда болыпты.

Қырғаўыллар аз да болса усыны сезген менен, еле алда болатуғын ҳақыйқый апатты сезген жоқ еди. Олар өзлериниң душпанлары бул жерде де бар екенлигин билмеди. Олар бәринен бетер бул душпанның шаппаттай бир бала екенлигин белмеди.

* * *

Парахат сол ўақытта да «душпан болады екенмен» деп ойлаған жоқ. Ол тек бир нәрсени—қәйткенде мылтықты ағасына билдирмей алып шығыўдың жолын ойлады. Ағасы неликтен де буның мылтық услағанын онша хош көрмейтуғындай сезиле берди.

Сөйтип түн жарпына дейин уйқысы келмей жатты. Ағасының уйқылап қалғанына анық көзи жеткен соң, әсте орнынан турып, қабырғадағы қатар менен мылтықты билдирмей алды да, сездирместен қапыны ашып далаға шықты. Ал азанда ҳәмmеден бурын оянып, мылтық жасырыўлы турған жерге қарай жүрип кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрип киятыр. Қуўанышы болар емес. Қем-кем үйден қашықласып, тоғайға жақынласқанына қуўанды. Таңғы тымық ҳаўа да, шыққа малынып турған гилемдей көк майса шөплер де, ырғалысқан урықлар да, тап үйдиң тусынан басланатуғын көкалай көк теңиз—салы теңизи де жүрегине қозғаў салар емес. Тусынан өтип кеткен еки адамның не айтысып баратырғанын да елестирмеди.

— Паҳ, жарықлық, жердиң сәни терек екен ғой,— деп гәп баслады шеп аяғын сылтып басып баратырған қызыл шырайлы тапалтас киси салы атызының ортасында қарақшыдай қоқырайып турған жалғыз түп ғарры торацғылдан көз айырмай қарап.— Мына салы жерлер де, поселканың орны да, бир ўақытлары пышық мурны батпайтуғын жыс тоғай еди-аў!.. Әй сирә, тоғайдың астынан жер ашып қәте иследик пе деймен?..

—Ҳә, неси қәте?!—деп шырпынды қалпағын бир шекесине басыңқырап кийген қасындағы жаслаў жигит.— Салы ушын жер керек!

— Жер де керек, тоғай да керек!

— Тап усы тоғайлардың дым кереги жоқ. Я бир санаатлық әҳмийети болмаса... Отын ба? Газ бар! Буннан он есе артық Сибирь, Узақ Шығыстың тоғайлары да ретли жерлеринде усылайынша жоқ болады. Билесең бе, БАМ қаншадан-қанша тоғайларды қақ жарып өткенин!..

— Олар, әлбетте, мақсетке муўапық қырқылған.

— Бул да мақсетке муўапық.

— Мақсетке муўапық емес жери бар, иним. Партия қоршап турған орталықты ысырап қыл демеген. Буннан артық тәбиятымыз бар ма?! Ол, мейли, санаатлық әҳмийетке ийе болмаса да тири тәбият ғой. Олсыз ан-қус қайда жасайды?! Онысыз да бизде жер көп... Ал жер болмаған жағдайда да тоғайды сақлап қалыўға болады ғой. Тоғай полосалары менен егинзарлықты избе-из қосып алып барыўға болар еди. Оннан дым зыян көрмейсиз, қосшым. Ол аўыл хожалық егинлерин ҳәрқандай бәледен қорғаған болар еди. Сөйтип, жердиң мелиоратив жағдайын жақсылаўға тәсир жасаған болар еди.

Олар усылайынша сөйлесип кете берди. Бала ҳеш нәрсеге түсинген жоқ. Бирақ тоғайға жақынлаған жерде оны қандай да бир күш аз ғана ўақытқа иркип, азмаз да болса ойландырайын деди.

8—9 жаслар шамасындағы еки бала шақадан-шақаға



www.ziyouz.com kutubxonasi

әрмелеп, қандайда бир қутышаларды ағашларға илдирип жүр екен. Усындай қутышалар былайырақтағы терек шақаларына да илиўли тур. Олардан «ыз-ыз» еткен ҳәррелер қалай болса солай кирип-шығып жүр.

— Ҳәй балалар, не ислеп атырсызлар?— деди Парахат мылтығын жасырайын да демей. Балалар буны байқамай қалды.

— Сәлем, ағай!—деди жуўап орнына екеўи бирден.

— Мен не ислеп атырсызлар деймен?!

—Көрип турсыз ғой!—Балалар иренжип қалғандай түр билдирди.

— Сиз не билмейтуғын ба едиңиз?!

— Билемен. Сизлер өйтип ким боласыз?

— Жасыл қорықшылар—дә!

— Жасыл қорықшылар!.. «Бул не деген-әй?!»

Ол азмаз ойланып турса да, балалардан буның мәнисин сорамады. Оған ким болғанда не, бәри бир емес пе? Ол ҳәзир аңға баратырған адам. Ең қурығанда бир қырғаўыл атып алып, ағасына алып барса, қандай жақсы!..

Ол усындай ойлар менен тоғайдың қалың түпкирине қарай енип те үлгерди.

* * *

Кәрәмат усылай басланды. Ол қаншелли тоғайдың түпкирине енген сайын, жол таўып жүриў де соншелли қыйынласа берди. Жолдың еки бойы тоғай тал, жыңғыл, ақ тал, торańғыл усаған ағашларға қора қыспақлағандай сиресип қалыпты. Төбеси қалың бүклер менен бүркелип, жол еки жағынан биреў ийтерип қысып турғандай оғада тар. Жалғыз адам зорға ғана жүреди, және қай жерге барып түўесилетуғыны да белгисиз. Узын-шубай. Қараңғылық та ҳеш нәрсе көрсетпейди. Бул, бир жағынан, жер асты жолларын көз алдына келтирсе, бир жағынан, таўлықларды қақ жарып өтетуғын тоннеллерди еслетеди.

Баланың бундай теңеў, салыстырыўларды ойлаўға да пурсаты болмай қалды. Жүреги ҳәўлирип, қорқайын деди. Тастай қараңғы! Ол бул қараңғылықтан қутылып, тезирек жақтылаў бир жерге шығып алғанша асықты.

Ақыры, қара тер, қан сорпа болып, ағашлары шаўылып-шаўылып сийреклесип қалған бир алаңға тап болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул жерде күн жарқырап шығып, әтирaптағы бары-жоқтың бәри жылтырап көринип туратуғын еди. Алаңның бир шети барып еки жағасы қалың бүклер менен қоршалған ағын суўлы нәҳән каналға тиреледи екен. Канал туппа-туўры аўылдың ортасына дейин ағып барыўы керек. Демек, онша алыслай қоймағаны.

Бала енди ғана өзине келип, рәҳәтлене бир нәпес алды. Бул жерде турып қандай қыялға берилемен десең де мүмкин еди.

— Шүйик-шүйик!— деген сес еситилди жағадағы қалың бүклер арасынан ол еле ҳеш нәрсени ойлап үлгермей атырып-ақ. Сес шыққан жаққа қарап бир адым атты, я атпады, бүктиң арасы патыр-патыр ете қалды. Изинше «қоқ-қоғақ» етип қандай да бир қус барынша жоқары көтерилген болды да, сол пәти менен ашық алаңға ушып түсип, жалма-жан қалың путалар арасына қарай жорғалап кетти. Қус шыққан бүктиң қасына жақынлаңқырап келип, үңилип көрсе, қара жерде он-онбес мәйек жылтырап жатыр... Мәйектиң қызығы менен зеңирейип турған қораз қырғаўылды абайламай да қалды.

— Қы-қыг, қығ-қығ!— деген сес шықты соның арасынша әлле қайдан. Бала басын көтерип, әтирапқа қарап еди, алаңның ортасындағы гөне жаптың ырашында көкшил-қызғылт пәрлери алтындай жалт-жулт еткен бир қораз қырғаўыл таққа минген султандай қоқырайып тур. Былайырақта әтештанның басындағыдай бир қыргаўыл соған қарай қалай болса солай жорғалап баратыр. Әне, анаў бир путалар арасынан екиншиси, үшиншиси де шықты... «Ғы—ғық-ғы—ғық»ласып, бәри соған жеткенше асығады.

Бул көринис ойламаған жерден басқа түс алып кетти, тап усыны аңлып турғандай пута арасынан және бир қораз қырғаўыл ушып шықты. Ол төбе басындағыға қарағанда ири сүйек, патлырақ екен. Көзлери қанталасып, кекиллери қып-қызыл болып кетипти. Келе төбе басындағы қораз қырғаўылға тийисли ме де! Болды бир патыр-патыр, шоқысып атыр, «бет-аўызы» даладай қан... Әллесемирде ҳәлсиреген биреўи кейин шегинди де, «пыр-р» етип ушып тораңғылдың уша басына барып қонды. Екиншиси де оның изинен ушып басқа бир тораңғылға жармасты. Мине, екеўи еки шақада отыр. Сонда да бир шекелеп бир-бирине жийи көз таслап қояды. Узақ қарап отыра алмады. Және жерге



www.ziyouz.com kutubxonasi

қайтып түсти. Жәнe жулыспа. Мәкийен қырғаўыллар «буның ақыры не болар екен» дегендей барлығы бир жерде үйлығысып тур...

«Ҳәзир ҳо анаў бүктиң аржағына шығып, нышанаға алыўға кирисемен» деп ойлады бала ҳәм солай қарай әсте жылыслай берди. Бирақ бүктиң қасына келгеннен кейин өзин услай алмай қалды. Сәл сабырлылық етиўи керек еди, керисинше «мени көрген жоқ ғой» деп ойлап, асығып гөзей баслады. Гөзегенде де үйлығысып турған мәкийенлерине емес, қалай болса солай секирип, «жулысып» атырған қоразларға қарай гөзеди. Олар ҳеш нәрсе сезген жоқ, сезиўи де мүмкин емес еди. Бирақ шүриппени басыўға негедур жүреги даўамады: «Атсам ба екен, атпасам ба екен?» деп екилениўшиликке бериле баслады. Атайын десе, оғы өз басымшалық етип атырған «қанхор» қырғаўылға емес, оның зорына ушырап, жапа шегип атырған жәбирлениўшисине тийип кетиўи мүмкин. Түбинде, биреўине тийсе де болар еди, лекин әкеси оған «ҳәр қашан жығылғанға жудырық болыўға әдетленбе» дейтуғын еди. Атпай-ақ қояйын десе... Жоқ, бәрибир, атпаўға болмайды. Оған тезирек агасының аўырыўынан айығып кеткени керек. Кеше «пай, қырғаўылдың сорпасын изин үзбей ишип турғанымда, бир айға бармай-ақ аттай болып кетер едим...» деген жоқ па?! Не көп, тоғайда қырғаўыл көп. Бир-екеўин атқан менен...»

Бала усындай ойлар менен шүриппеге бармақларын **баспақшы болды. Деген менен, сол заматта-ақ қолла**ры қалтырап кетти, киттай қыймыл жасап қойды. Бир-еки рет дем де алып қойған болыўы керек, мәкийенлер әлле неге қозғалыс таўып қалды. Жаңа шүриппени баса бергени—ҳәммеси «дүр—р дүр—р» етип өтә кетти.

Мылтық атылмай қалды. Бала илажсыз орнынан турып, «қаяқларға кетти екен» дегендей жан-жағына көз жуўырта баслады. Оның менен ҳеш нәрсе көзге илинбеди.

Ол мылтығын ийнине салды да илажсыз үйине **қайтты.**

* * *

Келеси күни де тап усылайынша өтип кететуғын еди. Бирақ кешқурын енди қайтайын деп турған ўақытта оның қасына бир атлы киси келип тоқтады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Хə бала, бир нəрсе аттың ба?

— Даўыс шығып турған жаққа сергеңкиреп қараса, анаў күнги үйге келген киси екен. Қуўанып кетти.

— Ушып кете береди ғой... деди ҳағынан жарылып.

— Ҳа-ҳа-ҳа!—Атлы киси негедур ғарқылдап күле баслады. Қəпелимде күлкисин тыя салып:

— Тоқта, тиш-шш!—деди де, мылтығын қолына жеңил ғана қақшып алып, əлле қайда гөзлеместен-ақ (бəлким, гөзлеген де шығар, ҳəрекет көзди ашып жумғанша болып өткен соң балаға усылай болып туйылып кетти) «гүрс» еттирди. Мылтықтың атылған жағына жалт қараса, онша қашық емес жердеги тораңғылдың шақалары шатыр-шатыр етип, бир қырғаўыл жерге қарай жулдыздай ағып киятыр екен.

— Усла, жуўыр тез!— деп бақырды атлы киси балаға. Бала жуўырып кетип, жерге түскен қырғаўылды еки аяғынан тырп еттирмей услап алды да, атлы кисиге əкелип берди.

— Əне, усылай атады, балам,—деп қойды атлы киси қырғаўылды жалма-жан қапшыққа тығып атырып. — Бирақ изиңди ҳеш ким билмей қалыўы керек. Оқты усылайынша тоғайдың ана мушы менен мына мушынан үзип-үзип ара-тура бир шығарып турсаң, ким екениңди өмирде билер ме? Сонда да күнине жети-сегиз қырғаўыл сирə бар. Усыны қызғанады ғой журт. Кеше де бир-екеўи изиме түсип... Бəринен де бетер мына қаланың муштай жүўерисмеклери жандырып болды. Жасыл қорықшыларымыз дейме? Маған ким болғанда не, мен Шегир мергенмен, меннен ҳеш ким ҳийле асыра алмайды. О—о, ойнаған екен!..

— Жүр, балам, бул жерден тез кетейик!

Олар асығыс тоғайдың басқа мушына қарай бурылды.

* * *

Бала сол сапары да Шегир мергенниң ким екенлигине, оның кимнен, неге қашқалақлап жүргенлигине онша мəни бермеди. Сол сыяқлы өзи де бир күни болмаса бир күн қолға түсип қаламан ғой деп ойлаған жоқ...

Күнлер усылайынша ҳəлекшилик пенен өте берди. Шегир мерген оны сол күннен баслап жанынан бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

ели қалдырмайтуғы болды. Бирақ бала оның қандай ойы бар екенлигин билген жоқ. Әйтеўир, «барып кел, алып кел» менен бир айға жуўық ўақыт өткенде барып бул күнлердиң қуры өтпегенлигин өзи азмаз да болса бир нәрсе үйренип қалғанлығын билди.

Ҳақыйқатында да, бала бул ўақытлары көп нәрсени үйренип қалған еди. Ойлап қараса, мергеншилик деген бир қызық талап екен. Аң деген де әнейилик пенен қолға түсе бермейди. Мылтық услағанның бәри мерген емес қусайды. Мерген болсаң, жердиң усти ғой усти астын да үңгийди екенсең. Қаймақласқан музды мисе тутпаўың керек! Және «мерген қапы» дегенлери болады екен...

Шегир мерген ушардан қус атпас екен-дә, бирақ жердеги «пыр-р» еткен қусты алдынан аман жибермейди екен. Қай жерде қус болады, қай жерде болмайды— оны да билип баратыр. Оның айтыўынша, қырғаўыллар жийде, жиғилдик, шеңгел қалың өскен жерлерде, ямаса жазы менен шигин қаплап жатқан суўатларда көбирек болады. Олар жазда бундай шигин көп өскен алаңларды, дән себилген атызларды нәзерлеп жүреди екен-дә, қырман алына баслаўдан, сол жерлерде таппа-тайын болатуғын қусайды.

Баланың ҳақыйқат мергеншилиги усындай дән қырманларының дөгерегинен басланды.

Дәслеп қатты бапланды. Болмаса Шегир мергенниң айтқанындай етип белбуўардан эп-энедей ор да (Шегир мерген буны «гезе» дейди) қазып еди. Қырғаўыллар ушып келерге таман ишине түсип те алды. Дем алмастан мылтығын гөзенип, қырман беттен көз айырмай қарап жатыр. Күн де лапламадай қызарып, батыўға мейил берип киятыр. Гезе иши ып-ызғар екен. Қәйтсе де шыдады. Усы ўақытлары бир топ қырғаўыл «ғық-ғық» ласып жетип келмегенде, орнынан турып кетиўге сәл қалып тур еди. Дәрҳал жатып қалды. Бундағы ойы-қырғаўыллар қырманға алаңсыз араласа берсин дегени еди. Бундай ойы бар болсын! Әлле немирде көзин ашып мылтығын гөзеп, қырманға қарай бергени, жаңағы бир топ қырғаўылдың биреўи де жоқ!? «Қыймылдап, яки дем алып қойдым ба екен?» деп тәшўишленди ол. Қалай ойласа да енди пайдасыз еди, қырман дөгерегинде



www.ziyouz.com kutubxonasi

самал ушырған сабан, дән қаўықларынан басқа ҳеш нәрсе көринбеди.

Ол усти-басын қағып-силкип орнынан турды. «Енди не қылсам екен»? деп ойлап та үлгерген жоқ, сабанлар қәпелимде толқындай тербетилди де, бир топ қырғаўыл тас төбесинен «дүр-р» етип ушып кетти.

* * *

Шегир мерген сол сапары бул сырды балаға айтып қойғанына енди өкинеди. Бул жағада өзине тең келетуғын мерген жоқ еди, ақыры. Мине енди, мына бала барлық аң атаўлысын бир өзи-ақ қырып-жойып болажақ... Қарап турып күнелтип отырған напақасынан айрылатуғын болды-аў!

Бала буның менен есапласқан жоқ. Ол енди қус гөшиниң әкесине керек екенлигин де умытып кетти. Оны тек бир нәрсе—қайткенде атқан оғының мулт кетпеўи ғана қызықтырып қалды. Бул онша қыйын емес екен. Тап анаў күнгидей қуслардың келиўин аңлып, гезеде жасырынып жата береди екенсең. Қырман дән бар жерге қуслар сирә келеди. Бирақ олар таўықлар сыяқлы түртинип, тимискилеп келетуғын жүдә пәмсиз емес.

Асықпайды, сен де асықпайсаң. Дөгерек-дашына бир қарап алады да, сабанлардың арасына сүңгийди. Көзиң де илмей қалады екен. Ал оннан соң оларды атып ала ғой!

Жоқ, буның да илажы бар екен. Мылтығыңды жақсылап гөзеп, шүриппесин басыўға қайымласып турып, қус кебинди кийесең де:

— Ўийит-ўийит! (бул дәл өзи емес, әйтеўир, қус сестине усаңқыратып)—деп сес шығарасаң. Көзиң қырман тәрепте· Сабан арасы дир-дир ете қалды. Көп узамай қылтыйып бир бас шығады. Және сес шығарасаң. Енди бойын тикленкиреп, ярым геўдеси менен алаңлап жәнжағына қарайды. Мылтықты беккем услап, нықлаңқырап гөзейсең. Шүрипие басылады— қырғаўыллар «дүр-р» ушады. Қырманда бир қырғаўыл пәрлери қопырап жатыр. Демек, оқ мулт кетпепти!

Кейинирек бала буның басқа да бир әдисин тапты. Бул әдистиң бурынғыдан сәл айырмасы— бир атқанда екеўин атады екенең. Онда да тап жаңағыдай қус тилинде сөйлейсең. Қырғаўыл бас көтереди. Және даўыс-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лайсаң. Және бири бас көтереди. Және сес. Бул ирет еки қырғаўылдың мойынлары өз-өзинен айқасып түсе қалады. Әне, сен сонда шаққанлық етип, еки мойынның айқасып түскен жерине мылтықтың аўзын қаратасаң да, көз илмес тезликте шүриппени басасаң. Бул—ҳақыйқат мергенлик!

Бирақ бул мергенлик қырғаўыллар ушын апаттан басқа ҳеш нәрсе алып келмеди. Бала қаншелли әдисҳийле билген сайын, қырғаўыллар соншелли көплеп қырыла берди. Онда сирә тойым деген болған жоқ. Атқан сайын атқысы келди. Ол басқалар усап мәўсим қуўып та атпады. Оған қырғаўыллардың ғурық басып, палапанлаў дәўири ме—бәрибир еди. Ол ҳәкисине тап усындай гезлерде көбирек атты. Бирақ ол келеси мәртебе бул орынлардан бирде бир қырғаўыл көрмейтуғын еди.

Усылайынша ол бул мәканда да қырғаўылларға кут дарытпады. Олар енди бурынғыдай таўықлар менен бирге ғурық басып, бирге жайылып жүре алмайтуғын болды, адам көрсе, қашатуғынды шығарды. Адам олардың көзине бир бәтбәшар бәле, жан алғыш сыпатында көринди. Сонлықтан олар сылт еткен сестен сетем алатуғын болып қалды. Азмаз ақыл ҳәм сумлыққа ийе болмаса болмайтуғын қусайды. Соң-соң қар жаўған күнлери еки-үш күнлеп жатқан орынларынан былайбылай тапжылмайтуғын болып алды...

Бирақ бул сорлы қус қалай қолға түскенин билмей қалды. «Отлайман» деп жүрип, сақлықты умытып кетсе керек, қараса, басқа қырғаўыллардан әдеўир алыслап кетипти. Алыста бир нәрсе қараңлап көринди. Адам деўге адамға усамайды. Адам бойы ағашқа тартылған кенеп!

Сонда да тап адамдай жүрип киятыр...

Қырғаўыл буны сезди ме, сезбеди ме, я анықлап не екенин билип алғысы келди ме, кенеп жаққа көз тигип қарай бергени, бир нәрсе «гүрп» ете қалды. Кенептиң қақ ортасынан шығып турған узын темир түтешениң аўзынан түтинге усаған бир нәрселер сызатланды... Оң қанаты сынып кеткендей болды. Қанатынан қан бурқ ете қалды. Жан айбат пенен өзин қалың путалыққа урды. Қалай өлимнен аман қалғанлығын билмейди, бир ўақлары есине келсе, қалың путаның арасында қып-қызыл қан болып жатыр екен. Оң қанаты

қозғалтпайды. «Басқа қырғауыллар қаяқта екен» дегендей әри-бери дөгерегине қарап көрип еди, ҳеш нәрсе көринбеди. Қаяқтан келип, қаяқта жатқанын да еслей алмай қалды. «Не де болса топарымды тауайын» дегендей сезим сәулеленди қыялында. Бир өзине дым қорқынышлы еди. Ақыры болмаған соң сынық қанатын сүйретип, белгисиз бағытқа жорғалап кетти.

Мине, үшинши күн. Қырғауыл ҳеш кимди дусластырған жоқ. «Ақылы» ҳайран. Ешейинде ызғысып жүретуғын қырғауыллар қаяққа кетти десе болады? Биреўин көринбейди-аў, биреўин! Жалғызлық жанына әбден тийди. Оның үстине, бас панала ғандай жер де таўылмай баратыр. Не бир сырдандай далаларды, сабаны алынып, босап атырған салы атызларын басып өтиўге туўра келди. Ол қанша илгерилеген сайын, тоғайлық та соншелли сийрексип бара берди. Бирақ ол негедур алға илгерилегенди мақул көрди.

Жорғалап киятыр. Бир «адым» атады, жән-жағына қарайды, және пута-путаның тасасы менен жорғалайды. Ушыў—оннан бетер қәўипли. Ушайын десе... Көз алдында бир топ қырғауыл. Олар тап қол созым жерде турғандай. Төрт көз туўел «ойнап-күлип» жүрипти. «Ти—ш» дейтуғын хожа жоқ. Мылтық атылмайды, адам келе алмайды, қалың тоғай. Нағыз қуслар патшалығы! О, олар қандай бахытлы қус дейсең! Әттең, қанаты... болмаса бир ушыўға ушып-ақ көрер еди.

Қырғауыл бул қусларға жақынлап келип қалғандай да еди. Қәпелимде гүрс етип мылтық көширилди. Қырғауыллар «дүр-р» етип ушты да кетти. Әтирап қулаққа урған танадай болып қалды. Айналада майда-майда қаўырсын пәрлер қалай болса солай ушып жүрер еди.

Азмаздан соң ол буннан да жаман аўҳалға дуўша керлести. «Тәғдир» деген... Дөгерек, жақын-жырақларда бас панала ғандай бир түп пута болғанда, қашып қутылар еди. Ол өлимге бетпе-бет келип қалды. Бала қус панала п киятырған гөне аңғардың бийик ырашында әзирейлидей зеңирейип тур еди. Қырғауылдың көзлери патлыйып кеткендей болды. Тап усы ўақытлары мылтықтың қос аўызы туппа-туўры буған қаратылып, баланың оң көзи қысылып кетти. Қырғауыл буны анық сезинди. Бәрибир, қашып қутыла алмас еди. Тек бир ғана жол—өлим! Жаны шығып кете жазлады. Оның усы ўақытлары қандай сес шығарғанын еситкенде ме! Ыш-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қынып кетти... Көзлерине моншақ-моншақ жас келди. Соңғы күшлерин, соңғы демлерин жыйнап аспанға атылды. Бәрибир, арқан бойы көтерилмей-ақ жерге жалп ете қалды. Сынық қанатынан қан қалай болса солай жосып кетти...

Бала шүриппени басып үлгермеди.

— Ғы-ғық! Ғы-ғық-қ! —деп қанатларын қайта-қайта сермеп атырған қус даўысы мийине тебендей шаншылды. Қапелимде көзи қып-қызыл қанға түсип турып қалды...

«Ҳәзир өледи,—деп ой жуўыртты ол сол турысында.

— Анаң қара, көзлеринен жас ағып атыр. Ҳаў, қус та жылайды екен ғой!?»

Балаға қус таманға қараў кем-кем қорқынышлы туйыла берди. Ол усы күнге дейин өлим ҳалатындағы жанлы мақлуқты ҳеш көрмеген еди. Өлимниң аты өлим екен. Тула-бойы шимиркенип кетти...

* * *

Дөгерек-даштағы жүз берип атырған бул жағдайлар жасыл қорықшыларды қатты тынышсызландырды.

— Олар күш беретуғын түри жоқ,—деди 8—9 жаслар шамасындағы бир бала орнынан турып.— Минекей, саррас бир ай болды. Мақсет екеўимиз бир атлыны тута алмай-ақ қойдық. Ол жерлерде бажбан деген аты менен жоқ. Енди не ислеймиз?

— Оған қоса кишкене бир бала да бар,—деп қосып қойды оның қасындағы бала.

— Ким бала?—деп ҳәмме оның бетине тигилди.

— Қайсы мектепте, нешинши класс?!

— Бир балаға күшиңиз жетпеди ме?

— Сизлер де қызық екенсиз!—деп өкпели пишинде қайта сөз алды дәслепки сөйлеген Нийетбек деген бала...

— Оны көрмесек, қалай күшимиз жетеди. Аўыл адамлары сөй деп айтысып атыр...

— Онда өтирик десеш?

— Ҳаў, шын сөзим деймен?!—Мақсет шыжа-пыжа болды.

— Мен бир рет көрип қалдым...

Гәпке жасыл қорықшылардың басшысы араласты.

— Бала ҳеш гәп,—деди ол салдамлы кейипке кирип —Оған айтамыз, түсиндиремиз. Тек қайсы мектепте, ким



www.ziyouz.com kutubxonasi

екенин билип алыў керек. Бәлким, алжасып жүрген шығар. Ал, атлы киси ким? Ол неге бир айдан берли туттырмайды? Баслысы—соны анықлап алыў керек. Адамлар лақабын Шегир мерген десетуғын қусайды. Дәл атын билмеген менен, аз да болса усындай мағлыўмат алып келгени ушын Нийетбек, Мақсетлерге рахмет айтыў керек. Олар өткен қыста да усындай жағдайлардың дәл үстинен шыққан. Бирақ ол заңғарлар биреўи бажбан бола тура балаларды алдап жиберипти. Қандай өкинишли! Ертеңнне-ақ тоғай өртенген... Ал, бизлер жасыл қорықшылар бола турып, усындай жағдайларға жол қойып отырмыз. Дурыс, нелеп те атырмыз. Салыгершилик совхозларында балық өрштиттик, тоғайларда пал ҳәррелерин бақтық. Көше бойларына, бағларға нәллер отырғыздық. Айта берсек, булардың бәри жумыс... Деген менен, негизги ўазыйпа-қорғаў ўазыйпасына келгенде ҳеш илаж ете алмай атырмыз. Тоғайлар күн-күннен жоқ болып атыр. Гейпара аң-қуслар жүдә сийрексип кетти. Бул, әлбетте, тек бизлердиң кемшилигимиз емес. Гейпара колхоз, совхоз басшылары тәбиятты қорғаў мәселесине жетерли кеўил бөлмей атыр. Олар барлық күшти дийханшылықты раўажландырыўға жумсайман деп отырып мәселениң бул тәрепин саяда, көлеңкеде қалдырып қояды. Нәтийжеде Шегир мерген усағанлардың усындай ҳәрекетлери жүз берип қалады. Дурыс, оны услаў, тәртипке шақырыў тек Мақсет, Нийетбеклердиң екеў ғанасының қолынан келе бермейтуғын ис. Бул ушын гейде толық бир отрядтың күши де жеткиликсиз. Солай екен, сизлер Нийетбеклерге жәрдем бериўиңиз керек. Ол жерден жасыл қорықшылардың нәўбетшилигин дүзип, бажбан менен биргеликте ис алып барыўымыз керек. Ал, белгисиз бала мәселеси менен жекке өзим шуғылланып көремен...

— Ҳәзир қайта берсеңизлер болады. Ертеңнен баслап ҳәрекетке кирисесиз.

Балалар «Жасыл қорықшылар» штабынан үлкен жигерлениў менен шықты.

* * *

... Қәпелимде баланың мәниси қашты. Дәл қай жери аўырып турғанын билмейди, өзин бир түрли аўырып турғандай сезе берди. Аўқат ишип, телевизор көрип



www.ziyouz.com kutubxonasi

те мәниси болмады. Күндегидей жатар алдында қатарын оққа толтырып, мылтығын сумбелеп қойыўға да заўқы соқпады Мылтық есиктен кирген жерде қалай сүйеп қойылған болса, сол қәлпинде қалды. Тек шайдан бир-еки уртлаған болды. Сөйтти де уйықлап қалыў мақсетинде орнына келип жатты. Оның менен, қәне, көзи илинсе! Бурынлары қыялына келтирмейтуғын бир нәрселер ядына түсип, көз алдына өлим ҳалатындағы қырғаўыл келди де турды. «Ғы-ғық»лаған ашшы даўыс, жан айбат пенен аспанға атылыўы, қайтып жерге жалп етип түсиўи, қанатынан аққан қып-қызыл қан, қанатын жайып жиберип көзлери мөлтеңлеп, ес-түссиз жатыўы бәри көз алдында кем-кем жаңлана берди. Ақыры дөгеректиң бәри—үй де, затлар да, адамлар да қып-қызыл қан болып кетти. Ол қаннан басқа ҳеш зат көрмей қалды. Қып-қызыл қан көз алдында сорғалап тырс-тырс тамып турды...

«Бийшара қус өлди-аў» деди әлленемирде өзине келип. Буннан басқа ойына ҳеш зат келмеди. Аздан соң «қып-қызыл қан» тағы «экранға» шықты. Қараўға диққеси болмады, мийи айланды. Ақыры, шаршап ҳәлсиреген ҳалында уйықлап кетти. Бирақ уйықлап та жарымады. Көзи илиниўден-ақ бир нәрселерди айтып қатты бақырды, гә шалқасынан, гә өңменинен түсип аўнақшый берди. Әлле немирде өз-өзинен шоршып оянды.

Апасы менен ағасы еле уйықламай отыр екен. Әлле неден ҳүрейленгендей бетлерине жалтақ-жалтақ қарап қояды.

— Ҳе сизлер екенсизлер ғой!—деди әлленемирде тилге келип. Сөйтти де көзин жумып, қайта жатып қалды. Бирақ қайтып уйқысы келмеди. Апасы менен ағасының сөйлескенлери қулағының түбинде нақма-нақ еситилип турды.

— Сорлы бала шаршаған ғой,—деп гәп баслады апасы оны «уйықлап қалды ғой» деп ойлап. —Бир тыным жоқ, ақыры Азаннан кешке дейин гезиў. Усы мылтық емес бәле болды. Күнде «бир нәрсе болып қалмағай-дә» деп жағана қолыңды апарып отырғаның. Әй, садағасы кетейин, әкелген қырғаўылының да!...

— Өзиң бир обалың жоқ адамсаң-дә! Усы мылтықты жоқ ет, жоқ ет»!—деп айтқаным қашшан саған, жыламақтан ишеги шықса да берме қолына. Усы мылтық қай ўақ, бир ўақ бизди бийәбирей етеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қәйдем билейин, аң-қустың гөши саған шыпа бола қояма дегенимиз еди ғой...

— Шүкир, ҳәзир тәўирмиз ғой. Қуда қәлесе, алдымыздағы бәҳәр салыға араласаман ба деп те отырман. Сен басқаны қой, усы мылтықты жоқ ет, қайтып услтпа балаға. Қырғаўылдың гөшин жемесек те қурғулақ болып қалмаспыз. Бул бала бизге абырай әперетуғын түри жоқ. Кешеги келген жасыл қорықшы жигит те «әкесисең ғой, айтың, түсиндириң» деп атыр. Мына совхозда балық өршитип, тоғайларды урыбөриден, өрттен қорып жүрген де өзиңдей балалар қусайды. Бул оңбағанды аңлып, услап алмақшы да болған ба, қалай-қалай?!

— Әйтеўир де анаў күни биреўлерден қашып киятырғандай болып келип еди-аў! Ол балалар да қызық екен. Буны услағанша Шегир мергенди неге усламайды екен? Сол ғой дуйым журттың аңын қырып болды. Обалын айтсаң-ә!

— Ҳәй, сен басың искен адам екенсең! Обалды билетуғын болғанда әп-әнедей тоғайларды қырықпас еди. Мына отырған тамымыздың орнына дейин жыс тоғай еди ғой..

Бала бул гәплердиң бәрин еситип жатты. Бирақ онда негедур бул айтылғанлардың бирпараларына сөз қосыў, жуўап қайтарыў, яки сораў қойыўға деген қызығыўшылық та болмады. Тек үнсиз жата берди. Деген менен сйшаң еди. Оны бир нәрсе қатты тынышсызландырды. Ол еле сол жаралы қырғаўыл менен ҳәлек еди. Мына гәплерди еситкенге ме, оның бул ойы әбден тереңлесе берди. «Бийшара қус өлди-аў,—деди ол тағы қайталап. —Сонда мен оны неге үйге әкеле қоймадым?! Қанатын ҳә жақсылап таңғанда ма еди. Жаңа ағам «тоғайды қорып жүргенде, балық өршитип жүргенде өзиңдей балалар қусайды» демеди ме?...»

«Ҳаў, тоқта!—деп ойларын даўам етти ол әлле немир ден соң.— Олар мени услап алмақшы болған дей ме? Неге? Ағама келип кеткен ким екен? «Айтың, түсиндириң» деп ол сонда нени айтпақшы? Ағама неге мениң мылтық атқаным унамайды? Тоғай, аң-қус жоқ болып баратыр дей ме? Демек, олар қурып питсе, адам да жоқ болады екен ғой...»

Оның усындай ойлардан таңға кирпиги айқаспады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаралы қус қайта-қайта ядына түсе берди...

* * *

Баланың бул күнги ерте турыўы күндегиден пүткиллей басқа мақсетте еди. Буған түнги жаўған аппақ қарда себеп болмады. Ол «из түспестен бурын бир нәрсе аўлап қалайын» деген нийетте де болған жоқ. Оның нийети... Оны қандайда бир күш кешеги жаралы қус қалған тәрепке жипсиз жетелеп келе берди. «Өлип қалмады ма екен?—деген ойлардан ети шимиркенип кетти жолда киятырып.—Қар астында қалып қойса, қай жерден табаман?!»

Тоғайға араласар-араласпастан-ақ баланың бул ойлары бөлинип қалды. Дәслеп оның көзине белинде қатары, атын тапырақлатып шаўып баратырған Шегир мерген шалынды. Изинше пута-путалардың арасынан baслары қылтыйысқан майда балалардың ара-тура орынларынан бир турғанлығы көринип турды.

— Сен арғы мушқа жуўыр! Сен усы жерде бол! Сен анаў өткелге беккем бол!—деп ересеклеў бир жигит оларға команда берер еди.—Шегир мерген усы жерге келиўден, қыр-дөгерек қоршап аламыз.

— Услаң ананы, услаң ананы! Анаў күнги бала!—деген даўыслар тоғайды басына көтерип кетти соның арасынша.

Енди баланың қус ҳаққында ойлаў түўе, жан сауғалаўы ғанийбет болып қалды. Ойланып турмастан тек ғана өзи билетуғын төте соқпаққа түсип, үйине қарай желдей жүйиткиў менен болды.

Бирақ «услаң ананы, услаң ананы!» деген даўыслар үйине келгеннен кейин де баланың қулағының түбинде үзликсиз жаңлап турды...

* * *

Адам бир нәрсеге әдетленсе қыйын екен. Ол ертеңине-ақ мылтықты қолына қалай услағанын билмей қалды. Бирақ, негедур онда бурынғыдай кейип жоқ еди. Күндегидей бүгин «бир де оқты мулт жибермеўим керек, пәлендей аң атаман» деген мақсет те болмады. Ол «алдымнан бир нәрсе шыға қойғай да» деп үмитленбеди де, ал шықпағаны ушын өкинген де жоқ. Оның усы ўақыттағы ҳалын түсиниў қыйын еди. Деген менен, оны бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

нәрсе қатты тынышсызландырып киятырғандай еди. Ара-тура жалтақ-жалтақ жән-жағына қарап та қояды. Алға қарай гә жүргиси келеди, гә жүргиси келмейди...

Ол усындай ҳалда тоғайға араласты. Бирақ негедур тоғай оның кеўлин толтырмай қалды. Қанша илгерилеген сайын, шабылған ағашлар, сынып, көмирдей қараўытып атырған үйин-үйин майда шақалар, жер қәддинен болар-болмас көтерилип турған кесинди түбирлер көзге таслана берди. Ол бурында буларды онша абайлай бермейди екен. Бүгин неликтен де сезилерлик дәрежеде болды. Өзин меңиреў шөлистанлықта қалған жалғыз адамдай сезди. Алдынан «пыр-р» етип қус ушпағаны жанына әбден батайын деди. Өлдим азарда бир қус шыққан болып еди, ол да тийдирмей кетти. Бүгин барлығы өзи қырсығына келип тур, биринши рет оғының тиймей қалыўы!

«Не болды екен?» деп өз-өзине саўал қояды. Жуўап жоқ. Әтирапқа қарайды. Жым-жырт, сырдандай дала. Жап-салма, атыз шеллерден басқа көзге нәрсе тасланбайды. Сабанлары алынып, тып-тыйпыл болып қараўытып жатырған салы атызларының ишинде ерке самал керегинше ҳүўлеп тур...

Тап усындай самал Парахаттың жан-дүньясында да ҳүўлеп турғандай. Әлле не оның бойын музлатып жибергендей болды. Рухы түсип, диңкеси әбден қурыды. Ақыры усындай ҳалда үйине қайтты. Үйи де жай парахатшылық емес екен. Минекей, ағасының гәпи! «Балам, усы талапты қойсоң-о?» дейди қыйылып.

Растан-ақ бул мылтықтың бир зыяны болғаны ма? Неге енди соншама күйинип сөйлеп, соншама жалынып қарайды?!

Әкели-балалылар еле үнсиз. Екеўи де өз ойлары менен бәнт. «Буған қалай түсиндирсем екен,—деп бас қатырды әкеси.—«Урып-соғыў пайдасыз,—деди-аў анаў күнги бала,—жасаған, өмир тәжирийбеңиз бар адамсыз ғой, өз басыңыздан кешкен ўақыялардан айтып исендирсеңиз де болады. Болмаса аңыз-ертек қусаған бир нәрселер айтып бериң»... «Япырмай, қандай ертек айтсам болар екен? Бул заманның балалары сениң ертек-пертегиңе исене де қоймайды-аў! Кел, тәўекел, балалығымдағы сол бир ўақыяны айтып берейин.»

Әкеси жуўғарада бул ўақыяны баслап та жибере



www.ziyouz.com kutubxonasi

алмады. Бирақ оны бир қайтара ериксиз еслеп алмаса да болмайтуғын еди...

...Сол күни олар «Көбейкөл»де қайықлы жүрип пишен орып атыр еди.

— Қайтайық, әжаға!—деди иниси бир-еки баў орар-ормастан-ақ орағын қайықтың ултанына таслап жиберип,—бузаў тойғандай болып қалды ғой.

— Ҳәзир қайтамыз, азырақ орыңқырайық!

— Қорқып баратырман...

— О неге қорқасаң? Үйдиң түбинде турып ҳәм қорқа ма екен?

— Анаң қара, ана бир затлар туўры бизлерге қарай түсип киятыр...

— Қәне, қайда?

— Ҳо анаў не?

Ғаз қатар дизилисип киятырған қандайда бир құслар дизбеги пәл-пәллеп «Көбейкөлге» түсип киятыр еди. Елмурат:

—О, ақ қуў!—деп бақырыўы менен қайықта турғанын да умытып секирип жиберди. Қайық теңселип кетти, қолындағы орағы суўға шомп ете қалды.

— Ақ қуўлар!—деп қайталады Елмурат.—Оҳо, және келгени!

— Ол не, әжаға?

— Ақ қуў деп турман ғой! Анаң қара, әне түсти...

Ақ қуўлар айдынға келип қонды да, аман-есен жеткенлерине қуўанысқандай қанатлары менен суўды «шаппатлап» ойнап гә жүзип, гә суңгиди.

— Жүр, жақынлаңқырап көрейик,—деди иниси сол әжайып қуслардай жүзгиси келип.

—Қой, ушырып аламыз. Азанда келип көре қояйық, жүр қайтайық. Және үйдиң иши қорқысып отырған шығар.

— Азанда келемиз бе, әжаға?

— Саған неше рет айтыў керек?!

Апасы растан-ақ келмеди ғой дегендей есиктиң алдына шығып, көл бетке көз тигип тур екен. Буларды көриўден:

— Соры қайнағанлар-аў, түн жарпына шекем не бар еди сүрмелекленип,—деди аяныш лы түр менен.

— Апа, апа, ақ қуўлар келди!—деп бақырып жиберди Елмурат апасын көриўден,—әне, анаў көлге келди.

— Әстерек балам, үйде қонақ бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ол ким, апа?!—Екеўи бирден жабырласты·

— Дайынҷыз ғой. Үсти-басыңызды қағып-силкип кириң.

— О, яшасын!—Балалар бирин-бири ийтерисип ишке сүңгиди.

Елмурат келе дайысының мойнынан қушақлады.

— Ҳә, өтирикши,—деп қойды дайысының қушағынан босаған бала.

— Тез келемен дегениң, қәне?

Дайысы не дерин билмей албырап турды да:

— Келдим ғой, мине!—деп жийениниң бетинен шорп еттирип сүйип алды.

— Маған тайыншақ әкелдиң бе?

«Әттегене-әй, тайды жетеклеп шыға қойыўым керек екен, түпәләм, жигит болып қалыпты» деди ишинен Дәрьябай.

— Ҳә бәле· еле умытпай жүр екенсең ғой. Ендиги келгенде...

— Пай, бәрҳа ендигиде дей бересең! Өзиң айттың ғой, еле үлкейе бер, оған шекем тайыншағың да үлкейеди» деп... Мине, мен енди нәҳән болдым ғой. Енди пионерге өтемен.

—Қашан?

— Ленин атамның туўылган куни.

— Тап сол күни әкелип беремен.

— Алдама, яқшы ма?

— Ҳаў, мен сени алдадым ба сирә?

— Честный, пионерский де?

— Олла!

— Яқ, олай емес·

— Ҳәй, Елмурат! Шаршап келген адамның мазасын ала берме,—деди апасы қазанға айланысып жүрип.

— Елмурат деген зор. Шабандоз болады еле!

— Билесең бе, мен деген Чапаевтай болғым келеди. Өзиң қылыш әпермейсең. Чапаевтың қылышы болған.

— Айтпақшы,—деди дайысы төс қалтасына асыға қолын суғып атырып.—Мен саған базарлық бериўди умытып кетиппен ғой. Мә мынаған қылыш аларсаң.

Бала ақшаны я аларын, я алмасын билмей апасына қарады.

— Алабер деймен!—деп дайысы пулды баланың қалтасына тығып жиберди. Сонда Елмурат қуўанғанынан түрли қыялға берилди· Оның көз алдынан қылыш



www.ziyouz.com kutubxonasi

услаған Чапаев шаўып өтти. Жаўлар тым-тырақай баратыр. Әне, Чапаев, анаў биреўиниң изинен де жетти.

«Бас, өлтир, усла»—Бала тап бир аттың үстинде отырғандай көтерилип-басылып қояды. Бираздан кейин бала тайыншағын минип алып, қылыш услаған қәлпинде ойнап атырған балалардың қасына келип турды. Балалар буны қоршап алды!. «Ҳәй, Елмурат тайыншағыңды бир шаўып келейин. Қылышыңды бир услап берейин» деп атыр.

Бала усылайынша өзи менен өзи татлы қыялға берилип дайысының алдында отырған қәлпинде-ақ уйықлап кетти.

...Елмурат әлле неден шоршынып оянды. Апасы солық-солық жылап отыр.

Әкеси ашыўланып:

— Көрдиң бе, буның ағайиншилин!—деп қояды.

Баланың уйқысы шайдай ашылып кетти. Дайысы ҳеш жерде көринбеди. «Кетип қалды ма екен»?

—Дайым қайда?—деди тулыптай исинип отырған апасына қарап.

— Ҳәй, ондай дайыңның барынан жоғы!—деп гүңк етти әкеси.

Ағасы айтып аўзын жыйған жоқ, апасы орынынан ушып турды да;

— Мә, қараңқалғырыңды қушақла да жат!—деп дийўалға илдириўли турған мылтықты ағасына қарай зыңғытты.—Оннан да, пейлим тар, өңбағанман де! Не қылады берип турғанда, ол бир дидары қатып келгенди дейсең бе? Ферманың малларына деп қойған қорық пишенин доңызлар «түтип» коймаған соң келген ғой...

— Ҳәй, мынаның өзи не қылады-әй! Топыраққа от қойсаң да, сениң Дәрьябайыңа қызғыштай қорып отырған мылтығымды бере алмайман. Бундай мылтық ким болса, соның қолына түсе бермейди. Сениң сол мәжгүниңнен «кәпек» пайда көрдим бе?

— Апа,—деди бала орнынан ушып турып,—дайым енди келмей ме?...

— Мына әкеңе дайыңнан мылтығы жақын. Еки ортада мен масқара болдым. Туўысқанлығым қайда?—деп тағы қамсықты.

Бала үнсиз ғана үйден шығып кетти.

Болар-болмас самалдың күшине төтепки бермей-ақ көлдиң суўы сапырылып, жағаға ақ көбиклерди үйип



www.ziyouz.com kutubxonasi

таслаған екен. Бала жағадағы сары қумның бийик түйениң өркешиндей жерине келип отырды. Көлге «неге шуўылдай бересең» дегендей ойлы көзлери менен бир қарап қойды да, үнсиз ғана қапталынан бир уўыс қум алып, суўыра баслады. Көз алдында ийини түсип, үнсиз кетип баратырған дайысы елеследи...

— Балам-аў, түргелсең-о, шайың болса суўып қалды,—деген апасының даўысы менен оянған бала ишек-тей ийретилип бет-қолын жуўыўға кетти.

— Айттым ғой,—деди баланың ҳәр бир ҳәрекетинен көз айырмай қарап отырған әкеси.—Усында бир кәрият бар қалайда, қулыншақтай бала ғой болмаса... Бундай гезимизде бизлер тайдай шапқылап жүретуғын едик, мынаў бала қусап ойнамайды ғой сирә.

— Қәйдем, бурын бундай емес еди. Дайысы кеткели..

— Ҳәй, соның көзи тийген ғой, сирә.

— Қойшы, қаяқтағы бәлени айтпа. Оннан да, өзиңнен көр. Әкеси қусап бир кеўлин алайын демейсең.

— Мениң қайсы айтқаным болып атыр еле. Тап бир апасын еметуғындай.,. Әкеси қушақ ашса, бала деген жуўырып келер болар еди.

— Сур жыландай зәҳәриңди жая бересең, бала келе ме саған!

Ҳақыйқатында да, сонда Елмурат әкесинен өзин аўлақ ала беретуғын еди.

Қапашылық басады, мылтыққа суқланып қарап турады да, үнсиз ойға шүмеди, қараңғыда мылтықты алып кетип, таўа алмайтуғын жерге жасырып атырған болады. Бунып жүрегинде әкесиниң көз көреки өтирик сөйлегени де, дайысының «лап пенен келип, жап пенен қайтқаны да » умытылмастай уялап қалды. Әкесине ренжисе, дайысын аяп, апасына жәрдем еткиси келип турады. Доңызларды атып таслағысы келеди. Бирақ қолынан ҳеш нәрсе келмейди.

Жалғыз алданышы ақ қуўлар ғана. Ҳәр күни пишенге барған сайын оларды тамашалайды, булар тиймеген соң олар да алысламай тап қапталында жүзип жүреди. Не деген сулыўлық дейсең! Сап-сары қумның арасындағы оймақтай көл усы бир аўылға тайдың төбелиндей жарасықлы еди. Ырғалысқан көк-көмбек қалың қамыслықлар қыр-дөгерегин қоршаған.

Қуўлар келгели көл және сулыўланып кеткендей болды. Балалар суўға шомылып, қумға аўнап, денелерин



www.ziyouz.com kutubxonasi

қыздырып қуўлардың қызығын көриў менен машқул еди. Қуўлар болса оларды қызықтырған үстине қызықтыра түсти. Айдында селтеңсиз жүзип, селтеңсиз өмир сүреди.

Елмурат сол ўақытлары бәринен бетер палапанына қуштар еди. Базда «Қәне, солар менен жүзип ойнасам» деген қыялларға да берилип жүрди.

— Пай, бала, мына көлди бир қуў қаплапты ма дейсең!—деп тисиниң суўын сорып қойды әкеси бир күни шай ишип отырып.

Бала неге айтып отырғанына парқ бермеди. Апасы және мылтықтың дәстанын қозгап аларман деп үндемеди

Жатарда әкеси күнде усламайтуғын мылтығын қолына алып, ҳәр бир жерин муқыят тексерип, шаң-шуңын алып, сумбелеп қойды. Елмурат буны да итибарға алмап еди. Таң ала геўгимдеги мылтықтың гүрп еткен сести ғана оның тула-бойын титиркендирип жиберди...

Бала жуўырып-ақ шықты. Әтирап қулаққа урған танадай жым-жырт, қамыслар да қыймылдамайды. Суў да тыныш, қумлар мүлгиген ҳалда. Тек ғана таң самалы майда пәр тозаңларын әлле қайларға алып қашып баратыр.

Бала көз ушында муңлы түрде сап тартып ушып бартырған қуўларды көрди.

Көкиректен суў кешип, қалың қамысты қақ жарып, қазандай қуўды көтерип киятырған әкеси баласын байқамастан өтип кете берди. Баланың ишиғым ете қалды...

Мине, оннан берли де қанша ўақыт өтти! Атасының бул аўҳалы бүгин ақлығының өмиринде және қайталанып отыр. Оны еслеў де, айтыў да аўыр. Бирақ айтпаса да болмайды. Бир әўлад қәтелигин екиншиси қайталамағаны мақул. Бул суўық қурал бар жерде...

— Балам,—деди усындай ойларды қыялында кеширген әкеси әлле немирде анық бир қәўлиге келип.—Кел, жаныма жақынырақ кел, мен саған балалығымнан бир ўақыя айтып бермекшимен...

* * *

Гүрриң бала тәрепинен қалай қабылланғанын ҳеш ким билген жоқ. Бирақ бала сол түни ақшам және жата алмай шықты. Оның көз алдына жаралы қус және



www.ziyouz.com kutubxonasi

келди.., «Мен оны үйге әкелип, жақсылап емлеўим керек еди?...»

Азмаздан соң басқа нәрселер ҳаққында ойлап кетти «Мен қаншадан-қанша қусларды қырдым!—деп әлле неге ишинен қатты қыйналды.—Олар—досларым екен. Енди олар жоқ, енди ондай қуслар жоқ!»

Ядына ағасының айтқан гәплери түседи: «Дүньяда адамнан ақыллы нәрсе жоқ. Адам дүньяны жоқтан бар етеди, бардан жоқ етеди. Минекей, мына қуралды да ойлап тапқан адам. Неге енди адам өзи ойлап тапқан сум қуралды өз жоқ ете алмайды?!»

Бала енди қус ҳаққында да, гүррың ҳаққында да умытты. Бурынғыдай жаралы қус та көз алдына келмеди. Оның санасында тек бир ғана нәрсе—мылтық деген уғым турды. Бул сөз оған кем-кем қорқынышлы түйыла берди. Әлле неге өзинен-өзи жийиркенди. «Мылтық» деген сөзди пүткиллей санасынан шығарып таслаўға тырысты. Оны көргиси келмегендей көзин жумып, тез уйықлап қалғысы келди. Уйықлай алмады. Қос аўызы үңирейип, қабырғадан сығалады да турды...

Бурын абайламапты. Жүдә қорқынышлы екен, бирски ирет суқланып қарап қойды. Және көзин жумды. Көзин жумыўдан үңирейген қос аўыз және пайда болды.

Енди уйықлаў мүмкин болмай қалды. Ақыры болмаған соң, орнынан ырғып турды да, мылтықты илиўли турған жеринен жулып алып, дастығының астына қойып жатты. Бәрибир, мүмкин емес екен. Үңирейген қос аўыз көз алдында турды да қойды...

«Таң атса болар!» деп бир нәрсеге қатты түйинди ишинен.

Ырыл-тырыл таң да атты. Бала ҳәммеден бурын орнынан турды да, мылтықты алып, ҳеш кимге сездирместен үйден шықты. Ол ойланып турмастан, туўры аўылының арқасындағы көлге қарай тартты.

Көл суўы еле қайта қоймаған еди. Бала көл жағасына келди де, әлле не үстинде қатты ойланып турып қалды. «Минекей, мына қуралды ойлап тапқанда адам, —деди ишинен әкеси айтқан сөзлерди қайталап,—неге енди адамның өзи ойлап тапқан нәрсеси өзине жаў болады?! Неге енди адам өзи ойлап тапқан сум қуралды өзи жоқ ете алмайды?!» Көз алдына сап тартып ушып баратырған муңлы қуслар дизбеги келди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

«О, бийшара қуслар!...

Сизлер ушып баратырсызлар. Бәлким, келерсиз, бәлким келмессиз. Бирақ, сизлерден өтинерим-сәл егленип, кейиниңизге бир қарап кетиң?!

Өтинемен, меннен туңилмең, адам деген аттан түңилмең! Адам өзи ойлап тапқан қуралды өзи жоқ та ете алады»!

Усы ойлар баланың қыялынан кешип улгерген жоқ, көлдиң суўы шомп ете қалды. Бирақ мылтықты қайтып алыў баланың нийетинде де болған жоқ...

**Нөкис, 1979-жыл.**





www.ziyouz.com kutubxonasi

**МАЗМУНЫ:**

Дәрбент. Роман . . . . . . . . . .
Қуслар қайтқан күн. Повесть . . . . . . . .

На каракалпакском языке

Кенесбай Алламбергенов

ПЕРЕКРЕСТОК

Роман и повесть

Издательство «Каракалпакстан»

Нукус—1985

ИБ 2580

Редакторы Каримов К
Художник Қыдыров И.
Худ. редакторы Рейпназаров К.
Тех. редакторы Досжанова Ж.
Корректоры Т. Турдымуратова

Терирўге берилген ўақты 1/II—1985. Басыўға рухсат етилген ўақыты 28/V—1985-жыл. РҚ 30122. Қағаз форматы 84x108 1/32 Кегель 10. Қағаз № 2. Көлеми 5,0 баспа табақ, 10,08 шәртли баспа табақ. 10,32 есап баспа табақ. Заказы 553. Тиражы 7000.
Бахасы 85 т.

«Қарақалпақстан» баспасы 742000 Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

ҚҚАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша Мәмлекетлик Комитетиниң «Правда» ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты 742000 Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

www.ziyouz.com kutubxonasi